83.98-2ка
К 93

И. ҚУРБАНБАЕВ

# ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫ



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

... (КК) 83.3я 73
К 93

ИСМАИЛ ҚУРБАНБАЕВ

Курбанбаев

# ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫ

Қайта исленип үшинши басылыўы

*Қарақалпақстан республикасының халық Билимлендириў министрлиги тастыйықлаған*

НӨКИС
«БИЛИМ»
1992

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

83. 98 (2 кар) Қурбанбаев Исмаил
Қ 91 Қарақалпақ балалар әдебияты: Педагогикалық оқыў орынларының талабаларына арналған сабақлық. Нөкис: «Билим», 1992. 188 бет.

Рецензентлер: профессорлар Қ. Мақсетов, А. Пахратдинов, доцент Ө. Әлеўов, Г. Нәжимов, Қ. Данияров, У. Ембергенов, З. Айжанова.

Исмаил Курбанбаев
*Кандидат филологических наук*
КАРАКАЛПАКСКАЯ ДЕТСКАЯ ЛИТЕРАТУРА
*На каракалпакском языке*
Нукус, «Билим» 1992

Редакция баслығы *Ө. Байлепесов*
Редактор *Б. Убайдуллаев*
Худ редактор *Қ. Реипназаров*
Тех. редактор *Г. Жолмурзина*
Корректор *Б. Файзуллаева* *Т. Турдымуратова*

ИБ №321

Териўге берилген ўақты 26. 06. 92. Басыўға руқсат етилген ўақты 10. 9. 92. Қағаз форматы 84x108 1/32. Типографиялық қағаз №2 Әдебий гарнитура кегль 10. Жоқарғы баспа усылында басылды. Көлеми 5,875 баспа табақ 9,87 шәртли баспа табақ, 9,9 есап баспа табақ, Тиражы 5000. Заказы 84 Баҳасы шәртнама бойынша

«Билим» баспасы 742010 Нөкис қаласы, Калинин көшеси, 62.

ҚР баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Нөкис қаласы, 742000 Қ. Маркс көшеси, 9.

Қ $\frac{4803010101-254}{М-361(06)-92}$ — 92

ISBN 5—7698—0323—1

© «Қарақалпақстан» баспасы 1988 ж.
© «Билим» баспасы, 1992.

БИБЛИОТЕКА
Н. ПИ
Инв. № 39347
10 Fs

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

# КИРИСИЎ

Балалар әдебияты ҳәр бир халықта «үлкенлер» әдебияты менен бирге дөреген әдебият. Ҳәр қандай миллий көркем әдебиятта «үлкенлер» әдебияты менен бир қатарда балалар әдебияты да өсип, раўажланып келген, өйткени үлкен жастағылар менен бала тәғдирлериниң өзи де бир-бири менен тығыз байланыслы екенин, турмыс шынлығы да бирдей жалғасқанын умытыўға болмайды деген илимий нусқаў басшылыққа алынады. Усы тийкарда қарақалпақ балалар әдебиятының сабақлығын жазыўда «үлкенлер» әдебияты бойынша дүзилген сабақлықлар тәжирийбелери, балалар әдебиятын раўажландырыў бойынша қарарлар басшылыққа алынды.

Балалар әдебияты шығармаларының тийкары шынлық турмыс. Талантлы жазыўшылар балаларға арнап жаңа мазмунлы, халықлық мақсетке тийкарланған жоқары көркем шығармалар дөрете баслады. Бул шығармаларды дөретиўде олар фольклорлық, классикалық әдебият дәстүрлерин жаңа дәўирдеги талапқа сәйкес дөретиўшилик уқып пенен пайдаланып, туўысқан халықлардың сөз шеберлери менен турмыс шынлығының бай тәжирийбелеринен, өз-ара қарым-қатнастан үйренди ҳәм оларға ең жақсы әдебий көркем түрлерди, дәстүрди дөретиўшилик түрде балалар әдебиятына да ендирди, бул оғада қысқа дәўир ишинде балалар әдебиятының қәлиплесиўине ҳәм түрли сыпатлар менен байыўына себеплердиң бири болды.

Бүгинги балалар әдебияты педагогикалық ҳәм психологиялық жақтан илимий түрде белгиленген: а) мектепке дейинги, б) киши мектеп жасындағы, в) жоқары класс жасындағы мектеп оқыўшылары менен жасларға арналған шығармалар менен байыды. Олар балалардың руўхый дүньясын өзлериниң жас жағдайларына сәйкес байытады.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ҳәзирги заман жасларын аталар жолына садықлық руўхында тәрбиялаўда балалар әдебиятын буннан былай да раўажландырыў менен қатар оның еле олқы тәрепин, изертленбей атырған мәселелерин де көре билиў керек. Олардың бири — усы ўақытқа дейин қарақалпақ балалар әдебияты сабақлығының дүзилмеўи еди,усы олқылықты толтырыўға ҳәрекет етилген бул сабақлық екинши адым болып отыр.

Қарақалпақ балалар әдебиятының үлкен ири мәселелериниң бири оның теориясы ҳәм әмелий иси, усы автордың («Қарақалпақ балалар әдебиятының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы», кандидатлық диссертация, Ташкент — 1971 ж.), «Қарақалпақ балалар әдебияты тарийхының очерки», «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис — 1974 ж; «Қарақалпақ балалар әдебиятының хрестоматиясы», қол жазба) изертлеўлеринен басқа айырым түрде изертленбей киятыр.

Сабақлықта қарақалпақ балалар әдебияты өзиниң дереклерин қайдан алғанын ашып көрсетиў менен қатар балалардың бүгинги турмыс шынлығынан дөреген шығармаларына барынша таллаў жасаўға дыққат берилди.

Туўысқан халықлар балалар әдебиятлары бойынша көплеген илимий мийнетлер исленди. Оларда балалар әдебиятының өзине тән ишки қубылыс, раўажланыў өзгешеликлерин ашып бериў нәзерде тутылған. Бул сабақлықты жазыўда сол әдебиятлар изертлеген илимий методологияға сүйенилди. Бундағы сабақлықтың бас мақсети балалар әдебиятының шығармаларында дөреген жаңа жас қаҳарманлардың жақсы үлгилери арқалы оларды ўатанымызға берилгенлик, ўатанды сүйиў, миллетлер аралық дослықты сүйиў, халықлар дослығы мийнет етиўди сүйиў, гөззаллықты сезиў руўхында тәрбиялаў нәзерде тутылды. Сондай-ақ балалар тәрбия илимий академиялар ислеп шыққан илимий усынысларынан, үлгилерден баслап, бүгинги қарақалпақ балалар әдебиятының жағдайлары менен ўазыйпаларына да нәзер аўдарылды ҳәм усы сабақлық дөгерегинде балалар әдебиятын буннан былай да раўажландырыўға жәмийетшилик пенен талантлыларды тартыў нәзерде тутылды. Усы мақсетте сабақлыққа кирген көркем шығармаларды барынша таллаў жасаўға ҳәм сөйтип, оларды оқыў және оқытыўда оқыўшылар ушын да оқытыўшылар ушын да анаў ямаса мынаў шығармалар бойынша пикирлер тутаслығын анықлап жәрдем етиўге айрықша итибар берилди.



Дурыс, әййемги дәўирдеги балалар ушын жазылған шығармалардан баслап бүгинги жаңа жазба балалар әдебиятына дейин дөрелген қунлы шығармалар оғада көп тараўлы. Усыны тереңирек билиў ушын оның шығармаларын оқыў оғада пайдалы, қунлы, таптырмас байлық.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

# БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫ ҲАҚҚЫНДА ТҮСИНИК

## БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ДЕРЕКЛЕРИ

Балалар әдебияты оғада кең тараўлы, келешекти терең сынаққа алып, оған сәйкес етип жасларды тәрбиялаўды нәзерде тутқан ҳәзирги заман көркем өнер тараўының ең гөззал түрлериниң бири. Бала адамзат ушын қаншама дәрежеде шийрин болса, оның әдебиятын қурайтуғын көркем шығармалар да соншама дәрежеде жоқары мақызлы, көркем болыўды талап ететуғын әдебият. Бул балалар әдебиятының баслы өзгешеликлериниң бири. Буған илим менен техниканың жаңалықларынан таныстыў мақсетинде жазылған әдебиятлар да, фантастика, фильмлер, кибернетика ҳәм басқа тараўлардан шығармалар да киреди. Балалардың жас өзгешелигин есапқа алып жазылған әдебиятлардың сайландылары да балалар әдебиятына киреди. Олар балаларға дүньяны, қоршаған орталығын таныстыў қәсийетине ийе болады. Деген менен олардың бәри де көркем сөз қураллары арқалы бериледи. Сөйтип көркем әдебият — балалар әдебиятының тийкарын қурайды. Оның дереклери қайдан пайда болды?

Қарақалпақ балалар әдебиятының дереклери күтә ертеден басланады. Оның фольклордағы үлгисинде туўысқан халықлар менен ҳәтте Балкан ярым атаўы менен славян халықлары балалар әдебиятындағы мийраслардың көшпели сюжетлери де ушырасады. Ал бүгинги дәўирдеги балалар әдебиятында жаңаша турмыс шынлығы ортақ болғанлықтан туўысқан халықлар балалар әдебиятындағы гейпара шығармалардағы тийкарғы уғымлар бир-бирине усасып келгени менен өзиниң өзгешелигине ийе болып, үнлеслик қәсийетке ийе болады. Усыларды ҳәм қарақалпақ балалар әдебиятын изертлеўлердиң нәтийжелерине қарап, қарақалпақ балалар әдебиятының дереклери: а) халқымыздың әсирлер бойы дөреткен аўызеки әдебиятынан, оның үлгилери болған балалардың өзлери айтатуғын ҳәм балалар ҳаққында ата-аналар айтатуғын халық қосықларынан, ертек, аңыз, жаңылтпаш, жумбақ, нақыл ҳәм мақаллардан, эпослық шығармалардағы балаларға мийраслардан; б) классикалық әдебият ўәкиллериниң балаларға қалдырған мийрасларынан; в) бүгинги жаңаша турмыс шынлығынан; г) рус ҳәм туўысқан халықлар балалар әдебиятының бир-бирине өз-ара байланыс ҳәм тәсирлеринен излеў мақсетке муўапық болады.



Балалар әдебияты «үлкенлер әдебияты» менен бирликте пайда болып, ал қәлиплесиўи ҳәм өз алдына әдебият болып раўажланыўы ҳәрбир халық мәдениятының жәмийетлик турмысының өсиўинен ғәрезли болып, ҳәр дәўирге сәйкес келеди. Қарақалпақ балалар әдебияты XX әсирдиң басларында «үлкенлер әдебияты» қурамында таныла баслап, ал 1917-жылғы Октябрь төңкерисинен кейин ол жаңа қарақалпақ балалар әдебияты болып туўылып, қәлиплесип, ҳәзирги ўақытта кеңнен раўажланып атыр. Көркем әдебият, оның ишинде айрықша тәрбия мәселесин бас бағдар етип алған балалар әдебияты жоқары әҳмийетке ийе. Балалар әдебиятын жасаў менен қатар оның буннан былай да раўажланыўына дурыс бағдар ҳәм жағдай жасайтуғын әдебият таныў илиминиң де өсиўине әҳмийет берилди. Қарақалпақ жазыўшылары С. Мәжитов, Аббаз, Садық. Н. Дәўқараев, Ә. Шамуратов ҳәм басқалар дәслепки жыллары балалар ушын шығармаларын арнады.

Рус жазыўшылары ҳәм әдебиятшылары (Горький М. О детской литературе. М. Детгиз — 1958; Фадеев А. А. Письмо о юности. «Юность» № 12, 1958; Маршак С. Шығармалары, том. IV. ГИХЛ — 1960; Михалков С. Все начинается с детства. Москва, «Детская литература» — 1969; Макаренко А. С. том. VII; Кон Л. Советская детская литература, Москва, Детгиз — 1970; Ивич А. Воспитание поколений. «Детская литература» Москва — 1964) балалар әдебиятының күтә әҳмийетли мәселелерин илимий изертлеўге өзлериниң баҳалы мийнетлерин арнады. Рус балалар әдебиятының 2 томлық сабақлығын дөретти. Рус балалар әдебиятының әййемги дәўирлерден бүгинги күнине дейинги мийрасларын изертлеў жумысларын ҳәм хрестоматиясын баспадан шығарды. Олар туўысқан миллетлер балалар әдебиятлары менен бир қатарда қарақалпақ балалар әдебияты ушын да үлги болып хызмет етеди. Дурыс, әдебий шығармадағы ҳәр қандай қаҳарман ҳәм персонаж образы көркем

сөздиң күши менен дөреледи. Мәселен, көринисти, теңизди, гөззаллықты, жақсы баланы ямаса тентек баланы, сондай-ақ ҳәдийсени жазыўшы сөз қуралы менен сүўретлейди, демек көркем сөздиң күши-балаларды тәрбиялаўда, тәрбиялық тәсир жасаўда бас себеп болып табылады, мине усыған усаған жәрдемши күшлерди де жазыўшылар бир-биринен үйренеди.

Қарақалпақ балалар әдебиятының жазба дәстүрлери классикалық әдебият ўәкиллериниң жазба нусқаларынан басланады. Онда Бердақтың, Күнхожаның, Әжинияздың, Өтештиң, Омардың, Сарыбайдың ҳәм басқалардың мийраслары бар. Олар қарақалпақ балалар әдебиятының жазба әдебият болыў дереклерин қурайды.

Ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының раўажланыўына тәсир етиўши жағдайдың бири — қарақалпақ жазыўшылары Россия балалар әдебиятының раўажланыўы жағынан да мәдениятлы еллердиң бири екенин есапқа алып, ең дәслеп рус ҳәм басқа да Европа еллериндеги балалардың ең жақсы шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып таратты. А. С. Пушкиниң, И. А. Крыловтың, Н. А. Некрасовтың, Л. Н. Толстойдың, А. М. Горькийдиң, В. В. Маяковскийдиң ҳәм басқалардың ағайинли Гриммлердиң Андерсенниң ертеклери әсиримиздиң 30-жыллары-ақ балаларға аўдарма түринде жеткерилди. Олардың биразы жаңа мектеп реформасына сәйкес әдебий оқыўға киргизилген.

Әлбетте, жанрлық жақтан ҳәр тәреплеме жетилисип раўажланған үлкен әдебият терең мәнили теориялық мәселелерди пайда ететуғыны мәлим, олар балалар тәрбиясын жақсылап барыўға хызмет етеди. Бундай алдыңғы қатар балалар әдебиятының тийкарын салғанлар В. Г. Белинский, Н. Г. Чернышевский, Н. А. Добролюбовлар еди.

В. Г. Белинский балалар әдебиятының тийкарғы ўазыйпасын ашып берди, ол: «Балалар китапларының мақсети — балаларды белгили бир ис пенен шуғыллландырыў ғана емес, оларды ерси әдетлерден, бузық жолға түсип кетпеўи ушын сақландырыў ғана емес, ал усылар менен бир қатарда оларға тәбияттың берген адамгершилик руўх ушқынларын, муҳаббат сезимин, шексизликти сезиўин раўажландырыў болады. Бундай китапшалар балалардың ес-ақылына ғана емес, ал тиккелей сезимине тәсир ететуғындай болыўы керек. Сезим билимнен бурын пайда болады, ҳақыйқатты сезбеген адам — оны түсинбеген де, билмеген де адам. Балаларды үш әлем тәбияты менен таныстырып, сығасқан халқы бар пүткил жер шарын олар менен бирликте аралап өтиў керек. Оларға ҳәр түрли минез-қулықлары, әдет-үрплери, түсиниклери, исенимлери бар адамзат әўладлары менен жәмийетлерин көрсете билиў керек. Ал буның ушын балаларға арнап пүткил дүньяға, пүткил тәбиятқа жан берип, жансыз жатқан тасты да, қулазыған қуў даланы да, сарқыраған булақты да, елпип ескен самалды да, жер үстинде ушып жүрген гүбелекти де сүйиспеншилик тил менен, турмыс тили менен сөйлетиў керек (V том, 648-бет. Жаңа жылға саўға (мақала). Н. Г. Чернышевский: «биз гейде балалардың ақыл-ойын дурыс баҳалай алмаймыз... Биз баланың зейнин илебермейди, ақылы өткир емес деп ойлаймыз, жоқ олай емес, баланың тек тәжирийбеси ғана жоқ, ал ақылы өткир, қыялы жүйрик екенине исениңиз. Үлкен жастағы адамлардың ҳәрбирине түсиндире алыў аңсат емес алгебраның қыйын есапларын он еки жасар бала оқып үйренеди ғой... Демек, жумысты билип қолға алыў ғана керек, балалар менен тарийх туўралы да, адамгершилик илимлери ҳаққында да сөйлесиўге болады» деди (Чернышевский Н. Г. II том, 648-бет, «А. С. Пушкин, оның өмири ҳәм шығармалары» мақаласы). Рус классикалық әдебиятындағы бул пикирлер бүгинги күнги жәмийеттиң жаңа жағдайларында раўажланып атырған ҳәзирги балалар әдебиятын, соның ишинде қарақалпақ балалар әдебиятының талабы ҳәм дереклериниң бири болып хызмет етеди.



## БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Елимиздеги көп миллетли туўысқан халықлардай-ақ қарақалпақ халқы да әййемги халықлардың бири. Оның мәденият пенен көркем өнери мийрасларының тарийхый тамырлары да күтә тереңде. Олар туўысқан халықлар сыяқлы өзин де аңызларға, сыйқырларға, толғаў-термелерге бай. «Шәрьяр», «Қырық қыз», «Алпамыс», «Қоблан» усаған оғада бай мийраслары менен, классикалық әдебият ўәкиллери ҳәм бүгинги жазыўшылары дөреткен көркем шығармаларының күшин, терең мәнилерин, гөз-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

сөзл

заллық сезим ҳәм үлгили образлардың таза және ашықлық писип жетилискен миллий, миллет аралық дослықта ең жақсы үлгилерин жер-жүзилик әдебият ғәзийнесине қосып атырғаны менен мақтанады. Адамзаттың келешеги болған балалар халықтың данышпанлық ой-сезимлери топланған көркем өнер ғәзийнесинен гөззаллық ләззет алып, келешектеги уллы ислерине рухланған, жәмийеттеги орны ҳәм турмысы ушын гүресте қурал еткен. Усындай әҳмийетке ийе бай ғәзийнелер топланған сананың бир түри балалар әдебияты болып табылады.

Балалар әдебияты — көркем әдебияттың бир түри. Көркем әдебият сыяқлы балалар әдебияты да көркем сөз қуралы арқалы балалар турмысын көркемлеп сүўретлеў, жәмийетлик турмыста балалардың тутқан орны, олардың ис-ҳәрекети арқалы өзинен кейинги әўладта гөззаллық сезимлер оятатуғын жетилискен адам сыпатының сәўлелениўи усаған нызамларды нәзерде тутады. Балалар адамыйлығының өзлерине тийисли өзгешеликлерин қурайтуғын көркем сөзлер жас әўладқа ой ҳәм сезимлерине күтә нәзик ықшамлық пенен терең сиңисип барыў нызамына бағынады ҳәм олар халықлардың алдағы әрман сезимлери, әрманлары, мақсетлери менен тутасып, биригип барыўы шәрт. Балалар әдебиятының өзгешелик белгилериниң бири мине усында. Соңлықтанда балалар әдебияты жәмийетлик сананың бир түри ретинде өз өзгешелигине ийе болған балалар турмысының мектеби делинеди. Ол бир жағынан балалардың халық әрманларына тутас сана-сезимлерин оятса, екинши жағынан жәмийеттеги орнын белгилеп алыўда ой-өрисин кеңейтиўге, ойлаў ҳәм ойлағанын дурыс шешип иске асырыў ислерин раўажландырыўға жәрдемлеседи. Соңлықтанда балалар әдебиятына халық әййемги дәўирлерден бери үлкен әҳмийет берип «уяда нени көрсең, ушқанда соны етесең» деген.

Балалар әдебияты өзиниң өзгешелик тәбиятына қарай педагогика, психология, этика, эстетика ҳәм басқа да илимлер менен тығыз байланыслы. Ол өзиниң қурамына балалар фольклоры деп аталған халық аўыз еки дөретпесиниң белгили бир тараўын, балалар оқыўы деп аталған көпшиликке арналған ҳәр түрли илим-техника тараўындағы қызықлы әдебиятларды өз ишине алады. Ал тийкарынан көркем әдебияттағы балалардың жас өзгешеликлерине, тилек-мүддетлерине, келешек ойларына, әрманларына сәйкес дөрелген ең қызықлы шығармалар оның қазнасын қурайды. Соңлықтан да балалар әдебиятында көркем шығармалар дөретиўдиң жуўапкерли қыйыншылығы да усында.

М. Горький айтқандай балаларды тәрбиялаў дегенимиз балаларды революциялаңдырыў, яғный баланың ой-пикирин ата-бабалардың өткен заманларда уялап қалған үйреншикли ойынан, оның аласыўынан азат етиў деген сөз, ...Бул ўазыйпаларды иске асырыўда балалар шығармалары ҳәм балалар ҳаққындағы шығармаларда өткен өтмиш пенен бүгинги турмыс ҳәдийселерин салыстырып сүўретлеў усылы балалар әдебиятының тийкарғы өзгешеликлериниң бири болып табылады. (М. Горький «әдебият туўралы», Москва, 1954 ж. 97-бет). Бунда балалар әдебиятының ўазыйпаларын ашып берип, балалар әдебиятының ҳәр бир шығармасының темасында, тилинде, қыялында гинараттай қобалжы пикирдиң болмаўын ескертип, ҳәрбир шығарманың көркемлик бағдарының жоқары болыўын ўәсият етти.

Балалар әдебиятының тағы бири өзгешелиги — оның илим ҳәм техника бойынша да дәслепки билимлер бериўи болып табылады. Сондай-ақ фантастикалық әдебий шығармаларды, аспан, жер, суў, тәбият ҳәм соған усағанлар туўралы әдебиятларды да өз ишине алады. Ҳәзирги ўақытта балаларға телевизиялық көрсетиўлер де билим бермекте.

Усындай әдебияттың өзине тән өзгешелиги болыўы менен қатар оның оқыўшылары болған балалардың да педагогикалық, психологиялық бағдарына қарай үлкен өзгешеликлери болады, бул тийкарынан олардың жас өзгешелиги болып табылады. Усыған қарай балалар әдебияты өз ишине бирнеше басқышты алып бирлесип, сыбайласып, өз өзгешелигине ийе болып турады. Ислеп шығылған илимий қағыйда ҳәм режелерге муўапық балалар (оқыўшылар) ҳәм олардың жазба әдебияты төрт группаға бөлинеди.

**Мектепке дейинги балалар әдебияты** — бул жүдә кишкенелер әдебияты, ондағы күтә ықшам, қысқа, эпиўайы, бирақ мәнили, қызықлы шығармаларды оқып емес, ал тыңлаўшы, тыңлағанын сезиўши, сүўрет ҳәм картиналардан тәсирлениўшилер әдебияты болып табылады. Мектеп жасына дейинги 3—6 жасар кишкенелер әдебият ҳәм көркем өнердиң сансыз алўан гөззаллық-





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ларын биринши рет көрип, қызық сөзлер еситип, оны бурын өзлеринен басқа ҳешким көрмегендей, билмегендей болып сезинеди. Балалардың бул қуўанышларын ҳеш ўақыттада үлкен жастағылар «сеннен бурын көргенбиз, билгенбиз, деп қайтарып тасламаўы керек, керисинше оның қуўанышын қуўатлап, тағы да көп нәрселерди билиўи ушын «хошаметин бериў» зәрүр. Баланың билиў зейини усындайлардан баслап өткирлеседи. Бундағы мақсет баланы жасаған орталығы, ҳайўанатлар дүньясы ҳәм басқа балалар менен қарым-қатнас жасаўдың ең әпиўайы дәстүрлери менен таныстырыўдан, тәсирлендириўден ибарат.

Мектепке дейинги балалар әдебиятының ҳәрқандай жанрдағы шығармасы күтә қысқа, қызықлы болыўы менен қатар, оның ўақыясы дүнья таныў характерине де ийе болыўы тийис. Соның менен қатар ол шығармалардың жанры көбинесе жеңил сюжетке қурылыўы, ушалты жасар балалардың түсиниўине жеңил, қызықлы етип сүўретлениўи зәрүр. Әсиресе, бул жастағы балаларға күн деген не, самал қайдан еседи, пышық, күшик, сүт, жулдыз, қыңырлық, жақсы-жаман ҳәм басқа да тәбият қубылыслары ҳаққындағы қысқа, мәнили шығармалар күтә тәсир етеди. Мәселен балалар фольклорындағы балаларды дәслепки есап-санаққа үйрететуғын:

Бас бармақ,
балан үйрек,
Ортан терек,
Шүлдир шүмек,
Кишкене бөбек, —

дегенлерге усаған қысқа, мәнили, таныў характерине ийе шығармалар оқып бериливи, сүўретлерде көрсетилиўи зәрүр. Мәселен:

Айын-ғайын гүбелек,
Қулағымның суўын төк, ямаса
Қой бол-қошқар бол,
Қорам тағы қойға тол, — ҳәм

сондай-ақ балалар туўралы үлкенлердиң:

...Балам-балам балдырған,
Сүйсем мийримди қандырған...



сыяқлы қысқа қосықлар, қысқа ертеклер, жаңылтпашлар киреди. Әлбетте, 3—6 жасар балалардың тыңлаўына қысқа, мәнили қосықлар, сондай-ақ «Баба шалғам екти» дегенге усаған сүўретли көринислерди көрсетиў, сондай-ақ ойыншықлар, техникалар жақсы тәсиршең келеди. Өйткени, бала көргенине қызығады, себеби ол оған жаңалық, ал еситкенин умытпайды, себеби ол оған қызық. Сонлықтан мектепке дейинги балалар әдебиятының шығармалары оғада көркем, оғада қысқа ҳәм мәнили, жеңил сюжетли, дүньяны таныў бағдарына ийе болыўы тийис. Бундай шығармалар балалар бақшасының үйрениў жобасына ендирилиўи керек, буған «ҳәриплик»ти де үйретиў киреди.

**Басланғыш мектеп оқыўшыларына арналған әдебият** — бул жас жағынан екинши группаға киретуғын балалардың әдебияты. Оның оқыўшылары тийкарынан 7 — 10 жастағы балалардан ибарат. Булар өзлерин қоршаған дүнья, ҳайўанат, тәбият қубылыслары туўралы: есаплар, ҳәдийселер туўралы дәслепки мағлыўматты өзлери оқып көрип тәсирлениўшилер болып табылады. Олардың тийкарғы ўазыйпасы — оқыў. Мектеп программасы да усыны есапқа алып, аңсаттан — қыйынға, жеңилден қурамалыға өтиў принципинде қуралған. Әсиресе, шығармалардың билим бериў ҳәм тәрбиялаў күши тереңлеседи, соның менен қатар балалардан оқылғанларды түсиниў, сөйлеп бериў де талап етиледи. Соның нәтийжесинде баслаўыш мектеп балалары мектепке дейинги мәкемелердеги балаларға қарағанда әдеўир билимли, тәжирийбели болады, география, тәбияттаныўдан, сондай-ақ алгебраның да элементар белгилеринен түсиник алады, тарийх, әдебият шығармаларын өзи оқыўға инталанады. Китаплар жыйнаўға қызығады. Поэзиялық қызықлы шығармалар, қыялый ҳәм ҳайўанат туўралы ертеклер, күлдиргиш қызықлы әңгимелер оларды қызықтырады.

Басланғыш мектеп оқыўшыларына арналған әдебият шығармаларында қызықлы сүўретлердиң, көргизбели қураллардың болыўы күтә әҳмийетли. Сондай-ақ күтә жақсы безелген илимий фантастикалық әдебий шығармалардың болыўы балалар ушын екинши бир дүнья есигин ашқандай қызық көринеди. Бул жастағы балаларға тәрбиялық күлки сықақларды да, аңызларды да,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жеңил, тәрбиялық күши бар анекдотлардыда оқытыўға болады.

**Сегиз жыллық мектеп оқыўшыларына арналған әдебият** — бул үшинши группадағы онбир — он үш жас арасындағы балалардың оғада қызықлы, өмирине күтә тәсиршең, келешегиниң көпшилик туйғылары қаланатуғын әдебият. Бул дәўирдеги балалардың ең жақын досты китап, ойын, суўрет, қызықлы ҳәдийселер болып табылады. Китапларды күтә көп оқыйды, оқығанларын есинде сақлаўға, уқыплы болыўға талапланады. Соның менен қатар олар мектептиң, пионерлер үйиниң ҳәрқыйлы мәдений, спорт мәкемелериниң үйрениў топарына қатнасады. Адамлар менен қатнас жасайды. Үйинде, көшеде, жәмийетлик орынларда, мәдений мәкемелерде үлкен жастағылардың сөзлерин еситеди, әдетлерине нәзер салады, олардың ҳәр бир сөзи, ҳәрекети, бир-бири менен мәмилеси бул жастағы балалар ушын бәри жаңалық, бәри тәсиршең, сонлықтан олар үлкен жастағыларға өзлерин еликлегиш келеди. Жақсы әдетти көрсе жақсы әдетке бейимлеседи, жаман әдет көрсе жаман әдет тәсир етеди. Сонлықтан бул жастағы балаларға әдебий көркем шығармалар таңлап оқытылыўы зәрүр.

V — VIII класс оқыўшылары, ең жақсы оқыўшы болыўға тырысады. Әдебий шығарма да, суўретлер де, муғаллимниң бул жастағы балаларға қатнасы да, баланың ең жақсы оқыўшы боламан деген интасын өширмей, әрманын қуўатлап тутастыра түсириўи керек. Бул жастағы балаларға арналған гейпара қунсыз шығарма да, тәжирийбеси кемис шытайы, олақ оқытыўшының кейиўи де балаға орынсыз тәсир жасайды. Бул аўҳалдан қутылыўдың ең қолайлы жолы — балалар әдебиятындағы 11 — 13 жасар балаларға арналған шығармаларды сайлап бериўден, мектеплердеги муғаллимлерди тәжирийбеси ҳәм жақсы характерине қарай таңлап алыўдан ибарат; булай деўимиздиң себеби — балалардың тийкарғы адамға тән әдети усы көрсетилген дәўирден басланады; бала усы дәўиринде өмирге жақсы баслама алып кетсе, оның соңғылығы да жақсы болатуғынын изертлеўлер дәлиллеп отыр. Сонлықтан муғаллимлерде жақсы оқытыўы зәрүр. Тек оқытыў ғана емес, өзи де оқыўшысыда әдеп-икрамлы, билимдан болыўы шәрт.

Сегиз жыллық мектеп оқыўшыларына арналған әдебияттың бир өзгешелиги сонда, бул дәўирде балалар ер-



теклерди оқыўды тоқтата баслап, оның орнына ири-ири мәселелер қозғайтуғын гүрриңлер, очерклер, повестьлер, илимий фантастикалық шығармаларды оқыўды үрдис етеди. Олар кем-кемнен өзи жасаған орталықтағы үлкен жастағы адамларға еликлеп, белгили бир кәсипти ийелеўге инта ете баслайды. Ал, мектеплердеги, кәрханалардағы, мәдений орынлардағы үлгили, даңқлы адамлар ушырасыўлары оларда тереҳ из қалдырып, өзлери де солардай болыўды әрман етеди, олар ҳаққындағы очерклерди, повестьлерди оқыўға қуныгады. Урыс ҳәм Мийнет Қаҳарманлары, мәрт адамлар өмиринен жазылған шығармаларды көп оқыйды. Олар ушын белгили адамлар Суворов, Кутузов, Маманбий, Ерназар алакөз, Досназаровлар, Аяпберген, Аббаз, Садық шайырлар, артистлер, космонавтлар, урыс ҳәм мийнет ветеранларының өмирлери үлги болып хызмет етеди. Муғаллим мине усылардың өмирлеринен жазылған шығармаларды көбирек оқытыўы ҳәм өзлеринше оқып келиўге тапсырыўы керек. Бундай усыл муғаллим ҳәм оқыўшы ушын табыслы болып шығыўы сөзсиз. Бул дәўирлердеги баланың оқыўға ҳәм интизамлы болыўға талабы муғаллимнен де, ата-анасынан да ғәрезли.

**Жоқары класс оқыўшыларына арналған әдебият** — жаслардың балалық дәўирден ержетиў дәўирине өтиў арасындағы руўхый азық беретуғын әдебият болып табылады. Сонлықтан бул дәўирдеги балалар әдебиятына, оның шығарамларына қойылатуғын талапта айрықша болады. 15 — 17жас арасындағы балалар өзлерин пүткиллей үлкен жастағы адамларға усатады, үлкен жастағы адамлар оқыйтуғын әдебий шығармаларды оқыйды. 8 — 10-класс көлеминдеги мектеп программасына кирген илим тараўларынан дәслепки билимлерди ала отырып, өспиримлер сол сабақларға сәйкес келетуғын көркем әдебий шығармаларды да оқыйды. Нәтийжеде ақыл-парасаты жетилисе отырып, муғаллим ҳәм ата-ананың кеңеси менен маманлық таңлай баслайды. Сүйиўшилик муҳаббатының да дәслепки сезимлери, оның үстине оқыўды даўам етиў ямаса итибарлы жумыс ислеў, өмирлик жолдас табыў усаған нийетлери де туўылады. Сөйтип, жаслықтың ең алтын дәўирлери, қайнар булақ лепириўлери басланады. Мине усы дәўирде өспиримлерге муғаллимнин, ата-ананың дурыс мәсләҳәтлери, көркем әдебият шығармаларының мақсетке

муўапық көркемлик жоқары идеялылығы оғада зәрүр болады.

Жоқары класс оқыўшыларына арналған әдебият — жаслар әдебияты да делинеди, ол өзиниң руўхы жағынан «үлкенлер әдебияты» менен руўҳлас, бир-бирине сыбайлас болып келеди, өйткени жаслардың өзи де ержетип киятырған адамлар болып табылады.

Мине, балалар ҳәм жаслар әдебияты ондағы көркем әдебий шығармалар балалардың усы жас өзгешелигине сәйкес келиўи шәрт. Үлкенлер әдебиятында бундай шеклениў өзгешеликлери сақланбайтуғынлығы мәлим.

* * *

Ҳәзирги балалар әдебиятындағы шығармалардың балалардың жас өзгешелигине қарай шеклениўиниң екинши бир тәрепи — оның жоқары әдеп-икрамлық, турмыслық шынлық қағыйдаларының қатаң түрде сақланыўында. Себеби, 7 — 10 жасар балаларға муҳаббат қосықлары түсиниксиз болса, ал 3 — 6 жасар балаларға математикалық мәселелерди шештириў де шынлыққа жатпайды. Балалар әдебиятындағы ҳәрбир шығарма бағыты ашық болып, ол бағдар күтә ықшамлы, қонымлы сөз дизбеклери арқалы көркем түрде балалар санасына жаңадан-жаңа жақсы түсиниклер болып кириўи тийис. Сонда балалардың жас өзгешелигине қарай жазылған көркем шығармалардағы жақсы мазмун тәсири нәтийжесинде балалар кем-кемнен жоқары саналылыққа тәрбияланып барады. Усы тийкарда балалар әдебиятындағы шығармаларда балалардың жас өзгешелик шеклениўлери сақланады.

Балаларға арналған шығармалар тийкарынан төрт түрли ири сыпатларға ийе болыўы зәрүр: **биринишиден,** балалардың ўақыя мазмунын тез қабыл етиўи ушын сын-сыпаттың анық болыўы, баянлаў, сондай-ақ сүўретлеў шеберликлериниң әпиўайылылығы, баланың сезимине тәсиршеңлиги, гөззаллық сезимин оята билиўшилиги күтә шеберлик пенен ислениўи зәрүр; **екиншиден,** шығарманың мазмун-мазмунына баланың тез уғыныўы ушын сюжеттиң жеңил ҳәм шебер қурылыўы, ўақыялар дизбегиниң жеңилден қыйынға, әпиўайыдан қурамалыға қарай раўажлана барыўы ҳәм ондағы қаҳарманлардың минез-қулқының ҳәртүрлилиги айқын болып бара берүи менен өзгешеленип турады; *үшиншиден,* ўақыялар балалардың ишки дүньясына терең тәсир етиўи, санасында узақ ўақыт сақланатуғын таңбалар қалдырыўы тийис болған нәзик сулыў сезимлер менен шынлық тийкарында көркем түрде баян етилиўи тийис. Өйткени бундай шығармалар өзиниң сулыў сезимлери менен балаларды жарқын келешекке, даўылпаздай келешекке талпындырыўы керек, оның келешегине дурыс бағдар бере билиўшилиги менен өзгешеленип турыўы зәрүр; ал *төртиншиден,* балаларға арналған шығармалардың артықша зыят бир сөзи де болмаўы керек. Ҳәр бир сөз орнын таўып, өз ўазыйпасын айқын атқарып турыўы зәрүр. Бунда ҳәр бир сөздиң сулыўлығы, түсиниклилиги, айқынлығы, ықшамлығы баланың бурынғы сөз байлығына қосылған жаңа байлық болыўшылығы менен қатар, сөз үнемлиги қатаң сақланыўы тийис. Бул жерде жазыўшы ким ушын, қандай дәрежеде, не жазып отырғаны ҳаққында тек өзине ғана емес, ал миллионлаған жас балаларға сынақ болып отырғанын ҳәмме ўақта есинде сақлаўға миннетли. Балаларға арналған шығармалардың мине усындай сыпатларға ийе болғаны мақул.

Балалар әдебиятының соңғы дәўирлердеги илимниң жетискенликлерине тийкарланып исленип шығылған бул өзгешелик қағыйдаларының төркининде неше әсирлерден берли ықшамланып, балаларға қонымлы, жасына, түсиниклерине сәйкес етип, «жонылып, пәрдозланған» балалар фольклорындағы ең жақсы шығармалардың үлгилери жатыр, өйткени ҳәрқандай әдебият, оның өзгешелик қағыйдасы фольклордан саға алады. Балалар әдебиятының дереклери де халқымыздың әсирлер бойы дөреткен аўыз әдебиятынан, оның үлгилери болған балалар ҳаққындағы халық қосықларынан — балалар фольклорынан, ертек, аңыздағы халық қосықларынан — балалар фольклорынан, ертек, аңыз жаңылтпаш, жумбақ, нақыл ҳәм мақаллардан, эпослық шығармалардағы балаларға тийисли мийраслардан келип шығады. Мине булар балалар әдебиятының тийкарғы дереги болады.

Жуўмақлап айтқанда балалар әдебияты деген не, оның өз алдына қойған мақсети қандай? Қазақ балалар әдебиятын изертлеўши Ш. Ахметов «Балалар әдебияты жас өспиримниң сана сезимин оятып, ақыл ойын раўаж-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ландыратуғын, оларды адамгершилик, әдеп-икрамлылыққа тәрбиялайтуғын өмир сабақлығы. Оның мақсети — мектеп жасына дейинги үш жасар баладан баслап он жети жасқа дейинги оқыўшыларға көркем тилде жазылған жоқары маңызлы қызықлы шығармалар бериўден ибарат», — деген анықлама береди. Бул анықламаны қуўатлаў орынлы. Соның менен қатар балалар әдебиятының, сондай-ақ XX әсир балаларының дәўирине сәйкес жаңа талапларында есапқа алыў керек. Елимиз үлкен-үлкен мәселелерди шешип атырған ўақытта балалар әдебияты да балалардың жас өзгешелигине қарай шынлық терең суўретленген жаңа мазмунлы шығармаларды талап ететуғынын естен шығармаўы тийис, демек дәўир талабына қарай балалар әдебиятының да талабы өсип, раўажланып барады, өйткени ол жаңа адамларды тәрбиялаўшы әдебият.

## ЕКИНШИ БӨЛИМ

## БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ФОЛЬКЛОРДАҒЫ ҮЛГИЛЕРИ

### БАЛАЛАР ФОЛЬКЛОРЫ ҲАҚҚЫНДА ҚЫСҚАША ТҮСИНИК

Қарақалпақ халқы қайғылы күнлеринде де қуўанышлы күнлеринде де қосықсыз, саз-сәўбетсиз, аўызеки поэзиясыз жасай алмады... Бул қосық өзиниң барлық кең көлемлилиги, адамзат өмириниң ҳәрқыйлы жағдайларына қолайластырылыўы менен белгили болды» деп жазды Н. Дәўқараев.

Қарақалпақ халқының өткендәўирде әсирлер бойы дөреткен аўыз әдебиятының барлық жанрларында халықтың аўыр турмысы қандай дәрежеде болса да сондай өзиниң сәўлелениўин тапқан. Демек, халық қосыққа өзлериниң жағдайларында қосып айтқан, қосықты турмыслық еткен, бундай қосықты сол халықтың түпкиликли арзыў-әрманлары көрсетилип ғана қоймай, ал бул әрманларға қолын жеткергендей сезимталлы лирика менен ҳәр бир уғымды балаларға қонымлы етип, шебер жеткере билиў — ата-ананың балаларына берген ўәсиятнамасы иретинде көринеди. Демек балалар әдебиятын дөреткен халық дүньядан, жәмийеттен, экономикадан, сиясаттан, мәденияттан өзлериниң ең сүйиклиси болған балаларына ҳалына қарай түсиниклер, нәсиятлар бериўге қызыққан. Соның менен бирге балалар турмысынан қосықлар да дөреткен. Олар балалар фольклорына киреди. Баланы қуўаныш пенен сүйиўдиң өзи де лиризм болса, онда оған қуўаныш пенен сыпайылап қосық айтыўда, демек, нәзик сезимлерге толы ўақыя деген сөз. Бул тек қарақалпақ балалар әдебиятына ямаса халық қосықларына ғана тийисли қубылыс емес, ал барлық халықтың балалар әдебиятына ҳәм халық қосықларына тән қубылыс. Сонлықтан да балалар фольклоры аўыз әдебиятымыздың ажыралмас бир бөлеги, қос қанатының бири болады, демек балалар әдебияты да улыўма әдебиятымыздың ажыралмас бир бөлеги болыўының дереги де усында.

Балалар фольклоры ҳаққында айтылғанларға сүйенип, халық қосықларының ишинде балалар ҳаққында айтылған қосық, гүрриң, ойын, жаңылтпаш, жумбақ усаған жанр түрлери халықтың басқа дөретпелерине қарағанда ертеректен пайда болса керек, деген уғымға келемиз. Балаларды ҳәмmениң сүйиўи, жақсы көриўи ҳәм ҳәрқандай ата-ананың кимниң баласы болса да баланы көргенде адамгершилик мийрим сезимлериниң ояныўы балалар ҳаққындағы қосықлардың күтә ертеден пайда болғанын билдиреди. Бала жубатқан ата-ананың ыңыллап қосық айтыўы тәбийий ис. Әййемги адамлар туўылған баланы қәўимлесип қорғағаны ҳәм асырағаны, нәрестени ҳәммеси жақсы көргени мәлим. Демек, бул жағдайлар балалар ҳаққында халық қосықларының ертеректен пайда болғанын ҳәм оны халық жәм болып дөреткенинен дәрек береди.

Халық балаларына ҳәр түрли өнер, ис үйретиўди, «жанына жәрдемши» болыўды әрман етип қосықлар айтқан. Сонлықтан балалар фольклорындағы балаларға арналған қосықлардың түрлериде ҳәр қыйлы. Өйткени халық ҳәртүрли кәсип еткен. Сол кәсипти балаларына түсиндириў ушын кәсиптиң түрине қарай ҳәртүрли қосықларды дөреткен. Олардың тематикасы да, мазмуны да, түри де, шеберлиги де ҳәр түрли.

Халық өз басынан ҳәрқыйлы тарийхый, сиясий, турмыслық жағдайларды өткерип өмир сүриў ушын алып барған гүреслерин де жыр еткен. Бул жаўынгерлик гүреслер тийкарында балалар атқаратуғын жаўынгерлик




PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

темадағы қосықларда бинаятқа келген. Бундай қосықлардың биразы өз алдына аўызша, биразы дәстанларға сиңисип бизиң дәўиримизге дейин келип жеткен. Олардың усы ўаққа дейин келип жетиўиниң сыры — олардың терең халықлық мазмунға ийе болыўында.

«Қарақалпақ халқының әййемги заманлардан баслап өмир сүриў тийкары шарўашылық ҳәм дийханшылық хожалық ислери, сондай-ақ балықшылық ҳәм аншылық болып табылады» дегенге ҳәм жоқарыда айтылған пикирлерге сүйене отырып, балалар қосықларын төмендеги түрлерге бөлиўге болады:

1. «Бесик жыры;
2. Саналыққа ҳәм тапқырлыққа тәрбиялаўшы қосықлар;
3. Балалар ойын-заўық қосықлары;
4. Балаларды мийнет етиўге тәрбиялаўшы қосықлар.

Балалар әдебиятындағы бул мийрасларды адамлар балалардың жас өзгешелигине, психологиялық раўажланыў басқышларына қарай, балалардың қәлеген ойын-күлки, тәбийий талапларына сәйкеслеп жүргизген. Бунның өзи де балалар ушын үлкен өмир мектеплериниң бири болған. Балалар өсе келе олардың ойнайтуғын ойынлары ҳәр түрли болып барған. (Қараңыз: Н. Дәўқараев. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери, Нөкис, 1961ж. 29-бет.) Соған қарай ата-аналардың қосық етип айтатуғын сөзлериниң мазмуны да өзгерип барған, демек дәслепки «үй-үй», «қаўын-қаўын», «ҳарламай» ойынларынан енди естияр балалар ойнайтуғын ойынға өтеди. Ал, балалар қосықлары да кем-кемнен дәслепки «бесик жыры»нан «Тусаў кесиў»ге, «Тәй-тәй»ге ямаса «ғаз-ғазға» өтип, оннан «Түлкишек», «Әўелемен-дүўелемен»ге өтеди. Бала есейген сайын тағы оннан ары «ҳа, түйелер, түйелер», «Бирим-бирим», «еким-еки»ге ҳәм «ғақ-ғақ ғарғалар»ға дейин балалардың жас өзгешелигине, дүньяны түсиниў дәрежесине қарай раўажланып барып берген. Булардың ҳәммеси балалардың өмирге ийкемлигин, қуштарлығын, турмысты кем-кемнен таныўын, тил ҳәм сана сезиминиң өсиўин байытып бара берген.

Халықтың балаға деген муҳаббатынан дөреген бул балалар поэзиясындағы шын жүректен шыққан нәзик сезим менен толық оғада бай лирика бизиң фольклорлық ғәзийнемизди де байытқан. Бул қосықлар халықтың турмысында балаларды тәрбиялаўдағы ең баслы



қуралларының бири болған. Балалар фольклорындағы бул қосықлардың бүгинги әўлад ушын да тәрбиялық үлгиси оғыры бай. Мәселен «Әўелемен-дүўелемен» балалардың басын жәмлеп ойынға шөлкемлестирип, дослық сезимин өсириўге жәрдемлессе, ал «Бирим-бир, еким-еки» балаларға математикадан дәслепки түсиниклерди береди.

Балалар жас өзгешелиги ҳәм сана-сезими жағынан өскен сайын олардың ойлаўы өзгереди, соған қарай ойыны да өзгерген. Олар есейген сайын мергенликке, физикалық жақтан шынығыўға, күшли ҳәм батыр болыўға талпынған. Бунның ушын олар үлкенлерден еситкен ески дәстанлардағы Қобланға, Алпамысқа, Гүлайымға, Мәспатшаға, Ер Зийўарға, Шәрьярға ҳәм т. б. эпос қаҳарманларына усаўды әрман еткен. Сөйтип мергенликти, күшлиликти, тапқырлықты үйрениў ушын «Дөрдиян», «Соқыр теке» усаған ойынларды да ойлап тапқан. Әлбетте, асық ҳәм топ ойынлары балаларды мергенликке, жүўырғышлыққа шынықтырған менен ҳәдден тыс көп ойнап, пайдалы истен иркип зыян да берген. Сонлықтан да халық:

Асық ойнаған азар,
Топ ойнаған тозар,
Ҳәммесинен қой бағып,
Қуйрық жеген озар, —

деп балаларды пайдалы мийнет етиўге шақырған. Бурынғы дәўирдеги балалардың бул ойынлары дәслепки ўақытлары бала тәрбиясында белгили дәрежеде күшке ийе болған. Бирақ дәўирдиң талабы өзгерген сайын ол ойынлар әмелий истен қалып, өз күшлерин жойытқан. Ҳәтте олардың биразы балаларға зыянлы да болған. Мәселен, «Сақа өлтирмек» дәслепки дәўиринде балаларды мергенликке үйретсе, ҳәзир оның орнын «Тир» (мылтық атыў) алды. Ол балаларға анағурлым пайдалы. «Гүресиў» ҳәм «Соқыр теке»ойнаў өз күшин еле сақлап келмекте. Усының менен бир қатарда «Айн-ғайн гүбелек», «Ай көрмек», «Айқулаш» ойыны ҳәм онда атқарылатуғын қосықларды да балалардың ертеректеги турмысларының излери сәўлеленеди. Мине, сөйтип қарақалпақ балалары төңкеристен бурын халықтың дөреткен өлмес мийраслары — халық педагогикасы арқа-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лы тәрбияланған. Халық педагогикасы күтә үлкен тараў. Ол арнаўлы изертлеўди талап етеди.

Балалар фольклоры еле толық жыйнап болынбаған ғәзийне, ал жыйналғанлары болса отызыншы жыллардағы ҳәр қыйлы оқыў китапларында, ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақ филиалының қол жазбалар фондында, «Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы» (ҳәзирги Әмиўдәрья) журналының 30-40 жылларындағы санларында бар. Соңырақ 50-жылларға келе балалар фольклорының гейпара жыйналған үлгилери хрестоматиялар менен «Қарақалпақ халық поэзиясының антологиясына» (Нөкис, 1956-жыл) енгизилген. Соңғы жыллары балалар фольклорының үлгилери айрым китапша етип бастырып шығарылмақта. Ал, балалар әдебиятының көп алтын ғәзийнеси қарақалпақ фольклорының ХХ томлығында киргизилген.

Халық фольклорына жататуғын, сондай-ақ балалар фольклорында балаларды тәрбиялаўға үлкен әҳмийети бар гейпара ертек, аңызлар, этнографиялық материаллар, дәстанлар П. Рычков (1750-жылы), Н. Муравьев (1819—1820), Ч. С. Валиханов (1840-ж.), Риза-Кули Мирза (1872 ж.), Н. Каразин (1875-жыл.), А. Диваев (1901-ж.), Н. Остроумов (1891-ж.), А. Россикова (1891-ж.), А. И. Беляев (1903-жыл) тәреплеринен жазып алынған. Булардан кейин белгили илимпазларымыз Н. А. Баскаков, А. С. Морозова, С. Е. Малов, А. А. Соколов, Н. Дәўқараев, Қ. Айымбетов, У. Кожуров, Р. Қосбергенов, Н. Жапақов, Қ. Мақсетов, С. Қамалов, А. Каримов, С. Ниетуллаев, Н. Қамалов, Қ. Мәмбетназаров, А. Алиммов, А. Тәжимуратов ҳәм басқалар өзлериниң фольклорды жыйнаў бойынша шөлкемлестирген экспедицияларында балалар әдебиятының фольклорын байытты. Бул жыйналған ҳәм көпшилиги баспасөзде басып шығарылған фольклорлық мийраслардың балаларды келешекке тәрбиялаўда әҳмийети оғада уллы. Бул мийраслар балаларды халқымыздың тарийхын, әдет-үрпин, социал-экономикалық жағдайларын, мәдениятын таныстырыўда қунын есаплап шығыў қыйын, сарқылмас ғәзийне болып табылады. Олардың бири бала туўылыўдан-ақ, егер жыласа келешегин айтып жубататуғын музлы бесик таянған аналардың ыңылдап өз намасы ҳәм композициясы менен жырлаған «Ҳәййиў-ҳәййиў» ямаса «Бесик жыры» болып табылады.



## БЕСИК ЖЫРЫНДАҒЫ ГӨЗЗАЛЛЫҚ СЕЗИМЛЕРИ

«Бесик жыры» ямаса «Ҳәййиў-ҳәййиў» күтә нәзик сезимге толы қосық. «Бесик жырында ата-ананың балаға деген сүйсиниўи, олардың келешегине ҳақ жол тилеген ең жақсы нийетлери, ақыл-ўәсиятлары, тилеклери сулыў сезимли нәзиклик пенен толғанып билдириледи ҳәм сондай-ақ онда ата-ананың (халықтың) қандай арзыў-әрманларды аңсағанлары да билинип турады; бесик жыр»ының балалар фольклорындағы басқа қосықлардан өзгешелиги — оны тек ғана баланың өз анасы атқарады:

Айналайын аппағым,
Қозы жүнли қалпағым,
Қозым мениң қой болғай,
Жыйнағаным той болғай,
Тойым-тойға уласқай,
Дәўлет келип орнасқай.

Бул қатарлардың басқа қосық қатарларынан қонымлылығы — ананың баласына тилеген жақсы тилегиниң өз дәўириниң турмыс жағдайы менен байланыслы болыўында ҳәм оның шын жүректен халықлық ҳаўаз бенен жырлана билиўинде.

Қарақалпақларда балаларды биринши рет бесикке бөлеў дәстүри бар. Аўылда ҳүрметли ананың биреўи нәрестени биринши рет бесикке бөлеў алдында, баланы бесиктиң үстине миндирип, бесикке бөлеўши кемпир баланың тилинен «Қум сатаман», ямаса «арбамды айдайман» деген қосық қатарларын айтып, сарпай алады. Бирақ бул қосықтың толық қатарлары сақланбаған.

Бунның басқа қосықлардан өзгешелиги — оны баланың туўған анасы емес, ал басқа ана атқарған:

Қум сатаман, ким алады,
Қандай сарпай жабады,
. . . . .
Көўлимди қалай табады,
Ямаса уятқа қалады...

(Автордың қол жазбасы. Айтып берген Шымбай районындағы «Кеңес» совхозында турыўшы 76 жасар ана Ш. Мәмбетғәниева).

«Бесик жыры» халықтың аңсаған арзыў әрманларын да билдиреди. Баласын тербетип отырып қәдирдан ана



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

(халық) өзиниң келешеги баласының тезирек өсип, пайдаға асыўын аңсайды:

Айналайын айдасы,
Қашан тийер пайдасы.
Он жасына шыққанда,
Сонда тийер пайдасы.

Бунда ҳәйиў айтқан ана тек өз қара басының ғамы емес, ал пүткил халықтың ойын, тилегин, мақсетин айтып отыр. Өйткени ҳәйиўди пүткил халық айтады, пүткил халыққа ортақ жыр. Бесиктиң тербелиўи менен қосық ырғағының оның менен ойласқандай бирге шығыўы, қосық желисине бесик тербелиўиниң қосылыўы ана менен баланың жүрегиниң бирге соққан сезимин аңлатқандай:

Айналайын қозышам-әй,
Мөлдир көзли қундызшам-әй,
Қараңғы түнде жарқырап-әй,
Жақты берер жулдызшам-әй.

Бул баланы сүйип тәрбиялаў, шыннан күшли сүйиўшилик сезим менен ана ҳәм бала (халық ҳәм әўлад) арасындағы өмирге қуштарлық ләззетиниң белгиси болып табылады:

Айланым мениң жасында
Жасыл қалпақ басында.
Әшекейли ақ отаў,
Ағасының қасында.

(Қарақалпақ халық қосықлары. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1965-жыл. 103, 106-бет).

### «ТУСАЎ КЕСИЎ»ДЕГИ ГӨЗЗАЛЛЫҚ СЕЗИМЛЕРИ

Әлбетте, бесиктен кейин балалар ғаз-ғаз турады. гейпара Қарақалпақ ўалаятларында «ғаз-ғаз» ды, «тәй-тәй» деп те атайды. Булардың түбири бир — балаларды жубатыў ушын жүрегине қандай жағымлы сөз келсе ер-келетип (өзи де еркелеп) айта береди. Ғаз-ғаз турға- бала жүриўге умтылғанда Орта Азия халықларының көпшилиги өзбеклер, қарақалпақлар, қазақлар ҳәм басқа аналар жыйналып, олардың ишинен жүйрик, шаққан биреўи, баланың тусаўын кескен ана бала жатқан бесик баўының бир ушын кесип, ямаса ғурғынлы же- болса баланы туўған ананың тартқан түрмесиниң ушы-



нан қыйып баланың аяғына байлайды, тусаўлайды. «Тусаў кесиў»ге жыйналған аналар (баланың атасынан басқа ер адамлардың болыўы шәрт емес) аяғы байланған баланы «ғаз-ғаз» турғызып, сарпайын сорайды (сарпай алыў халық дәстүриниң бири болып кирип тарап кеткен). Сарпайын алған ҳаял баланың аяғындағы тусаўды кесип, баланы тикке өз аяғына жүргизеди. Сол мәҳәлде «тусаў кескен» шешеси «тусаў кесиў» қосығын айтады, оған ҳәмме аналар қосылады. Бул қосықта да «Бесик жырындағы» дай-ақ балаға жақсы тилеклер тиленеди:

Ғаз-ғаз балам, ғаз балам,
Қурысқан бойды жаз балам,
Тусаўыңды кесейик,
Белине белбеў есейик;

Ямаса:

Ғаз-ғаз балам, ғаз балам,
Қурысқан бойды жаз балам,
Адымыңды көрейик,
Көз тиймегей түкирейик;

Ямаса:

Ғаз-ғаз балам ғаз балам,
Қурысқан бойды жаз балам,
Күле берме, ҳәй, келиншек,
Балам болмасын ериншек!

(Шымбай районы «Кеңес» совхозы «Москва» бөлиминде жасаған 76 жасар Шазада кемпир Мәмбетғәниевадан жазып алынды (автор). «Тусаў кесиў» ямаса «ғаз-ғаз» қосығының «ҳәййиў-ҳәййиўден» өзгешелиги — «Тусаў кесиў»ди баланың өз анасы емес, ал аўылдағы ең ҳүрметли басқа ана ислейди ҳәм қосығын айтады. Басқа аналар (оның ишинде баланың өз анасы да) қоллап-қуўатлап отырады.

Ҳәр қандай жақсы сөзди, жақсы ыңылды менен мақ-таў сөзлерди де баланың өзине қонымлы сеслер арқалы сезетуғыны мәлим. Бала буған да қуўанып өмирге ҳәрекетке сүйсине талпынады. Баланың аяқ басып жүр-ген ўақты қуўанышы, көп күлетуғыны да, жүре бергиси келетуғыны да усыннан. Мине бала жас ўақытынан бас-лап-ақ жүрегине қосық пенен қуйылған турмыслық өмир, келешек үлгиси менен тәрбияланады. Олар үлкейгенде

әдетке айланып, қуўанышқа да қосық айтады. Сонлық-тан да Ч. С. Валихановтың 1843-жылы «...Қарақалпақ-лар далалықлардағы ең биринши шайырлар ҳәм қосық-шылар» деп дурыс тастыйықлаўы, 1903-жылы А. И. Бе-ляевтың «Қарақалпақлар — дала бүлбиллери» (Прото-колы заседений и сообщений членов Закаспийского кружка любителей археологии и Истории Востока, 1917, вып. 4, стр. 48.) деп атаўы да тосыннан айтылған га емес, ал олардың бесиктеги дәўиринен баслап ержет-кенге дейин ата-анасының ең жақсы муҳаббат ҳәм ғам-хорлық сезиминен жүрегин жарып шыққан қосық сези-ми менен тәрбияланыўының айқын көриниси болып та-былады. Бул баланың үлкейгенде де йошлы азамат бо-лыўының тәсири болса керек. Саз шертип, қосық айтыў қарақалпақ жасларының арасында бурыннан тарал-. Қосық билмейтуғын ямаса саз шерте алмайтуғын адам-ды сийрек ушыратыў мүмкин. Бул қосық айтыў өнери қарақалпақлардың әдети бойынша жигитлердиң бир-ден-бир қәсийети (Н. Дәўқараев) екени мәлим.

## БАЛАЛАРДЫҢ ТУРМЫС-САЛТ ҚОСЫҚЛАРЫНДАҒЫ ГӨЗЗАЛЛЫҚ СЕЗИМЛЕРИ

Қарақалпақ балалар фольклорында «бесик жыры»н-дағы халықтың балаларға тилеген арзыў-әрманлары оларды руўзыгершиликке үйретиў, жас ўақтынан-ақ уқыбын арттырыў болған. Бул жерде айта кетерликсе —қарақалпақ халқы көп әсирлер бойы посқыншылық-жаўгершиликке ушырап, ҳәр қыйлы тарийхый, қыйын-шылық жағдайларды басынан кеширген. Қарақалпақ-лар бир гезлери шарўа да, дийхан да, аўшы да, балық-шы да болған, усыған қарап халық дөретпелери де ҳ қыйлы тематикаға ийе. (Дәўқараев Н. Революцияға шей-кемги Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери ҚҚМБ. Нөкис, 1961-ж, 21-бет). Балалар фольклоры ҳәрқыйлы тематикаға ийе. Халық балаларына бул кә-сиплердиң сырын арнаўлы мектеп емес (ол ўақытлары қарақалпақларда бундай кәсип мектеби — белгили кә-сип ийесине балаларды шәкирт етип бериў арқалы бол-ған), ал нәзик, қонымлы ойынлар арқалы үйреткен. Бул жерде балаларды шарўашылыққа, дийханшылыққа, аў-шылыққа, балықшылыққа үйретиў туўралы халық



налығынан бир қатар үлгилер келтириў мақул болар, мәселен:

Ҳә түйелер түйелер,
Дузың қайда түйелер?
Балқан таўдың басында,
Балық ойнар тусында..
Жемисим жерге төгилди,
Жер жуўсанын берди,
Жуўсанды қойға бердим,
Қой қошантайын берди,
Қошантайын қонаққа бердим,
Қонақ қамшысын берди,
Қамшысын көлге тасладым,
Көл сүйригин берди,
Сүйригин ғазға бердим,
Ғаз мәйегин берди.

Қосық қатарларында келтирилген «Түйелер», «Дузың қайда», «Жемис», «Жуўсан», «Қой», «Қошантай», «Қо-нақ», «Қамшысын көлге таслады», «Көл», «Сүйрик», «Ғаз», «Мәйек» деген сөзлердиң өзи де халықтың күн көрисине, кәсибине, күнделикли қатнасларына тийисли. Булар арқалы қандай жерде жасап, қандай күн көрип атырғанларын балаларға күтә әпиўайы уғымлар менен аңсат ҳәм ықшам етип жеткерип тур. Бунда шарўашы-лық, аңшылық, балықшылық пенен бир қатарда «Қо-шантайын қонаққа берип» қарақалпақ халқына тән қо-нақ күтиўшиликти де балаларға уқтырыўда. Бунын бәри әпиўайы, ал соның менен қатар күтә шеберлик пе-нен исленген.

«Қамшысын көлге тасладым,
Көл балығын берди».

Ямаса, бәҳәрде, егис ўақтында, гүзде зүрәәтти жый-наў ўақтында жаўған жаўынның зыянлы екенин сезген балалар «жаўма күним жаўма»ны айтады:

Мен апамның туңғышыман,
Жаўма күним жаўма,
Қазан қырар қырғышыман,
Жаўма күним, жаўма?

Бул балалардың ата-аналардың исине, улыўма үй-руўзыгершилигине тилеклеслик билдириў сезимлерин аңлатады.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## БАЛАЛАРДЫҢ АЙТЫС, ҲӘЗИЛ ҚОСЫҚЛАРЫНДАҒЫ ГӨЗЗАЛЛЫҚ СЕЗИМЛЕРИ

Ҳайўанларды айтыстырыў арқалы балаларға с... ҳайўанлардың түр-сыпатын, әдетин, қылықларын уқ... рады, бир-биринен айырып тапыўды үйретеди, мәселе...
Ешки қойға:

Сениң жегениң жантақ,
Мениң жегеним жантақ,
Қуйрығың неге жап-жалпақ?

Қой ешкиге:

Сениң жегениң ошаған,
Мениң жегеним ошаған,
Қуйрығың неге шошайған,

(Айымбетов. Қ. Кожуров О, Қарақалпақ халық тво... чествосы, 1940-жыл, 112—113-бетлер) ҳәм т. б.
Ямаса:

Ғақ-ғақ ғарғалар,
Қар үстинде жорғалар,
Суўық қысса қысынып,
Көзден жасы сорғалар,
Бизиң үйдей ғарғалар
Үйиң барма қорғанар?

Ямаса:

Шақ-шағала, Шағала,
Көлдиң бойын жағала,
Узын суўда балық бар,
Ала алмайсаң шағала.

Булардың ҳәммеси халықтың балаларды тәрбия... дағы халықлық педагогикадағы әдиси. Сондай-ақ ... лаларға дүньяны, тиришиликти өзлериниң күнде... ли руўзыгершилиги менен бирликте байланыстырып ... ланғыш сездириўлериниң айқын дәлили болады. Б... «Қулағымның суўын төк», «Ләйлапа» жатады.

Балалардың арасына кең таралған ҳәзилли ой... күлки менен айтылатуғын қосықлар арқалы да ... белгили дәрежеде әдеп-икрамлық, гөззаллық сезим... ди тәрбиялаған. Бундай қосықлардың сюжети, маз... күнделикли турмыста бар әпиўайы қубылыстан ал...



...ды да, ҳәммеси бириккен қонымлы, күлкили түрде көп ҳәдийселерден нәзик сезимлер, анық хабарлар бериле-ди. Бундай қосықлар балалар фольклорындағы ойын-қосық сыпатына ийе болып, драмалық түрге енип ба-рады:

— Ҳәкке қайда?
— Уясында.
— Не қылып атыр?
— Кесте тигип атыр.
— Кестеси қандай?
— Алақандай...
— Дәрўазаның аўзы қайдан?
— Өте бериң буннан.
— Неше атласам өтемен?
— Еки атласаң өтесең...
— Бир нан жейсеңбе?
— Жарты нан жейсеңбе?
— Бир нан жеймен.
— Ал басла.

Қараңыз, бул «Ҳәкке қайда» сораў-жуўап ойыны арқа-лы балалар қандай түсиниклерге ийе болды дейсиз? Кесте тигиўден баслап, санлардан аз-азлап («еки ат-ласаң өтесең) түсиниклер бериўге, «жарты наннан» (бир нан жеймен) бир нанның әлбетте көбирек екенине де-йин уқтырыў менен қатар ойын арқалы турмыслық ҳә-дийселер сездириледи. Ўақыяның барысында бала қус-ты да, кестени де, дәрўазаны да, сан бирлигин де, пай-даны да уғып; тек ойнаў емес, ал күнделикли әмелий турмысқа көнлигиўде. Ал, «Әўелемен» де:

Әўелемен-дүўелемен,
Салқан ийттиң саны менен,
Қара қойдың қаны менен,
— Әўез бала қайда кетти?
— Дузға кетти.
— Қашан келер?
— Жаз келер.
— Жаз келмесе?
— Гүз келер.
— Пәллен-пиш,
— Ойға түс,
— Сен тур,
— Сен шық!

— деп сан бирлигин үйретиў де, жыл мәўсимлеринен де ...ғым бериўде. Былайынша қарағанда әпиўайы ғана ой-...нда қаншама сыр жатыр дейсең! Сюжетлик фабула-

лық ўақыялар әпиўайы болса да ҳәр қыйлы турмыс
ринисинен түсиник береди.

Балалар тәрбиясы ержеткенге дейинги, ержеткен
кейин де, ата-аналар ушын парыз болған үзликсиз
болып табылады. Дәслепки «Бесик жырынан» ба
кем-кемнен балалардың турмысқа көз-қарасларын,
синиклерин байытып барыў менен олардың ой-өрис
рин, аң-сезимлерин кеңейтиў нәзерде тутылады.
ҳәм усы қусаған мақсетлердиң тийкарындағы бала
фольклорында «Түлкишек»те киреди. «Түлкишек
билмейтуғын бала аз, ол аўыз еки әдебиятының ба
лар фольклорында күтә кең өрис алған. Ойынға ар
ласқан ҳәр бир бала «Түлкишек»ти тез ядлап ала
ҳәм айтып жүреди. Ҳәтте отырыспаларда, жыйында
сық билмеген үлкен жигитлергеде ҳеш болмаса «Түл
кишек»ти билмейсең бе? — деп ҳәзил етеди. «Түлкиш
қарақалпақ балалар фольклорында өзиниң руўхы
ғынан тарийхый қосыққа жатады.

Түлки — аўыз еки әдебиятта ҳийлекер ямаса әдеб
сыпат болып, ўақыяны раўажландырыўшы қаҳарман
тинде қолланылады. «Түлкишек»тиң мазмуны арқа
өткен замандағы айырым турмыс көринислерин ба
ларға тымсал түри ҳәм драмалық қәсийети арқалы
ықшамлап, жеңил тил менен, ядлаўға қолайлы етип
тырып келген болса керек. Онда айтыс түрлериниң
бөлеклери болып, оны балалар ойынына да жатқар
ға болады. Бул жағынан ҳәр түрли тарийхый тур
лық қосықлар қурамынан қуралыўы да итимал. «Т
кишек»те түлкишекке сораў бериледи де, оннан соң
кишек пенен баланың айтысы басланып кетеди —
раў-жуўап түри драмалық сыпатқа енеди:

— Ҳә Түлкишек Түлкишек,
— Түнде қайда барасаң?
— Мамамның үйине бараман.
— Мамаң саған не берер?
— Ешки саўып сүт берер,
— Ешкисиниң сүти жоқ,
— Ылағының путы жоқ.
— Қарам-тарам ет берер.
— Оны қайда қоясаң?
— Тал түбине қояман.
— Ийт әкетсе қәйтесең?
— Ийт аўзынан аламан,
— Батый ханға бараман.



— Батый ханның неси бар?
— Ушар-ушар қусы бар,
Ушып кетти ҳаўаға,
Қайтып түсти дәрьяға,
Дәрья суўын қурытты,
Ақ шабағын ширитти.
Бир байдың журтында
Еки тышқан таласты.
Сақал муртын жулысты.

Мысалда көрсетилгениндей қосық дәслеп драмалық ай
тыс-жуўап түринде басланып, изи қандай да бир та
рийхый ҳәм сықақлаўшы ўақыялардан хабар бериўши
қатарлар менен тамамланған. Бул жерде гәп балаларға
қосықтың келип шығыўын уқтырыўда ғана емес, ал
усындай жеңил, қонымлы түрлер арқалы балаларға
поэзия күшин, гөзаллық сезимин сиңдире билиўде.

## БАЛАЛАРДЫ ЕСАП-САНАҚҚА ҮЙРЕТИЎ ҚОСЫҚЛАРЫ

Балалардың аң-сезимлерин өсириў усылай даўам
етип, енди оларға санлар бирлиги де, ал ол санларды
қайта-қайта айыттырыў арқалы есинде сақлап қалыў
қәбилети де үйретиледи. Қарақалпақларда гейде:

Бирим — бир
Еким — еки,
Үшим — үш,
Төртим — төрт,
Бесим — бес,
Алтым — алты,
Жетим — жети,
Сегизим — сегиз,
Тоғызым — тоғыз,
Оным — он,
Онбирим — оны тапшы?
**(ол — өзи).**

— деп қайталанады. Балалар фольклорындағы бул
жанрлық түр балаларға оғада қонымлы. Бул балалар
а бармақларын санатыў арқалы ойын ретинде уқтыры
ады. Он еки қолының бармағы болса, онбир дегени ба
ның өзи. Бала өзин-өзи айтыўдың қолайын таппай
рады. Гәп қосық түри арқалы санларды да есапты да
иретиў. Бул рус балалар әдебиятында считалка деп
үритиледи. Ол үлкен әҳмийетке ийе. Бундай жумбақ
қосық түри қазақ халқының балалар фольклорында да



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бар, деп тастайықлайды қазақ алымлары М. Ә... хәм Е. Исмаиловлар (Қазақ ертеклери, 15, 16-... Бундай жумбақ-қосықтың да, ертектиң де бир ха... тан екинши халыққа өтиўи — жери менен жерлес, ... менен суўлас, тәғдири менен тәғдирлес, бир-бири ... тарийхый, сиясий, турмыслық қатнаста болған ха... лардың халық дөретпелеринде де гейде усаслықлар ... лыўы таажип емес. Бундайлар фольклорда көшпели ... жет делинеди. Бундай дөретпелерди қайсы халық ... айтса, сол халықтың өзиниң дөретпеси болып есапла... ды. «Қай жақта туўылып, қай шеттен келсе де, бе... ли ертекти бир халық өз тилинде халық болып ай... журсе, сол жеткиликли. Сонда ол халық сол ертекти ертеги қатарында изертлеп талқылап, өз ертегин ... есаплайтуғын болады. («Балаларға тартыў», Қызыл... ла, 1926-ж. 15-бет). Тап усындай «бирим-бир», «е... еки» де, сондай-ақ сан атамаларды белгили бир за... сәйкеслестирип, балалардың умытпаўы ушын сан бир... гин ядлататуғын:

«Бир дегеним — билиў,
Еки дегеним — егеў,
Үш дегеним — үшек,
Төрт дегеним — төсек,
Бес дегеним — бесик,
Алты дегеним — асық,
Жети дегеним — желке,
Сегиз дегеним — серке,
Тоғыз дегеним — торқа
Он дегеним — оймақ,
Он бир дегеним — жумбақ.
(ол — өзи).

деген де қарақалпақ балаларының өз дөретпеси бо... табылады. Бул қазақ балалар фольклорында да ... болғаны хәр бири хәр халықтың өз мүлки, қарақа... қа да, қазаққа да ортақ мийрас болып табылады. ... менен аты аталған мийрасты хәрбир халық өз ша... ларына сәйкеслеп кишигирим өзгерислер енгизген ... рақалпақлар «Бир дегеним — билиў, еки дегеним ... деп гәпти биринши беттен айтса, ал қазақлар «би... гениң — билиў, еки — дегениң егеў» деп екинши бе... айтқан. Бул сүрелик өзгерислер, хәр халықтики ... дурыс, өз шараятына муўапық, өз түсиниклерине қ... лы ағым болып табылады.



## «ӨТИРИК ӨЛЕҢЛЕР»ДЕГИ ГӨЗЗАЛЛЫҚ СЕЗИМЛЕРИ

Қарақалпақ балалар фольклорында балалар сана-сезимин буннан да былай раўажландырыў, уғым илгирлигин, пәми хәм түсингенин ойлаў дәрежесин, тапқырлығын, зейинлилик пенен зийреклилигин сынаў, аңғарыў хәм усылар арқалы сана-сезимин тағыда өсириў мақсетинде қолланылатуғын «өтирик өлеңлер» де бар. «Өтирик өлеңлер» сықақлы хәзилге, күлкили — сықақ сынға бейимленип айтылады. Олардың көлеминиң үлкен-кишилигине қарамастан қаҳарманлары болады. «Өтирик өлеңлер» адамларды хәм күлдиреди, хәм ойландырыўға мәжбүрлейди, хәм турмыслық жағдайларды таныўға сезгирлигин арттырыўы жағынан балалар тәрбиясында үлкен әхмийетке ийе.

«Өтирик өлеңлер» ертектиң қосық түринде жазылған бир үлгиси, ондағы қаҳарманлар менен турмыс хәдийселери арасындағы қатнаслар сүўретленеди. Усындай өзине тән өзгешеликлерине қарай «өтирик өлеңлер» балаларды хош кеўилли күлки ләззетлерге бөлейди. Олар ядлап алыўға жүдә қолайлы болып келеди:

Мен өзим жас күнимде бақа бақтым,
Бақамның арығына жабыў жаптым,
Қурбақам Орынборға қашып кетип,
Бир бақа сүйинши айтып зордан таптым...

Қой қылып қумырысқамды қозы бақтым,
Қоңызды инген қылып мен бозлаттым,
Басында май төбениң шақмақ шақтым.
Жаратып гесирткени атқып шаптым.

Бизлерге өтирик сөз буйырмаған
Беденени тезек деп отқа жақтым.

(Қарақалпақ халық қосықлары, Нөкис, 1965).

«Өтирик ертек»те «өтирик өлеңнин» жубайы. Бунда да «Өтирик өлеңдегидей» қаҳарманлар, ўақыялар, қаҳарман менен ўақыя арасындағы қарым-қатнаслар хәрекет етеди:

Туттым бүргениң анасын,
Тутқа байладым танасын.
Қосқа қостым жупқанасын.
Жер сүдигар етпедим бе?

3—84



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Бир бүрге тепти диземе,
Келдим алты айда өзиме...

...Бүргениң мурнын тестим,
Ала шунақ бир жип естим,
Жеңгем менен мингестим,
Әмиўдәрьясынан кештим...

Ямаса:

Ертегим ерте болады,
Қулағы келте болады,
Тырна жасаўыл болады,
Ҳәкке бийдуўмақ болады... (Сонда, 117-бет).

Буннан кейин ҳәкке, муз, күн, булт, жамғыр, жер, тышқан, пышық кимниң күшли екенин сынасып, ақырында пышық күшли болып шығады:

— Пышық сен неден күшли болдың?
— Мен күшлимен, күшлимен,
Аяғыма зерли геўиш,
Күнде еки мың тышқан сәўиш. (Сонда, 117-бет).

Фольклордағы «өтирик өлең» менен «өтирик ертеклер»диң тематикасының көпшилиги ҳайўанат, жәнлик, қурт-қумырысқаларға да байланыслы болып келеди. Ал, соңырақ дөреген «өтирик ертеклерде» адам да ҳәрекет етеди: «Егер өтирик айтсам, басыма ҳәкке қонсын, өлген ғарға көзим десе көзимди, өзим десе өзимди шоқысын, Буғанда инанбасаң барғой, тап ҳәзир-ақ басқан изим артымда қалсын» ҳәм т. б. (Автордың қол жазбасынан, № 1 дәптер).

Солай етип, «өтирик өлең» де «өтирик ертек» те балалардың сана-сезим илгирлигин, пәми ҳәм пәмлегенин ойлаў дәрежесин, тапқырлығын, зейинлилик пенен зийреклилигин сынаўлардан ибарат.

Булар балалардың ой-өрисин, ақыл-ҳуўшын сынаў бойынша қарақалпақларда әййемнен киятырған халық педагогиканың усылларының бири. Бул усыл қарақалпақлар арасына кеңнен таралған. Той-жыйынларда да, еки-үш адамның басы қосылған жерде де бирбирин сынап, кимниң не айтқанына дыққат берип өлшеўди. Усындай орынларда балаларының қысыныспаға түсип қалмаўы ушын қарақалпақлар балаларының ақыл-ойын, парасатын, адамгершилигин тәрбиялаўда халықлық педагогиканың бар усылларынан, аўызеки әдебияттағы балалар фольклорының гейпара жанрлық түрлеринен де пайдаланған.



## БАЛАЛАРДЫҢ ТИЛИН ӨСИРИЎДЕ ЖАҢЫЛТПАШТЫҢ ТӘРБИЯЛЫҚ КҮШИ

Қайсы халықтың болса да жас баласының тили шыққан ўақытлары «Р» ҳәрибин айтыўы оңайға түспейди. Усының менен қатар адамлардың узын, көп буўынлы сөзлер, үнлес «а — ә», «п — б», усаған сеслерди, бир-биринен усас атамаларды айтыўы балада қыйыншылық туўдырады. Сонлықтан халық өзлериниң дөретпелеринде балалардың тил байлығын өсириўди де естен шығармаған. Солай етип халық аўыз еки әдебиятындағы жанрдың бир түри жаңылтпашлар дөрелген.

Жаңылтпаш балаларды дурыс сөйлеўге, сөзлерди өз сеси менен дурыс айтыўға, тилин шынықтырыўға, тил тамырларын, қайтымларын раўажландырыўға үйретеди. Сонлықтан да жаңылтпаш фольклорда ылайықлы орнын ийелейди. Ол ҳәзирги дәўирде де үлкен әҳмийетке ийе.

Жаңылтпашты халық тек балаларға үйретип ғана қоймаған. Оны халық отырыспаларда, гештеклерде де айтысып, кеўил хошлап күлисип, шерлерин тарқатып отырған. Жаңылтпашта жаңылып, қосық қатарларын шатастырып, усти-үстине усас еспеленип избе-из төгилип келетуғын сөзлерден жаңылған ямаса тили айланбай қалған жигиттиң де, қыздың да үстинен ҳәзиллесип күлискен. Оларды дүзетиўге талапланған.

Ал, ата-аналар болса балаларына жаңылтпаш айтып берип, олардың алжасқан жерлерин қызық көрип, өзлери де кеўил көтерип күлискен ҳәм оларда да кеўил көтерип күлип, жаңылтпашты айтыўды үйренип алыўға қызыққан. Нәтийжеде жаңылтпаш тек адамларды күлдириў, тил қайтымын раўажландырыў ғана емес, ал ойлаўға, ойланып асықпай, алжаспай сөйлеўге, қосық қатарларын бузбай ядлаўға ҳәм еситкенин умытпайтуғын қаты қулақ болыўға тәрбиялайтуғын фольклорлық шығарма.

Балалардың тили жас ўақтынан раўажланса, үлкейгенде оның тили шүлжиң болмайды. Есейгенде адамлардың ойлаўы менен сөйлеўи теңдей бир-бири менен



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бирликте хызмет атқарады. Тутлықпа болмайды. Еркелеп өсип, есейгенше «Р» сесин «ий» ямаса «ыл» сеси менен шатастыратуғын тили шүлжиң ерке балалардың үлкейгенде де тили шүлжиң болып әдетленип кетпеўиниң алды алынады. Халық сонлықтан да жаңылтпаш айтып балаларды жас ўақытынан-ақ халық усылы арқалы дурыс сөйлеткен:

«Айыр атаңды жүк қартайтар,
Семиз қойды май қартайтар,
Үй қартайтар, бүй қартайтар.»

(Қарақалпақ поэзиясының антолгиясы, Нөкис, 1956 ж.)

Бунда, мысалда келтирилгендей-ақ «Р» сеси бир неше рет қайталанып, ал усас сөзлер дизбекленип келген. Балалардың тил айланысларын ески мектепте гейпара моллалардың таяқ усылындай қара күш пенен емес, ал ҳәм қызық, ҳәм пайдалы қосық қатарлары менен, ямаса сөз күши менен шынықтырған. Балалардың тил тамырларын шынықтырыўда, тил байлығын өсириўде, сана-сезимин арттырып, қосықларды ядлатыўда, әлбетте, жаңылтпаш тәрбиялық қәсийетке де ийе.

«Өлимнен уят күшли», «Уялғаным соншелли, жер жарылмады, мен кирмедим», «Қызыл жүзли жигиттиң қызарғаны — өлгени» дейди халық намыс хаққында. Бул жерде «Р» сесин ямаса бир гелки сөзлерди шатастырып айта алмаған баланың үстинен жора-жолдаслары да қатырып турып күлген, намысына да қатаң тийген. Демек, ар-намысын сақлаўға тырысқан бала со... жора-жолдасларының көзинше, сол жыйналысқан жерде жаңылтпашты қайта-қайта айтып тәкрарлап, со... текстти өз қурылысы менен дурыс айтыўға үйренген. Сонлықтан жаңылтпаш халық медицинасында да әхмийетке ийе болған.

Сондай-ақ жаңылтпаш балаға тек «Р» сесин, ямаса биргелки бир-бирине уйқасып келетуғын сөзлерди үйретип ғана қоймайды, ол соның менен бирге текст ишиндеги сан әлўан жәмийетлик қубылыслар (жумбақ мазмуны — **И. Қ.**) менен де танысады.

Мәселен:

Қаладан алғаным алты арба асқабақ,
Алты арба асқабаққа жеккеним,
Тарғыл ала тайпақ мүйиз,
Ақ бөксе баспақ, ақ бөксе баспақ.



Бул жерде алты арба асқабақ тек алты арба емес, ал арба әййемги сөз, асқабақ дийханшылыққа тийисли гәп. Гәп алты арбаға тарғыл ала, тайпақ мүйиз, ақ бөксе баспақ бурынғы транспорт көриниси деген менен ҳәзир де ушырасатуғын өндирис қуралы болып табылады.

Аўыз еки әдебиятында болсын, оның қурамындағы балалар фольклорында болсын, оның ең қунлы жағдайларының бири — ол ҳеш ўақытта айтылажақ ўақыяның ямаса қубылыстың тек соған тийисли бир тәрепин ғана алмайды, ал оның ҳәр тәрепин, ҳәр түрли етип сүўретлеп, қайта-қайта електен өткендей етип ықшамлап, сулыўлап, айтыўға қолай, ядқа қонымлы, сулыў сезимге толы етип мыңнан бирин сайлап алады. Бул жағдай, бәлким халықтың шығарманы әсирлер бойы қайта-қайта өз ядларында өз муң-зарларына ылайықлап ислеп шығыўынан болыўы керек. Жаңылтпаш та усындай сын елегинен өтип, ол тек балаларға дурыс сөйлеўди ғана емес, ал оларды ойландырарлық, толғандырарлық ҳәр қыйлы усылларға ийтермелейди. Бул ағым ҳәрбир жаңылтпашты айтыўшы тәрепинен ғана емес, ал жаңылтпаштың өзиниң ишки мазмунынан да келип шығады. Сондай-ақ жаңылтпаштағы айтылыўы қыйын бир сөздиң орнына ҳешким басқа сөзди ядынан қоса алмайды, қосылса да тақыя жамағандай болып қосық қатарына үйлеспей, ерси болып турады. Мына жумбақты көрейик:

«Адамға сөк шөпшеттирмесин,
Сөк шөпшеттирседе көп шөпшеттирмесин».

Жаңылтпашларда «сыр бүгип» айтыў усылы да сезиледи. Ондағы бир сөздиң гәп ишинде ҳәр түрли мәнисти аңлатып кетиўи де итимал. Мине жаңылтпаш балаға усы жасырын сырды да серлетеди. Бул жағынан жаңылтпаш балаларды сезимталлы болыўға да үйретеди.

Айтылыўы оғыры аўыр жаңылтпашларда гилең биргелки сөзлер терең ойланып сөйлеўди талап етеди. Булар балаларды серлеп сөйлеўге де үйретеди, шалағайлықтан сақландырады.

Ҳәмменин бирдей мектепте оқыўға қолы жете бермейтуғын бурынғы класслық жәмийетте жаңылтпаш айтыў да халықтың ойлап тапқан турмыс мектебиниң бири екенинен дерек береди.

Жуўмақлап айтқанда аўыз әдебиятының жанрлық



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

бир түри болған жаңылтпаш балаларды дурыс сөйлеўге
күлиўге ҳәм күлдириўге; жәмийетлик қубылысларды та
нытыўға ҳәм ойланып сөйлеўге; ар-намыслы ҳәм до
болыўға; анаў я мынаў сөзлердиң сырын сездириўге
сезгир пәмли болыўға тәрбиялаўда оғада үлкен әҳмий
етке ийе. Сонлықтан да аўызеки әдебияттың жанрлы
жаңылтпаш түри тәрбия барысында арнаўлы орынды
тутады.

## НАҚЫЛ-МАҚАЛЛАРДЫҢ ТӘРБИЯЛЫҚ КҮШИ

«Алтын алма, алғыс ал» — дейди халық. Усы әҳмий
етине қарай балалар әдебиятында нақыл ҳәм мақалла
арнаўлы орынды тутады.

Аўыз еки әдебиятында әййем заманнан берли өмир
сүрип киятырған нақыл менен мақалларда халықты
данышпанлық ойлары, тапқыр уғымлары ҳәм күтә ду
рыс айтылатуғын ақыл-парасатлары менен нәсиятлары
тек жасы киши ғана емес, ал жасы үлкен адам ушы
да бережақ ақыллары бирикитирилген, көпшилик жағ
дайда өмирге дурыс шешимли жуўмақлар берилген. Сон
лықтан да ол балалардың келешегине жол силтеўши
жолламадай, ақылгөйдей болып айтылады.

Нақыллар ҳәм мақаллар халқымыздың турмыс тә
жирийбелеринен, бақлаўларынан дөрелген ўәсиятлар
ушқыр ойлар, даналықлар орын алып жатады, ол тур
мысты еледе тереңирек таныў ушын атадан балаға бе
рилетуғын данышпанлық мийрас болып, әдебиятымы
да айтылажақ белгили бир уғымды толықтырыўшы
бәнтин басыўшы, сөздиң пәтиўасын маңызлы ететуғы
әдебий түрдиң бири болады. Олар талай рет толықты
рылып, ықшамланып, талай електен екленип өтип
нағыз дәнеси бизиң дәўиримизге келип жеткен деп ай
тыўға болады.

Қарақалпақ халық нақыллары ҳәм мақаллары әд
биятшы илимпазлардың тастыйықлаўы бойынша оға
көп. Онда ел-халықтың бирлиги, мийнет етиў ҳәм өм
сүриў, сөз үйрениў ҳәм билим алыў, ҳақыйқатшыл б
лыў, қайырқом ҳәм мийримли болыў, адамгершилик
қәсийетли болыў, ден саўлықты сақлаў, бир-биреў м
нен өз-ара қатнас жасаў, Ўатанды сүйиў, мәрт, бат
болыў, тәрбия, тазалық, тәбият қубылыслары ҳәм б
қа да турмыс тиришиликлери ҳаққында адамлард



әсирлер бойы тәжирийбелеринен жыйналған данышпан-
лық ўәсиятлары бар.

Туўысқан халықлардың нақыл ҳәм мақалларындай-
ақ қарақалпақ халқының нақыл ҳәм мақаллары да алға
умтылыў сезимине толы. Ол ҳәмме ўақта келешекке,
жақсы нийетлерге жол силтейди. Ел, халық бирлиги
туўралы балаларға қарай айтылған:

Кеңесли ел азбас,
Кең кийим тозбас,

Ямаса:

Бирлиги жоқтың,
Тирилиги жоқ,

Ямаса:

Достыңды еглеме, мәптен қалмасын,
Душпаңды еглеме, сырыңды алмасын.

Ямаса:

Қорқаққа берме қолыңды,
Батыл етер жолыңды, —

деген мийрасларды қайсы жағынан алып қарасаңызда
күтә әдил, күтә ықшам, күтә көркем, өмирге тон пиш-
кендей жас өспиримлерди тәрбиялаўда оғада әҳмийет-
ли. Соның менен қатар бул нақылларда халық әрман-
лары, «Көзимниң рәўшаны, кеўилдиң хошы» деп жыр-
лаған балаларына айтылған ата нәсияты «атаңның ба-
ласы болғанша, адамның баласы бол» дегени, халық
өзиниң кеўилиндеги жақсы нийетлердиң ҳеш қайсысын
да баласынан аямайтуғынлығын аңлатады.

Халық балаларын мийнет ете билиўге, өмирин жақ-
сы мазмунлы етип жасаўға нәсиятлайды. Балаларына
«Мийнет түби рәҳәт!», «Не ексең соны орарсаң» деп
мийнет етиўди, мийнет еткенде де жақсы, ийгиликли ис
етиўге шақырады. Егерде ҳайяр болып бүгинги исти ер-
теңге қалдырсаң, «қалған иске қар жаўар» деп ериншек
болмаўды ескертип те қояды, ҳәм «алтын отта, ер мий-
нетте белли», «адам сөзде емес, исте сыналар» деп нә-
сият та береди. Халықтың аўыз еки дөретпелеринде ба-
лаларға тиккелей айтылған нақыл мақаллардың бун-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

шама терең мазмунлы, қубылмалы болыўы тәрбия ис
ушын орыны уллы. Бир нақылда балаларды үлкенлер
ге ҳүрмет ете билиўге шақырса, екиншисинде балалы
етип атасына ҳүрмет әйлемесе «атаңа не қылсаң, ал
дыңа сол келеди», деп оларды тиккелей ҳәм әдил түр
ескертеди. Ал, егер балалар туўралы ата-аналар өзлер
жеке тиллессе де, гейде балаға да, ата-анаға да тең
нақыл дөретип бирге ортақласқан:

> Тил алғыш болса перзентиң,
> Ақыллының исиндей,
> Тил алмаса перзентиң
> Уйқыда көрген түсиндей. —

деп тек нәсият ғана емес, ал аллегориялы сөз ықшамл
ғы менен жаслар ҳәм ата-анаға теңдей ортақ, мәни
уғымды көпшиликке таслайды. Демек халық нақыл-ма
қал арқалы балаларға тиккелей де, тымсаллы да айт
ақыл берген.

Халық буның менен шекленбейди, жаслардың кел
шегине жол көрсететуғын билим алыўға, өнер үйрен
ге шақырады, өзлериниң әсирлик тәжирийбелерине с
йенип, «ҳасыл — тастан, ақыл — жастан шығады», д
«билим ақылдың шырағы» екенин уқтырыўға талап
нады. Егер билим алыўға, өнер үйрениўге қызықп
қалсаңыз «Билген билгенин ислер, билмеген бармағ
тислер» деп ескертеди де. «Билим — ақылдың ырысы
«Көп үйренген көп биледи», деп балаларға келеш
турмысының жақсы болыўы ушын нәсият береди. Бир
булар мийнет етпей, өзинен өзи келе беретуғын нә
емес, ал ериншбей, ҳарымай-талмай «қыймылдаған к
асар», деп талабында болыўды ўәсият етеди. Егер б
лим алыў жолындағы қыйыншылыққа көнбесең, ө
жеңип шықпасаң өзиң қатарыңнан қалып қоясаң, ак
ры өкинишли болады, «өнерли жигит озар, өнерсиз ж
гит тозар» деген сыяқлы жаслардың қытығына тийе
ғын, жанына қозғаў салатуғын халық нақыллары
ушырасады.

Халықтың нақыл ҳәм мақалларында балалардың
нез-қулқының раўажланыўы барысына нәзер салып, «
лар бала бес жасынан белгили» деп сынаған. Ол
дурыс жолдан жүриўге бағдар берип отырған. Тур
тәжирийбесине сүйене отырып, халық ҳәрбир бала
келешек адамгершилик парасаты, жигери, талабы, д



қаты жас ўақтынан-ақ таңылатуғынын сынап билген. Тентек пенен телини, қыңыр менен қырсықты, жақсы менен жаманды халық хә демей-ақ айырып таныған. Сонлықтан да халық балаларды ақыллы, парасатлы, жәмийетшил, шаққан болыўға шақырған. Өр минез, өзимшил балаларды өз ўақтында нақыл ҳәм мақаллардың тәсиршеңлик күши менен де тәрбиялап келген.

Билим алыў, оқыў менен бир қатарда халық нақыл ҳәм мақаллары арқалы балаларды әдеп-икрамлы адам болып өсиўге шақырған. Бул ушын дәслеп ата-аналардың өзлери балаға баласынып қарамай, дурыслы әдеп-икрамлылық көрсеткен. «Атаға қарай ул өсер, анаға қарай қыз өсер» деген сөз баланың қалай өсиўи ең дәслеп ата-анадан ғәрезли екенин билдиреди. Бул жерде халықлық педагогика да бала тәрбиясында ең алды менен ата-аналар қызығыўы керек екенин айтады.

Ақыл берген ата-ананың қәдирин билиў, оларды ҳүрметлеў, «өзиңди ер билсең, оларды шер билиў» соның менен қатар меҳирли, киши пейил, адамлар менен ҳадал дос, айнымас жолдас болыў бәрше жасларға жарасық. Сонлықтанда ата-аналар балаларына қаратып «жақсыға үрдис еткен, жаманға жуўымайды», «жолға шықсаң жолдасыңды таўып шық», «дос досқа қолын берсе, арасынан қыл өтпейди» деп бийкарға айтпаған. Адамлардың балаларына дослық, жолдаслық ҳаққында нақыл ҳәм мақалларын айтқандағы мақсети оларға еледе жәмийетимизде бар гейпара турпайы жат минезлерден өзлерин сақлап жүриўден ибарат.

## БАЛАЛАР ТҮСИНИГИН ӨСИРИЎДЕ ЖУМБАҚЛАРДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

Жумбақлар халық фольклорындағы басқа жанр түрлери сыяқлы әййем заманлардан берли халық даналығынан дөреген. Ол талай дәўирдеги ата-аналардың бала ўақтындағы айтқан ҳәм сол жумбақ айтыў арқалы ҳәр қыйлы қубылысларға дыққат бөлген. Сырлы уғымлар арқалы балалар турмыс әлемлерин ойлап, пикир жүрите билиўге үйренген. Жанр ретинде ол балалардың руўхый талабына сәйкес әдебий қуралладың бири.

Жумбақ та жаңылтпаш ҳәм балалар қосықларының «өтирик өлең», «өтирик ертек» түрлерине түр жағынан усаған менен мазмунлық жақтан әдеўир өткирлесип ке-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

леди. Тири ҳәм өли тәбияттағы қубылысларға ой ж
бериў, пикир жүритиў, жасырылған ҳәртүрли сыр
ды ашыў, қойылған сораўға дәл жуўап табыў бойын
балаларды әлўан-әлўан турмыс қубылысларын ой
көриўге қызықтырады. Бул ойлаўлар ақыл ағымла
раўажландырыўға тәсир жасайды, сезимин көтере

Жумбақ — деген сөз бириккен еки сөзден қура
«Жум — жасырыў, «бақ — қара, деген мәнини анлат
жумылған, жасырылған затқа қара, усыны тап деген
билдиреди.

Жумбақтың жуўабын табыў ушын балалар ой
менен азда болса ҳәр қыйлы затты, адамды, жерди, а
панды, өсимликлер ҳәм ҳайўанлар дүньясын, үй-хож
лық затларын айтылған жумбақ уғымына салыстыр
оларды көз алдынан бирим-бирим өткерип, өзинше
тен додалап, «жети өлшеп бир кесетуғын» шешимге
летуғыны анық. Усылар арқалы жумбақ балалард
ақыл ойын, түсинигин кеңейтип раўажландырыўға т
сир етеди. Жумбақтың ўазыйпасы бунын менен ш
ленбейди. Қазақ жазыўшы академиги Мухтар Әуе
«Жумбақты мектеп балалары тил шеберлигин байыт
мақсетинде оқыйды, ядлайды. Жаслар ойын-саўық к
шелеринде елеге дейин тамаша етеди. Ата-ананың ж
балаға беретуғын тәрбиясында да, баланың ойын т
қырлыққа шынықтырыў ушын да жумбақтың көп
дасы бар», — деп жазады «Қазақ халық жумбақлар
да» (1959 ж.).

Балалар тәрбиясына жумбақтың пайдалары қан
екенине сер салсақ, онда бул сырттан қарағанда ба
лардың сораў-жуўап түриндеги күнделикли ойыны
көринеди. Ал, шынында оның балалар дүньясына
тиретуғын пайдасына нәзер салсақ, онда балалар
(естиярлардың да) өзлери айтысқан жумбақтан ө
рининң ақыл-ойын, сезимин, пәмин раўажландырып
ғанын байқаймыз. Екинши жағынан балалар жу
арқалы өзлериниң қыял сүриўлерине де, қыялый
селерди ойлап табыўына да кең мүмкиншиликлер
ды, балалар әдебиятында жумбақлар усы жағын
әҳмийетли болып табылады.

Жумбақтың тағы бир өзгешелиги — ол ҳәр бир
лаған тереңирек ойлаўды талап еттиретуғын жанр.
Жумбақлар аўыз-еки халық дөретпесиниң басқа т
лери менен бир қатарда жасап, ол қосық түринде



нақыл, мақал түринде де келип, сулыў мәнили ушырма сөзлерге бай. Ол әсиресе «жуўапқа» күтә жақын байланыста болады. Бирақ «жуўап» белгили орынды талап етип, ержеткен жас қыз-жигитлердиң отырыспасында айтылады. Усы жағына қарағанда жумбақ балалардың ойлаў сезимин өсириў менен қатар қызық ойын-заўықларға батырып, жуўап айтысыўға таярлаўдың басламасы ретинде де көринеди.

Қарақалпақ фольклорындағы жумбақлардың темасы күтә көп деп көрсетеди әдебиятшы Ә. Әлимов («Жумбақлар», Нөкис, 1963), мәселен олар көбинесе тәбият ҳаққында, адам ҳаққында, шарўашылық, дийханшылық, бағшылық, пахташылық, балықшылық, хожалық ҳәм хожалық затлары, ҳәр қыйлы ҳайўанлар ҳәм оның қылықлары, мийнет ҳәм мийнет қураллары, үскенелер ҳәм басқалар ҳаққында айтылады.

Сондай-ақ ҳәзирги дәўиримизде де халық тәрепинен ҳәзирги заман фольклорында, усының менен қатар белгили жазыўшыларымыз тәрепинен де заманымызға сәйкес жаңа жумбақлар дөретилмекте. Булардың айтылыўы арқалы терең ойды уқтырыўы ҳәм оның шешимин (жуўабын) табыўға балаларды ойландырыў — ҳәр бир баланың түсиник, ойлаў дәрежесин сын тәрезисине салады. Сондай-ақ балалардың сана-сезимин өсириў жағынан үлкен тәсир жасайды. Бул жумбақты бала шеше алмаса басқа жумбақ айтылады. Жумбақты шешкенлер мақталады, зейини илгир, ақыллы бала, я қыз деп оларға ҳүрмет пенен қарайды, балалардың көз қарасы оған жақсы дәрежеде болады, оны билгиш бала ретинде сыйлап отырады.

Жумбақ айтысыўда «Бир түкли гилем, бир түксиз гилем» дегениниң биреўлер шешимин (жуўабын) таба алмай досларының алдында қысылып қалса, ал оның жуўабы күнде көрип жүрген «Жер, аспан» екенин соңынан билсе, ол бала ойланбай жүре бергенине қатаң өкинип, «дөгерегине» сер салғыш болыўға умтылады, өзине өзи талапшаң болады, мәниссиз ойыннан енди кем-кемнен ойланыўшылыққа бейимленеди, себеби дүньяны таныўға ҳеш ким иштен билип шыққан жоқ, ол қайда жүрсе де тәбияттың қубылысларын, ҳәрекетин бақлап, билмеген жулдыз ямаса галактика, сондай-ақ өзине ерси көринген тәбийғый затларды «бул не?» деп сорастырып жүрип, тәбият сырларын билиўге қызыға-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ды. Балаларды ең дәслеп өзлерине ерси көринген былыслар қызықтырады. Тәбиятқа байланыслы жумб... түрлери көп:

«Ақ сандығым ашылды,
Ишинен гүмис шашылды.

**(Қуяш)**

Бир ағашта он еки путақ,
Ҳәр путақта отыз жапырақ,
Жапырақтың бир жағы қара,
Бир жағы ақ.

**(1 жыл — 12 ай, 30 күн — күндиз хәм т...**

Жабықта жарты нан. **(Ай).**

Жумбақлар (Баспаға таярлаған С. Аббазов, Ә. Әлимов, 1963...

Балалар тек ғана бир жумбақты айтысып қойма... Бир жумбақты шеше алмаған балаға екинши жумб... ты да айтып, жуўабын асығыслық пенен күтип тур... «Таў басында қалың тоғай» «Бул не?» дейди. С... жумбақ кем-кемнен қыйынлай береди. Зейини ... ақыллы, тапқыр ойлы бала бунық «шаш» екенин ... салады. Буны дурыс шешкенине өзи де, балалар ... қуўанады. Ал «кийер кийими менен ишер асынын» ... дан шығып атырғанын билмейтуғын гейпара ба... жумбақларды шеше алмайды.

Ҳәр қандай жумбақ ойланыўсыз шешиле берм... Ҳәр бир зат туўралы ойланыўды, әлемди бақл... турмысты таныўшы болыўды талап етеди. Сонлы... да халық балаларды тәрбиялаўда жумбақты атада... лаға мийрас етип сақлап киятыр. Адам ҳаққында... көп жумбақлар тоқылған:

Алпыс киси аяқласты
Азан менен таяқласты. **(Кирпик)**

Қатар-қатар тас қойдым,
Жийрен атты бос қойдым. **(тис-тил)**

Мың қойды бир шыбық пенен айдадым. **(Шаш, ...**

Мине балалар адам мүшелери ҳаққындағы бул ж... бақлардың шешимин табаман деп пүткил әлемге ой...



ритеди: мәселен қатар-қатар тас қойдым» деген не? Не тас? — деп таўларды, тәбиятты шолыйды. Ақырында адамның тиси екен деген уғымға келеди. Енди «жийрен атты бос қойдым» деген не? — деп ҳайўанлар дүньясын ойлап аралайды» Бунық өзинде турған «тил» екенин уғынады. Ойлаў ҳәм ой ағымын усындай етип шынығып бара береди, кем-кемнен турмысты көреди, тәжирийбеси де топлана береди ҳәм ақырында кем-кемнен турмысты биле барады.

Шарўашылық, ҳайўанлар дүньясы, жәнликлер ҳаққындағы жумбақларды да адамлар өзлерине жақын, таныс құс ҳәм затларға тең етип, ал гейде оларды адам етип те айта береди. Бул адамлардың турмысқа, өз дөгерегине сер салыўына қолай болады. Нәтийжеде балалар өзлериниң сана-сезимлерин кем-кемнен шынықтырып барады.

Қарақалпақ жумбақларындағы терең мазмун ҳәм терең мәнилилик пенен қатар, олардың көркемлилиги жоқары, соның менен бирге күтә қыйыннан қыйыстырылып келиўи де балаларды қызықтырады. Қызығыў демек бул сезиў, сезиў демек билиў, сана-сезимди өсириў деген сөз. Тек ғана шарўашылық, ҳайўанлар дүньясы туўралы бир қатар жумбақларға сер салайық:

Төсектиң астында төрт баўырсақ. **(сыйырдың емшеги)**

Узын-узын из киятыр,
Узын бойлы қыз киятыр,
Көз генеси жылтырап,
Бас ғанасы қалтырап. **(жылан)**

Басы барда шашы жоқ,
Көзи бар да қасы жоқ. **(балық)**

Таўдан тас жумалайды,
Оны ғаз қуўалайды,
Он еки жылда бир балалайды. **(жолбарыс)**

ҳәм т. б.

Айтыс түриндеги гейпара «ертек-жумбақлар» балалардың арифметикалық есаплаў бойынша сана-сезимлерин өсириўге мүмкиншилик береди.

Мәселен:
— Бизден бир шымшық қашты?
— Нешик?



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

— Қулағы қырық жеринен тесик.
— Неше улы бар, неше қызы бар?
— Еки улы, еки қызы бар, ерли-зайып екеўи.
— Аўылда ма, қалада ма, жақында ма, узақта ма? (Бу... да улы екеў, қызы екеў, ата-анасы, бәри — алтаў) т. б.

Ҳәзирги илим ҳәм техника раўажланған XX әсир... балаларды илим ҳәм техника менен қызықтырыў кү... әҳмийетли мәселелердиң бири. Халық балаларды ил... ҳәм техникаға қызықтырыў менен бир қатарда оның из... таўсылмас океан екенин де, оны барлық қыйыншылық... ларды жеңгенде ғана ийелеў мүмкин екенин де жумба... еткен, булар жазба әдебиятта ҳәзирги дәўирде дөрес... де жаңа аўыз әдебиятына өтип тарап кеткен:

«Кеўилиңе шашып нур,
Ҳәр қағазы сөйлеп тур» **(китап)**

Аяғы жоқ **жүреди**,
Аўзы жоқ **сөйлейди**. **(хат) т. б.**

Булардан басқа илим ҳәм илимге тийисли затла... ҳаққында да қосық түрине салынған жумбақлар бар:

«Дәрьясы бар да суўы жоқ,
Шәҳәри барда ели жоқ,
Егер барып сорасаң,
Жасыратуғын сыры жоқ» **(географиялық карта)**

Бундай жумбақлар тек жумбақ ретинде айтылға... емес, ал балаларды илимге қызықтырыў ушын айты... ған. Ҳәр қандай жумбақ белгили бир орынды, затт... бар нәрсени уқтырады.

Ҳәзирги дәўирде бундай жаңа жумбақлар көп дөре... мекте.

## БАЛАЛАРДЫ ТӘРБИЯЛАЎДА ЕРТЕКЛЕРДИҢ ОРЫНЫ

Ертек те көркем шығарма. Оны балалар уйып тың... лаған. Онда халықтың қыялый әрманлары олардың ти... карғы маңызы болып табылады. Ертекте де халықтың... әсирлер бойы жыйнаған тәжирийбеси, үрп-әдети, исле... ген кәсибиниң, кеширген күнлериниң, мәдениятының... тилиниң шеберликлери көринеди. Оның мазмуны — ан... ямаса мынаў дәўир басқышының турмыс жағдайына... узақтан еситилген сестей емески дереклер береди. Со...



жағына қарағанда ертеклер баспасөз жоқ ўақта бурынғы үлкен-үлкен прозалық, поэзиялық шығармаларының бизге аўыздан аўызға өтип келген бөleклери сыяқлы сезиледи.

Ертеклер, тәбият ҳаққында, адам ҳаққында, шарўашылық, дийханшылық хаққында болып бөлинеди.

Қарақалпақ халық ертеклеринде халық өзиниң сүйикли қаҳарманларын дөреткен. Олар қорқынышлы қәўиплерден қайтпайтуғын, алдына қойған мақсетине жетпей коймайтуғын, бәрҳә жеңиске ерисе беретуғын, суўға батпайтуғын, отқа жанбайтуғын, атса мылтық өтпейтуғын, шапса қылыш кеспейтуғын, халықтың дийдинен шыға беретуғын мәртлер.

Ертеклерде жай халыққа үстем класс тәрепинен ҳәр түрли қысыўметлер көрсетиледи. Жай халық ўәкили олардың ҳәммесин жеңип шығады. Ертеклерде патша, бий, бай, молла, ийшанлар, қазы-қалан ҳәм сыйқырлы күшлер бир топарын қурап, олар үстем класс ўәкиллери болады, ал, мешкей, аш көз, саўдагер, өсекши, ҳийлекер ҳәм басқалары үстем класс мәпин жақлаўшы жалпылдақлары болып алады. Буларға қарсы пухара халық ўәкили етип алынған күшлер олардың қандай дузағына түссе де, бәрин үзип шығып жеңиске ериседи. Бул жағынан ертеклерде гүресшең қыяллар күшли. Мине усы қәсийетине қарай ертеклер балаларды ел-халықты сүйиўине, адамгершилик, дослық руўхында тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Мәселен қыялый ертеклерде адамлар ушар гилемге минип ушады. Суймырық қусқа минеди. Жети қабат жер астында жүрип, неше түрли шәҳәрлерди көреди. Булар не? Бурынғы адамлардың ушар гилемге әрманы, суймырығы — бүгинги самолет, жети қабат жер астындағы шәҳәр — метро, бураўлаў қуйысы, шахта. Демек қыялый ертеклер балалардың илимий дөретиўшилик ойларын өсириўге де тәсир етеди.

Бир қатар сыйқырлы ертеклерде қус ушса қанаты күйетуғын, адам барса қайтып келмейтуғын, аспанға ушса аяғынан, жерге түссе төбесинен тартатуғын жерлерге үстем класс ўәкиллериниң зорлығына ушыраған халық қаҳарманы шықпас жанның ғамын ислеп, «күни ушын күл тасып» жүрген жарлы жигит барады. Ол көпшиликке үнлес қаҳарман, әпиўайы жигит, я жетим, я биреўдиң жалғызы болады. Ол патшаның қысымына



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ушырап «барса келмеске» мәжбүрий сапар шегип кете береди, алдындағы барлық қыйыншылықты да же... береди. Бул халықтың әрманы. Мәселен «Абат баты... ертегинде төрт дос жолдас болады. Биреўи жети жы...ғы өликке жан береди, екиншиси бир ақшамда бир қа...ланы салады, ал үшиншиси бир қаланы хә демей-ақ к...ширеди, төртиншиси ер жүрекли Абат батыр болад... Олар талай қыйыншылықларды жеңеди. Биреўи же... жылдан берли қақсап қалған сүйекти сүлдерге келти...рип жолбарысты, соңынан Мәстан кемпир уўлап өлтир...ген Абат батырды тирилтсе, екиншиси Хысраў патша...ның ҳәмири менен бир түнде бир шәҳәр салып шығар...ды, ал үшиншиси бир қаланы бир қалаға қосатуғ... адам болады. Қыз оған:

— «Көтер қаланы» — деди. Ол далаға шығып кетти... Бир ўақлары қатты даўыл турды. Даўыл шәҳәрди кө...терди. Бир мезгиллери даўыл тым-тырыс болды.

— Әкелип қондырдым, — деди жай көтериўши.

«Абат батыр болса бул көшкен қаланың изинен қу...ып келген Хысраў патшаның 40 мың әскерин қырғ... қылып, Хысраўды қылыштан өткерип, мақсетине жет...ди. Ямаса «шарқыпәлек сатып алған бала» ертегин ал...йық. Бала басына ис түскен мәҳәлде шарқыпәлеги ме...нен ушып кетип, өлимнен де қутылады, хан қызын д...алады, ал олардан туўған кишкене ул-қызы үш дәўд... өлтирип, ата-анасын аўылына әкеледи.

«Егиз бала» ертеги де қызық қыялларға толы. Әп...ўайы ғана жетим қалған егиз бала айдарҳаны да өлти...реди, патша ҳәм оның ҳаялына да жақсылық етед... Патшаны жутайын деп атырған айдарҳаны қылыш ...нен шаўып өлтиргенде, оның уўы патша ҳаялына там...ды, ҳаял уўланбасын деп бала оның уўы тамған жер... сорып алып тасламақшы болғанда ҳаял ояныи, мағ... қыянет етпекши болды, деп патшаға жаманлайды, па...ша балаға жаманлық етеди. Патша өзине баланың жа...сылық еткенин билсе де ол баланы өлимге буйырад... Бирақ ҳақыйқатлық, (әпиўайы қуўрайдың ақылы ме...нен) патшаның ҳаялы от болып жанып, патша суў бол... ағып кетеди. Бала патша болады.

Қарақалпақ ертеклери «бир бар екен, бир жоқ ек... бурынғы заманда»... деп келеди де биразларында ...рекет етиўши қаҳарманлар я бала ямаса жас қыз-жи... болып келеди. Бунның терең тамырлары бар. Халық ...



...текте кеўилди сергеклендириў менен қатар, өзлериниң ...тәғдирлерин бирликте ойлап, оның ушын балаларын ...мәртликке, дослыққа, ақырында жақсы абадан өмир сүрриўге шақырып тәрбиялаған. Адамлар ертеклерди ...балаларына айтып берген, балалар ушын айтқан. Бул ...халықтың өзлериниң де әрманы болған, сонлықтан ер...теклердиң көпшилигинде турмыс мәселелери көркем ...түрде өзиниң халықлық орнын табады.

«Жарлы баласы менен бай баласы» деген ертекте бай ...жарлыға мениң ҳәмиримди орынламасаң сени де, бала...ларыңды да ашқа қақлайман» дейди. Жарлы байғус ...қорққан өлмеў ушын баласын «барса келмеске» жибериўге мәжбүр болады. Бала сыйқырлы күшти жеңип, пе...риштедей сулыўды байдың баласына әкелип берсе де ...жақпайды. Бирақ мийиримли дәўлердиң күши менен ...ол сулыў қызды бай баласының уўлы тырнағынан қут...карып алады.

Қыялый «Қорқақ шал», «Арық мерген», «Табылмас ...дослық» ертеклеринде де сыйқырлы күшлер ҳәрекетле...ри көп.

Балалар сезими бойынша өзлерине таныс емес зат...лардың ҳәммесин билиўге қуштар келеди. Халық та ба...лалардың усы минез-қулқын билип, ҳайўанлар ҳаққын...да да әжайып ертеклер дөреткен. Ҳайўанлар ҳаққында...ғы ертеклерде гейпара ҳайўанлар адамларға дос — жәр...демши болады, ал гейпара ҳайўанлар ҳийлекер, пәнт ...бериўши болып сүўретленеди.

Балалар ҳайўанлар ҳаққындағы ертеклерден де өз...лериниң турмысы ушын сабақ алып, өмирдиң ҳәр қыйлы ...соқпақларынан сүринбей жол таўып жүриўге үйренеди. ...Балалар жолбарыс, қасқыр, түлки, ашкөз сағал, түйе, ...ешек, ийт, пышық, тасбақа, шаянлар жөнинде кең ту...синиклер алады. Қыялый ертеклериндегидей ҳайўанлар ...ҳаққындағы ертеклерде де ҳайўанлар екинши дәрежели ...күш емес, ал ҳақыйқат бас қаҳарман болып ҳәрекет ...етеди. Оларда да тийкарғы тартыс турмыс тиришили...гинен келип шығады. Солай етип бунда жәмийеттиң ра...ўажланыўы, ондағы класслардың пайда болыўы белги...ли дәрежеде сәўлеленеди. Ертек тек ҳайўанлар дүньясы ...ғана емес, ал адамзат дүньясындағы қубылысқа айна...лады. М. Горький «Қоян, түлки ҳәм Хожайынның жәр...демшиси қасқыр ҳаққында» айтылғанлар оғада қызық, ...буның өзи, әдетте тек ҳайўанлар ҳаққында ертеклер ғана

емес, ал булар адамлардың турмыслық қарым-қатнаслар
ларын ашықтан ашық көрсетип турады» дейди. (Ска
русского народа, 1959, стр. 147).

Қарақалпақ ертеклеринде «Арыслан ҳәм қоян» деп аталған ертекте үстем класс пенен езилиўши класстың арасындағы тартыслар көрсетилген ҳәм олар дурыс шешил-
ген. Арыслан ертекте патша болып көринеди. Ол ҳәр
күни бир қоян жеп турады. Гезек бир ҳийлекер қоянға
келеди. Ол арысланға айтқан ўақтынан кешигип кел-
ди. Арысланның сораўына: «саған тойып жесин деп қа-
сыма тағы бир қоян қосып әкиятыр едим. Жолда ки-
ғырып жүрген бир жолаўшы арыслан тутып алып, ал-
ған әкиятырған қоянымды басып алып жеп қойды, ме-
ди зорға жиберди» деп алдайды. Арыслан «оны көрсет»
деп ҳәмир етеди. Қоян оны терең қудыққа әкелип, усы
да жатыр дейди. Қудықтың тынық суўына қараса ар
лан көринеди. Ол өзиниң суўдағы сәўлеси екенин б
мей, өзин қудыққа атады. Арыслан қудықта өледи. У
тақылеттеги ертеклерде унамлы қаҳарманлар б
өзиниң душпанлары үстинен жеңиске ериседи, оны к
күш пенен емес, ал қыялый ертеклердегидей-ақ ҳийле-
керлик, тапқырлық, шешенлик пенен жеңеди. Әлбетте
бул иретли жеринде усындай ҳийлекерликти, тапқыр-
лықты, шешенликти, шаққанлықты, ушқыр сөзлиликти
балаларға үйретиўден ибарат.

Қарақалпақ ертеклериниң ишинде мазмуны жа
нан бай, сондай-ақ халық арасына кеңнен тарал
теклердиң ишинде турмыслық ертеклерде айры
орынды ийелейди. Бунда улыўма халық турмысы,
мийетлик салт-сананың раўажланыў жағдайлары
етилип, сол дәўирдеги езиўши топарларға болған м
неткеш халықтың ашыў-ызасы менен жек көриўши
беккем орын алған. Турмыс ертеклеринде мийнет
халықтың күн-көриси, ҳәр қыйлы үстем класс ў
лери менен гүреслери, тапқырлықлары, жәмийет
қарама-қарсылықлары сәўлеленеди. Соның менен
қатар көп ғана турмыслық ертеклери жәмийеттиң та-
рийхый раўажланыў дәрежелеринен де мағлыўмат бе-
реди. Халық Алдар көседей өзлериниң ҳийлекер ҳәм
даўшы, Жийреншедей тапқыр ҳәм шешен, Өмирбек
өткир күлдирги сөзли қаҳарманларын дөреткен. Х
ўақта халықтың бул сүйикли қаҳарманлары зулым
үстинен жеңиске ериседи. Олар дөреткен ушқыр сө



мийнеткеш халықтың бай, хан, бийлер ҳәм усы
соңғы мийнеткеш халықтың гүресиндеги тартысларда да жаўын-
қусағанлар менен гүресиндеги тартысларда да жаўын-
гер қуралы болған. Бул қурал туўысқан халықлар ба-
лалар ертеклеринде де кеңнен орын алған.

«Өгей қыз», «Ақыллы ҳаял», т. б. Солай етип «Ал-
памыс», «Қырық қыз», «Шәрьяр», «Қоблан» дәстаны-
дағы қаҳарман ҳаял-қызлардай қарақалпақ турмыс ер-
теклеринде де қызлар күтә жаўынгер, ақыллы, тапқыр,
ерлерге садық жолдас, ғамқор адамлар етип көрсетиле-
ди, ал олардың унамсызы ретинде тек мәстан кемпир
ушырасады. Бирақ ол да мудамы жеңилиске ушырап
отырады. Әдебиятшы Қ. Мақсетов «Қарақалпақ қаҳар-
манлық дәстанларының поэтикасына» анализ жасай
отырып, «Қырық қыз», дәстанындағы қаҳарман қызлар
топарын жоқары баҳалайды ҳәм «дәстанда орайлық
орынды тутатуғын батыр қызлардың сәрдары Гүлайым-
ның образы әййемги қәўимлердиң басында турған ҳаял-
лар Арыўхан ҳәм Ақшолпан, Геродот жырлаған Тома-
рис, «Зарнадра» дәстанынан Одатиде, «Шахнама»дан
Гордафериде, Морко Поло жазып қалдырған XIII әсир-
лерде жасаған Анжиарым ҳаққындағы ески мийраслар-
ды еске түсиреди... Ҳаяллардың өмири ҳәм турмысының
кең түрде көрсетилиўи дәстанның ең баслы артықмаш-
лығы болып табылады. Бунның баҳалылығы сонда, бул
бир жағынан өткен дәўирдеги ҳаялларға патриархал —
көз-қарасларды ашып берсе, екинши жағынан үй тур-
мысында ҳаяллардың ерлер менен тең ҳуқықлылығы
ғана емес, ал жәмийетлик мәселелерди шешиў ушын
болған гүреслерде тепериш түрде қатнасқанлары жоқа-
ры дәрежеде көрсетиледи» (Мақсетов Қ. Сонда, 87 бет).

Балалар күлкили қысқа әңгимелерди, аңызларды
күтә қызығыўшылық пенен үйренеди, айтады. Турмыс
ертеклериниң бул түри әўладтан-әўладқа өтип келген.
Өмирбек лаққының, Жийренше шешенниң әңгимелери
күтә өткир ҳәм терең мәнили болып, балалардың ақыл
тәрбиясына үлкен тәсир жасайды. Өмирбек лаққының
мынадай бир гәпи бар: Өмирбек қартайғанда балалары
оған оңлы тәрбия етпепти, сонда Өмирбек балаларын
шақырып:

— Мен қартайдым, Сизлердиң ырысқыңыздан аўыс-
тырып жыйнаған бир гүзе алтынды өзим жатқан жер-
деги төсектиң астына, жерге көмип қойыппан. Оны мен
өлгеннен кейин урыспай-таласпай бөлисип аларсызлар,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

—депти. Соннан кейин балалары әкесине жақсы
хызмет ете баслапты. Бир күни әкеси өлипти. Гүзе
ашып алса, оның ишиндеги алтын емес, ал өгиздиң ш
екен.. Шақтың ишин қараса, оннан бүкленген қағаз
ғыпты. Оны оқыса:

Мениң атым Өмирбек лаққы,
Атаның қалады балада ҳаққы,—
Атасын қәдирлемеген баланың, —
Маңлайына усы өгиздиң шаққы» —

деп жазылған екен. Сонда ғана балалар өзлериниң
леген қәтелерин түсинипти. «Бекимбет бақы» ертеги
усы тақылетте.

Турмыс ертеклеринде «Қара атлы бала», «Шеш
бала», «Байлардан ҳақысын алған бала», «Қырық ө
рик» усаған балалардың ушқыр ойлы, тапқыр ақыл
данышпанлығына тиккелей арналған ертеклер бар. «Ш
шен бала» ертегинде сонша бийлердиң ақылы жетпе
исти Шопан бала хан алдында баянлап, теңиз етеги
деги халықларды бир жылғы алым-салықтан қутқар
ты. Бала ханның шешенлерин жеңеди. «Қырық өтир
ертегинде шопан, «ақыллыман» деген ханды өтирик с
лер менен жеңеди ҳәм мақсетине жетеди.

## ҮШИНШИ БӨЛИМ

# ЭПОСЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДА БАЛАЛАР ФОЛЬКЛОРЫНА ДЕРЕК МИЙРАСЛАР

### ЭПИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАР ТУЎРАЛЫ ҚЫСҚАША ТҮСИНИК

Улыўма балалар әдебиятының белгили бир тара
«балалар оқыўы», русларда «детское чтение» алын
рады. Қарақалпақ балалар әдебиятында «балалар
ўы» тараўына дәстанлар, қыялый шығармалар, те
калық әдебиятлар т. б. жатады.

Халқымыз әййем дәўирлерден берли өзлери ан
батырларды, ел ғамын ойлап, әдил басшы бола
мәрт қаҳарманларды аўыз еки әдебиятынын басқа



лери менен бир қатарда эпослық шығармаларда да дөреткен. Оларға өзлериниң қәлеўинше образ жасаған. Ондағы қаҳарманлардың ҳәммеси дерлик өз ўатанын, халқын, ел-елатын, тәбиятын, үрп-әдети менен салт-салтанатын сүйетуғын ҳәм оны сыртқы және ишки душпаннан көзиниң қарашығындай етип сақлайтуғын, «ел деп еңиреген ерлер» болып келеди.

Эпослық шығармалардағы ўақыяның да басланыўы, шийеленисиўи ҳәм шешилиўи бар. Онда ҳәрекет ететуғын қаҳарманлар халқының бурынғы өткен заманлардағы турмыс жағдайы, күн көриси, дөгеректеги қоңсылас еллер менен қарым-қатнаслары менен муңлас келеди. Бул ўақыялардың ҳәммесин қоздырыўшы, баслаўшы ҳәм тиккелей қатнасыўшы және жеңиске ерисиўши етип халық өзи қәлеген қаҳарманларды жасаған.

Барлық халықтың дәстанларында да халыққа үстемлик етиўшилер душпан класс болып, оған улыўма халық қаҳарманлары қарама-қарсы күшке ийе болады ҳәм бәрқулла халық батырлары жеңиске ериседи, әдиллик жеңип шығады. Мине усы қаҳарманлардың образы—бизиң ҳәзирги күнлеримизде де жас өспиримлерди ўатан сүйиўге ҳәм адамгершилик руўхында тәрбиялаўда өзлериниң тәрбиялық қәсийетин жойытпайды. Халық әсирлер бойы сақлап, әўладтан әўладқа өткерген «Қоблан», «Алпамыс», «Қырыққыз», «Шәрьяр», «Мәспатша», «Қурбанбек», «Ер Зийўар» ҳәм басқа да дәстанлар тиллерде талай рет толықтырыўға, ямаса гейпара бөлеклерине айтыўшылар тәрепинен талай өзгерислер енгизилиўине қарамастан, онда елди, халықты сүйиў интасы күшин жойтпай, балаларға күтә тәсирли болып келеди.

Гейде айырым ўақыяларды қайталап айтыўшылық жағы да ушырасады, бирақ бул дәстанның қунып түсирмейди, керисинше балалардың тезирек ядлап алыўына қолай ықшамлылыққа ийе. Ал ондағы теңеўлер, сөз шеберликлери балаларды тәсирлендиреди, анаў я мынаў қызықлы ўақыялар оларды «ҳәсениң мен де усы Қобландай ямаса Алпамыстай, Гулайымдай батыр болсам екен» деген әрманға талпындырады.

Әлбетте, қарақалпақ дәстанларында диний сөзлер, диний ойлап табылған пикирлер, Қызыр Ильяс бабалар, сыйқырлы күшлер, айдарҳалар, дәўлер, адам инаныўы қыйын түсиниклерде орын алады. Бирақ олар ўа-

қыяның улыўма барысы менен екинши дәрежели қа- сымша күшке айланып, ондағы унамлы қаҳарманның тийкарғы адамына, дәстанның халықлық екенине нуқсан келтирмейди. Олар тийкарғы ўақыя менен тийкарғы халықлық қаҳарманның көлеңкеси астында қалып қой- тығынын айтпағанда да, бәри бир әдетте ҳәр қандай дәстандағы инанымсыз күшлерге сынақлы көз қарастан қаралады.

Эпикалық дәстанлардың көпшилиги батырлар жыр- лары. Халық өз батырларын сүйген, қәдирлеген, олар ҳаққындағы жырларды сүйип тыңлаған, балаларын да сол батырлардай батыр, мәрт, күшли, әдил болыўға шақырған. Екинши тәрептен батырлық жырларында халықтың турмысы, арзыў-әрманлары, қайғылы ҳәм қайғысыз шадлы күнлери де кең көлемде, терең маз- мунда көрсетилген. Сонлықтан батырлар ҳаққындағы жырлар тек әдебиятшыларды ғана емес, ал тарийхшы- ларды да қызықтырады. Буннан батырлық туўралы дәстанлардағы ўақыялардың бәри тарийхый, ал сон- дағы бас қаҳарманлар да тарийхта болған адамлар екен деген жуўмақ шықпайды, әлбетте. Эпикалық дәс- танлар, оның ишиндеги батырлар ҳаққындағы дәстан- лар айырым бир дәўирдеги халықлардың дүзимни- улыўма көринисинен ғана елесленген түсиниклер бе- риўи итимал.

Батырлар ҳаққындағы дәстанларды да изертлеген Б. Я. Владимирцев, С. А. Козин, Поленов ҳәм Н. Семе- нов, В. М. Жирмунский, Л. И. Климович, Н. Дәўқар- ев, И. Сағитов, О. Кожуров, Қ. Айымбетов, Қ. Мақсе- тов, О. Алиев сондай-ақ дәстанларды жыйнаған Н. Жа- пақов, А. Бегимов, Ә. Шамуратов ҳәм басқалар Орта Азия халықларының батырлар ҳаққындағы дәстанлар- сол халықлардың тарийхый жағдайлардағы турмысы- байланыслы екенин де көрсеткен.

Бизиңше, ҳәр қандай халықлық дөретпе белгили би- дәўирдиң бизге узақтан келип түскен айнаның сәўле- синдей сағымы болып ғана көринеди. Бул сәўледе бел- гили бир дәўирдеги турмыс көриниси жатады. Сонлық- тан баспа сөзи жоқ ўақтағы аўызша айтылып, биз- дәўиримизге дейин келип жеткен батырлар ҳаққында- дәстанлардың түп-тамырында белгили бир дәўир- ўақыяның елеси бар. «Самал болмаса қамыс басы қа- тырамайды ғой». Ал, усы ўақыяға ылайықлы етип ха-



лық өз қаҳарманларын дөреткен. Усы қаҳарманлар об- разы тийкарында бүгинги балаларға әййемги ата-баба- ларының турмысы, күн көриси, азатлық ҳәм абаданлық турмыс ушын жүргизилген мәртлик гүреслери туўра- лы мағлыўматлар бериледи ҳәм усы мағлыўматлар тийкарында балалар шынлықты, елди сүйиў руўхында тәрбияланады.

## «ҚОБЛАН» ДӘСТАНЫНДАҒЫ БАЛАЛАРҒА ҮЛГИ МИЙРАСЛАР

Қарақалпақ батырлық дәстанларындағы қаҳарман- лар бала ўақтында өзлери қатарлы жора-жолдаслары- ның ишинде ҳәдден тысқары күшли, ҳәм ақыллы, ҳәм аңқаўлаў және усыған усаған өзгешеликлери менен ажыралып турады. Мәселен әдебиятшы Н. Жапақов тәрепинен 1939-жылы жазып алынған «Қоблан» («Қоб- лан» дәстанының басқа варианты И. А. Беляев тәре- пинен 1903-жылы жазып алынған, қысқа баяны басып шығарылған) дәстанындағы онбир жасар Қоблан асаў атты бағып үйретеди. Бираз атларға мингенде Қоблан- ның аўырлығынан олардың бели сынады, омыртқала- ры үзиледи. Ол улыўма халықтың баласындай болып өседи, бирақ жас ўақтынан-ақ батырлық ҳүжданы ты- ным бермейди. Бәрқулла мәрт, ержүрек, қорықпайту- ғын жаўынгер, алдына қойған мақсетке жетпей қой- маўшы бала. Ол он бир жасында-ақ әкесине жалынып, «маған жақсы ат таўып бер, мен қырқ жигит жыйнай- ман, сөйтип жарық дүньяға сайран етемен» дейди ҳәм көп жылқының ишинен биреўин таңлап алады. Турмыс қурыўға, батыр болып ел қорғаўға, талаплапады. Мине бул эпослық шығармада да балалар әдебияты ғәзий- нелерине дерек, балалардың түсиниў қәбилетине қо- лайлы, қызық, ўақыялар бар. Балалар оны еситкенде «енди не болар екен» деп ынтығып отырады.

Балалар, өзлериниң минез-қулқы жағынан сулыў ҳәм күшли гиперболалық сүўретлемелерге, қызықлы ўақыяларға қызыққыш ҳәм олардан тәсирленгиш бо- лады. Олар балалардың күш-ғайратын гә тасқынла- тып, гә ақыл-ойын жақсы ийгиликли ислерге тәсирлен- диреди. Мәселен, Қоблан атасының жылқысынан ат излеп жүргенде:

Сай сүйеги саўсаған,
Төртинен беске қараған,
Өзин көрсең, топалшақ,
Жал-қуйрығы бир қушақ,
Қарнын көрсең жер сызған,
Сапар айы онбесинде.
Келген бәле усаған
(Қоблан. Нөкис, 1959, 30-бет).

ат бир көриўге көрениш көринип, Қоблан оны менсин-бей қуўып жиберсе де кетпейди. Қоблан ашыўланы «омыртқанды үзейин, қабыртқанды сындырып, жер ме-нен жексен қылайын» деп минип алғанда сол сары ал ат:

Тулпарлығым билсин деп,
Дәрьядай кеўли тасады,
Майданда қайнап йошады,
Қызып кетип табаны
Минген Қоблан баланы
Таўға алып қашады —

Сары ала аттың бул қылығы күшли теңеўлер мене берилип, оның бой жасырып жүрген екени билинеди Бул ҳәдийсе балалардың кеўилин қоздырып, «енди из не болар екен» дегизип, сүйсиндирип отырады.

Қоблан Ақшаханның кәрўанын талағаны ушын с райға шақырылғанда Қартхожа бий баслаған сөзге о

«Атаңа нәлет Қарт хожа,
Бабаңа нәлет Қарт хожа,
Сен тилинди тарт хожа,
Ханның аўзы сенбедиң,
Кимлер айтты хожа деп,
Ҳийлекер шайтан сен хожа».—

деп қәҳәри келип, түклери тебендей шаншылып сөйле генлери балаларды әдил, дурыс сөйлеўге, душпаны тийисли сөзди нақма-нақ айтыўға әдетлендиреди. Ям са Қобланға дос болатуғын Полаттың:

Өтирик сөзден бийзарман,
Рас сөзге келгенде
Арба жолдан гүзарман
Расымнан келермен» —

дегенлери әлбетте балалардың ырас сөйлеўине тә жасайды.



«Қоблан» дәстанында халқын сүйиў сезими көп. Мәселен:

«Қорғанша атлы қаламыз,
Жол-жол болып көринди,
Бул не болар Дуғдаржан?
Жақсылық болса халқыма,
Жаманлығы өзиме» —

деп Қоблан қандай жақсы ис болса халқына, қандай жаман ис болса өзине болыўды тилеп, халқын өзинен жоқары қойған азамат болып тур. Бул әлбетте, бүгинги жас өспиримлерди халқын сүйиў руўхында тәрбиялаўда да өз күшине ийе.

«Қара қыпшақ елинде,
Не ғошшағым бар еди».

Ямаса:

«Отыз бирдей ул бала,
Нәрестедей сол бала,
Геўдеси қалған бесикте,
Геллеси жатқан есикте,
Шейит болып көринди,
Бул не болар Дуғдаржан? —

деп қыйналады Қоблан, Алшағыр Гәўир шапқан елин, бийгүна қыйналған халқын, балаларын аяйды ҳәм бир өзи ели, халқын қутқарыў шын Алшағыр Гәўирге атланып, ели—халқын қуллықтан азат етеди.

Сөз етилип отырған «Қоблан» дәстанында тек Қобланның халқы ушын ислеген ерлиги ямаса сары ала ат ҳәм Қуртқа баққан Торыша аттың шабысының қызықлы теңеўлер менен сүўретленниўи ғана емес, соның менен қатар дәстанда сөз етилетуғын географиялық атамалар: Самарканд, Аштархан да балаларға түсиник береди. Бәринен бурын «Қоблан» дәстанының халықшыл арқаўы сонда, онда тарийхый ҳақыйқатлыққа муўапық келетуғын ўақыялар, халықтың душпанларға қарсы гүреси... сүўретленеди, патриотизмниң халықшыл идеясын өзине жәмлейди дейди алым Н. Дәўқараев.

Солай етип батырлар ҳаққындағы дәстанларда балаларды ел халқын сүйиўге, оларды душпанларына



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қарсы тура билиўге тәрбиялайтуғын халықты сулыў сезимлери оғада пайдалы.

Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары менен таны-сып, олардың идеялық бағдарын белгилей отырып, биз көпшилик жағдайда қәўимлик емес, ал улыўма халық-лық мәплеринде табамыз. «Қоблан» дәстанында усын-дай, оның тийкарғы мањызы—халықлардың шет ел басқыншыларынан ғәрезсиз жасаўға умтылыўынан ҳәм оларға қарсы гүресиўинен ибарат» деп көрсетеди алым Қ. Мақсетов қаҳарманлық дәстанлар ҳаққында изерт-леўинде. Бул балаларды халықты, елди сүйиўге тәр-биялаўда үлкен ғәзийне болып хызмет етеди.

Әдебиятшы алым Н. Дәўқараев айтқандай «Қоблан» дәстанындағыдай ўақыялар, теңеўлер, қызықлы шийеле-нисиўлер ҳәм олардың халық қаҳарманы мәпине ше-шилиўлери жағынан «Алпамыс» дәстаныда «Мазмуны-ның тереңлиги, көркемлигиниң миясарлығы ҳәм баҳа-лылығы, тилиниң байлығы жәнe сүўретленетуғын ўа-қыялардың кеңлиги жағынан қарақалпақлардың халық аўыз еки творчествосында көрнекли орын ийеледи».

## «АЛПАМЫС» ДӘСТАНЫНЫҢ ТӘРБИЯЛЫҚ МАҢЫЗЛАРЫ

«Алпамыс» жаслардың сүйикли дәстаны, балалар ат шабысына да, ямаса кеўили хошлықта да, ҳәтте физ-культура сабағындағы жуўырыўда да алда киятырған баланы көрсе «Бул киятқан Алпамыстың шубары» деп ҳәзиллеседи. Гейде әлле нәрседен үркип, иркилип тур-ған атқа да, ҳәтте жолда турып қалған жора-жолда-сына да:

«Беглер қурған шатырма?
Алдында жолбарыс жатырма?
Жатырған бизден батырма?
Не көрдиң қара ат, не көрдиң?»—

деп айта салады. Той-мерекелерде, бир-еки баланың басы қосылған жерде де ғобыз болмаса көсеў я та-пенен ақ:

«Ат болыпты Мияи көлдиң тайлары,
Қойын сатып қозы қылар байлары,
Аржағы Түркстан, бержағы Қоқан.
Ҳәзиретимниң қәдем урған жайлары»—



деп салдырта түседи. «Алпамыс»тан бир еки толғаў билмейтуғын адам жоқ десек қәтелеспеймиз. Алпамыс дәстанда өзиниң балалық дәўиринде—ақ күтә шаққан, күшли, ақыллы бала болады. Ол он төрт жасында-ақ кәмалға келип, ат таңлайды. Бундай дәслеп ат таңлаў көпшилик қарақалпақ дәстанларына тән қубылыс. Ал-памыстың биринши қәдеминен-ақ оның өзин батырлық-қа сайлаўы турмысында үлкен ўақыялардың болыўы сезилип турады. Бул балалар ушын күтә қызықлы ўа-қыялар арқалы бериледи.

Алпамыстың он төрт жасында-ақ Тайшахан елине Гүлпаршынды излеп кетип, дәрбент таўда Қаражан ба-тыр менен жети күн айқасыўы күтә көркем етип бери-леди. Бул ўақыя балалардың қызығыўшылығын арт-тырып ғана қоймай, олардың да Алпамыстай күшли болыўына тәсир жасайды.

Бесинши күн толғанда,
Қаражандай қайсарды,
Аш белинен қушақлап,
Аяғын жерге тийдирмей,
Көтерип кетип барады...
Жетинши күн болғанда,
Қурбанлық қылған серкедей,
Көтерип урды қайсарды».

дегенде Алпамыстың жеңиўине тилеклес болып отыр-ған балалардың кеўиллери қуўанышқа толып, бирге қуўанады ҳәм өзлери де Алпамыстай болыўды әрман етеди. Өйткени Алпамыстың күш-ғайраты, әдил, адам-гершилик парасаты балаларға тәсир жасайды ҳәм оларды адамгершиликти сүйиў руўхында тәрбиялайды.

Алпамысқа халықтың әсирлер бойы аңсаған халық-лық арзыў-әрманлары топланып, халық өз балалары-ның Алпамыстай, қызларының Гүлпаршындай болыўын, адамгершиликли ҳәм ҳақ нийетли, алға қойған мақсе-тине жете билиўшилиги, ақыллы, тапқыр болыўын ти-леген. Сондай-ақ соңғы ўақытлары Қаражан ҳәм Әшимниң үлгили ислери де балаларға үлкен тәсир жа-сайды, балаларды дослыққа, жолдаслыққа тәрбиялай-ды.

«Алпамыс» дәстандағы гейпара гиперболалық теңеў-лер балаларды қызықтырады, ҳәртүрли шийрин қыял-ларға бөлейди. Дәстандағы унамсыз қаҳарманлар бол-ған Мәстан кемпир, Ултан хан усаған типлер балалар-

дың қәҳәрин келтиреди, душпанға жек көриўшилиг арттырады.

Дәстандағы қаҳарманлардың ҳәсиретлери—Гүлпа шынның Байсын елинен айыра түсиўи, тойдағы сыр тартыслар, Алпамыстың көрген азаплары, зинданда өмирлери, әсиресе кишкене Жәдигердиң көрген жәбр жапалары күшли сүўретленип балаларда оғада тер тәсир қалдырады. «Алпамыс» дәстанындағы бас қаҳа манның бири Гүлпаршын да «Қоблан» дәстанында бас қаҳарманның бири Қуртқадай ақ батырлардың с дық өмирлик жолдасы болып ғана қалады.

«Алпамыстын» тили жеңил, ықшам, балаларға кү түсиникли болып айырым ўақыялар ядлап алыўы оғада қолай. Бул балалардың есте сақлаў уқыбын к шейтеди. Ядланғанларын жырлаўы олардың импров зациялық уқыпларын өсиреди.

### «ҚЫРҚ ҚЫЗ» ДӘСТАНЫНДАҒЫ БАЛАЛАРҒА ҮЛГИ МИЙРАСЛАР

Батырлар дәстанларының ишинде күтә қызықл мазмуны, көркемлилиги, басқа дәстанларға қараған әжайып өзгешелиги менен әдебий ғәзийнемизден ы йықлы орын алатуғын «Қырық қыз» (Нөкис, 195 жыл) дәстаны. Ол улыўма халқымыздың ғана ем ал балалардың да сүйикли мүлки. «Қырық қыз» дәс ны жәмийетшиликти өзине тартқаны сонshелли, ол р өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен тиллеринде ҳәм пове түринде эстон тилинде басылып шықты. Француз ж зыўшысы ҳәм жәмийетлик ғайраткери Луй Арагон «С вет әдебиятлары» деген мийнетинде «Қырық қыз» д танын жоқары баҳалап, оның қаҳарманларын «Ро ҳаққындағы жыр» дың қаҳарманларына теңеди» (К мович Л. И. Қарақалпақ халық поэмасы «Қырқ қы Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы» журна Нөкис, №2, 1956-ж, 86-бет). Бул ҳаққында С. П. Т стов, Т. А. Жданко, В. М. Жирмунский, Л. И. Кл вич ҳәм басқалар баҳалы пикирлер айтты. «Қыр қыз»ды жазып алыў ҳәм басып шығарыўда Н. Дә раев, О. Кожуров, Қ. Айымбетов, Н. Жапақов, А. гимов, Ә. Шамуратов, Ш. Хожаниязов, С. Мәўле ҳәм басқалар көп мийнетлер етти. Қ. Мақсетов «Қыр қыз» дәстанын илимий таллап изертлеп, әдебият та илимине үлкен үлес қосты. «Қырық қыз» дәстан



арналған илимий мийнетти жарыққа шығарды (1962-ж.).

«Қырық қыз» дәстанының басқа дәстанларымыздан артықмашлығы оның қаҳарманлары Гүлайым баслаған қырық батыр қызлар болып, елдиң сыртқы душпанлары менен саналы түрде гүресиўи ҳәм басқа туўысқан халықлар ўәкиллерин де улыўма халық душпанларына қарсы жәмлеп ғана қоймай, ол халықларды да, қуллықтан азат етиўге қатнасыўы. Өткен заман ушын да, ҳәзирги заман ушын да ең характерли бир қубылыс—«Қырық қыз» қаҳарманлары халықты, елди сүйиў менен халықлар дослығы байрағын жоқары көтереди. Усы жағынан «Қырық қыз» дәстаны ҳәзирги дәўирде де жас өспиримлерди елди сүйиў, халықлар дослығы руўхында тәрбиялаўда балалар әдебиятындағы өлмес ғәзийне болып табылады. Қызлар менен бир қатарда балаларды да Гүлайымдай, Сәрбиназдай, Арысландай батыр, халықшыл, дос, жолдас, меҳрийбан болыўға тәсирлендиреди.

Басқа бир қатар дәстанларда батырлар ер адамлар болып халық, ел мәпи ушын душпанға қарсы гүреске кирисип кете береди, оларда морфология басым, ал «Қырық қыз»дың қаҳарманлары қызлар қорғанларды салыў, қызларды әскерий өнерге үйретиў усаған жумысларды тиккелей өзлери ислеўи жағынан артықмаш болып турса, екинши жағынан душпанға қарсы тек өзлери ғана емес, ал халықларды да саналы түрдеги гүреске көтереди, халыққа арқа сүйейди, ҳәр қандай әскерий иске таярлықта болсын, гүресте болсын халық тәжирийбелеринен үлги алады, деген менен буған да мифология араласады.

«Қырық қыз» тек қызлар ушын емес, ал улыўма жас өспиримлер ушын да әдебий ғәзийнемизден ашылған өзинше өзгешелиги бар мектеп болып табылады. Балаларды батырлыққа үйретиў менен бирге, мийнет етиўге, өз мәнпәәтиңди өзиң көриўге, бул ушын халық пенен бирге болыўға, зәрурли жерде ата-бабаның әсирлер бойы жыйнаған тәжирийбелерин қолланыўға үйретеди.

Дәстанда Гүлайымның, Сәрбиназдың, Арысланның адамгершилик минез-қулықларын жаслар жоқары баҳалайды. Өйткени Гүлайымның да, Арысланның да алдына қойған мақсети анық. Ал, сол мақсетлер қызықлы ўақыялар менен байып, ўақыялары кем-кемнен шийе-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ленисип, балаларды толғандырып отырады. Қаҳарман-лар арасындағы тартыслар, ўақыялар көркем ети... сүўретлене барады. Демек бул жас оқыўшының ... танды түсиниўин, тез қабыл етиўин, өзлерин унамлы қаҳарманларға (Гүлайым, Сәрбиназ, Арыслан, Алты-най, Отбасқан) усатыўды әрман етиўин, ал халықлы... душпанларына (Суртайша, Нәдирша, Қулымсай) же... көриўшилигиниң арта барыўын келтирип шығарады.

Дәстандағы ески гөнерген сөзлер, гейпара инаны... сыз диний уғымлар, атамалар балаларға түсиникси... делинбейди дәстандағы әдебий тил байлығы, онда... усыллардың ҳәрқыйлылығы ҳәм кеңлиги көркем мине... қулықлардың айқынлығы балалардың дыққатын өзи... аўдарады, олар күшли метафора менен гипербола... толы қосықларды оқып ләззетленеди, өйткени онда... күшли қосыққа өмирде жаңа көз ашып атырған ба... қызыққыш та, сүйенгиш те, ядлап алыўға, есте сақла... қәбилети де, уқыплы келеди:

«Тал шыбықтай таўланған,
Қара қаслы қолаң шашлы...
Писте мурын, бадам қабақ,
Ҳинжи тисли, пери түсли..»

Бул жерде келтирилген қатарлар тек муҳаббатқа ба... ланыслы деп ержеткенлер ойы менен түсинбеўи кере... ал көркемлик, сулыўлық ҳаққында басланғыш түс... никлер деп түсинип, балалардың гөззаллықты сүйи... сезимлерин оятыўға ғамхорлық етиў зәрүр.

Гүлайымның ел-халқын Суртайша шаўып кеткен... көргендеги мәртлик сезими:

«Меннен ақыл—көп сарсылып жыламаң,
Көп өкинип, көздиң жасын буламаң,
Беккем буўың беллеринди досларым,
Нәмәрт исин етип дүзде шуўламаң»—

дегенинен көринеди ҳәм сол қызларды ақылландыры...

«Аққан судан атты айдап өтейик,
Қашқан жаўдың кейниннен жетейик,
Ел-халықты ўайран еткен душпанды,
Қырып-шаўып, кимин бенде етейик»—

деп оларды мәртлик пенен иске көтереди. Бул ... мәртлерге тән қәсийет. Бул балалар ушын, олар...



мәртликке болған ықласын шынықтыратуғын үлги болып хызмет етеди. Қайсы дәстанды алсақта, Қоблан да, Алпамыс та, Шәрияр да, Әнжим де, Гүлайым да, Қурбанбек те, Ер Зийўар да ҳәм басқалар да халықтың душпанларына қарсы гүресиў, елди—халықты парахат ҳәм абадан жасатыў мақсети менен толы. Усы жағынан халық эпослары балалар әдебиятында ылайықлы орынды ийелейди, жас өспиримлерди елди халықты адамгершиликти, әдилликти дослықты сүйиў руўхында тәрбиялаў исинде қунлы ғәзийнелер болып табылады.

### ТӨРТИНШИ БӨЛИМ

# КЛАССИКАЛЫҚ ӘДЕБИЯТ ЎӘКИЛЛЕРИНИҢ БАЛАЛАРҒА МИЙРАСЛАРЫ

## КЛАССИКАЛЫҚ ӘДЕБИЯТТАҒЫ БАЛАЛАРҒА МИЙРАСЛАРДЫҢ ИЗЕРТЛЕНИУИ ҲАҚҚЫНДА

Биз классикалық әдебиятымыздың ўәкиллери ҳәм олардың дөретпелерине сер салар екенбиз, онда, демек олар балалар поэзиясында, балаларға арналған мийраслар қалдырған деген жуўмаққа келиўге олардың шығармалары дәлийил бола алады. Бир қатар классик шайырларымыздың шығармалары тиккелей балалардың өзине тәнҳа арнамаған менен, ал олар балаларға ўәсиятнама ретинде жырланады, балаларға, жас әўладқа арналған нәсият қосықлардан ибарат. Балалардың жәмийетте, адамлар орталығында күнделикли турмыста өзлерин қалай услап турыўы бундай шығармаларда адамгершиликке толы. Классиклердиң ўатан сүйиўге толы шығармаларында балалардың халық мәпи ушын нелерди ислеўи керек екени, мәртликтиң, елди сүйиўдиң қалай болыўы кереклиги тиккелей баян етилиў қәсийетлерине ийе. Гейпара шығармалар жаслардың халық ушын қандай ислерди ислеў зәрүрлиги ҳаққында шақырық ҳаўазына толы. Усының менен бир қатарда классик шайырларымыз төңкеристен бурынғы халқымыздың күн көрис класслық жәмийеттиң мийнеткешлердиң мойнына мусаллат болып түскен бар-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лық азап-ақыретлери ҳәм олардың улыўма халықлық
мәдений раўажланыўға берип атырған зыянлары ҳақ
қында ашықтан-ашық жырлайды. Халық душпанлары
на ашық түрде нәлет айтады, жақсы исти тәрийп ете
ди. Классиклердиң мине усы өзгешелиги олардың ба
лаларға арнап жазған шығармаларына да тәсир етпей
тура алмады. Сонлықтан балалар ҳаққында жазылған
шығармаларында да заманды сүўретлеп, поэтикалық
қатарларға салып, балаларға турмысты танытыўды нә
зерде тутқан. Балалар оқыўға қызығатуғын бир қатар
қосықларда дәўир руўхы, дидактика басым болып ке
леди. Бул демек балалар әдебияты шығармаларының
балалар ушын ҳәм балалар шығармалары деген прин
ципти буза алмайды. Сонлықтан да классиклердиң ба
лалар турмысына тийислилери бар шығармалары ба
лалар әдебиятының да мийраслары ретинде оқыла бе
реди. А. С. Макаренко айтқандай «шығармаларды мы
наў үлкенлер ушын» деп шеклеўге болмайды. Олардың
ишинде Жийен жыраўдың (XVIII әсир) «Посқан ел» де
Минайымның тәғдири, Күнхожаның (1799—1880) «Ме
ниң балам», «Бай баласы», «Түйе екенсең», «Шопан
лар», «Умытпаспан», Әжинияздың (1824—1878) «Керек
Бердақтың (1827—1900) «Балам», Зәриўдин басынан
кеширгенлери («Ақмақ патша»), «Надан болма», «Ха
лық ушын» Сарыбай Оразша улының (1830—1898)
«Шымшық пенен айтысыў», «Жарғанат пенен айтысыў»,
Гүлмураттың (1832—1892) «Қайраўда жалғыз ғаз»,
Омар Сүгиримбет улының (1879—1932) «Бар екен»,
«Көринди», Сыдық Тоқпан улының (1857—1913) «Құс»,
«Әбий сағал» ҳәм басқа да шығармалары бар. Бул
шығармаларды тиккелей балалар әдебиятының ўәкил
лерине жатқармаған менен олардың шығармалары ба
лаларды тәрбиялаўда балалар әдебиятындағы балалар
оқыўы тараўында үлкен орын тутады. Балаларға олар
қонымлы, тәсиршең. Сонлықтан да балалар әдебияты
ның өзгешелиги—шығарманың не туўралы емес, ал қа
лайынша гүррин ететуғынынан ибарат деп А. С. Мака
ренко дурыс көрсеткен еди (САПН. Москва, 1938 т. 7.
184—192-бетлер).

Төңкеристен бурын ҳәр қыйлы илимпазлар ҳәм
саяхатшылар қарақалпақ турмыслары менен қызығып
аўызеки әдебиятымыздың бир қатар мийрасларын жа
зып алған, олар тәрепинен жазылып алынып баспада



жәрияланған нусқалар қарақалпақ тарийхын, этногра-
фиясын, күн көрисин, географиялық ландшафтын, фольк-
лорын, үйрениўге арналған. Ал, булардың арасында
айырым фольклорлық шығармалардан басқа (Н. Ка-
рамзинниң 1875-жылы жазып алып жәриялаған ертек-
лери» Древняя и Новая Россия» С, П. 1875 нәзерде
тутылады) балалар әдебиятына тийисли мағлыўматлар
күтә аз. Деген менен буннан қарақалпақларды изерт-
леўге келген ҳәр қыйлы илимпазлар менен саяхатшы-
лар қарақалпақ балаларының турмысы менен қызық-
пады деген жуўмақ шығарылыўы тийис, өйткени бала-
лар турмысы олардың ата-аналарының турмысы ҳәм
тәғдирлери менен бирликте болатуғынын олар түсинген
болыўы итимал. Бул илимпазлар менен саяхатшылар-
дың бир қанша қарақалпақ фольклорлық материалла-
рын жыйнап, бастырып шығарыўын Қарақалпақ илим-
пазлары (Дәўқараев Н. Революцияға шекемги қара-
қалпақ әдебияты тарийхының очерклери, Нөкис, 1961-ж,
11-14-бетлер; Айымбетов Қ. Халық даналығы, «Қара-
қалпақстан» баспасы, Нөкис, 1968-ж.; Сағитов И. Қа-
рақалпақ қаҳарманлық эпосы, Нөкис, 1963-ж.; Нур-
мухаммедов М. Қарақалпақ совет әдебиятына рус әде-
биятының тәсири Нөкис, 1956-ж.; Қарақалпақ совет
прозасы. Ташкент, 1968-ж; Мақсетов Қ. М. Қарақалпақ
қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы, Өзбекстан
ССР «ФАН» баспасы. Ташкент 1965-ж.; Камалов С. К.
Каракалпаки в XVIII—XIX веках, Издательство «ФАН»,
Ташкент—1968 г.; Жапаков Н. Истоки и становление
социалистического реализма в каракалпакской литера-
туре (автореферат докторской дис.), Нукус, 1966; Қос-
бергенов Р. Қарақалпақ—рус қатнасықлары тарийхы-
нан, «Вестник, ҚҚФАН УзССР», 1968, №1.; Урумбаев
Дж. А. История Советской школы каракалпакии, Ну-
кус-1966-Қуйбышев) ҳәм басқалар өзлериниң илимий
мийнетлеринде күтә дурыс жоқары баҳалайды. Бул
аты аталған мийнетлерде балалар ҳаққындағы шығар-
малардың, балалар турмысының тарийхый жағдайла-
ры ҳәм басқа тәреплери қысқаша аталып өтилген. Би-
рақ бул мийнетлердиң изертлеў орыны басқа болған-
лықтан тек зәрүрли жеринде ғана балалар әдебияты
аталып өтилген. Бул ушын аты аталған этнография-
лардың авторларына алғыстан басқа айтарымыз жоқ,
себеби бул мийнетлерде балалар әдебиятының аты ата-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лыўы бизге балалар әдебиятының пайда болыўы, қәлиплесиўи, раўажланыўы дәўирлерин тастыйықлап алыўға үлкен жәрдем берди.

Солай етип революциядан бурын қарақалпақ балалар әдебияты бойынша арнаўлы түрде басып шығарылған әдебий шығармалар болмаған менен классикалық әдебиятымыздың ўәкиллериниң балаларға ел-халықты сүйиў руўхын беретуғын шығармалары аўызша бизиң дәўиримизге келип жетти. Буларда халық ушын хызмет етиўге шақыратуғын, туўған ўатанын көздиң қарашығындай етип қорғаўдан қашпайтуғын, оны сөз бенен емес ис пенен көрсете алатуғын жасларды мәртликке тәрбиялаў ҳаўазлары жаңлайды. Сондай-ақ классик шайырлар үстем класслардың жай пухараларға берген азап-ақыретлерин әшкара етип, үстем класска қарсы гүреске шақыратуғын сезими күшли, ўатанды сүйиў сезимине толы шығармалар дөретти.

Балалар бәрҳа елди сүйиў сезимине толы, жақсы ийгиликли ислерге жигерлендиретуғын шығармалардың қаҳарманларына усаўды әрман етеди. Бул шығармалардың унамлы қаҳарманы қыйналса қыйналады, қуўанса бирге қуўанады. Бул шығармалар адамның үлкенбе, кишиме, жас жағына қарамайды, бәрине бирдей тәсир етиўши күшке ийе.

Қарақалпақ балалар әдебиятындағы балалар оқыўын тараўы классикалық әдебият ўәкиллериниң шығармалары менен де өз ўақтында байып отырған. Ал, ески мектеплерде оқып саўатын ашқан айырым балалар шығармаларды көширип алып оқыған, олардың биразлары қыссаханлар болған. Көпшилик балалар қыссаханлардан, бақсы жыраўлардан, шешенлерден қосықлар тыңлаған. Аты белгили шайырлардың қосықларын да тыңлап ядқа да айтқан, олардан жыраў, бақсы, қыссаханлар да өсип жетискен.

## ЖИЙЕН ЖЫРАЎ

Жийен жыраўдың (1730—1784-ж. ж.) «Посқан ел» поэмасында посқыншылықлардың аянышлы көринислери шын сүўретленеди. Пухара халықтың посқыншылық азабы ишинде кишкене Минайымның басына түскен ҳәсирети де көрсетиледи. Сонлықтан бул поэма классикалық әдебиятымыздың ең қунлы шығармаларының бири болыўы менен қатар балалар әдебиятында да орын алады.



Посқыншылықтың аўыр ақыбети балалардың да үстем класс ўәкиллерине қарсы ғәзебин қайнатады, посқан халыққа аянышлы сезимлерин оятады. Мине усы балалардың бабаларына сүйиспеншилик сезимлерин тағы да күшейтеди.

Жийен жыраў тарийхый ўақыяны жырлаған. Тарийхшы С. К. Камалов (Каракалпаки в 18 — 19 вв., Ташкент, 1968 г, стр 55) ҳәм әдебиятшы А. Каримов (Жийен Тағай улы. Нөкис, 1959, 3-бет) XVIII әсирдиң алпысыншы жылларында қазақ феодалларының қарақалпақларға топылысларының күшейгенин, Қарақалпақлар буған шыдамай Жаңадәрья ҳәм Арал теңизлери жағаларына көшкенин, бул қайғылы картинаның «Посқан ел» поэмасында дурыс сүўретленгенин тастыйықлайды. А. Каримов қарақалпақлардың Сырдәрья бойындағы мәканында қалайынша бүлгиншиликке ушырағанын сүўретлейтуғын Жийен жыраўдың «Уллы таў» шығармасын да тапқан (Сонда, 37-бет). Балалар бундай тарийхый дереклерди билиўге қызыққыш болады. Балаларға өз халқының өткен тарийхый, ата-бабаларының уллы ислерин билдирмей турып, оларды жарқын келешегине толық дәрежеде исендириў қыйын болды.

Жийен жыраў «Посқан елде» кишкене Минайымның басына түскен ўақыяны балаларға ҳәсирет пенен айтып береди.

Қайғы менен сарғайып,
Қан қалмады жүзимде,
Айтқанларым болмады.
Көп душпан жүрди изимде...
Айтайын деген дәстаным,
Усы ашлықта атадан,
Ҳәм айырылып анадан,
Жетим қалды Минайым.

Өзиниң халқын, оның әдет-үрпин, қоныс басқан мәканын сүйген халық залымлар тәрепинен зорлыққа ушырап ата-мәканын таслап, посып «қайғы менен қан жутады». Буған Жийен жыраў да үн қосып, өзиниң халқы менен бирге адам шыдамаслық ақырет азапларды басынан кеширеди. Халық пенен бирге турмыстың ашшы зарын бирге татысқан патриот, халықшыл шайыр кейинги әўладына қарата:

Аҳ, жигитлер, жигитлер,
Аҳ, досларым, досларым!

Қайсы бирин айтайын...
Жолдағы көрген қорлықты?!
Балалы ҳаял көп еди...
Қыйын болды-аў бәринен,
Емизиўли балаларға...
Шырқырайды жылайды,
Оны еситип мениң де,—
Төбе шашым жуўлайды.—

деп тек шубырып посыўды ғана айтып атырған жоқ, ал соның менен бирге бул бүлгиншиликте талай жас нәрестелердиң гүнасыздан гүнасыз аштан, азаптан қырылып, қыршынынан кетип атырғанына жан-тәни менен қыйналып атыр.

Анасы өлген көп баллар,
Қундағында ингалап,
Жол бойында көп қалды,
Ғарға-ғузғын семирди,
Жас жанлардың қанына.

Мине ески басшылықтың халыққа көрсеткен қысымы усындай. Феодаллар арасындағы талас-тартыслар, жер, дүнья ушын болған олардың арасындағы жыртқышлық мийримсизликлер миллий шеклениўшиликти қоздырды, бир халықты екинши халыққа өшлестирди, ал булардың ақыбети халықты туўған жерлерди таслап посыўға, әдилсизликтиң қурбаны болыўға алып келди.

Үлгисиз тон пишилди,
Сағыйраның қанлары,
Суў орнына төгилди,
Атаға бала қарамай.
Кийерине кийим жоқ,
Ишерине тамақ жоқ,
Жолда қалды биразы...

Қарақалпақ халқының тарийхындағы усындай ҳеш бир умытылыўы мүмкин емес, қайғылы матам түскен бүлгиншиликте Жийен жыраў ашлық ҳәм әптадашылықтан дизесинен дәрман, белинен қуўат кеткенлерди, шырқырап аштан өлейин деп атырған балаларды баўырына басып, еңиреген аналардың жер гүңиренткен өксиўлерин көрип, тил жетип айтып бере алмаслық түрде қайғырып, өзи де өксийди.



Ўай пақыр, жас нетейин?
Сени алып жүриўге,
Өзимде де дәрман жоқ,
Усынып саған бериўге,
Қолымда шөрек наным жоқ,
Болғанда наным жас жанлар,
Бермеспе едим сизлерге.

Мине усындай қайғылы ўақыяда байлардың «мурны қанамай», журт посса, олар «көшиўди» қызық көреди. Ал, Жийен Минайымды мисетинде бары менен асырап, бар затын жеп болған соң, жәрдем берер деп Ерке деген байға нан сорап келсе, нан бериўдиң орнына байдың баласы Минайымға қызып, оны тартып алады. Жийенди сабап жолға таслап көшип кетеди. Әне, байдың әдети усындай.

Булардың ҳәммесин көзи менен көрген Минайымның сана-сезими оянады. Ол болып атырған ҳақыйқатлық пенен зулымлық арасындағы турмыслық тартқыларға ой жуўыртады, дос-душпанын аңлайды. Солай етип, шайыр Минайымның ишки сезим дүньясындағы өзгерислерди кең планда сөз етеди. Сонлықтан бул сол дәўирдеги жетим балалардың турмысы арқалы заман көриниси сүўретленген баҳалы шығарма. Өйткени булар Минайымның басынан өткен ўақыялар. Ал Минайымда сол дәўирдиң балаларына тән типик қаҳарман екенине даў болыўы мүмкин емес.

Жийенди еки иниси таўып алып, Тербеңбеске жетеди, мәкан тутады. Ҳәлленип алғаннан кейин Жийен жолдас таўып Минайымды излеп, Хожакөлден табады. Түнде Минайым менен үш атлы болып, Еркебайдан қашып қутылады. Минайым азат болады.

Жийен жыраў, мине усындай қыйыншылықларды басынан кеширсе де өмирден түңилмейди, ал, керисинше бахытсызлыққа дуўшар болған ўатанласларына келешегиниң бахытлы болатуғынына исеним туўдырады:

Көздиң жасын буламаң,
Тәўекел етип ҳәр иске,
Мәрт болыңлар қайтпастан,
Қарсы келген жаўлардан,
Аттың басын тартпастан.

Әлбетте бул қатарлар балаларға туўылған үлкесиниң ата-бабаларының қандай күнлерди басынан кеширгенин, ол күнлер менен өзиниң ҳәзирги бахытлы зама-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ынының арасындағы түрли өзгерислердиң неден ибар
екенин сездиреди. Оларды ата-бабаларымыздың мә
лик ислерине сүйсиндиреди. Өз елиниң абырайы —
мысы ушын ел-халықты сүйиў сезимлерин тәрбиялай
Ҳәр қандай социаллық гүресте халықлар дослығын
зәрүрли екенин уқтырып балаларға дослық сези
руўхын сиңдиреди.

Шайырдың өзи жасаған дәўирдеги балалар турм
сына сәйкес «Ылағым» қосығы да өмир баянлық хар
терге ийе. Бунда балалық турмыс барысы арқалы
дәўирдеги пухара балаларына тән болып қалған қоз
ылақ бағыў көриниси сүўретленеди. Ол дәўирде ба
лардың қозы-ылақ бағыўы ең баслы талабы болғ
Бул қәдимги турмыс ўақыясы. Болажақ шайыр б
күни ылақ бағып жүрип, балалығы тутып көшпек
нап қалады. Сол мәҳәлде падаға қасқыр шаўып
ылағын алып кетеди, елли төрт ылағын зорға ам
алып қалады. Енди бала байға не деп жуўап берер
ойлана баслайды:

«Он ылақты қасқырға,
Жегизген соң бир күнде.
Қыйын болды ойласам,
Бул дүньяда жасарым».

дейди де өзи жасаған дәўирдиң пухара балалары
тар екенин баянлайды. Бул қосықта да балалар уш
сол дәўирдиң шынлығы айтылады. Буннан кейин
дәўир қарақалпақ балаларының Арал алды, Жа
дәрья Қуўан дәўири басланады.

## КҮНХОЖА

XVIII әсирдиң басында әдебият майданына кел
Күнхожа Ибрайым улы қарақалпақлардың Түркстан
Хорезмге қайта келип жайғасқаннан соңғы шығ
биринши шайыры. Оның шын аты Жийемурат, Күнхо
— оның әдебий лақабы. Ол өмириниң соңғы дәўирлер
рус патшалығы жүргизген сиясат астында өткерди.

Күнхожа сол ўақтағы пухараның үйинде туўылад
Жас ўақтынан баслап, аланғасар болмай өзи жаса
заманның түрин бақлап, серли болып, турмыстың аш
душшысын татады.

Ол өзи туўылған жерин сүйип өсип, балалығ



жоқшылық жағдайда өткерсе де, оны қосық руўхы менен кеўилли етип өткерген. Шайыр турмыс қыйыншылығынан ҳешбир түңилип кериге шаўып кетпеген, өмиринше халқы, оның ийгилиги, мәпи, ғамы ушын гүресип, жүрегинен жыр төккен шайыр. Күнхожаның өмири ҳәм хызметин көп жыллардан бери изертлеген әдебиятшы Б. Исмайылов «Күнхожа реализминиң күши сонда, ол XIX әсирдеги қарақалпақларда класслық шекленийўшиликтиң, теңсизликти ашып береди; қатламлардың қарама-қарсылығын сүўретлейди, барлық сият үстем класс мәпин қорғағанын ашық түрде дәлиллейди», — деп көрсетеди (Күнхожаның өмири ҳәм творчествосы, Нөкис, 1961, 212 б).

Күнхожа сол ўақтағы көп ғана шайырлардың устазы болған. Бул туўралы Н. Дәўқараев, И. Сағитов, Б. Исмайылов ҳәм басқалар өз мийнетлеринде Күнхожаның Бердаққа устазлық еткенин, оның шығармаларының кемис жерлерин дүзетип, жақсы жол-жобалар берип, ғамхорлық көрсеткенин тастыйықлайды. Буны Бердақтың өзи де баян етеди:

«Белгили халыққа нышаны,
Ядымладур ҳәрқашаны,
Қартайған ол Күнхожаны,
Көрген күнлерим, күнлерим.
Айтып сөзлерди тыңлатып,
Кемис жерлерин оңлатып,
Бир ярым ай бирге жатып,
Ҳәз етип өткен күнлерим».

Шайырдың қосықлары бағдары, ўақыяны баянлаўы ҳәм әдебий усылы жағынан халыққа жақын болып, басқалардан өзиниң әпиўайылылығы, аз болса да ойпикирлердиң сан әлўан байлығы менен ажыралып турады. Қосық ўақыялары белгили сюжетке қурылып, ол ядлаўға да, оқыўға да қолай, жеңил, көп ысылып маңызы шыққан аўызеки әдебиятының үлгилерине усап келеди, ал «Түйе екенсең» усаған қосық мазмунлары балаларды күтә қызықтырады.

Мине, усы әдебий шеберлик ҳәм дәстүрий жағынан Күнхожа балалар әдебиятында өзиниң ылайықлы орнын тутады.

Бәринен бурын айтажағымыз балалар әдебиятында балалар оқыўына киретуғын Күнхожаның «Шопанлар» қосығы сол дәўирдеги балалардың, әсиресе жаслардың



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

турмысына тән ўақыяларға бай шығарма. XIX-әсирдеги қарақалпақлар турмысына сер салсақ, онда шопанлардың көпшилигин орта жасар балалар менен үлкен жастағы балалар қураған. Ашлық ҳәм әптадалыққа ушыраған жарлы халық өз балаларын аштан өлип қалмаўы ушын қалай болса да, ҳәтте таппағанлар тамағына, тапқанлар азынаўлақ мийнет ҳақы ушын байларға шопан ҳәм күнликши етип берген, өзлери де жалланған. Буны Күнхожа өзиниң «Шопанлар» қосығында тастыйықлайды.

Ата-аналары өлип жасынан,
Таз болып торағы ағып басынан,
Қызыл қум сел болып көздиң жасынан,
Жай табалмай жүрген мынаў шопанлар...

Жетим болып шарға болған бойлары,
Артық ҳәммелерден ақыл-ойлары,
Қайысып баққаны байдың қойлары,
Бир ылаққа үш жыл жүрген шопанлар.

(Күнхожа, Нөкис 1949-ж. 53-бет).

Жоқарыда оқығанымыздай-ақ жап-жас балалар күни-түни қойдың изинде сандалып жүрип, «төслери қайқайып шығалмай қырға», «тикен кирип, аяғынан қан ағып», «кимисиниң арқасын таяқлар тилген» шопанлар жас бала болса да, үстем класстың езгисинде «жасы жетпей қыпша бели бүгилген». Бурынғы замандағы балалардың басынан кеширген бул аянышлы көриниcти Күнхожа әпиўайы халық тили менен баянлайды. Бундай шығармалар балаларға оғада түсиникли. Бул шығармалар балалар оқыўында белгили орынды ийелейди.

Күнхожа тиккелей балалар турмысын сүўретлеген «Бай баласы» ҳәм «Мениң балам» деген қосықлары арқалы балалар әдебиятында бай баласы менен өзиниң өзи арқалы улыўма пухара халықтың балаларының турмысын салыстырып жырлайды. Оннан класслық жәмийеттеги балалар турмысындағы класслық теңсизликтиң барлық сыпаты көринип турады. Бундай шығармаларды бирме-бир шайыр тили менен салыстырып қараған мақул;

«Бай баласы»: —



«Кемтарлықты ҳеш ойламас,
Ылақ шаўып тойдан қалмас,
Айтқанына қулақ салмас,
Менмен болар бай баласы».

«Мениң балам»:

«Анасы аш балам жатыр,
Жубанбастан шырқырап,
Анасыда қайғыда отыр,
Қапталында зар жылап».

«Бай баласы»:

«Жаман болсада жақсыдай,
Атағы бар сондай-сондай,
Келген сөзлерге тартынбай,
Сөйлер еркин бай баласы ҳ. т. б.

(Сонда, 24-бет).

«Мениң балам»:

«Балам мениң шарға болды,
Анасынан сүт шықпай,
Ашлық болып гүлдей солды,
Адым атып жүре алмай» ҳ. т. б.

(Сонда, 40-бет).

Салыстырмалы мысалда көрсетилгендей Күнхожаның бул шығармаларында класслық жәмийеттеги класслық теңсизлик тек есейген адамлар турмысында ғана емес, ал балалар турмысында да орын алғаны ушын ашып көрсетиледи. Растан да байлар, ханлар, үстем класс ўәкиллери халықты мәңгиликке қуллықта сақлаў арқалы олардың балаларын да «күшигинде талап», жас ўақтынан» бойын шарға, ойын мырға» етиўге талапланған. Бундағы мақсети олардан өзлерине бағынышлы, тил қайырмай, хызметлерин атқарыўшы кишкене қул, күң малайлар таярлаў еди. Күнхожа жаўызлардың бул ҳарамы нийетлерин мысқыллы руўхқа толы шығармаларында әшкаралайды. Күнхожаның бул шығармаларының екинши бир әҳмийети — класслық жәмийеттеги пухаралардың турмысы, ондағы теңсизликлер туўралы балаларға кең түсиниклер бере билиўинде. Әдебиятшы Б. Исмайылов Күнхожаның «Мениң балам» қосығына таллаў жасай келе, шайырдың мениң балам қосығында да унамлы образ жасаўдың өзиншел-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лик бир усылын бақлаў мүмкин, бул усылдың өзгешелиги, жақсы адам ушын зәрүрли гейпара белгилерди бас бағдар сыпатында баян еткен сыяқлы... Бул жерде жаслай қыршын болып, балам гүреске түсе алмай кетти деп қапаланғандағы гүрес халық бахыты ушын гүрес, шайыр айтып отырған душпан — шайырдың өз душпаны ғана емес, жалпы халықтың душпаны деп биледи. Булар балаларға түсиникли тил, көз алдындағы ҳақыйқат көринис әпиўайы мысаллар менен берилген. Буларды «шайыр душпаннан өш алғандай, жаўға ўайран салғандай ғайратлы жигерли болыўды, бел буўып халық иси ушың тынбай гүрес түсиўди жақсы адамның белгиси сыпатында усынады. Шынында да шайырдың баласы ҳаққындағы әрманы әўладлар ҳаққындағы әрманы, ата-шайырдың жасларға үлги етип айтып отырған ақылы. Тағы бир әҳмийети — Күнхожа шығармалары естияр адамға да, кишкене балаға да теңдей хызмет етеди. Күнхожа шығармаларында тарийхый ҳақыйқатлық болған ўақыялар сол бурынғы өз ҳалында қызықлы, күлкили усыл менен баян етиледи. Айтайық, Хийўа ханы Мадемин хан Күнхожаны өз тәрепине тартпақшы, сарай шайыры етпекши болады. Бирақ, Күнхожа пухара халық тәрепинде қалды. Ақырында хан Күнхожаны Хийўаға зорлық пенен шақыртып алып, ханлықтың сән-салтанатын мақтатпақшы болды. Күнхожа залым ханның ойлаған дийдинен шықпады, ол өзиниң «Умытпаспан» қосығында Хийўаның сумлықлы көринисин сүўретлейди. Бул азап-ақыретли заманның ҳәм оның әдалатсызлығының себеплери хан және феодаллық жеке мәптарлық екенин ашып береди. Хийўа ханы Күнхожаны хан салтанатын мақтап қосық айтпағаны ушын масқаралап қорлаў ушын оған бир қотыр, қатпа, ғарры, бир көзли соқыр түйе берген. Күнхожа сыр берместен, хан берген сыйлықты жортаға ҳүрмет пенен қабыл етеди ҳәм түйеге қарап турып күтә астарлы ҳәзил, мысқыллы күлкиге бөлеп заман руўхын ашып беретуғын «Түйе екенсең» қосығын айтқан.

Семирсин деп жем берди ме,
Жем берседе кем бердиме,
Қаңтарыпты дем бердиме.
Буны нарым билермисең?—

дегенде «жем берсе де кем бердиме?» деп Күнхожа залым



ханның халықты ашлыққа қамағанын: «қаңтарыпты дем бердиме» дегенде халықты бир жерге үйирип, аўзын аштырмай қойғанын айтып тур. Ол «Буны нарым билермисең» деп аяғансып, ханның зулымлықларының ҳәммесин түйеден жыллы сөз арқалы сорап турғаны сезиледи. «Түйе екенсең» қосығы толығы менен ханның, оның жүргизген зулымлық сиясатының үстинен күлген шайырдың үлкенлерге де, әсиресе балалар оқыўында балаларға да қунлы мийрасы болып табылады.

Шайырдың өмирге қуштарлығы менен қатар оның қосықларының тәрбиялық әҳмийети күшли. Олар естияр адамлар менен бирге жас өспиримлерге де теңдей мийрас болып, фольклорлық ғәзийнелер менен бир қатарда оның даўамы ретинде XIX әсирдеги балалар әдебиятының сағаларынан дерек береди.

## ӘЖИНИЯЗ

Жаслар сүйип оқыйтуғын шайырлардың бири Әжинияз Қосыбай улы болды (1824—1878-ж. ж.) Әжинияз бардамлы шаңарақтан шықты, турмысты ертеден бақлады, улыўма халықтың муңына муң қосып, оны қосыққа салды. Ерте жасынан оқып билим алыўы, өз бетинше көп излениўи, зейинли болыўы жәмийетлик қатнасты тереңнен бақлаўына себепши дереклерден есапланады. Ол өз тилинен басқа өзбек, қазақ, түркмен, араб, фарсы тиллери менен де жақсы таныс болған. Әжинияз туўысқан халықлар әдебияты ўәкиллериниң ең жқсы шығармаларынан көп ибрат алған, өзи де тиккелей ол халықлардың турмыслары менен танысқан. Сонлықтан да ол ески заманда сан-мың пухаралардың аўыр турмысын көриўи мүмкин болыўы менен бирге:

«Шад болып дәўран сүриўге.
Паянлы дүнья көриўге,
Қатар-қурбы менен жүриўге,
Әжиниязға заман керек
(Таңламалы шығармалары.)

деп жақсы заманның болыўын бирге тиледи. Ол оқыпбилим алыўға күтә қызыққан. Хийўада дәслеп Шерғазының, соңынан Қутлымурат инақтың медресесинде оқыған. Ол өзбек, қазақ, түркмен, башқурт, рус жер-

лериниң бираз үлкелерин аралап, олардан көп турмы тәжирийбелерин алған. Олар шайырдың «Шықты жан» деген қосығында баян етилген.

Әжинияздың бир қатар шығармаларында жасла олар арасындағы жақсы мүнасибетлер, гейде ушырас туғын унамлы-унамсыз адамлар сүўретленеди. Соны менен қатар Әжинияз шығармаларында ел-халық сүйиўшилик сезими оның адамгершилиги менен тығ байланыслы болып келеди. Оның адамды ҳүрметле адамгершиликли қатнас жасаў, «бул дүньяның көрк адам баласы» екенин ҳәмме түсиниў усаған пикир Шота Руставели, Наўайы, Фердаўси, Мақтымқул Абай, Бердақ, Күнхожа, Өтеш, Омар ой-пикирлери ме нен ушласып келеди.

Соның ушында балалар әдебиятындағы балалар оқы ўында Әжинияздың ылайықлы орыны бар екени бел гили. Өйткени ол тек шайыр ғана емес, ал қазақ ағар тыўшысы Ибрай Алтынсарин сыяқлы тәрбияшы екени де өз шығармалары менен дәлиллейди.

Әжинияз балаларға өз үлкесиниң өткендеги тарийх ларынан да мағлыўмат береди. Олардың бири бала лар оқыўы тараўына киретуғын «Бозатаў» поэмасы. Бунда 1858—59-жыллардағы Қоңырат көтерилисин бәри емес, ал бир бөлеги ғана сөз етиледи.

Қимсениң анасы, кимниң әммеси,
Қимсениң ағасы, кимниң иниси,
Кимсениң қыз-уғлы, кимниң сиңлиси,
Әтирек, Гүрген, Хажар асты Бозатаў...

Атадан айырылып ғулпақлы уғлан,
Сатылып ҳүр басын әйледи ғулам,
Кимлер Ирақ кетти, кимлер кетти Шам,
Кимлер Гори, Тигран түсти Бозатаў...

Жоқарыдағы қосық қатарларында көрсетилгенде халықтың туўылған жерден де, ең қәдирли перзент қызы-уғылларынан да, айырылып, қуллық өмирге түс кенине шайыр жан-тәни менен қыйналып, усындай қыйын жағдайға түсип қалса да өзиниң, өзи арқалы улыўма халықтың келешегине өмирге қумарлы исеним менен қарайды:

Зийўарың хошласар қәдириңди билип,
Көзини жасартып бағрыны тилип,



Аман болса ҳал сорасар бир келип.
Хош аман бул бизден қалдың Бозатаў.

Бозатаў» поэмасы балаларға өзиниң тарийхый ўақыяны баянлап бериўи, ол арқалы ата-бабаларының басына түскен аўыр аўҳалды билдирип, душпанға-жек көриўшилик сезимин оятыў менен қунлы. Онда көркемлик, сезимталлық балалардың уғымына жеңил келетуғын аллитерация менен ассононоаслардың жийи ушыраўы сөз ҳәм сеслердиң қайталаныпы, ядлап алыўына қолайлы болыўы жағынан да күтә үлкен тәрбиялық мазмунға ийе. Бул поэма буннан бир әсирден де көп бурын дөрелсе де, ҳәзирги күнимизде де естияр адамлар менен теңдей балалардың да сүйип жырлайтуғын қосығына айналған.

Әжинияздың «Аналар» (Сонда, 135-бет) деген қосығы да «Бозатаўға» үнлес болып, шайыр бунда балалары жаў қолына түсип айдалып кеткен ғәрип аналарды «Перзентлериң келер аман аналар» деп жубатады.

Әжинияздың қосықлары жоқары йош пенен жырланып, қосықлардың «ишки эволюциясы» оқыўшылар жүрегинде қандай жоллар менен екени белгисиз, қандай да бир жыллы леп, ўақты-хошлық көтериңкилик, сүйиспеншилик, жақсы көз қарас пайда етеди. Әжинияз шығармаларының бул «эволюциялық ишки өсип раўажланыў сырлары» балаларда ел-халқына адамгершилик, ел-халықты сүйиў сезимлерин тәрбиялаўда оғада әҳмийетли.

Шайырдың «Бозатаў», «Керек», «Керекти», «Сәлем дегейсең», «Ул қолыңда, қыз қолыңда қал енди», «Нурзада» қосықларында тиккелей балаларға деген сүйиспеншилиги, ғамхорлығы көринеди. Ол балаларды жақсы көрген. «Ул қолыңда, қыз қолыңда қал енди» қосығында Әжинияз напақа табыў ушын қырға шығып бара тырып, өзи келгенше ҳаялы Гүлзададан баласы Нағметулла менен қызы Ҳүрзаданы жақсылап бағыўды өтинеди:

Жылама да, жолыма да қарама,
Душпанға сыр берип мени сорама,
Көз қулақ бол қызым менен балама.
Ул-қыздың анасы ярым қал енди.

Әжиниязда астарлы мәниде, балаларды ойландыратуғын қосықлар бар. Олардың қатарына «Қуба қус»,

«Ағалар бир қус қашырдым». «Ала қус» қосықлары киреди. Әжинияз гейпара ата тилин алмайтуғын, тоң мойын, ақылы кемис балаларды қатты жек көрген ҳәм оларға тиккелей:

> «Қыш акрабы яқшы ғайры елаттан,
> Ғайры елат яқшы жаман зурияттан!—

деп өткир лирика арқалы қатаң әшкаралайды, ҳешбир баланың жаман бала болыўын тилемейди.

Биз жоқарыда айтқандай-ақ Әжинияз арнаўлы балалар шайыры болмаса да, оның лирикалық бай сезимге толы шығармалары балалар әдебиятындағы балалар оқыўы арқалы балаларды адамгершилик руўхта тәрбиялаўда ылайықлы орын алады. Ол XIX әсир шайырларының ишинде лирик шайыр болып, балалар әдебиятында лирикалық поэзияны раўажландырыўға тәсир жасаўы менен көзге түседи.

## БЕРДАҚ

1917-жылғы төңкериске дейинги қарақалпақ әдебиятының ең ири, халықшыл уллы шайыры Бердақ Ғарғабай улы да (1827 — 1900-ж.) қарақалпақ халқының XVIII — XIX әсирлердеги жәмийетлик турмысын күтә кең көлемде халықлық шешимде турып жырлаў менен бирге балалар әдебиятына да өлмес мийраслар қосты. Оның шығармаларының маңызы күтә кең болып, халықлық әрманларды жырлайды. Турмысты шын мәнисинде сүўретлейди. Өтмиш дүзимдеги ҳаял-қызлар теңлигин қорғайды. Халықты ҳадал мийнетке шақырып, халықты езген үстем класс ўәкиллерин әшкаралайды. Ерси ислер, аш көзлер үстинен масқаралап күледи. Сол ўақыттағы тар заманнан басқа бахытлы, шадлы жаңа турмысты әрман етеди. Солай етип халыққа, халық улларына — балаларға нәсият қосықлары арқалы жақсы әқилиятлар береди.

Бердақ шығармаларының тараўы кең. Жақсы қосықлары менен лиро-эпослық шығармалары, нәсиятлық («Балам», «Надан болма», «Билгейсиз») қосықлары менен басқалары Бердақтың өзине тән сәтли халықлық пикирлери арқалы жырланады.



Бердақ тек ғана балалардың сүйикли шайыры ғана емес, ал ол тарийхшы да. Оның жазып мийрас еткен «Шежире», «Амангелди», «Айдос бий», «Ерназар бий», «Ақмақ патша» ҳәм басқа да поэма қосықлары қарақалпақ турмысынан баҳалы тарийхый мағлыўматлар береди. Ал, буларды балалар әдебиятындағы балалар оқыўы арқалы балалардың үйрениўине, тез түсиниўине, олардың ықшамлылығы, тили үлкен мүмкиншиликлер жасап береди. «Ақмақ патша» дәстанындағы Гүлимниң ҳәм Зәриўдиң басынан өткерген аянышлы турмыслары сол дәўирдеги пухара балаларына тән қубылыс екени мәлим. Бердақ тарийхшыда. Бердақ өзинен бурынғы шайырлардың ең жақсы дәстүрлерин, олардың халықшылық, адамгершилик қәсийетин өзлестире отырып, қарақалпақ әдебиятын мазмун жағынан болсын, сондай-ақ түр жағынан болсын бурында болмаған жаңа бийикликке көтерди. Сонлықтан да оны қарақалпақ әдебиятының тийкарын салыўшы деўге болады. Бул пикирди Бердақтың балаларға арнап жазған «Балам» усаған шығармаларыда тастыйықлайды. Демек Бердақ XIX әсирдеги балалар әдебиятында да орыны бар уллы шайыр.

Усындай уллы шайыр өзиниң «Өмирим» деген қосығында өткен балалық жылларын үлкен йош пенен жырлайды. Өз дәўириндеги өзиндей балалардың барлық турмыс көринисинен де усы қосығында дереклер береди:

> «Бердимурат үшке шықтың,
> Қызығы қандай жаслықтың,
> Жас күндеги минез-қулықтың,
> Нышаның бергил өмирим»—

деп жаслық дәўирдиң қызығын ҳәм ондағы шадлықтың нышаның пүткил өмир бойы берилиўин әрман етеди. Ол усы қосығында сегиз жасында-ақ жақсы жаман истиң парқын биле баслағанын айтады. Ол Наўайы, Физулы, Мақтымқулы, Фердаўси, Саади, Хафиз сыяқлы уллы шайырлардың шығармалары менен танысқан. Бердақ Күнхожаның шәкирти, Өтештиң заманласы.

Бердақ турмысты ертеден таныған, бақлаған ҳәм оннан өзинше жуўмақ шығаратуғын сезимталлы бала болып өскен. Он жасларында-ақ хат танып, онбир жасларында дөгерегине аўылдың балаларын жыйнап сыр-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ласқан. Он алты, он жети жасларында-ақ басына маңғала түсип, турмыстың жақсы-жаманына өзинше баҳа берген. Ол қартайған Күнхожаны көрип, оннан ибрат алған, оған қосықларын көрсетип, кеңеслерин тыңлаған. Бир ярым айдай бирге болып сәўбетлескен ҳәм ақырында Күнхожаны устаз еткен. Шайыр «Салық» деген қосығында халыққа түскен салғырттың аўыр екенин айта келе, салықтың балаларға да аўырманшылығын жырлайды:

«Өндиреди аш халықтан,
Жетим жылайды сонлықтан,
Бай аман қалды салықтан,
Төлеў дөҳмет болды салық»—

деп Ерназар деген жарлының шым-шырқадай жалаңаш, аш отырған балаларының аўҳалына жаны ашыйды:

Үйинде бар жетим балалар,
Тамақ, нан деп, зар-зар жылар,
Көзден ағып қанлы жаслар,
Жүдә қыйын болды салық».
(Бердақ, Нөкис. 1956 ж, 101-бет).

Мине, усындай аянышлы ўақыяның ишинде турып шайыр балалардың аўыр турмысына жаны ашып жырлайды.

Шайыр тек жақсы күнди әрман етип қоймайды, ал бул халықтың басына түскен азап-ақыреттен залымларға қарсы гүрес арқалы ғана шығыўға болатуғынын Бердақ өзиниң «Ақмақ патша» дәстанында кең түрде айтып берди. Дәстанда зулымлығы менен аты шыққан ғарры патша өледи, оның орнына әкесинен де бетер зулым баласы патша болады.

Оның балалық ҳәм топаслыққа батқан ойын — елин халқын талаған, дарға асқан, постырған патша жақсы патша болады, деген надурыс түсиник ийелеген, ол ҳешкимниң еркине қарамастан ылғый жас қызларды зорлап ҳаяллыққа алады. Бир күни ханның жалпылдақлары ханға қыз излеп жүрип, теңиз етегиндеги ылашықты көрип, оған шаўып келеди. Ол күтә ақыллы ҳәм сулыў Гүлимниң үйи еди. Гүлимниң анасы ертеде өлип, жетим қалған. Жалғыз соқыр әкесин қамыстан қос дүзетип, балық аўлап бағып отырған ҳалы бар еди.



Хан жасаўыллары мүсәпирлердиң бул аянышлы ҳалын есапқа алмай, ылашықтың есигин бузып кирип, «қәлесең де, қәлемесең де ханға ҳаял боласаң» деп масқаралайды. Қәҳәри келген Гүлим «көргим келмес халыңызды келген изиңе қайтыңлар» дейди. Бирақ ханның жалпылдақлары Гүлимди байлап алып кетпекши болады. Қәҳәри келген Гүлим жәлладларға бир өзи балта алып топылып, «бирнешесин гелле етип», жәлладларды қуўып жибереди. Бирақ олар бес-алты күннен кейин көп болып қайтып келип, Гүлим менен оның соқыр әкесин зорлық пенен тутып алады. Қол-аяғы таңылған Гүлимниң соқыр әкесин далаға таслап, ылашығын өртеп, Гүлимди ерксиз зорлап алып кетеди. Оны хан қырқбиринши ҳаял етип алады.

Гүлим гүрести даўам етеди. Ол патша алдына зулымлық пенен айдалып барғанда да, зинданда жатса да, патша жәлладлары өлим қәўпин туўдырса да атасын умытпайды. Ханнан өш алыўды даўам етеди. Ханның басқа ҳаяллары менен тил бириктирип, дос болып, сарай хызметкери Зәриў, қулды да өз тәрепине өткерип алып, гүреске таярлана баслайды. Гүлимниң туўған қызы Гүлзарды да жасырып тәрбиялайды. Булардың ханға қарсы гүреси залым ханнан жәбир көрген халықлардың қәҳәри менен ушласады. Гүлимниң қызы Гүлзар өзиниң әкеси ақмақ патшаның геллесин қағады. Шайыр бул жерде езилген халықлар көтерилисиниң бириксе жеңиске ерисетуғынын ҳешбир тартынбастан баянлайды. Шайыр бул дәстан арқалы өткен жәмийеттеги үстемлик еткенлердиң жеркенишли ислери менен таныстырып, ондағы ҳәкимлерди әшкаралайды, екинши жағынан дәстандағы халықлық унамлы қаҳарманлардың дослығы, адамгершиликли ислери үлкен йош пенен жырланады. Дослық, бирлик, туўысқанлық болса, халықтың бәрҳама жеңиске ерисетуғынын көрсетеди. Бул пикирлер улыўма халықлық болған менен дәстандағы жетим балалар образы арқалы балаларды дос болыўға, бирликли ис етиўге, душпанды жек көриўшилик руўхында тәрбиялаўда шайырдың балаларға қалдырған уллы ўәсиятларының бири болып табылады. Буның қатарына «Надан болма», «Балаларым», «Қызыма нәсият» қосығын да жатқарыўға болады.

Уллы шайыр «Балам» қосығында жас әўлатқа күтә терең мазмунлы нәсиятлар береди. Халық ушын хызмет

6—84



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ететуғын, жәмийет ушын пайда келтиретуғын, асыр таспай, «аш боламан деп ойламай жастан жигерли бала болыў керек екенин айтыў менен қатар:

Өшиңди ал душпаныңнан,
Күшиңди жыйна жасыңнан.
Халқың кетпесин қасыңнан,
Киши пейил болғыл балам».

(Сонда, 139-бет).

дейди.

Жаслар дүньяға жаңа көзин ашып атырған жаңа адамлар екенин шайыр жақсы түсинеди. Соңлықтан ол менмен болмаўды, ал менмен болмайман деп «сыбырап ҳәм жүрмеўди», белди буўып, жеңди түрип, шаққан болып жүриўди, дос-душпанды сынап жүриўди, ғапылда қалмаўды нәсият етеди. Адамлар арасында жақсы атаққа ийе болыў жасқа жарасықлы қәсийет. Шайыр жасларға «жаман болып көзге түспе», шуғыл сөзге ерме, «жаманнан қаш жастан, балам» деп жағтәни менен нәсият береди.

Бердақтың ата-аналарға өле-өлгенше ҳүрмет етиў ҳаққындағы пикирлери «Ақмақ патша» поэмасында ғана емес, ал «Балам» қосығында да кеңнен раўажландырылады. Ата-ананы ҳүрметлеў, оларға меҳрибанлық пенен қараў ҳәрбир ул қыздың әдиўли миннети деп тастыйықлайды:

Ата-анаңды қәдирле,
Өлгениңше жақсы сөйле,
Мал тапсаң торқаға бөле,
Өсериңе жақсы балам.

Бердақ балаларды «Ис қыл, маңлайдан ақсын тер» деп мийнет етиўге шақырады. Ол балаларға байысаңда «малым бар деп асып таспа, биреўлер менен жарысып, орынсыз жерге тарыспа», сөйтип «көпти қасыңнан кеширме, барыңды жоқ деп жасырма» дейди. «Басыңды қос жақсы досқа, дос таппай ҳәм жүрме босқа» деп дослық ҳаққында, оның қәдирин билиў жөнинде:

Жетим көрсең қолыңды бер,
Аға болса кейнине ер,
Өзиң бултыйып болма шер,
Әлипайым болғыл балам»



деп дослық, кишипейиллик, бирлик байрағын жоқары көтериўге шақырды.

Бердақтың бул шығармасында оның тәрбия ҳаққындағы көз карaслары менен жас әўладларға берген ўәсиятлары топланған. Ол тәрбияның мақсети балалардан жәмийетке, халыққа пайдалы азаматлар жетистириўден ибарат деп биледи. Адам болып жетисиў аңсат қубылыс емес екенин шайыр жақсы түсинеди. «Адамның улы» болыў ушын:

«Алдыңда жатыр бийик жар,
Соны ассаң көп дүнья мал,
Атаңның сөзин есиңе ал» —

деп балаларға адам болыў ушын үлкен ўазыйпалардың бар екенин ескертеди. Шайырдың бул «Балам» шығармасы, тек Бердақтың өз баласына ғана арналған емес, ал барлық халық балаларына берген нәсияты. Бул қосық халық педагогикасының режелери ретинде көзге тасланады. Бул шығарма Бердақ заманындағы жаслардың минез-қулқын тәрбиялаўдағы реже болды. Шайырдың «Надан болма», «Халық ушын», «Излер едим» қосықлары менен қатар поэмалары жасларды тәрбиялаўда ылайықлы орынды ийелейди.

Бердақтың балалар әдебиятына қалдырған мийраслары тарийхый жақтан да, әмелий истеде, халық педагогикасы жағынанда терең әҳмийетке ийе.

## ӨТЕШ

Бердақтың заманласы Өтеш Алшынбай улы да балалар әдебиятына мийраслар қалдырған шайыр. Ол Жийен Жыраўдың ақлығы. Өтеш шама менен 1828 — жылы туўылған, 1902-жылы дүньядан өтеди. Ол аўыллық диний мектепте оқып саўат ашқан. Болажақ шайыр өз қатарлары балларынан зейинли, илгирлиги менен тез саўат ашып, ушқыр қыяллары дөгеректеги қубылысларға, болып атырған ўақыяларға, аўыр турмысты бақлаўға қәбилетли болып өсе берген. Ол балықшы да болған, дийхан да болған. Сөйтип жүрип қанатлы талант ийеси өмир шынлығын ҳақыйқатлық пенен суўретлеўге талапланған. Ол үстем класстың сырын әшкаралайды, ҳаял-қызлардың теңлигин қорғаўға талапланады, халықтың азат болыўын тилейди, еркинликке пәрўаз ете-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ди. Өтеш шығармаларының усы ҳаўазлары менен [illegible]
ге оның айрым дин ўәкиллерин әшкара еткен шығ[illegible]
малары балаларды әдилликти сүйиў руўхында тәрб[illegible]
лаўда балалар әдебиятындағы балалар оқыўында [illegible]
ықлы орнын ийелейди. Бир молланың адамды а[illegible]
оның бар тапқанын теспей сорып, өтиригине молла бол[illegible]
бузықлық иплас ислерди де ислейтуғынын әшкара[illegible]
ды:

Аўылымыз да дaң молла,
Айтатуғыны бәрҳа олла,
Жалған айтқан неше жола,
Даң молламыз Нураддин.

Нураддин бәле киси.
Қасқыр киби азыў тиси. . . . ҳ. т. б.

## БЕСИНШИ БӨЛИМ

## XIX ӘСИРДИҢ АҚЫРЫ XX ӘСИРДИҢ БАСЫНДАҒЫ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫ

**ОМАР.** Қарақалпақ классикалық әдебияты мен[illegible]
бүгинги жазба әдебияты арасындағы өтиў дәўирини[illegible]
шығармаларында балаларға нәсият түринде болып кел[illegible]
туғын қосықлар басқа жанрларға қарағанда басым бол[illegible]
келеди. Ол өзинде күншығыс поэзиясының дәстүрлер[illegible]
сақлаған. Деген менен олардың бағдары балаларға со[illegible]
дәўирдеги турмыс шынлығын таныстырыўда әҳмийет[illegible]
сезимге ийе. Усы бағдарда Омар Сүгиримбет улы[illegible]
/1879 — 1922/ айрым диншиллерге қарсы жазған қосық[illegible]
лары дәўириниң руўхына үнлес болып, балаларды ди[illegible]
ниң зыянлары менен таныстырыў қәсийетине ийе. Шай[illegible]
ыр «Бар екен» деген қосығында бир дин ийесиниң ил[illegible]
ласлық ислерин жанлы сөзлер менен қонымлы сүўрет[illegible]
лейди.

Омар өзиндей мийнеткеш пухараларды, жетим бала[illegible]
ларды езип, оларға азап берген үстем класс ўәкиллер[illegible]
не қарата «Берермен» деген қосығында;

Жетимди жылатып жумыс еттирип,
Басып урып, ақыл ҳуўшын кетирип,



Ыза берип, сүйекке азап жеткерип,
Пақырды қысқанға азап берермен»

деп азатлық жолындағы гүреске атланыўға шақырды.
Бул Омардың өзине тән азатлық жолындағы ҳаўазы
болыўы мүмкин. Бунын да тийкары бар. Ол 1900-жыл-
лардың шамасында өзиндей жарлы жигитлер менен
Ташкент, Қызыл Орда жақларға барып, жаңа салынып
атырған темир жол қурылысында ислейди. Онда ислеп
атырған жумысшылардың аўыр турмыслары менен та-
нысады ҳәм алдыңғы қатар жумысшы адамлардың жаў-
ынгершил көз қарасларынан ибрат алыўы гүмансыз.
Бул көз-қарас оның қосықларына тәсир етпей қалыўы
мүмкин емес. Сонлықтан да Омардың қосықларында
жаңашыл сағымлардың сәўлелери елеслейди.
Бул жағынан Омардың шығармалары балаларды натық-
болмай гүресшең болыўға шақырыўы менен қунлы.

**АННАҚУЛ.** XX әсир басындағы турмыс көринисин
әдил көрсетиўде Аннақул шайырдында (1860 — 1916)
шығармалары балалар ушын ибрат аларлық. Ол өзи
бала болып өскен үлке «Көк өзек бойын» балалық му-
ҳаббат пенен сүйеди де, ондағы аўыр турмыстың зәр-
дабын «Кетермен» қосығында сүўретлейди. Ал, «Қазыў-
да», «Ораз алды» қосықларында үстем класс ўәкилле-
риниң пухараға қылған қысымын ашық сүўретлеўлери
балалар оқыўында жасларды өтмиштиң аянышлы көри-
нислери менен таныстырыўда әҳмийетке ийе.

**СЫДЫҚ.** XIX әсирдиң аяғы XX әсирдиң басындағы
турмысты өз ҳалында қалай болса сол көринисинде көр-
сетиў бойынша Сыдық Тоқпан улының (1857 — 1917)
шығармалары да Аннақулға үнлес болып келеди. Сы-
дықтың Аннақулдан бир өзгешелиги — оның шығарма-
ларында күлки ҳәзил сықақлар Аннақулдың шығарма-
ларына қарағанда өткирлеў болып, балалардың оқыўы-
на жеңил, қызықлы ҳәм өзине тартқыш қәсийетке ийе.
Шайыр күлки-ҳәзил сықақлары арқалы балаларға тур-
мыстың анаў я мынаў тараўларынан белгили дәрежеде
дурыс түсиниклер береди. Сыдық «Қус» деген қосығын-
да бай ҳәм сықмар бир адамды:

Тай басқан екен қусыңды,
Сөйтип қуртыпты пысыңды,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Үйренген әдет қалама,
Көтере бер мушыңды. . .

деп күлкиге алып, оларға:

Түлетип қусты арықтан,
Қәлпелер жаман тарыққан,
Қырғаўыл, қоян не керек,
Шымшық устай бер жарықтан, —

деп сықақлайды.

Бул балаларға ҳәм күлки, ҳәм жәмийеттеги сықмар пейили тар адамлардың әдетин әшкара етип, олардың жаман әдетлеринен сақланыўға түсиниклер уқтырады. Олардың айрым қатарлары нақыл-мақалларға да айланған. Ямаса Пирман деген бай менен қара күшин жаллап шерик болған бир жарлының тилинен:

Шерик болдым Пирман менен,
Өтти өмирим әрман менен,
Түсликке берер бир зағара,
Қурсақ қатар жармаң менен», —

деп айта салады да, әпиўайы, бирақ өткир тил менен сықмар үстинен күлдиреди. Бундай жеңил ҳәм сықақлы өткирлилик пенен халықлық әпиўайылылық оның «Әбий сағал» қосығына да тән. Онда үй турмысы ғурғын болса да ашкөзлик етип, жүўери бас урлаған байдың үстинен жас балаларды күлдиреди:

«Әбий сағал бас урлайды,
Үлкен атыз тасырлайды,
Көрген бала жасырмайды,
Бийдабырай Әбий сағал.
Жүўери басты етеклеўде,
Саманбетжан жетеклеўде
Көрген балалар кесеклеўде,
Көп шерменде болдың сағал», —

деп күледи, халықты да, балаларды да күлдиреди.

**САРЫБАЙ.** XIX әсирдиң екинши ярымындағы қарақалпақ классик шайырларынан өзгешелиги менен орын алатуғын Сарыбай Оразша улы /1830 — 1898/ Арал теңизиниң түслик жағалаўында жасап балықшылық, дийханшылық, күнликшилик етип жүрип, өз шығармаларын дөреткен. Оның поэзиялық шығармалары көбинесе ҳәзилли болып келеди, де, ал мәнисине тереңирек сер сал-



ғанда сықаққа айланып, кем-кемнен мазмуны тереңлеп барады. Сарыбайдың сықақларында астарлы мәни көп. Қус ҳәм өзи арқалы басқа гейпара адамлардың минез-қулқындағы кемшиликлерди әшкаралайды. Оны дүзетиў ушын намысына тийип көреди. Бул жағынан Сарыбайдың сықақлары күшли тәсирли болып, жасаған жәмийетиндеги жағдайларды, класслық қарама-қарсылықларды, теңсизлик турмысты рус тымсалшысы И. А. Крыловтай шеберлеп суўретлеў арқалы дәслепки тымсалшылардың бири ретинде көзге тасланады.

Балалар ҳақыйқатында усындай қызықлы сюжетли тымсалларды да сүйип оқыйды. Шығарманың астарлы мәнисине өзлериниң күнделикли турмысында ушырасатуғын шымшық, жарғанат ҳәм басқада қуслар арқалы кем-кемнен түсинип, олардың сыпатлас бир келбети /прообраз/ ретинде класслық жәмийеттеги теңсизликлердиң ҳәм оны ислеп отырған айыпкерлердиң үстинен күледи. Бул күтә тәсирли. Сарыбайдыңсораўларына шымшық:

Етимди шақты сур жылан,
Менде сендей жәбир улан,
Булар шаян, мийде болған,
Сорасаң жуўап айтарман,

/дурысы, мийде ойнаған/.

Бул жерде шайыр класслық жәмийетте ҳәркимниң өз жаўы, өз душпаны бар дегенди айтпақшы. Сарыбай, шымшыққа, «өлгенге мегзер келбетиң, пәрсиз қызыл шақа етиң» деп мин таққысы келеди. Оған шымшық:

«Қалай сизиң ҳалларыңыз?
Жетип турма қолларыңыз?
Меннен тәўирме балларыңыз?
«Соны айт мен айтарман», —

деп ҳақыйқат класслық жәмийеттеги әдалатсыз көриниcти өткирирек етип ашып таслайды. Шымшық зарын айтса, Сарыбай оған:

«Еки қанат — тәрезиң бар,
Сениң неден гәрезиң бар,
Бир уяда бир өзиң бар,
Сорасаң жуўап айтарман» —

деп ҳәтте өзиниң ҳалынан шымшықтың ҳалы да жақсы екенине көзи қызади. Сөйтип шайыр шымшыққа «Се-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ниң көрген күниң мениң жағдайымнан тәўир» деп көп-синсе, шымшық оған:

«Биз аш болдық дән әкеп бер,
Усыны саған айтарман» —

деп «жылағанның алдынан өкирген шыққандай» етип налынады. Сарыбай кепек, қаўықтан басқа ҳешнәрсем жоқ, дән табылса өзим де жегендеймен дейди. Шымшық сонда Сарыбайға:

Айтқан мәзи сөзиң екен,
Қызыл шақа өзиң екен,
Жаўдыраған көзиң екен,
Дән таппасаң сен Сарыбай, —

деп үнлес, муңлас екенин билдиреди. Бул жерде Сарыбай үстем класстан ғәрезли езилиўши класс адамларының, мейли ол ким болса да бәрибир ғәрезли, үнлес, муңлас екенин айтады. Сарыбайдың «Жарғанат пенен айтысыў» қосығы да патшалардың пухараға қысымын көрсетеди. Заман көринисин бундай тымсаллар арқалы көрсетиў балалардың сана-сезимин кеңейтиўге, ҳәрбир ўақыя үстинде ойланыўына жақсы жағдайлар жасап береди.

**ГУЛМУРАТ.** Сарыбайдың алыстан хат арқалы қосық жазысып айтысқан заманласы Гулмурат шайырдың /1832 — 1897/ қосықлары да өз дәўириниң шайырларының шығармаларына үнлес болып келеди. Гүлмураттың терең мазмунлы, ықшам қосықларында заман теңсизлиги, аўыр турмыс шайырдың өзине тән усыл менен сүўретленип, келешек әдил заманға талпыныў ҳаўазлары басым. «Қайраўда жалғыз ғаз» қосығында:

Қайраўда бир ғаз тур қанатын қағып,
Ғаңқылдайды еки көзден қан ағып,
Аяқтағы жипти шайнап жәниўар,
Өз еркиме кетсем дейди ығағып».

Бул тек ғаздың емес, ал адамзаттың азатлық өмирге талпыныўы. Бул тымсаллық уғым жағынан Гүлмураттың «Қайраўда жалғыз ғаз» қосығы заманласы Сарыбай шайырдың тымсаллары менен үнлесип, ушласып жатады. Лекин Гулмураттың қайраўдағы жалғыз ғазы



өткинши ғазлар топарына қосылып кетиўди әрман етип
ғаңқылдаса аяқ баўы шешилмейди. Өткинши ғазлар оны
қыйып таслап кете алмай оның қасына қонса, буққы тас-
лаған мергенлер гүнасыз ғазларды атады. Бунда шайыр
үстем класстың ҳәрқыйлы ҳийлекер ҳәкимлериниң түр-
ли-түрли тәсил салып, пухараның қанын соратуғыны
аяныўлы түс салады. Бирақ ол келешекке исеним ме-
нен жырланады.

## 1917-ЖЫЛҒЫ ТӨҢКЕРИСТЕН БУРЫНҒЫ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ӨЗ-АРА БАЙЛАНЫСЫ МӘСЕЛЕЛЕРИНЕ

Төңкеристен бурынғы жылларда қарақалпақ бала-
лар әдебиятында балалар оқыўы тараўы басым болға-
ны сезилсе, ал бул әдебияттың тутас алғанда пайда
болыўының тийкарғы дереклериниң тамыры узақ дәўир-
лерге кетеди. Әдебий байланысқа келсек, тарийхый мағ-
лыўматларға қарағанда қарақалпақлардың ата-
бабаларының тарийхы Орта Азия, Қазақстан, Урал ҳәм
Поволжье, әййемги Киев Руси халықларының тарийхы
менен байланыслы. Әййемги Хорезм ҳәм Бухара, Самар-
қанд ҳәм Қарши — Сурхан өнерлери, рус ҳәм басқа да
халықлардың саяхатшылары, этнографларының қара-
қалпақлар ҳаққында жазба материаллары (Каракал-
паки, Ташкент, 1971), рус жазыўшыларының шығарма-
ларынан, А. С. Пушкиниң, «Балықшы ҳәм алтын ба-
лық ҳаққында ертек «халықлық оқыў» деп аталған
оқыўда Петро — Александровск /Төрткүл/ қаласында
оқылыўы (газета, «Туркестанские ведомости», 1902 г.
15-декабрь. №100), әлбетте әдебиятқа, оның ишинде ба-
лалар әдебиятына, әсиресе оның балалар оқыўы тараўы-
на тәсирин тийгизбей тура алмайтуғыны тәбийғый қу-
былыс. Қарақалпақ халқының басқа халықлар менен
бундай қатнаслары өз гезегинде бир-бирине де турмыс-
тың барлық тараўында, соның ишинде әдебиятта да тә-
сир ете алмай туралмайды. Ҳәтте «Хийўа ханлығында
жасаўшы қарақалпақлар. . . өзлериниң қызларын өзбек-
лерге, қырғызларға ерге берген ҳәм өзлери олардың қыз-
ларына үйленген. («Военный сборник. 1874г. №9 стр.
105). Көп ғана дәстанларды ортақласқан, уллы классик-
лердиң шығармаларын сүйип оқысқан (Каракалпаки в
18 — 19 вв. 1968г, стр. 169).
Қарақалпақ оқыўшылары демократ Фурхаттың шы-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ғармаларын оқыған, ағартыўшы Ибрай Алтынсарынның оқыў қуралларынан пайдаланған. Ал төңкеристен бурын азербайжан тилинде шыққан «Молла Насретдин» журналы тарап, ол әсиресе 1911-жыллары қарақалпақлар арасына көплеп келе баслаған. Бул журнал революцияшыл руўҳқа бөленген. /Қасимов М. Журнал «Мулла Насретдин. Баку, 1960 стр. 6/. Ҳамзаның, Жамбылдың, С. Мухановтың, Б. Кербабаевтың шығармалары қарақалпақ балалары арасына кеңнен таралған. /Урунбаев Ж. История школы каракалпакии, 1965 г. , стр. 96 — 109/. Буннан соңғы жыллары рус ҳәм басқада туўысқан халықлар балалар әдебиятының ең жақсы үлгилери қарақалпақ тилине аўдарылып басып шығарылды. Мине бул факторлар менен қатар туўысқан халықлар семьясындағы турмыс, мәдений, әдебий байланыслар қарақалпақ балалар әдебиятының раўажланыўына үлкен өз-ара тәсирлер жасады.

Жуўмақлап айтқанда, классикалық әдебиятымыздың ўәкиллери де өзи жасаған класслық жәмийеттиң барлық социаллық, экономикалық теңсизликлерин ашып берип, онда жәбриў — жапалар шеккен езилиўши халық қатламларының арзыў — әрманларын, жақсы заман менен абадан турмысқа талпыныўларын бираз жағдайда балалар ҳәм жаслар турмысы менен қатар өз шығармаларында бинаятқа келтирген. Адамларды, адамлардың «өмир гүли» болған балаларды көркем шығармалар менен таныстырыў арнаўлы баспа сөзи жоқ қарақалпақларға аўызша да тарады, соның менен бир қатарда Бухара, Хийўа, Оренбург, Қазан қалаларына жөнеген баққаллар саўдасы арқалы да тарады. Шығыстың уллы шайыр ҳәм алым — уламаларының, Наўайының, Физулының суўпы Аллиярдың, Хожа Ахметтиң ҳәм басқалардың шығармалары қолдан көширилип те тарады. Олар медреселерде де оқытылды. Жаслар олардан ибрат алды. Буннан басқа бақсы — жыраўлардың қосық — қыссалары аўызша да тарады, жумбақ, ертек, аңызлар елден елге өтип барды, олар «көшпели сюжет» деп те аталды. Демек, балалар әдебиятының шығармалары аўызша түрде қоңсылар менен байланыста болды.



АЛТЫНШЫ БӨЛИМ

# ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎЫ

/1917 — 1940-ж.ж./

## ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ТУЎЫЛЫЎЫ

Жаңа дәўир дүзиминин талабына сәйкес қарақал-
пақ балалар әдебиятының туўылыўы тарийхый өзгеше-
лигине тийисли гейпара жағдайларға нәзер таслағанда
ол өзиниң тийкарғы сағаларын халқымыз әсирлер бойы
дөреткен оғада бай аўызеки әдебиятының дөретпелери
менен классикалық әдебиятымыз ўәкиллериниң қунлы
шығармаларының дәстүрий ҳәм шеберлик үлгилеринен,
сондай-ақ турмыс шынлығынан алады. Усының менен
қатар бул әдебияттың раўажланыўына шеберлик ҳәм
көркемлик жақтан толысыўына рус ҳәм басқа да туўыс-
қан халықлар балалар әдебиятының ең жақсы үлги-
лери де тәсир жасайды.

Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги қарақалпақ ўәлаят-
ында төңкеристен кейинги жаңа дүзим 1917-жылдың
декабрь айының орталарында жеңди, дәрьяның шеп
тәрепи Хийўа ханлығы қол астында қалды. Хийўада
төңкерис 1920-жылдың басында жеңип, халық респуб-
ликасы орнады. Соның ала Әмиўдәрьяның еки тәрепин-
деги қарақалпақ ўәлаятлары биригип, 1924-жылы Қа-
зақстан АССРы қурамында Қарақалпақ Автономиялы
областы дүзилди. Ол 1930-жылы 20-июльдда РСФСР
қурамына кирди, ал 1932-жылы ол Өзбекстан ССР ы
қурамына кирди. Солай етип қарақалпақ халқы мил-
лий мәдениятын көтериўге умтылды. 1925-жылға дей-
ин қарақалпақ балаларын оқытыўда сабақлықлар болма-
ды. 1928-жылға дейин жазыўшылар ҳәр түрли атта,
ҳәр түрли бағдарда жүрди. Илим изертлеў мәкемеле-
ри күтә әстен өсти. Балалар әдебиятының бурыннан
тәжирийбели кадрлары жоқ еди. Дәслепки баспа сөз
ушын алып киятырған типография ҳәриплерин де душ-
панлар Арал теңизине шөктирип жиберди. Усылар ҳәм



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

усыған усаған көп санлы қыйыншылық жағдайлар жаңа балалар әдебиятының тезирек қәлиплесиўине әдеўир жағдайда иркинишлер жасады.

Бул қыйыншылықларға қарамастан жаңа миллет сиясатына туўысқан халықлардың шын мәнисиндеги дослық жәрдемлерине сүйене отырып, Қарақалпақстанда мәдeният ен жая баслады. 1924-жылы «Еркин қарақалпақ» /ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан»/ газетасы шықты. Ташкентте қарақалпақ жазыўшысы ҳәм ағартыўшысы (Қ. Әўезовтиң өтиниши ҳәм жолламасы менен) С. Мәжитов тәрепинен дүзилген биринши «Әлипбе», «Егеделер саўаты», «Әдебият оқыўлығы» усаған сабақлықлар шығарыла баслады.

Қарақалпақ шайыр ҳәм жазыўшылары жергиликли баспа сөзлеринде биринши рет өз шығармаларын өз ана тилинде оқыўға жәриялаўға мүмкиншиликлер алды. Мектеплер ашыў, китаплар басып шығарыў, алфавитти қәлиплестириў усаған үлкен жумыслар исленди. Жаңа ашылған мектеплерде басқа сабақлар менен қатар қарақалпақ тили ҳәм әдебияты оқытылды. Балаларды тәрбиялаў исинде Қарақалпақстанда Совет властының дәслепки жылларындағы белгили жазыўшылар ҳәм мәмлекетлик искерлери болған А. Досназаров, Қ. Әўезов, А. Қудабаев, С. Мәжитов, Қ. Нурмухамедов ҳәм басқалардың хызметлери оғада уллы.

Жас қарақалпақ жазыўшылары өсип шыға баслады. Олар халық аўыз еки әдебияты, классикалық әдебият пенен әсирлер бойы мәдений, әдебий байланыста болған рус, өзбек, қазақ, татар ҳәм басқа да туўысқан халықлар әдебиятының жақсы дәстүрлерин қунтлы түрде пайдаланып, балалар ушын өз шығармаларын дөрете баслады.

20 — 30-жыллар әдебиятында балалар ушын поэзия, проза ҳәм басқада жанрларда әдеўир шығармалар дөреди. Қарақалпақлардың ҳәзирги балалар әдебиятының туўылыўына жоқарыда атап өтилген баспа сөздиң атқарған хызмети оғада үлкен. Сол жылларда жазылған С. Мәжитовтың «Оқыўға кел», «Жаслар» /1925-ж./ Х. Ахметовтың «Қурдаслар» /1928ж/, Н. Дәўқараевтың «Көп күнлердиң биреўи» /1929-ж./, «Интернатта» /1935-ж./, Ә. Шамуратовтың «Ески мектепте» (повесть, 1939-ж жазылды, 1940-жылы «Әдебий альманахта басылды) шығармалары балаларды келешекке шақырады.



Бул шығармаларда сүўретленген ўақыяларда заман көриниси өзине тән өзгешеликлери менен ашып бериледи.

Бул ўақытлардағы балалар әдебиятының алдына қойған ўазыйпасы — Уллы Октябрь төңкерисиниң жеңисин. партияның халыққа ғамхорлығын, рабочийлар менен дийханлардың жаңа турмысқа умтылыўын жырлаў, насиятлаў, оған үлкен сиясий мәни бериўден ибарат еди. Буларды балаларға қонымлы етип сездириў зәрүр еди. Егер бул көрсетпелер орынланбаса, онда олар шығармада емес, әдебиятта емес деп қаралды. Булар сол дәўирдиң қубылысы еди.

Сол жыллары ғалаба пионер ҳәрекети де кең ен жайды. Биринши пионер отряды 1924-жылы октябрь айында Төрткүл балалар үйиниң қасынан дүзилди ҳәм ол «Қ. Маркс атындағы отряд» деп аталған. Шымбай, Қоңырат қалаларындағы балалар үйлери қасынан да пионер отрядлары дүзилген. Усыннан баслап пионер отрядлары дүзиў барлық аўыл, қалаларда ен жайған. Дәслепки ўақытлары Оренбургтан «Пионер» /1925./, Ташкенттен «Жас ғайрат» /1924-ж/, Қызыл Ордадан «Ленишил жас» /1926-ж./, «Жаңа мектеп» (1925-ж.) атымен қазақ тилинде шығарылған журналлардан пайдаланған. Соңынан Қ. Әўезов, Қ. Нурмухамедовтың тиккелей басшылығы менен ҳәм өтиниши менен 1932-жылы қарақалпақ тилинде «Мийнет әдебияты» /ҳәзирги «Әмиўдәрья» журналы/, «Жеткиншек», «Жас Ленинши» газеталары шығарылып, балалар өз ана тилинде шығатуғын баспа сөзине ийе болды. 1928-жылдың екинши ярымынан баслап қол жазба түринде қарақалпақ тилинде шығарыла баслаған «Қызыл муғаллим» журналы да жазыўшыларымыздың балаларға арналған тәрбиялық тәсири күшли шығармаларын жәриялаўға мүмкиншиликлер берди. Аты аталған журналлар менен газеталарда пионерди оқытыў, тәрбиялаў жумысына байланыслы ҳәр қыйлы көрсетпелер, жүз берген жаңалықлар, оқыў тәрбия системасы ҳәм басқалар жәрияланады.

Жаңа қарақалпақ әдебиятында Аяпберген Муўсаев, Қасым Әўезов, Сейфулғабит Мәжитов, Нәжим Дәўқараев, Асан Бегимов, Аббаз, Садық шайырлар, Қудайберген Жебеген улы, Жолмурза Аймурзаев, Әмет Шамуратов, Мырзағалий Дәрибаев, Дәли Назбергенов, Наўрыз Жапақов, Сәрсен Қурбаниязов, Артық Шамуратов ҳәм басқалар белгили жазыўшылар болды. Бул



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жазыўшылар балалар ушын да шығармалар жазды. Булар балалар әдебиятының ғәзийнесине де кирди.

А. С. Макаренконың «балалар» әдебиятының «Үлкенлер» әдебиятынан айрықшалығы — онда не туўралы гүрриң етилетуғынлығына емес, ал қалайынша гүрриң етилетуғынлығына ғәрезли» (САПН, 7. стр. 184.) дегениндей жазыўшылардың жаңа темадағы турмыс шын сүўретленген ең жақсы шығармаларын балалар үлкен йош пенен қабыл етти.

Ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының туўылыўы ҳәм қәлиплесе баслаў жылларында мынадай еки жағдай сезилгенин байқаймыз: олардың биреўи үлкен жастағылардың балалар ҳаққында айтқан қосықлары. Буларда көбинесе балаларға ҳәр түрли турмыс тараўларынан нәсиятлар, сезимлер бериледи. Бундай қосықларда аўызеки әдебиятымыздың поэзия жанрындағы миллий дәстүр жаңа түрге енеди. Бундай қосықларға С. Мәжитовтың «Жасларға», «Туўрылық ҳәм қалпаллық», «Оқыўға кел», «Оқыўдандур», соңырақ А. Дабыловтың «Билимлен», С. Нурымбетовтың бир қатар қосықлары киреди. Бундай қосықларда нәсият басым түрде келеди.

Балалар поэзиясындағы шығармалардың екинши бир топарын балалардың өз тилинен айтылатуғын тиккелей балалар қосықлары қурайды. Бундай қосықларда аўызеки әдебиятымыздағы поэзиялық миллий дәстүр жаңа мазмун ҳәм түрге енип сиңисип барады. Бул жағдай, әсиресе, соңғы ўақтағы дөрелген қосықларда жақсы раўажланған. А. С. Макаренко айтқандай бундай қосықларда балалар турмысын, «мынаны үлкенлер айтқан екен, мынаны балалардың өзи айтқан екен» деп шеклеўге болмайды. Олар бир-бири менен байланыслы, сонлықтан буны «балалар» тематикасының айтарлықтай ҳақыйқат ҳәм өзиншелик түрде шеклениўи деп көрсетиўге болмайды». Өйткени балалар жақсы шығарманы қабыл етеди. Сонлықтан мынаў үлкенлер әдебиятының темасы, ал мынаў «балалар әдебиятының темасы» деп шеклеўге болмайды. Олар балалар әдебиятындағы балалар оқыўы деген тараўға киреди. Ол заңлы әдебий қубылыс.

Сол жыллары балалар ушын хор менен айтылатуғын ҳәм жекке атқарылатуғын көп ғана нама қосықлары дөреди. Олардың тематикасы сол дәўир дузиминиң тапсырмасы бойынша Октябрь, Ленин, партия, комсомол,



пионер, Қызыл Армия, Буденныйшылар ҳәм басқалардан ибарат болды. Балалар бул жаңа қосықларды үлкен йош пенен айтатуғын еди. Айттыратуғын да еди.

Жуўмақлап айтқанда жаңа мазмундағы майда қосықлар дөреп, оларда нәсият басым болса, ол соңынала сюжетли қосыққа дейин раўажлана берди. Қосықлардың мазмуны ҳәм түри жетилисти. Әдебияттағы партиялық, халықлық, гражданлық принцип қатаң талап етилди. Соның менен бирге балалар әдебиятының талабы да асты. Балалардың минез-қулық өзгешеликлерине сәйкес оның қосықларынында өзгешеликлерин сақлаўға, шығармалардағы шеберликлерди асырыўға талапланылды.

Балалар әдебиятының поэзия жанры тағы да бир жаңа әдебий қубылыс — поэмалардың дөреўи менен байыды. Олардың қатарында Ж. Сейтназаровтың «Ли Шанг» («Жеткиншек», 1939-ж. 25 август/, Ж. Сапаровтың «Серт»,/«Жеткиншек», 1940ж. 3 — 8 июль), Д. Назбергеновтың «Жаслық жыры» («Жеткиншек», 1939-ж. 12-август) поэмалары бар.

Ҳәр қандай миллий әдебияттың кең түрде раўажланыў дәрежесин сол әдебияттың проза жанрыда белгилеп береди. Бул әдебий ағыс қарақалпақ балалар әдебиятына да тийисли.

Ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының туўылыўы ҳәм қәлиплесиўинде балалар прозасы поэзиядан кейинирек көрине баслады, ал соңын ала балалар әдебиятының проза жанрының әдеўир дәрежеде раўажлана басланғаны байқалады, бирақ улыўма проза жанры оның гүрриң, очерк түрлери әллеқашан 20-жыллары пайда бола баслады. Балалар әдебиятында олар жанр түринетинде кем-кемнен раўажланып, балалар әдебиятының жанрлық жақтан толысыўына тәсир жасады. Олардың қатарында С. Мәжитовтың, Н. Дәўқараевтың гүррицлери, Ә. Шамуратовтың повестьлери ҳәм басқалар бар. Сол жылларғы гүрриңлерде еле фольклорлық шығармалардың тәсири, ўақыяны баянлап бериўшилик, нәсиятгөйлик басым еди. Гүриңлердиң темасы майда, композициялық қурылыслары күтә әпиўайы еди. Деген менен бул гүррицлердиң өз-дәўирлери ушын керек шығармалар болғанын бийкарлаўға болмайды. Очерклер де усы тәқилетте болады, ал повестьлерде мазмун жағынан тәсиршеңлик басым болып келеди.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Усы жыллары балалар әдебияты драма жанрының пайда болыўы менен де өсти. Оның пайда болыў өзгешелиги — жас тамашагөйлер театрының ашылыўы, жас өскерлер кружокларының шөлкемлесиўи менен байланыслы. Драмалар қол жазба түринде көбирек тарқалған. Солай етип, поэзия, проза, драма жанры пайда болып, тутас жаңа балалар әдебияты болып туўылыўға қарады. Усының менен бир қатарда жазыўшылардың әдебий шеберлиги де өсе баслады. Олар М. Горькийдиң «Мен нәресте менен «әжик гүжик» болып сөйлесиў керек деймен» дегениндей балалардың дыққатына ылайық шығармалар дөретиўге талапланады.

1918 — 1940-жыллардағы қарақалпақ балалар әдебиятының туўылыўына ҳәм қәлиплесиўине жазыўшыларымыздың дөретпелерине рус тилинен аўдарылған шығармалар, олардың шеберликлери де үлкен тәсир жасады. Олардың қатарында Л. Толстойдың көп гүрриңлериниң аўдармалары бар. 30 — 40-жыллары балалар әдебиятының ең көрнекли ўәкиллери ҳәм олардың шығармаларынан М. Горькийдиң «Челкаш», В. Маяковскийдиң «Ким болсам екен?», «Жақсы деген не, жаман деген не?», С. Михалковтың «Фома», Л. Кассильдиң «Буденныйшылар», А. Бартоның «Санағыш», «Жылаўық қыз», «Патас қыз, З. Александрованың «Бизиң ели», «Чапаевтың өлими», В. Смирнованың «Жолдас Серго», ағайинли В. ҳәм Я. Гриммлердиң ертеклери «Батыр тигиўши», «Алтын ғаз», В. Гаршинниң «Саяхатшы қурбақа», «Сигнал», А. Гайдардың «Төртинши блиндаж», сондай-ақ В. Гюгоның «Гаврош», «Козета», А. С. Пушкинниң «Станция гүзетшиси», «Поп ҳәм оның хызметкери Балда ҳаққында ертек», А. Чеховтың «Қашқын», Раке Е. Рудольф Эрихтиң «Мюнхеўзенниң басынан кеширгенлери», И. Успенскийдиң «Батыр тышқан», Л. Квитконың «Ворошиловқа хат» гүрриңлери, «Әлий баба ҳәм қырық қарақшы» деген бир қатар ертеклер және көп санлы балалар шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылған. Балалар ушын шаршамай талмай бул шығармаларды қарақалпақ тилине айдарған ҳәм бастырып шығарған М. Зарикеев, М. Кәлменов, С. Хамидуллина, И. С. Майоров, Қ. Ирманов Қ. Айымбетов ҳәм басқа да аўдармашылардың мийнетлери дыққатқа ылайық. Әсирисе М. Зарикеев ҳәм М. Қәлменовтың (Қәлмен улы) аўдармаларында түп нусқалық руўхы пухта сақланған



ҳәм барлық аўдармадағы қарақалпақ тилиниң миллий маңызы, жақсы орын алған. Бул шығармаларды басып шығарыўда, китапларды көркем түрде безеўде Москвадағы «Детгиздат» айтарлықтай жумыс ислеген. Солай етип туўысқан халықлар балалар әдебиятының көрнекли ўәкиллериниң ең жақсы шығармалары да ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында көп ғана жанрлардың туўылыўына унамлы тәсир жасады.

Ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының туўылыўы ҳәм тутас әдебият болып қәлиплесиўине және буннан былай да раўажланыўына турмыс шынлығы тийкар болып хызмет етеди. Усының менен бир қатарда рус ҳәм туўысқан халықлар әдебиятларының өз-ара байланысы және тәсирлери ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының дөреўинде айқын көринеди.

Жуўмақлап айтқанда, ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында ең дәслепки поэзиялық, прозалық шығармалар жаңа мазмунда XX әсирдиң 20 жылларының орталарынан баслап дөреди. 30 жылларға қарай поэзия жанры, драмалар, аўдарма әдебиятлар әдеўир дәрежеде раўажланып, балалар әдебияты жанрлар бойынша толығысты. Дәслепки шығармаларда нәсиятгөйлик басым еди, ал 30-жылларға қарай балаларға арнап дөрелген шығармаларда балалардың ой-сезимлерин өзлериниң тили арқалы көркем түрде бериў, олардың ишки дүньясын жоқары келешекке көтеретуғын гөззаллық сезимлерди оятыў, балалардың аң-сезимине тереңирек кирип барыў усаған қубылыслар ҳәртүрли жанрда да көрине баслады. Булардың ҳәммеси жазыўшылардың шеберлигиниң өсиўине де тәсир жасады.

Балалар әдебиятының саны да 30-жыллары көрине баслады. Солай етип 30 — 40-жылларда ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебияты көпшилик жанрлар бойынша туўылды ҳәм тутас әдебият болып қәлиплести деп айтыўға ҳақылымыз.

## СЕЙФУЛҒАБИТ МӘЖИТОВ

**(1869 — 1938-ж.)**

Аяпберген Муўсаев, Қасым Әўезовлар менен бир қатарда шығармаларының салмағы ҳәм жәмийетлик хызмети жағынан Сейфулғабит Мәжитов ҳәзирги қара-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қалпақ әдебиятының тийкарын салыўшылардың бири болып есапланады.

Сейфулғабит Мәжитов (1869—1938) көп жыллық әдебий дөретиўшилик хызмети менен ҳәзирги қарақалпақ әдебиятының белгили баслаўшы ўәкиллериниң бири, биринши драматург, биринши прозаик сыпатында көринеди. Соның менен бирге ол ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының пайда болыўына үлкен үлес қосқан балалар шайыры ҳәм прозаиги, балалар ҳәўескерлер кружоклары ушын биринши рет кишкене пьесалар жазған драматург (Қ. Айымбетовтың еске түсириўлеринен). С. Мәжитов 1929-жыллардың ақыры, 1930-жыллардың басларында балаларға арнап бир қанша ертек, гүррииңлерден ибарат көп ғана прозалық шығармалар дөреткен (Таңламалы шығармалары, Нөкис, 1965.).

Сейфулғабит Мәжитов жоқарыда көрсетилгениндей-ақ қарақалпақ әдебиятының үлкен ўәкиллериниң бири болып табылады Ол сол жыллардағы ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында, оның бир тараўы болған ҳәзирги балалар әдебиятында, күни бүгинге дейин гөнермейтуғын баҳалы шығармалары менен көзге түсти. Оның қәлеминен XX әсирдиң 20-жылларының басларында-ақ балаларды оқыўға, билим алыўға шақыратуғын жалынлы поэзия дөреди. Әсиресе оның «Оқыўға кел» қосығында әсирлер бойы артта қалған қарақалпақ мийнеткешлериниң балаларына қарата!

«Билиминиң жолын тосайық,
Биз де билген ел усайық,
Бирге туўғандай бас қосайық».

деп айтқан жалынлы сөзлеринде жаңлайды. Бул ҳәзирде балаларды дослық руўхында тәрбиялаў исинде жаўынгер шақырық болып табылады. Шайыр балалар ушын ҳәрбир истиң жөнин билиў, алыс-жуўықты байқап көриў, бийкарға жүрмеў, аш жалаңашлықтан қутылыў ҳәм басқалардың ҳәммеси «оқыўландур» (39-бет) деген жуўмаққа келип, жаслар ушын оқыўдың зәрүр екенин айтады. Балаларға арналған шығармаларының көпшилигинде жасларды оқыўға, азатлық таңында ояныўға, алға жүриўге, жумысшылар менен дийханлар жеңип алған ҳәкимиятты беккем сақлаўға шақырады. «Ол



«Жасларға» деген қосығында жасларды ел қорғаўға, илимди ийелеўге, парахатшылықты беккем орнатыўға шақырады, өткен ерлер берип кеткен азатлық гүрес байрағын алға апарыўды нәсият етеди:

Өткен ерлердиң жолын қуў,
Бедеў мин, көтер қызыл туў,
Сақлап елиңди, сал қыйқыў,
Жарақлап, жаўға қарсылас»
(100-бет.

Шайыр 20-жыллардағы жағдайларды тереӊ түсиндириў ушын гә оқымай қалған адамлар тилинен «Пайдасын билиў» (140-бет), гә «Ағасынан инисине хат (141-бет) жаздырыў арқалы жасларды шаршамай талмай оқыўға шақырады:

«Мен надан болдым, сен болма,
Мениң жолымды сен қуўма,
Саў болсаң оқыўдан қалма,
Бол алғыр суңқарым мениң».
(Ағасынан инисине хат).

Ямаса нәсият жолы менен шайыр балаларға «Оқыў басқа ойын басқа» екенин дәлме-дәл мысаллар менен көрсетип, оларға мәниссиз ойыннан қашыўды «ықласлы жас билим алар», «Темирден алтынға айланар, буған түсинген балалар» деп, оқыўға ықлас қойыўды нәсият етеди:

«Оқыўға зейин берейик,
Ығбалды сынап көрейик,
Ўақтын таўын бежерейик,
Оқыў басқа, ойын басқа»
(149-бет).

С. Мәжитов балаларға арналған шығармаларында балаларының оқыўына қызыққан менен ишки душпанлардың терис пикир сөзине ерген гейпара ата-аналарға да оқыўдың пайдалы екенин түсиндирген жаўынгер ағартыўшы шайыр болды. «Қызларға» қосығында:

Бул жолда жарағың билик,
Билимге ҳеш келмес илик,
Ел ҳуқықы еркиншилик,
Түспесин талана қызлар...



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Хызметтиң ийеси жаслар,
Келистирмес оннан өңге» (147-бет.)

«Келер күнге»

Аты аталған шығармалары орта жастағы мектеп балаларының турмысын көрсетиўден ибарат.

С. Мәжитовтың балалар әдебиятындағы бир шеберлиги сонда, ол киши мектеп жасындағы балалар тилинен айтылатуғын қосықларды ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында биринши рет дөретиўшилерден болып есапланады. Әлбетте, фольклорлық шығармаларда («Түлкишек» «Ҳа түйелер, түйелер», «Ҳәкке қайда», «Әўелемен — дүўелемен», «Өтирик өлең» т. б.) балалардың өз атқарыўында айтылатуғын қосықларды халық дөреткени мәлим. Классикалық әдебиятымызда да олардың гейпара үлгилерин көрдик. Ал, турмысты сүўретлеў тийкарында балалардың өз тилинен айтылатуғын балалар қосықлары биринши рет Сейфулғабит Мәжитов тәрепинен дөреди. «Ҳал сораў» деген қосығында Кәриймa деген оқыўшы қыз күтә қапа болып бултыйып турады. Қоблан деген бир класслас жолдасы Кәриймадан қапа болыўының себебин сорайды:

Ҳаў Кәриймa не болып тур?
Өләмата қапа болып,
Биреў саған урыстыма?
Аға, болып, апа болып?

Шайыр «Қапалық себеби» деген қосықта кишкене Кәрийманың тилинен жуўап береди.

С. Мәжитов рус ҳәм басқа да туўысқан халықлар поэзиясындағы ең жақсы үлгилерди қарақалпақ тилине аўдарып, балалар оқыўына ендирген шайыр да. Оның поэзия тараўындағы аўдармаларының қатарына Кольцовтан аўдарған дийханлардың, олардың балаларының турмысы ҳаққындағы қосықлары жатады. Дурыс, С. Мәжитовтың бул қосықларды күтә еркин аўдарғаны сезиледи.

Мәжитов ҳәзирги Қарақалпақ балалар әдебиятында проза жанрының туўылыўына да үлес қосқан жазыўшыларымыздың бири Ол халық мийрасларын, ертеклерди, аңызларды жыйнаған ҳәм өзиде гүрриңлер дөретип оларды ҳәр қыйлы оқыўлық әдебиятларда бастырып шығарған.



...əслеп көп ғана қарақалпақ жазыўшыларындай-ақ С.
...әжитов та балалар ушын бир қанша гүрриңлер жазды
...әм олардың биразын өзиниң авторлығындағы «Әлипбе»
(Ташкент. 1925-ж), «Қарақалпақ әдебиятының жыйын-
...тығы» (Төрткүл, 1928-ж.) китапларында бастырып
...шығарды. Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының
...академиги әдебиятшы М. К. Нурмухамедов Қарақалпақ
...прозасы Октябрь төңкерисиниң жемиси, ол 20-жыллардың
...екинши ярымында туўылды (Ташкент. 1968 стр. 10)
...деп көрсеткен еди. С. Мәжитовтың прозалық шығарма-
...ларыда бул пикирди тастыйықлайды ҳәм булар бала-
...лар әдебиятында проза жанрының туўылыўына қосыл-
...ған белгили прозалық шығармалардың бир қатарын қу-
...райды.

С. Мәжитовтың балаларға арналған прозалық шы-
...ғармаларында қарақалпақ фольклорлық шығармалары-
...ның тәсирлери күшли болып келеди. Оның бир қатар
...гүрриңлеринде, оқыў китабында ,Ташкент, 1925) жас
...лардың саўат ашыў ҳәм оқып жатлығыўы ушын бала-
...ларды көбирек тәсирлендиретуғын тәбият көринислери-
...не, ҳайўанатлар турмысына, олардың қылықларына
...ҳәм тағы басқаларына қызықтырып, ҳәр бир гүррињинде
...белгили уғымды билдириўге ҳәрекет етеди. Бул гүрриң-
...лер күтә кишкене болып, сол дәўирдиң ҳәм ондағы киш-
...кене балалардың жас өзгешеликлери менен түсиник
дәрежелерине сәйкес келеди.

Бул гүррињлер балаларды оқыўға, саўат ашыўға
...жатлықтырыў мақсети ушын жазылған болса керек.
«Бөрик» (Ата менен бала: Нөкис, 1970. 18-бет) гүрриң-
...инде Кәримберди деген бала ағасының үлкен қурашын
...алып кийеди. Буны көрген «Әй, бөрик Кәримбердини
...қайда алып баратырсаң» деп күледи. «Айзада менен
Қәнигүл» («Түсимсиз бала», 34-бет) гүррињлеринде
...де кишкене ўақыялар балаларға қонымлы, түсиникли,
...жас дәрежелерине сәйкес болып келеди.

Ал, «Ата менен бала» гүррињинде атаның өзиниң
баласына берер нәсиятының дурыс болып шығатуғынын
билдирмекши болады. Ата менен баланың арасында
болатуғын улыўма жәмийетлик мәпти теңдей ойлаўдың
керек екени айтылмақшы болады. Мәселен, бул гүр-
риңде бала жолда түсип қалған тағаны алмайды, ал
атасы бул тағаны алып, жолда темиршиге сатады
ҳәм оның ақшасына жийде сатып алып, биримлеп жеп



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жүреди. Ал, атасының ақылын алмаған бала болса атасының қолынан, «ҳәтте жерге түскен жийделерди де терип алып жейди. Атасы оған: «Көрдиңбе балам, жаңа тағаны жерден бир жола еңкейип алмаға қыйналған един, соған алған жийдениң жерге түсип қалғанын онлаған жола енкейип алып жедиң деп балаға «аз ға қанаат қылмасаң, көптен қуры қаласаң» деген нәсият береди. Бул китаптағы «Тәкаббыршылық» (14-бет) гүррииңинде де, жазыўшы тымсал түринде, мақтаншақ қораз арқалы адамлар минез-қулқында ушырасатуғын кемшиликлерди әшкаралайды. Жеңген қораз мақтаныў өзин-өзи нәхән көрсетип, бийикке шығып марапатланып отырғанда, оны қаршыға қағып алып кетеди. Жазыўшы бул гүрриң арқалы «Менменге заўал, жүйрикке томар» деген жуўмақ жасайды. «Күлмегейсиз ғаррыға» (24-бет) гүррииңинде бир кисиниң еки баласы кемпир ғаррыларды ермеклеп, тәртипсизлик ислеп жүреди, жақсы нәсиятты тыңламайды. Сонда бул балалардың әкеси «енди мениң бул дүньяда турғым келмейди» депти. Балалары азар-бийзар болып, себебин сорайды. Әкеси «егер мен өлмей қартайғаншелли турсам, сизлерге уқсаған әдепсиз балалар ермек қылып, мазамды алар деп қорқаман» депти. Соннан берли ол балалар тәртипсизликти қойыпты. Жазыўшы бунда балаларға «ғаррыны сыйла, өзиң де ғарры боласаң» деп нәсият береди. Жазыўшы «Түсинген бала». (126 бет)» Дослық табысыў» гүррииңлеринде балаларды жақсы оқыўға, билим алыўға шақырады, ал «Халық сынаған балалар» (38-бет), «Ата ўәсияты» гүрриңлеринде балаларды жәмийетлик пайдалы мийнет етиўге сүйсиндиреди.

Жер жүзилик әдебияттағы прозалық шығармалардан балаларға арналғанларын қарақалпақ тилине аўдарғанлардың басламышысыда С. Мәжитов болып табылады, Ол ҳәзирги Қарақалпақ балалар әдебиятына, әтте улыўма ҳәзирги қарақалпақ әдебиятына Л. Толстойдың прозалық шығармаларынан аўдарып, биринши рет қарақалпақ тилинде жаңғыртады. Бул дәслепки аўдармалардың қатарына Л. Толстойдың «Еки сәўдагер», «Еки жолдас», «Бөри менен тырна», «Қаршыға менен қораз», «Алдаўыш», «Оқыған бала», «Алданған бөри», «Арыслан, бөри ҳәм түлки», гүрриңлери жатады. С. Мәжитов буларды «Әлипбе» (1925), «Қарақалпақ әдебияты жыйынтығы» (1928) китапларына киргизди.



Солай етип, қарақалпақ балалар әдебиятында аўдармалар ХХ-әсирдиң 20-жылларының орталарында пайда бола баслады.

Балалар әдебиятында драмалық жанрдың келешекте раўажланыўы ушын С. Мәжитов биринши рет қызықты ҳәм бул тараўда белгили излер қалдырды. Дурыс, оның «Үлкенлер әдебиятында», «Сабақ», «Жигит болдық», «Соңғы селтең», «Ерназар алакөз», «Бағдагүл» усаған пьесалары белгили салмақты ийелесе, ал балалар ҳәўескерлер кружоклары ушын қол жазба түринде тарқатылған кишкене пьесалары, инсценировкалары менен тақмақ түринде айтылатуғын сахналық шығармалары да болған. Олардың биразы балаларға үйирсек үй ҳайўанлары ҳаққында. Бәлким жазыўшы оларды қуўыршақ театрларына ылайықлы жазған болар:

«Ҳей яранлар, көрген барма,
Бизден тарғыл пышық кетти,
Үш күннен берман көринбей,
Несибеси қайда кетти?

Бир күшигим аты жоллы,
Бир пышығым болды қоллы,
Екеўи ойнар оңлы-соңлы,
Табылмай жүр, ҳайран етти

Күшик қапа жекке қалып,
Өлип қалдыма тыррыйып,
Көринбестен болды ғайып,
Қайсы бала алып кетти?»

Әмиўдәрья», №5, 1970. 67-бет, проф. Қ. Айымбетовтың еске түсириўинен. Қ. Айымбетов. Өткен күнлерден елеслер. Нөкис, 1972, 202-бет.) ҳәм басқада тақмақлары ҳәўескерлер (дөгереклериниң сахналарында балалар ушын қызықлы сезимталлы болып келген.

Солай етип, Сейфулғабит Мәжитов 20—30-жыллары әдебиятымыздың дәрежесинде Уатанымызды сүйиўди, халықты ҳәр тәреплеме саўатландырыўды, балалардың оқып билим алыўын, жоқары адамгершиликке тәрбияланыўын жырлады. Ол өз даўысына, стилине ийе болған талантлы шайыр, прозаик, драматург.

С. Мәжитовтың жоқарыда пикир айтылған шығармаларын оның орынын, салмағын есапқа алғанда оны

ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятын баслаўшыларының бири ҳәм бул әдебияттың 20-жылларда-ақ дөрей баслағанына тийкар салған жазыўшы деп айтыўға мүмкиншиликлер береди.

## НӘЖИМ ДӘЎҚАРАЕВ

### (1905 — 1953-ж.)

Н. Дәўқараевтың әдебий хызмети 1926-жыллардан басланады. Сол жыллары ол «Еңбекши қазақ», «Жаңа мектеп» журналларындағы шығармаларды оқыған ҳәм 1929-жылы «Жаңа мектеп» Қызыл Орда журналында «Көп күнлердиң биреўи» гүррinин бастырып шығарған.

Нәжим Дәўқараев қосық та жазды. Онын қәлемине «Кешеги бир күнлерде» (1929), «Ким билмейди Айшаны» (1933), «Өткеллерден өткенде» (1935) ҳәм басқада қосықлар тийисли. Соның менен қатар Н. Дәўқараев балаларға арнап «Интернатта» (1935), «Тойға барғанда» (1935), «Бағман», «Партизанлар» (1934) ҳәм басқада гүрринлерди дөретти. Бул гүрринлер қарақалпақ прозасының туўылыўы ҳәм қәлиплесиўинде, сондай-ақ ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының туўылыўында, оның жанрлық толысыўында үлкен күш болды. Жазыўшының бул шығармаларынан ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятындағы балалар оқыўы тараўына киретуғын арнаўлы үлес болып қосылатуғын «Ким билмейди, Айшаны» қосығын ҳәм «Интернатта» гүррinине нәзер аўдарып өтиў мақсетке муўапық.

«Ким билмейди, Айшаны» қосығының мазмуны Уллы Октябрь төңкериси алдындағы ҳәм төңкеристен кейинги мың-мыңлаған қарақалпақ қызларының турмысы менен байланыслы. Айша ата-анадан ашлықта жетим қалып, бай, дәраматлы адамларға жалланып, олардың «отыны менен кирип, күли менен шыққан» жетим қызлардың бири. Ал, төңкеристен кейин халық пенен бирге Айшада азатлыққа шығады. Қайда барарын билмей, көшеде тислем нан таба алмай жылап, панасыз жүрген жеринен интернатқа алынып, жаңа ҳүкимет оған ата-ана болады. Айшаны тәрбиялайды, оқытады, адам етеди. Ҳәзир кимсең — Айша болып, оны өндиристе, заводта, колхозда ҳәмме таныйды.



Бундай турмыс жолы тек Айшаның басында ғана емес, ал граждандлық урыс ҳәм интервенция ақыбетинде ата-анасынан айырылған мың сан балалар басында болды. Шайыр «Ким билмейди, Айшаны» қосығында?

Жетим қалып анадан,
Ашлық пенен сандалып,
Үйме-үйге тентиреп,
Жылап жүрген күнлерде,
Кимлер көрди Айшаны?
«Ерте турып, кеш жатып,
Кирин жуўар байлардың,
Кели-кепшик, дигирман,
Жолдас болған күнлерде,
Кимлер көрди Айшаны?» —

деп балаларға өткенди күтә түсиникли терме түринде баянлайды. Қосықтың бул қатарларын оқып отырғанда бурынғы балалардың өмири көз алдыңнан елеслеп өтип турады.

Төңкеристен кейин Айша енди азатлыққа шығып, жаңа дүзим дәўиринде жаңаша тәрбия алған. Айшаның турмысы жаңарған. Ол енди «Айша кимниң Айшасы» дегенде:

Көпшиликтиң Айшасы,
Жаңа турмыс Айнасы,
Биреў емес бул күнде,
Миллионнан асқан топары,
Ким билмейди Айшаны?».

Бул тек Айшаның ғана басынан өткен өмир жолы емес, ал жаңа дүзимниң бурыңғы езилгенлерге, жетим-жесир балаларға берген азатлығы, ғамхорлығы, Шайыр буны өзине тән өзгешелиги менен (ҳақыйқатында терме түри менен) жырлап, Айшаның образы арқалы жаңа жәмийеттиң алып берген бахытын сүўретлейди. Бул балалар оқыўы тараўында үлкен әҳмийетке ийе.

Балалардың турмысы Нәжим Дәўқараевтың «Интернатта» (Нөкис, 1967 ж.) гүррининде көркем түрде көрсетилген. Бул гүрринде повестьлик сюжет бардай сезиледи. Гүррин төрт бөлимнен ибарат болып, оның ҳәр бөлими қандай да бир повестьтиң бир бабын көзге елеслетип, бөлимге тийисли ўақыя күтә шеберлик пенен ықшам баян етиледи. Биринши бөлимниң өзинде Уллы Октябрь төңкерисиниң алдындағы ҳәрбир қара-

қалпақ жарлысының, жетим-жесириниң басынан өткен аянышлы өмиринде (нәрестесин баўырына басып, ү-кен баласын ертип Қоңыратқа (қалаға) бағдар алған) ҳаялдың жолда көрген азап-ақыретлери менен қосақ ўақыя менен қаҳарман тәбийғый бирликте бериледи. Мине усындай жағдай ашлықтан ҳәм Убби ийшан менен Жумаш байдың қысыўметине ушыраған Улбосын, оның баласы Төреш арқалы көринеди. Бул қысыўметтиң себебин жазыўшы шеберлик пенен гүрриңниң екинши бөлиминде ашып береди. Жумаш байға қара күшин жаллаған Турымбет бала-шағасын асыраў ушын байдан жер сорап алады. Тамағынан қыйып туқым жыйнайды. «Жер бир пай», «өгиз бир пай», бәри еки пай байға берилетуғын болып, Турымбет жазлық егеди. Бәҳәрлеп, жазлап, Турымбет пенен Улбосын (жүкли болса да) аянбай мийнет етеди. Қырманда Жумаш бай. «Өгиз бир пай, жер бир пай, туқым бир пай», деп үш пай алмақшы болады. Еккен-тиккен Турымбетти бир пай еткиси келеди. Турымбет оннан туқым алмағанын айтады. Жумаш бай «туқым алма» дедим бе деп Турымбетти азаплайды. Ақырет береди, ең ақырында темир жаба менен урып өлтиреди. Турымбеттиң өлиги сораўсыз қалады...

... Мине енди панасыз қалған Улбосын сандалып киятыр. Оны Убби ийшан қуўып жиберген... Жазыўшы турмыс көринисин шын суўретлейди. Аш ҳаялдың сүти шығарма? Емизиўли Жамал шыңғырып жылайды (Жамал деп атын қойған Төреш еди, өйткени Жамал туўылғанда, оған ат қоярда адам табылмаған). Ең ақырында Улбосынның Қоңыраттағы Зәкир деген байға жалланғаны, ал ашлықта ол байдың да Улбосынды қуўып жибергени, нәресте Жамалдың дүньяға жаңа көз ашқанда әрманлы өлип кеткени — бәри де жарлы қарақалпақ балаларының басынан өткен турмыс қысқылары болып табылады. Мине енди Улбосынның жалғыз сүйенери тек ғана Төреш. Жазыўшы үшинши ҳәм төртинши бапта баланың анаға деген муҳаббатын сол ўақыттағы ўақыяларға байланыслы түрде бере биледи — жазыўшының шеберлиги де усында.

Төреш өзинше күн көриўге кириседи. Өзиндей балалар менен күни бойы қуўырдақшылардың қуўырдақханасының ошағында отырады, адамлардан қалған-



қутқанларды жыйнайды, оннан аўырып аш болып жатырған анасына да аўыстырады. Балық базарын аңлыйды. Балық урлайды. Оны анасына әкелип, писирип береди. Бул жерде: Төреш неге қарны қалқатуғын бас талап ислемейди? — деп сораўшылар да болыўы итимал. Ол ўақытлары Төрештей балалар ислейтуғын, қарны қалқатуғын талап жоқ еди. Ел ашаршылық. Ашлықтан қырылыўға келген халық көп, ал бардамлы турғын Ташбайдай байлар аз еди. Олар ең күшли адамлардан жумысқа жарайтуғын керегин таңлап алады да басқаларды — Төрештей, Улбосындай сондай-ақ Қурбанбай, Сабыр, Өтемурат, Ғалий, Сапар усаған панасыз жетимлерди қуўып жиберетуғын еди. Айтыўға болмайтуғын еди. Ол ўақыта заң байлардики еди. Бирақ аштан өлмей күн көриў керек ғой. Мине сонлықтан да Төреш балық базарынан бир бөргени урлап қашып топанханада жатырған апасына әкелип береди. Буған олар тойып болып қуўанады, бирақ бул ҳәсиретке толы қуўаныш еди, себеби ертеңги күнги күн көрисин ойлап қайғырады.

Бир күни Төрешти бир бийтаныс адам услап алып интернатқа әкеледи. Басқа жетимлер менен бирге бет-қолларын жуўындырып, нан береди. Нанды Төреш бөледи. Өзине тийисли наннан бир бөлегин тамағынан қыйып, анасына сақлап, қойынына тығып қояды. Топанханада аштан, аўырыўдан буратылып жатқан анасына нанды қалай апарып бериўдиң есабын таба алмайды. Жеп қояйын деп нанды қолына алса, анасын қыймайды. Ақыры, түнде дәрўазадан жасырынып шығып, сақлаған нанын анасына апарып жегизеди... Күнлер өтеди. Төреш интернатта қалды. Таза кийим, көрпе-төсек, орын алды. Оқыды. Оның анасы да интернатқа аспаз болып иске орналасты.

«Интернатта» гүрриңинде тийкарынан үш қаҳарманның образы берилген. Олардың бири-ең баслы қаҳарман Төреш. Ол 1 — 11 — бапта айтарлықтай бас-кекке ийе емес. Үсти басы өрим-өрим, қап-қара кир, басында пилтелери ыржыйып, тозыўы жеткен гөне тақыя, жалаң аяқ, еки шекесиндеги тулымшақлары үрпейген он бир — он еки жастың шамасында, ақ-қуба, қыр мурынлы бала. Ийнинде түйиншиги бар. Ол ҳаўлықса — Апа — а! деп қамсығыўды биледи. Берген



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

нанды қағып алып жейди. Тамам. Бул әлбетте, Сол ўақыттағы жас бала ўәкили.

Төрештиң ҳәрекети III — IV — бапларда жақсы сүўретленеди. Мине, Талдырмашлаў, узын бойлы, қыр мурынлы бадырақ көз бала көшеден өтип баратырған арбаны көрип, қасында отырған балаға қарап ым қақты (Бул Төреш). Төреш дөгеректи бақлағыш, қасындағы балаларға қарағанда шаққан. Ол бөргени алып қашқанда да туттырмайды. Оны басынан өткерген турмысы шаққан етип тәрбиялаған. «Үстинде ески бөз көйлек, белин гөне қур менен буўған, гөне айдыллысының жыртығынан шашлары тозаңғып шыққан, бет-аўзында қан жоқ, сап-сары. Еки жағы сопайған». Бул ашлықтың зәҳәри батқан Улбосын. Лекин, ол ашлықты да қыйыншылықты да, тәбият қәҳәрин де жеңиўге талапланады. Төреш пенен Жамалын да, өзин де өлимге қыймайды. Балаларын асырап аман-есен адам еткиси келеди. Бул жағынан Улбосынның образы М. Горькийдиң «Қыз ҳәм өлим» шығармасындағы өлимди жеңген қыздың образы менен үнлес болып келеди. Бәлким, бул ақыллы ҳаяллар минезине тән қәсийет болыўы итимал. Улбосын өзи жасаған орталықтыда өзинше сын сала алады. «Уай, дүньясы қурығыр, не себептен бундай, Бирeўлер ақ отаўда отыр, ишкени алдында, ишпегени артында»... «бизлердей сорлылардың отырысы мынаў» (Улбосын жаўынның астында панасыз отыр еди) «барар жеримиз, басар таўымыз жоқ». Ямаса «Бул қудайдың барлығы бийкар шығар. Болмаса әдиллиги өтирик шығар... Әдил болса жетимлерди жылатып, сүргинге салғанларды неге көрмейди?»... т. б. Мине Улбосынның түсиниги усындай. Ол қәйтсе де балаларына нуқсан келтирмей оларды асырағысы келеди. Турмыс тепкисине шыдайды. Бирақ сол дәўирдеги көпшилик қарақалпақ ҳаялларындай-ақ азатлықты аңсаған менен гүресиў жолларын билмейди.

Турымбет мөҳмин мийнеткеш. Өмирди сүйеди. Ҳадал мийнет етип бала-шағасын асырамақшы. Улбосын менен «бирге тиришилик етпекши». Егин егип, қара күшин Жумаш байға сатып «бахтын сынап көрежақ». Ол Улбосынның:

— «Ағасы — аў, жазлықтың көги жақсы емес пе, бирдене бола ғойса, қосып шатып бир қашар алагөр», — дегенине Турымбет:



— «Хай, түкирип қара» — дейтуғын аңқылдаған ақ көкирек қарақалпақтың бири. Ол ең изинде қырманда Жумаш байдың еки пайын да береди. Бирақ ашкөз бай үш пай талап етеди. Турымбет усы әдалатсызлықтың қурбаны болады. Бул сол ўақтағы қарақалпақ дийханларына ортақ тәғдир еди.

Солай етип, «Интернатта» гүррини 30-жыллардағы гүрриңлердиң ишинде бүгинликли, турмыс шынлығы, шын ҳәм шебер сүўретлениўи жағынан, тийкарғы образлардың әдеўир муқыят ашыла билиўи жағынан, балалар әдебиятында шын мәнисинде проза жанрының раўажланыўына жаңа жол салып берген шығармалардың бири болып табылады.

## ӘМЕТ ШАМУРАТОВ

### (1912 — 1953-ж.)

Әмет Шамуратов балаларға ҳәммесинен бурын йошлы, қызықлы, сан-әлўан ўақыяларға бай, гейде қыйландырып, гейде шадлыққа бөлеп туратуғын ертеклери, гүррицлери, кең көлемде ҳәр тәреплеме образлар жасалған ҳәм дәўир көркин көркем әдебий түрге салып, көз алдына елеслеп, турмыслар көркемленип сүўретленген, сезимди нәзик прозалық шеберлик пенен сүўретлеген шығармалары арқалы сүйикли. Оның «Талабым бар», (1935) «Бахытлы заман», «Ақшолпан — Палман» поэмасы, «Сүй» «Жаслар тилеги» ҳәм басқада қосық, поэмалары менен қатар «Арал қызы», «Ески мектепте», «Қырық қыз» (И. Юсупов пенен бирликте) драмаларды дөретиў жолының бир қанатын қомласа, екинши қанатын ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында биринши рет дөреген кең көлемдеги «Ески мектепте» повести (1938-жыл), қызық ўақыяларға бай «Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым» (1946-жыл) деген орта жастағы мектеп балалары ушын ертеклери қомлайды.

Ески мектепте повести «Әдебий альманахта» биринши рет 1940-жылы басылды, ал «Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым» әдебий альманахтың 1946-жылғы №1 санында жәрияланды.

Әмет Шамуратов ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында биринши рет кең көлемде балалар повестин дөретти. Бул балалар әдебиятының ири жанр менен



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

толысын, буннан былай да тутас әдебият болып қәлиплесиўине имканият берди. Ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында 30-жыллардың ақыры, 40-жыллардың басындағы кең көлемдеги прозалық шығармалардың дәреўи өзине тән раўажланыў өзгешелиги бар әдебиятымыз ушын үлкен ўақыяның бири болып табылады. «Ески мектепте» (1939-жыл) повестиниң жазылыўы бул әдебий ўақыяның шын мәнисиндеги дәлили болды.

Автор «Ески мектепте» повестинде төңкеристен бурынғы жарлы балалардың қурғақ оқыўға тийкарланған ески мектепте оқыўын, олардың аянышлы турмысын көрсетиўди тийкарғы тема етип алған. Ал, шығарманың тийкаргы идеясын, бириншиден, ислам динидеги ески мектепте моллалардың балаларға шын мәнисинде билим бермейтуғынын, екиншиден, ески мектеплер менен моллалар үстем класс қолындағы тоқпақ курал болып, олар тек үстем класс ўәкиллери не айтса, соған көнип, «ләббай» дей беретуғын «тил алғыш қуллар» таярлайтуғын орынлар екенин әшкаралаўдан, үшиншиден, ески мектепте тәлим алған пухара халық балаларының шынлықты көрип үстем класс ўәкиллерине қарсы наразылық сезимлерин оятыў усаған шын сезимлерди қурайды.

Уақыяның басындағы ҳәр бир қаҳарманның ҳәрекети, минезқулқы, турмыс жағдайлары бойынша белгили класс ўәкили екенин оқыўшы жеңил ғана түсинип алады. Улыўма айтқанда Әмет Шамуратовтың «Ески мектепте» /Нөкис, 1966, Қазань/ повести урысқа дейинги қарақалпақ прозасында айырықша орынды ийелейди /М. Қ. Нурмухамедов/.

«Ески мектепте» ниң бас қаҳарманы ўақыяны айтып бериўши /рассказчик/ бала дәслепки ўақытлары билим алыўға қызықса да, диний ески мектептиң ҳәм молланың ашкөзлик және турпайылығы менен қурғақ мәниссиз ядлаў усылы ҳәм молланың балаларды түт шыбық пенен малдай етип сабаўы усаған оқытыў усылларынан түңиледи. Оқыў барысында бала өз көзи менен молланың алдаўшы, көз бояўшы тәўип, тек қарабасының қулқынынан басқа ҳеш нәрсе қызықтырмайтуғын жатып ишер ҳарамтамақ екенин көрип оған жеркенеди. Молланы балалардың билим алыўы емес, ал ҳәр жумада балалар моллаға әкелиўи тийис болған «Жумалық сый», «бала таза сүреге түскенде моллаға беретуғын пайғазы, «тәббетке» түссе табақ толы аўқаты, «ызаза» да алатуғын ылағы, «қуранға» түссе алатуғын қойы мешитке отын ушын «отын пулы» балалардың астына төсейтуғын шыпта ямаса қыйра ушын «шыпта пулы» ҳайтларда алатуғын «ҳайтлық пулы», «қурбанлықтан» алатуғын тери-терсек, молла пайы, буннан басқа усындай етип ҳәр бир үйден алатуғын «зәкет», «үсир», «кеўсен» «садақа,» «питир» қызықтырады. Хәтте сақшы Ернияздың ҳаялы Гүлпарша аўырған үшинши кишкене баласын да усы моллаға әкелди. Молла Гүлпарша менен аўырыў нәрестеге түкиригин шашыратып дем салды. Бул ушын молла Гүлпаршадан пул түйиўли орамал алды ҳәм «Ештағымайды. Ийшалла жазылып кетеди» деп еди (14-бет), бирақ нәресте жазылмады, ертеңине өлди. «Ернияздың усы менен үш баласы өледи» (15-бет). Бәрине де усы молла дем салған ҳәм «Ийшалла жазылып кетеди» деген Теңге түйиўли орамаллар алған. Ал, енди сол Ернияз кишкене нәрестесининде өлгенин айтып егил-тегил жылап келсе де, молла баланың намазын оқыўға бармай, қыйпаңлап отырды. Өйткени, Ернияздың аш-жалаңаш екенин биледи. Маңлайындағы жалғыз малын өткен жылы өлген баласының асына сойдырып жеди. Енди Ернияздан түсер пайда аз болған соң «барамыздағы» дегендей намазға асықпай жай парахат жыйналып атыр. Жақында Ешжан байдың қызы өлгенде жан ийнине от түсип, оған жеткенше асықты. Бул молла өлиден де алады. тириденде алады. Сонлықтан да Есим бир күни молла сыртқа шыққанда:

Молла-молла монтықты,  
Тасбақадан қорқыпты.  
Аўзы-басы қыйсайып.  
Өтирик айтып шоршыпты.  
Ҳасла көзи тоймаған.  
Молла қурсын оңбаған.  
Пул толсада қалтаға,  
Садақа деп зарлаған. —  
дейди. (17-бет).

Оның үстине молла әдил емес. Шәрипбай, Абылла деген балалардың әкелери қурғынлы. көше бийи. Моллаға жумалықты да ҳайтлықты да молдан береди. Молла Шәрипбайды сонлықтан да балаларға бас қәлпе етип қойыпты. Оларға молла бақырмайды. Урмайды. «Суўға шомылыў», «маңлай шертпек», «Қошқар шақ» ойынларын Шәрипбай менен Абылла басласа да, ал

оған Есим, Генжебайлар айыпкер болып, «паллақ»қа асылып, аяғы тилинеди. Молла сабағысы келген балаларды да Шәрипбай менен Абыллаға сабатып, солардың кеўлин бәрҳа өскин етип қояды. Егер молла бир жаққа кетсе балаларға Шәрипбай менен Абылла ҳәким. Олар «Қошқар шақ» ойынында да хан тикленеди. Молла да Ернияздың баласының намазына кетерде Шәрипбайға «балаларды тежеп оқыт» /16-бет), деп тапсырып кетти. Ал, Шәрипбай болса, «дәслеп маңлай шертпек енди «Қошқар шақ» ойнаймыз деп сабақты өзи бөлди. ойынды өзи баслады. Изи гүреске айналды. Есим гүресте Шәрипбайды да жықты. Шәрипбай шарбаялық етип, Есимниң бет-аўзын тырнады. Сонда да молла Шәрипбайдан сабақ оқытты-ма, оқытпады-ма, оны сорамайды, ал гүрес ойынында Шәрипбайды жыққан Есимлерди айыплап оқыўханаға қамап қойды.

Молла балалардың тазалығына да қарамайды, суўға да шомылдырмайды, суўға түскенин билиў ушын қулағына сыя менен хат жазып, белги салып қояды. Бир күни Шәрипбай қәлпе өзи баслап «әўф» деди. Бул шомылайық дегени ҳәм өзи баслап шомылды. Мешитке келген соң молла кейип, балалардың қулағындағы белгилерди тексерип шығыўды Шәрипбайға тапсырды. Шәрипбай шомылыўды өзи басласа да жазасыз қалып, бурынғы өзиниң дығы бар Есим, Генжебай, Нызамларды моллаға тутып берди. Молла оларды паллаққа астырды, Шәрипбайға сабаттырды. Әдиллик қайда? Есим бул исте дәслеп Шәрипбай қәлпениң өзи айыпкер екенин, оның тексерилиўин айтқанда молла:

— «Ол қәлпеңғой, ол тәртипсизлик етпейди» (21-бет) деп Шәрипбайды қуўатлайды.

Бундай мектепте балалар сабақтың тезирек питиўин тилейди. «гүўени жаздырылған ылақтай» сыртқа еркинликке жуўырғысы келеди. Бирақ, бәри бир ойнаўға Есимниң қолы тиймейди. Ол әкеси менен көлден пишен орып әкелип сатып күн көриўи керек. Қолы тийсе отынға барады.

Молланың тағы бир әдилсизлиги—басқа балалардың сабағын сынап көргиси келсе /кеўлине түскенде/ тут шыбығы таяр, ал Абылла еле ежелеп оқый алмаса да, бир сабағын үш күннен берли билмесе де оны урмайды, «орныңа отыра ғой» деп сыпайы сөйлеседи.



Молланың көкнары, тирийеги қонса ойына кел-
сс соны ислей береди. Балалардың қулақларынан тар-
тады, шыбық пенен урады ҳ. т. б. «Бундай етип оқыған-
ша ойнаў, шомылыў, базар күни баспаққа от әкелип,
үйдиң пайдасын ислеў, мәйек, ийт, қораз урыстырыў;
қызық көриў жақсы дә. Қәне сондай еркинликке шығып
кетсең» деген қыял балалардың дыққатын аўдарады.
Жазыўшының шеберлиги де сонда, ол бул түсиник-
лерди, сол ўақыттағы дәўирге, турмысқа тән ўақыя-
лар арқалы көркем түр ҳәм өзине сәйкес жол менен
оқыўшыға түсиникли етип жеткере билиўинде болып
табылады.

Балалардың ески метеплерде көрген азап-ақырет-
лерин, үстем класс балаларының ески мектеплерде де
үстемлик етиўшилик жағдайларын, ал езилиўши класс
балаларының ески мектеплерде қорлықлы аўҳалларын
жазыўшы анық көрсете билген. Езилиўши қамбағал
балалары ески мектепте молладан ҳәм үстем класс
балаларынан көрген азапларын үйине келип айтса,
оның ҳеш зәлели жоқ, о дүньяда молладан жеген та-
яғың алдыңнан шығады, балам, таяқ тийген жерлериң
отқа күймейди /21-бет/ дейди. Әлбетте, бул жерде жа-
зыўшы халықты әсирлер бойы қуллықта сақлаған фео-
дализм жәмийетиниң ҳәм онда әсирлер бойы қараңғы-
лықта, саўатсызлықта қалған, сана сезими өспей тун-
шыққан қарапайым адамның түсинигин ҳәм дурыс,
ҳәм аянышлы, ҳәм күлкили етип көрсете билген.

Жазыўшы өткен заманның аянышлы көринислерин
айқын сүўретлейди ҳәм ол зиянлы қалдықлар үстинен
күледи. Балаларда өтмиштиң қалдықларына жеркениш
туўдырады. Балаларға өтмиштиң айыпларын талантлы
ҳәм күлкили етип көрсетиў зәрүр... Социаллық айып-
лар жеркенишли ҳәм күлкили бәдбешер нәрсе ретинде
көрсетилиўи керек. (Горький М. Соч. 2, стр. 174-176).
Өйткени бурынғы жәмийеттиң қысқысында езилген
халықтың бәри бирдей алғы түсиникти ийелей бериўи-
не мүмкиншиликлер бола бермеди. Халықты ондай
алдағы түсиниктен аўлақ услаўға ҳәрекет күшли бол-
ды. Деген менен халықтың «алтын тастан, ақыл жас-
тан» шығады дегениндей ески мектептиң ҳәм ондағы
молла және бай балаларының қысыўметин өз көзлери,
өз турмысы арқалы көрип исенген Есим, Генжебай,
Нызам ҳәм айтып бериўши балада еркинликке талпы-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ныў пайда болыўы тәбийий қубылыс екенин жазыўшы исенимли етип көркемлей билген.

Ўақыяны айтып бериўши балада да, Есимде де, Генжебай ҳәм басқа балаларда да еркинликке шығыў сезимлери оянды. Ал, Шәрипбай менен Абылла ше? Жоқ, олар бәрҳә еркинликте, басқа көпшиликтиң еркинлигин тилемейди, тек өзлериниң мәпи, өзлериниң кеўил хошын биледи: балаларды урады, егер ойында жеңилсе моллаға айтып, өшин алады т. б. Ал ўақыяны айтып бериўши бала қурбанлыққа сойылған сыйырына қыйналады, жылайды, жақсы көретуғын жалғыз сыйыры еди. Ал буның гөшин ким жейди? Оны да усы ашкөз алдаўшы, сықылсыз молла менен Досым жедиғой деп өкинеди. Неге? -деген сораў қояды да, өкинеди. Өйткени бала, молланың барлық ҳарам тамақлық ашкөзлик, өтирикшилик ҳийлелериниң бәрин өз көзи менен көреди. Балалардың ҳәрекетлеринде ҳәм өзлеринде, олардың семьяларының /ата-анасының/ турмыслық жағдайы, басқаларға қарым-қатнаслары анық көринеди. Бул молланың үстем класс ўәкиллериниң балаларын сабақта да, бос ўақта да бәрҳа қуўатлаўында сезиледи.

Бала енди молладан қутылғанына жүреги алып ушып қуўанады. Буны мектептеги жолдасларына қуўанып хабарлағанда, оларға бул бала қәпестен қутылып ушқан торғайдай болып сезиледи...

Баланың өз көзи менен көрип, өз бақлаўы менен ҳеш қосымтасыз сезген бул ўақыялардың ҳәммеси ҳақыйқатлық. Артықша бояўлар да араластырмаған. Баланың турмысқа, оған өзиниң түсиниги қалай болса, солай етип берилген. Жазыўшының шеберлиги де мине усында.

Идеялық бағдары жағынан Ә. Шамуратовтың «Ески мектепте» повести С. Айнийдиң «Ески мектепте» повести менен үнлес болып келеди. Бул заңлы қубылыс. Тарийхый, турмыслық жағдайлары сыбайлас болған қарақалпақ ҳәм өзбек халықларының турмыс шараятларына жақынлығы, дини, тили бирлиги еки халықтың турмысы да сыбайлас екени. Сонлықтан бул повестьлер бирин-бири қайталаў емес, ал, бирин-бири толықтырыў болып табылады.

Повестьте балалардың ҳәр бирине тийисли ўақыялар арқалы минез-қулықлары, сондай-ақ Айтым ғар-



рының, Ернияздың, Гүлпаршаның, азда болса сол ўа-
қыттағы пуқараларға тән өзгешеликлери, психология-
лық ишки кеширимелери, ҳәрекетлери арқалы ашылып
барады. Усының менен қатар жазыўшы ески күн кө-
рис, руўзыгершилик, хожалық турмысы, аўыл, қала,
мешиттиң көринислерин сол заманның улыўма жағдай-
ында дурыс сүўретлей алған.

Ески мектепте повести ҳәзирги қарақалпақ бала-
лар әдебиятының туўылыўында үлкен әҳмийетке ийе
болады. Солай етип, бул повесть 30-жыллардың ақы-
рында ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының қә-
липлесиўин тастыйықлаўшы қунлы шығарма ҳәм ба-
лалар әдебиятының буннан былайда раўажланыўы ушын
тийкарғы гилтлердиң бири болып хызмет етеди.

Әмет Шамуратов балалар әдебиятында «Ески мек-
тепте» повестинен кейин балаларды қызыққа батыра-
туғын, «Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым»
ды (Мойнақ, 1948-ж) саўға етти, «Мениң жолбарыслар
менен жолығысыўларым» повести де өзиниң көркемли-
ги, тилиниң жеңил ҳәм әпиўайылығы менен баҳалы.
Бул повесть тийкарынан балалар ушын аңшылықтың
қызықлы тәреплерин сүўретлейтуғын, «ертек повесть»
сықлы. Бул китапта ҳәдийсениң ҳәммеси де, «Ески
мектептеги» сықлы, қаҳарманның атынан, биринши
беттен сүўретленеди. Жазыўшының бул шығармадағы
шеберлиги соннан көринеди, ол улыўма баянлаўдан
қашып, шеберлик пенен ўақыяларды дизген, ўақыялар-
ға өзин қатнасыўшы сыпатында сүўретлеп, буларға
оқыўшыларды ҳақыйқат исендире алған. Бул шығар-
мадағы ўақыялардың биразы бурыннан халық аўзын-
да сақланып жүрген аңызлар, шынлықта тийкарғы бар
ўақыялар. Жазыўшы буны шебер түрде пайдаланып,
ҳәр бир ертек ўақыяда адам (рассказчик-аўшы) лирика-
лық қаҳарман жолбарыс пенен ушырасып, бәрҳама
оның менен тил табысып, парахат түрде кете береди,
қәўип қәтелерден қутылады.

Бурынғы өткен заманда, оқыў билимге қолы жетис-
пей, садалықта өскен адамлар молла не айтса соған
исенип, жолбарыс алла тааланың шери, оған тийиўге
болмайды деген уғымға да ийе болған. «Мениң жолба-
рыслар менен жолығысыўларым» мине усындай түси-
никке қарсы гүресиўге бел байлаған аңшының тилинен
баян етиледи. Бул аңшы қурал-жарақсыз әбигер аўыл-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ларға топылған талай жолбарыстың апатларынан халықты аман алып қалады. Жолбарыс та тиришилик етиўге талпынатуғын ҳайўан, ол да өз баласын жақсы көреди. Егер қыйыншылық жағдайға ушырасып қалса, ол да өзинен күшлирек адамнан жәрдем излейди.

Улыўма Ә. Шамуратовтың «Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым» повесть-ертеги көркемлиги ҳәм ўақыялардың фантастикалық қызықлығы жағынан К. Чуковскийдиң «Айболит», В. Гауфтың «Кишкене Мук» ертеклери менен сыбайлас. Ол И. С. Тургеновтың «Аўшының жазбалары» нда еске түсиреди.

Жуўмақлап айтқанда, Ә. Шамуратовты ҳәзирги Қарақалпақ балалар әдебиятының ең көрнекли ўәкиллериниң бири деп айтыўға болады. Ол балалар әдебияты ғәзийнесине қосықлары менен бир қатар, «Ески мектепте» повести ҳәм «Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым» повесть-ертегин қосқан жазыўшы болды.

## ЖЕТИНШИ БӨЛИМ

## ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫ УЛЛЫ ЎАТАНДАРЛЫҚ УРЫС ДӘЎИРИНДЕ

**(1941 — 1945-ж. ж.)**

Елимиз үшинши бесжыллықтың ўазыйпаларын табыслы орынлаў ҳәм Совет халқының экономикалық — мәдений, руўхый талабын қанаатларндырыў ушны халық хожалығының барлық тараўында қызғынлы пәт пенен ислеп атырған дәўирде 1941-жылы 22-июньда немец фашистлери урыларша басып кирди. Урыс Ўатандарлық урыс болды. Пүткил халық пенен бирге оның шайыр ҳәм жазыўшылары да фашизмди қыйратыўға атланды. Бул дәўирде қарақалпақ балалар әдебиятының тематикасы да ўатанды қорғаўға, фашизмге, қарсы гүресиўге тылдағы барлық исти фронттың мәпи ушын жумсаўға бағдарланды. Шайыр, драматург Жолмурза Аймурзаев гитлершил немец фашистлериниң парахат жасап атырған елимизге басқыншылық пенен басып киргенине көп миллетли мәртлер менен бирге ғәзеп отлары қайнап «Тыңлаңызлар» қосығында:



Аспан асты астан-кестен қорғасыннан жаўып жаўын,
Жердиң бети әйўан -жәйўан, шуўлады сес, тыңлаңызлар

Жылдырымлар, жалт-жулт етип, көк гүмбездиң жулқып баўын.
Жалын лаўлап айдарҳадай тынбады, ҳеш, тыңлаңызлар.
(«Тасқын» Нөкис, 1946 ж. 21-бет)

деп үң қосты. Ол пүткил мийеткешлеримиздиң урыс-
тың дәслепки күнлеринде — ақ «Хәммеси фронт ушын»
деген ураны астында пүткил халықты уллы ўатанымыз-
ды фашистлерден қорғаўға шақырған А. Толстойдың,
М. Шолоховтың, А. Сурковтың, И. Эренбургтың, Л.
Соболевтың, А. Лебедов Кумачтың, С. Маршактың,
Д. Бедныйдың ҳәм басқа да көрнекли публицистлер-
диң ҳаўазына қарақалпақ жазыўшылары да ҳаўаз қос-
ты. Шайыр Н. Жапақов Уллы Ўатандарлық урыстың
хабарын сол күни азанда еситиў менен-ақ фашизмге
болған қәҳәри қайнап «фашистлер тарт қолыңды» (1941-
ж. 22-июнь) қосығын жазды. (Бахытлы заман. ҚҚМБ.
Нөкис 1946).

Шайыр бул қосығында бизиң парахат елимизди мий-
ўели бағқа теңеп, оған фашистлердиң урыларша басып
киргенин хабарлайды. Халықты мийўели бағдай қул-
пырған елимизде қутырынған фашист ийтлерден қор-
ғаўға шақырады ҳәм ойнақлаған бузаў от басар де-
гендей қутырынған ийтлердиң жоқ болатуғынына исеним
билдиреди. «Күн нурына урынба» қосығында фашизм-
ди жарықтағы жарғанатқа теңейди. Күн нурындай би-
зиң елимизге фашизмниң урынғанын, оның жоқ болы-
ўын айта келип, Н. Жапақов:

Алды өлсе.
Арты келип.
Күннен тәме етеди.
Күнниң жаўын.
Өртеймиз биз,
Күлге айналып кетеди.
(«Бахытлы заман», 17-бет)

деп күтә дурыс жуўмақ шығарады. Бундай шақырық
шайыр Жолмурза Аймурзаев тәрепинен «Жаўды жек-
сен етемиз» қосығында:

Әй, перзентлер батыр ерлер,
Жаўды жексен етиң жерге,
Гитлерди де, ийтлерди де,

Нықырт етиң, тығып гөрге,
(«Қызыл Қарақалпақстан»
газетасы, 1941-жыл, №155.

-деп жаңлап, пүткил халқымызды гитлершил фашизмди жоқ етиўге шақырды. Бул урысқа бирлиги күшли пүткил халық қатнасты. Балалар да бул халықлық искe үлес қосты. Мектеп жасындағы балалар оқыўдан соң барлық хожалық тараўларындағы жумысларда ата-аналарына жәрдем берип, фронтқа кеткен ағаларының орнын басты. Балалардың урыс дәўириндеги оқыўы ҳәм жәмийетлик-пайдалы жумысларға қатнасы Т. Қайыпбергеновтың «Секретарь» повестинде көркем етип сүўретленген.

Уатанымыздың барлық өткендеги тарийхында Уллы Уатандарлық урыс дәўириндеги фашистлерге қарсы өз ўатанын қорғаў ушын алып барылған гүреслердегидей аўыр ҳәм қәўипли сынаў болмаған еди. Өйткени, бул урыс тек әскерий техникалық өз-ара соқлығысыў ғана болып қалмай, ал соның менен бир қатар адамзат характерлериниң ар-намыс пенен арсызлық, қаҳарманлық пенен қорқақлықтың, патриотизм менен опасызлықтың арасындағы қатаң аяўсыз гүрес еди. Мине усындай жуўапкерли ўақытта жазыўшыларымыз пүткил халқымыз бенен фронтқа жәрдем бериў ушын тылдағы мәртлик иске шақырды. Д. Назбергенов «Жас патриот» («Жеңимпаз халық», Нөкис, 1942-ж. 14-бет) қосығында металл сынықларын жыйнап тапсырған пионердиң тилинен ҳәрбир темир сынығының өзи бир фашисте өлим екенин сездиреди;

Билмекши болсаңыз исимниң жайын,
Жасырын емес, Сизге шынын айтайын,
Терип жүрмен қалдықларын темирдиң, —
Деп фронтқа жәрдем ушын жоллайын.

Ол пионер усы сезими менен ўатан ушын хызмет етиўге таяр патриот. С. Нурымбетов «Жеңимпаз қаланың балаларына» («Жеңимпаз халық», 1942 -ж. 33-бет) қосығында Ленинград қаласының қаҳарман балаларының фашизм үстинен жеңиске ерисетуғын ойларын жырлайды. Олардың жаўынгерлик ислерин тылдағы балаларға үлги етеди. С. Нурымбетовтың бул қосығы Н. Тихоновтың «Киров биз бенен», Ж. Жабаевтың «Ленинградлық ерлерим», Ғафур Ғуламның «Сен жетим



емессең» деген қосықлары менен үнлес болып келеди.

Уллы Уатандарлық урысының дәслепки күнлеринен баслап-ақ жазыўшыларымыздың бирқатары фронтқа атланды. Олардың арасында балалар әдебиятының раўажланыўына әдеўир хызмет еткен Сәрсен Қурбаниязов, Артық Шамуратов, Жумат Абибуллаев ҳәм басқалар бар еди. Балалар ушын өзлериниң қосықлары ҳәм ертеклери менен танылған Мырзағалий Дәрибаев ҳәм Дәли Назбергеновлар да мезгилсиз қазаланды. Бир қатар балалар жазыўшылар Уатандарлық урыстың фронтларында қаҳарманлық пенен қайтыс болды. Бул жағдайлар балалар әдебиятынада белгили дәрежеде тәсир жасады. Буннан уллы Уатандарлық урыс дәўиринде қарақалпақ балалар әдебияты раўажланбады деген жуўмақ шығарылмаўы керек.

Уллы Уатандарлық урыс жылларында ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында поэзия жанры бир қатарда, проза, драма жанрында да шығармалар дөреди. жүдә аз санда болса да сатиралық қосықлар да жазылады. Бул жанрларда дөрелген шығармалардың белгили бир өзгешеликлери сонда—бул шығармалардың көпшилигинде дерлик урыстағы балалардың фашистлерге қарсы қаҳарманлық ислери тылдағы балаларға үлги етилип, сол ерлик тийкарында тылдағы балалардың фашизмге жек көриўшилик сезимлери оятылды. Елге муҳаббаты арттырылды. Сонлықтан да бул шығармалар өз мәҳәлинде белгили муғдарда әҳмийетке ийе болды.

1942-жылы «Жас қаҳарманлар» (Нөкис, 1942-ж.) деген ат пенен топлам басып шығарылды. Онда Уатандарлық урыстың фронтларында қаҳарманлықтың, ерликтиң үлгилерин көрсеткен пионерлериниң турмыслары жазылып, «Пионерская правда», «Известия» газеталарында жәрияланған гүрриңлер киргизилди. Усы топламнан Ж. Тәшеновтың «Пионер-разведчик» (36-бет) гүррини де орын алған. Гүрриңниң мазмуны еки сыбайлас партизан отрядының фашистлери танк колоннасына қарсы бирликте гүресиўи ушын байланысшы арқалы хат пенен хабарласыўдың зәрүрлиги ҳәм бул хатты жеткериўде Юра деген пионер бала менен Павел деген партизанның ерлик ислерин көрсетиўден ибарат.

Гүрриңдеги бас қаҳарман Юра деген баланың ата-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

анасын фашист-немецлер партизанлардың жайғасқан жерин айтпағаны ушын дарға асып өлтирген. Кишкене Юраның гитлершилерге ғәзеби қайнап, партизанларға келип бас пана табады. Ол партизан отрядының әҳмийетли жаўынгерлик тапсырмаларын орынлайды. Бир күни Юра менен Павел сыбайлас партизан отрядына пакет әкетеди. Пакеттеги хатта немец-фашистлердиң танқа колоннасын бирликте қыйратыў планы жазылған еди. Юра менен Павел жолда абайсызда фашистлер тәрепинен тутылады. Немецтиң офицери оларды тергей баслайды. Павел ҳийлекерлик етип жалғаннан өзи менен Юраны партизанлардың немецлерге бағынатуғынын, хабарлаўшы елшимиз деп түсиндирип алдайды. Буны еситкен фашистлер қуўанысып қалады, өйткени олар партизанлардан өлердей қорқар еди. Бирақ фашистлер да сақлық етип, Юраны партизанларды ертип келиўге жиберди, ал Павелге партизанлар келгенше кепил иретинде күте турыўға буйырады. Егер алдаса Павелдиң қатаң жазаланатуғынын ескертеди.

Юраның сезгирлиги сонда, ол Павелдиң қыялындағыны тез түсинеди, сырды ашпайды, немецлерден босаныўдан-ақ сыбайлас партизан отрядына қарай жуўырады. аянбайды, албырамайды. Оларға пакетти аман-есен қуўыстырады. Жолда болған ўақыяны түсиндиреди. Партизанлар тез ғамланады. Юра партизанларда Павелди алып қалған немец солдатлары орналасқан аўылға баслап келеди. Партизанлар немец солдатларын ныпқырт етеди. Ертеңине усы аўылдың қасында немецлердиң танк колоннасының да жоқ етилгени хабар етиледи.

Гүрринде Юра менен Павелдиң немец офицерин алдап айтқан сөзине тез түсиниўи, партизанлық тапсырманы булжытпай орынлаўы, пакет бар екенин билдирмей сыр бермеўи исенимли көрсетилген. Юраның бул мәртлиги балаларды елди сүйиў руўхында тәрбиялаўда урыс дәўириндеги балалар ушын белгили дәрежедеги әҳмийетке ийе болды.

Жолмурза Аймурзаевтың «Коля» атлы бир актлы пьесасы уллы Ўатандарлық урыс дәўиринде балалардың қаҳарманлық исинен алынған.

Бурын парахат турмыста еркин жасап атырған Надежда ҳәм Коля Уллы Ўатандарлық урыстың салдарынан барлық адамлар сыяқлы Қызыл Армияның душ-



панды жеңиўи ушын жәрдем бериўге бел байлайды. Урыста жарадар болған командирди көрип, оны пуқта жерге жасырып, немец басқыншыларының уўлы өлим тырнағынан алып қалады, солай етип, өзлериниң өмирин тәўекелге салады. Коля бәрҳа немец фашистлери туўралы Қызыл Армияға керекли болған мағлыўматты таўып бериўге жәрдем береди.

Пьесада немец басқыншыларының зулымлығы, елди талаўдағы ҳайўаншылығы балаларға тәсирли етип сүўретленеди, балаларға түсиникли де, пьесаның тили де әдеўир жетилискен деўге болады.

Немец офицери Костляр. Коля жасап турған аўылға келеди. Ол Коля менен оның анасы Надежданы Қызыл Армия туўралы мағлыўмат бер деп қыйнайды. Азаплайды. Фашистлер Коляны, Надежданы, Марияны қанша қыйнап азапласа да Қызыл Армия туўралы мағлыўмат ала алмайды. Ең ақырында немец офицери Костляр Қызыл Армия туўралы мағлыўмат ала алмағаны ушын Коля менен оның анасы Надеждаға өзлерине гөрин қаздырады. Коля менен Надежда сонда да қорқып сатқынлық етпейди, керисинше Коля жарадар болып жасырынып жатырған совет командириниң жарағы менен немец офицери Костлярды атып өлтиреди, қаздырған гөрине оның өзин көмеди.

Пьесаның ақырына дейин Коля өзиниң пионерлик салтанатлы ўәдесине садық болып қалады. Пьеса Коляның Халықты қорғаўға сақ ҳәм қырағы мәрт боламан деген жаўынгерлик сөзи менен тамамланады.

Пьесаның сюжети («Қызыл Қарақалпақстан», газетасы, 1943 ж., 19 сентябрь) Ўатандарлық урыс дәўириндеги фронтта болып атырған пионерлердиң ерлик ислерин тылдағы жасларға таныстырып, олардың душпанға деген қәҳәрин, фашистлерден ўатанды қорғаўға болған сезимлерин тәрбиялаўда белгили муғдарда хызмет атқарады.

Усы жыллары тылда фронтқа атланған аталарының орнына пидәкерлик мийнет фронтына келген Ж. Тәшеновтың «Пионер разведчик»индеги Юрадай Ж. Аймурзаевтың «Коля» пьесасындағы Колядай мәрт пионерлердиң үлгилери оларды, мийнетте қаҳарманлық ислерге рухландырды. Сонлықтан тылдағы мийнет фронтындағы пионерлер оқыўдан тысқары ўақта өндиристе ислеўге үстилерине ҳәр түрли миннетлеме-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лер алды. «Мен бесинши класста оқып атырман, — деп жазады фронттағы ағасына, фронттағыдай етип қызғын ислеў ушын қосылған он еки жасар оқыўшы қыз Базар Әўезова,—мени ҳәзир колхозым пахта териўге көмекке шақырды. Бесинши октябрь күни 134 килограмм пахта тердим. Мениң мийнетим ата-аналарыма, фронттағы жаўынгерлерге көмек екенин жақсы билемен. Бул мени тағы да мийнет табысларына жигерлендиреди. Мәўсимде бес мың килограмм пахта терип беремен. («Қызыл Қарақалпақстан» газетасы, 1943 ж, 19 сентябрь). Бундай мысалларды көплеп келтириўге болады.

Уллы Ўатандарлық урыс дәўиринде халық аўыз еки дөретпесинде балалар қосықлары да дөреди. Буларда фронтқа кеткен ағаларын сағынған, олардың немец фашистлерин жоқ етип, аман-есен жеңис пенен қайтып келиўин тилеген әрманлары жырланады:

Ислериңиз мудам басып алдына,
Душпанды қайтарып келген жағына,
Қуўанышқа қойның толып жан аға,
Жеңис туўын алып келиң қолыңа.

Н. Камалов.

«Жалынлы жыллар қосықлары, Нөкис, 1966-ж. 33-бет).

Уллы Ўатандарлық урыс дәўиринде дөрелген халық аўызеки дөретпесинде балалар қосықларының тематикасы кең болды. Жоқарыдағы мысалда балалар жан ағаларының жеңис пенен келиўин күтсе, ал гейпараларында ағаларының жеңис пенен тез келиўи ушын халылық иске көмек бериўлери жырланады:

Қаўын ексем мәкке қосып егемен,
Душпанларды өлгенше жек көремен,
Жан ағам жүр душпан менен алысып,
Мен де бунда көмегимди беремен. (сонда).

Солай етип, фронт пенен тылдың мийтиндей беккемлиги, адамлардың қаҳарманлығы, оның ишинде балалардың да қосқан үлеси жазыўшыларымыздың шығармаларында, халықтың аўыз еки творчествосындағы балалар қосықларында да үлкен муҳаббат сезимлери менен жырланды. Урыстың дәслепки жылларында шайыр Ж. Аймурзаевтың:



Улым тыңла, жаўды жеңип бараман,
Сел-сел болып қан ақса да қойнымнан,
Қара көзим перзентим деп сүйгенде,
Еркелерсең, қушақларсаң мойнымнан.

(1942-ж) деп жазғанындай Уллы Ўатандарлық урыс совет адамларының фашизм үстинен жеңиси менен тамамланды.

Елимиз урыста қыйраған халық хожалығын қайтадан тиклеў ушын парахат қурылысқа киристи.

Жуўмақлап айтқанда, Уллы Ўатандарлық урыс дә-
ўиринде ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебияты 20—30-
жыллардағы раўажланыў пәтин толық сақлай алмаса
да тоқтап қалмады, керисинше оның ғәзийнеси поэзия,
проза, драма жанрлары бойынша дөреген бир неше
шығармалары менен байыды. Олардың қатарына С. Ну-
рымбетовтың «Қаҳарман қаланың балаларына», Д. Наз-
бергеновтың «Сиз жетим емессизлер», «Жас патриот»,
Ж. Аймурзаевтың «Улым тыңла», Н. Жапақовтың «Фа-
шистлер тарт қолыңды» қосықлары, Ж. Тәшеновтың
«Пионер разведчик» гүррини, Ж. Аймурзаевтың «Коля»
бир актли пьесасы ҳәм аўыз еки халық дөретпесинде
дөреген балалар қосықлары жатады. Булар менен бир
қатарда урыстың аўыр күнлеринде басып шығарылған
«Жеңимпаз халық» (1942-жыл). «Жас қаҳарманлар»
(1942-жыл) топламларына кирген шығармалар менен
«Қызыл Қарақалпақстан» газетасы ҳәмде әдебий аль-
манахлардағы жаўынгерлик шығармалар балалардың ел-
ге муҳаббат сезимлериниң өсиўине үлкен тәсир жаса-
ды. Булар балаларды фронттағы ағаларындай-ақ тыл-
дағы жақсы оқыў менен бирге мәртликке рухландырды.
Уллы Ўатандарлық урыстың жеңисли тамамланыўы
менен көп ғана жазыўшылар фронттан қайтып келди.
Олар жеңисли қайтып келиўи менен-ақ творчестволық
жемисли мийнетлер дөретиўге киристи. Олардың қата-
рына фронтта ҳәм тылда шыныққан талантлы жаңа жас
жазыўшылар келип қосылды. Солай етип, олар бала-
лар әдебиятында да жаңа тема, жаңа жас қаҳарман-
лар образларын дөрете баслады.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

### СЕГИЗИНШИ БӨЛИМ

# ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫ УРЫСТАН СОҢҒЫ ЖЫЛЛАРДА

## (1946—1950-ж.ж.)

## ҲӘЗИРГИ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ 50-ЖЫЛЛАРҒЫ ЖАҒДАЙЛАРЫ

Уллы Уатандарлық урыста гитлершил фашизмди қыйратқан уллы жеңислери халықтың, соның ишинде балалардың да руўхын жоқары көтерди. Балалар оқыў менен бирге естиярлар қатарында урыста қыйралған хожалықты қәлпине келтириў ушын гүреске қатнасты. Халықтың урыста буныңдай жеңислери менен халық хожалығын қайта тиклеў исине кирискен жеделли иси елимиздиң душпанларын таң қалдырды.

Бул ўазыйпалардың ҳәммесин есапқа ала отырып, жазыўшылар жаңа талапларға сәйкес балалардың елге муҳаббат, әдеп-икрамлық сезим руўхларын толып тастыратуғын, оларды мийнет тәрбиясында тағыда шынықтырыў, мектеп ҳәм үйде тутқан орнына усаған темаларды, биринши орынға қойды.

Уллы Уатандарлық урыстың себебинен жабылып қалынған балалар баспа сөзлери «Жас Ленинши», «Жеткиншек» газеталары қайтадан шыға баслады. Қарақалпақ Мәмлекет Баспасы (ҳәзирги «Қарақалпақстан» баспасы) өзниң планында балалар ушын, үлкенлер турмысынан әдебий дөретпелерди көплеп басып шығара баслады. 40-жыллардың аяғы ҳәм 50-жыллардың басында Ә. Шамуратовтың, Н. Дәўқараевтың, А. Бегимовтың, Х. Тәжимуратовтың, Ж. Аймурзаевтың Х. Сейтовтың ҳәм басқалардың балаларға арналған китаплары басып шығарылды («Уатан қосықлары», Нөкис, 1943; «Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым», Нөкис-Мойнақ, 1946; «Бахытлы мийнет», Нөкис, 1949 ж.; «Сүйиңиз», Нөкис, 1950-ж.; «Биз өсемиз», Нөкис, 1950 ж.; «Жас әўладларға», Нөкис, 1951-ж.). Буннан тысқары Әдебий альманах № 4 (1948), «Сыйлық» (1948 ж.), «Жас шайырлар ҳаўазы» (1948-ж.), «Гүлистан» (1949), «Уллы жолда» (1950-ж). усаған



альманахлар менен бир қатарда «Қызыл Қарақалпақстан» газетасы бетлеринде балалар қосықлары менен гүрриңлери басылып шықты.

Балалар республикамызда болып атырған жаңалықларға да үн қосып, тилеклеслик билдирди. 1947-жылы Чарджоў—Қоңырат темир жолының қурылысы халықты үлкен қуўанышқа бөледи. Өйткени бул урыстан кейинги Қарақалпақстан турмысында үлкен қурылыслардың бири еди. Бул қурылысқа шайырларымыз да актив қатнасты. Шайыр Н. Жапақов жумыс бабында темир жол қурылысын басқарды. Шайыр Жолмурза Аймурзаев «Улым Мирге» қосығында баласы ушын темиржол салып атырғанын айта келип, баласына жақсы оқыўды, халық ушын хызмет етиўди нәсият етеди. Ал, бул шақырыққа жуўап иретинде сол газетада Нөкис аўыл советиндеги Қуйбышев атындағы жети жыллық мектептиң оқыўшысы, он үш жасар Т. Инаев «Барайық» деген қосығында:

«Тағы да өсейик, өрлейик алға,
Барлық қуралларды алайық қолға,
Ҳәммемиз бирликте бул темир жолға
Ғайратланып, жигерленип барайық»

(«Қызыл Қарақалпақстан» газетасы, 1947-жыл, 14-сентябрь, № 181),—деп үлкенлерге үн қосып балаларды мийнет етиўге, жақсы оқыўға шақырады. Балалар урыстан соңғы жыллары үлкенлер менен бир қатарда жумыстың барлық тараўында халық хожалығын қайта тиклеў исине үлес қосыў дәстүрин даўам етти.

Жоқарыда аты аталған балалар ушын, жазылған китаплар ҳәм қосықлар менен бир қатарда ХХ әсир 50-жыллардағы шығармалардың тематикасы мектеп турмысын, оның класстан ҳәм мектептен тысқары жумысларын, тәрбия барысын урыстан соңғы дәўирдеги жәмийетлик халық хожалығын қайта тиклеў усаған хожалық ислерине байланыслы түрде жүргизилиўин, оқыўшылардың жаңа жағдайда жаңа күш пенен жаңалыққа талпынған мийнетин, мектептеги жәмийетлик шөлкемлердеги жумысларын, жаңа әдеп-икрам, минез-қулықларын қәлиплестириўди сүўретлеўден ибарат болды.

Балалар әдебиятын буннан былайда раўажландырыўға үлкен дыққат бөлинди. Жазыўшылар Союзы бас-

қармасы балалар әдебиятында ушырасқан кемшилик-
лерди сапластырыў ҳәм Балалар әдебиятының жағдайы
ҳәм оны раўажландырыў ўазыйпалары туўралы өзи-
ниң XIII пленумында арнаўлы мәселе қарады. Мине
усы пленумында балалар әдебиятын раўажландырыў
менен бир қатарда бул алтын ғәзийнениң илимий изерт-
лениўи зәрүр екенлиги ҳаққында да қарар қабыл етти.
Қарарда балаларды жәмийетлик пайдалы мийнет руў-
хында тәрбиялаў иси балалардың парахатшылық ҳәм
демократия иси ушын гүреси, мектептеги, үйдеги, жә-
мийетлик орындағы турмысы, мине булардың ҳәммеси
көрсетилиўи зәрүр екени айтылған. Бул қарар қара-
қалпақ балалар әдебиятында да жаңадан жаңа қунлы,
талантлы шығармалардың пайда болыўына жазыўшы-
ларымызды илҳамландырыўға әдеўир тәсир етти. Ба-
лалардың жаңадан жаңа руўхый талабына ылайықлы шы-
ғармалар дөрей баслады. Көрнекли халық шайыры Аб-
баз Дабылов балаларға арналған ҳәммеге белгили
«Билимлен» «Жыл киятыр» қосығын жазды. «Билим-
лен» қосығында балаларды парахатшылық турмыс жағ-
дайында жаслайынан оқып билим алыўға, ийне менен
қудық қазғандай еринбестен илимди ийелеўге шақыр-
ды. Булар Уллы Ўатандарлық урыстан кейинги бала-
лар әдебиятындағы дөрелиўи заңлы қубылыс болған
жаңа шығармалардың жаршысындай сезиледи.

Усы жыллары Н. Дәўқараевтың «Мәртлик» (1949 ж),
Қ. Айымбетовтың «Қазак корпусының маршы», (Аль-
манах, 1948 № 3), Т. Сейтмамутовтың «Ақ қаланың жа-
ңа адамлары» («Қызыл Қарақалпақстан», 1949 № 32)
очерклери, И. С. Майоровтың «Заставада» (Альманах,
1949 № 1), А. Бегимовтың «Бир күн» (Бегжап траге-
диясы), «Туўылған жер», (Нөкис, 1955 ж), «Илал,» (Сон-
да, 75-бет), «Октябрьдиң балаларымыз» (таярлаған
А. Бегимов, Нөкис, 1953-ж. топламы), Ж. Сейтназаров-
тың «Ерлик», «Айсулыў» (1953, 1954-ж), С. Салиевтың
«Биринши адым» («Бахытлы заман», 1953-ж, 83-бет)
деген гүрриңлери ҳәм басқа да шығармалардағы унам-
лы қаҳарманлар балаларды мийнетти, Ўатанды, ха-
лықты сүйиўге тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе бол-
ды.

Шайыр Жолмурза Аймурзаев үлкен жастағы мек-
теп оқыўшыларына «Жас әўладларға» (1951-ж) кита-
бын сыйлық етти. Китапқа кирген қосықлардың ишин-



...е «Қарлығаш», «Жайнаған жақты бул дүнья» дегенге
...саған бирқатар қосықлар жас өспиримлердиң жүрек-
...лерин тербетеди, жасларға өмирди сүйдиреди, келеше-
...ги ушын мийнетке руўхландырады.

50-жыллардың орталарына келе балалар әдебияты
ғәзийнесине жаңа шығармалары менен авторлар кел-
ди. Олардан Мәтен Сейтниязов, Ө. Хожаниязов, Т. Қа-
йыпбергеновлар өз шығармаларында бир-бирине уса-
майтуғын, бирин-бири қайталамайтуғын өзгешелик-
лери, өзинше даўыслары бар қунлы шығармалар дөрете
баслады. М. Сейтниязов, Ө. Хожаниязов, Т. Қайыпбер-
геновлар өз шығармаларын балалардың жас өзгеше-
ликлерине, психологиялық түсиниклерине, педагогика-
лық талапларына сәйкес шебер жаза билиўлери менен
өзгешеленип турады.

Ө. Хожаниязов та балаларға қызықлы бир қатар
гүрриңлер ҳәм ертеклер (Биринши адым. 1956-ж.) жа-
зып берди. Оның «Ҳайўанатлар таласы», «Батыр ба-
ла», «Қымбатлы граммлар» ҳәм басқада гүрриңлери
менен ертеклери балаларды өзине тартып, қызықтыра-
туғын шығармалар болып табылады. Ө. Хожаниязов-
тың «Дүньяда не шийрин» (1960-ж.) жыллы күтип
алынды.

Төлек Қайыпбергеновтың «Блокнот сөйлейди»
(1961-ж.) китабына кирген оқыўшылар турмысын сүў-
ретлейтуғын «Арза» (1955-ж.), «Исиң сөзиңдей емес»
(1955-ж.), «Почтальон келгенде» (1955-ж.), «Ким айып-
лы» (1954-ж.) ҳәм басқа гүрриңлери балалардың жә-
мийетлик пайдалы иске қатнаслары менен олардың ми-
нез-қулық сыпатларын сүўретлейди. Төлеп Қайыпбер-
генов аты аталған гүрриңлер менен бир қатарда бала-
ларға «Секретарь» (Нөкис, 1958), «Муғаллимге рахмет»
(Нөкис, 1959) повестьлерин инам етти.

50-жыллары киши жастағы балалар ушын да әде-
ўир шығармалар дөрелди, «Октябрьдиң балаларымыз»
(Нөкис, 1953) китабы шықты.

Белгили шайыр Ибрайым Юсупов кишкене жаста-
ғы балаларға өзиниң «Бәҳәр» (1949-ж.), «Бақша қо-
сығы» (1950-ж.), «Маржангүл менен гүбелек» (1951-ж),
«Алтай» (1959-ж.), «Сүтилмек» (1951-ж.) қосықла-
рын инам етти («Жети асырым», Нөкис, 1962). Бул қо-
сықлардың ҳәммеси балалардың тилинен жазылып,
онда олардың өзлериниң қызық турмысы, жәмийетлик



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

мийнетте өз түсиниклери менен умтылыўы, минез-құлық, адамгершилик сыпатлары сүўретленеди. Бул жыллары балалар әдебиятының раўажланыўы ушын жаңа шығармалар дөретиў менен бирге жазыўшылар балалар әдебиятының алдына жаңа талаплар қойды. Олар Макаренко айтқандай бул әдебиятқа айрықша мәнидеги көркемлик тән болыўы керек. Әпиўайы түрде гүррин етиў, гүрриңниң логикалық қатаң избе-изликлиги, сөзлерди қалай болса солай шийеленистирип жибере бермеў,—булар еле жеткиликсиз. Балалар әдебиятында бояўлар, айрықша айқын ҳәм кемиссиз барып турған шынлық, ақ ҳәм қара бири-биринен саррас етип ажыратылған болыўы керек (т. 7. стр. 184) деген талапларды нәзерде тутты. Балалар ушын жазылған шығармаларға 50-жыллары усындай талаплар қойылыўы менен ажыралып турады

«Октябрьдиң балаларымыз» (Нөкис, 1953) китабының шығарылыўы өз дәўиринде жас балалар турмысында үлкен ўақыя болды, өйткени бурын киши жастағы балаларға арналып арнаўлы китап жүдә аз шығарылған еди. Балаларға арналған көпшилик шығармалар, аўдармалар газета бетлеринде, альманахларда, жазыўшылардың топламларында ғана жүр еди. Бул китаптың шығыўы ҳәммени қызықтырды. Китаптың сапалы шығарылыўына көп ғана жазыўшылар өз үлеслерин қосты. Бул китапты киши жастағы балалардың түсиниўине қолай, өзлерине таныс күнделикли турмысынан алынып жазылған. сюжетли шығармалар бар. Усы китаптағы Б. Қайыпназаровтың «Таяр күшимиз» деген қосығында балалар:

Халықтың қуўаты,
Елдиң саўлаты,
Өмир гүлимиз, —

(3-бет)

деп балалар ойларын бийлеген сезимлерин өзлери айтып қуўанып толып тасады. Енди бул ҳүрметли атаққа дақ жуқтырмай ел иргесин беккемлеўге, қайтпас полаттай күшке толысыўға, зийрек болып оқып, тәртипли болыўға инта билдиреди ҳәм:

Жастан өзимиз,
Сүйген исимиз,
Ўатан қорғаўға
Таяр күшимиз,—



деп халық алдында патриотларша ўәде етеди, өзлерин жалықлық иске таярлайды. Ал, Аббаз Дабыловтың «Жыл киятыр» (4-бет), «Бәҳәр» (20-бет) қосықлары оқыўшыларды гөззал тәбият қубылыслары менен таныстырады. Шайыр балаларға жаңа жылдың киятырғанын үлкен йош пенен жырлап береди.

Китапта А. Бегимовтың «Қулыншақ» (16-бет), «Қурбақа» (23-бет), «Қуслар» (25-бет), «Алма» (26-бет) қосықлары енгизилген. Киши жастағы балалар ушын бул қосықлар қызықлы да.

Халық шайыры С. Нурымбетовтың бул китаптағы (ки- қосықлары балалардың жас өзгешелигине қарай ши мектеп жасындағы оқыўшылар ушын) күтә шебер жазылыўы менен көзге түседи. «Гүлсәнемниң бүлбили» (36-бет) қосығында бүлбилди өзине, бағына үйреткен қыздың өмирге қумарлылығы бериледи. «Қоңыраўлы қозы ҳәм ақыллы күшик» (37-бет) қосығында Әдил деген баланың қозысы суўға түсип кеткенде оны күшиги сүйреп шығарып қутқарады. Буннан басқа китапқа «Сазан» (38-бет) қосығы да кирген. Бул қосықлар басқалардан көркемлигиниң жоқарылығы менен ажыралып турып, балалардың жас өзгешеликлерине сәйкес келиўи менен көзге түседи.

50-жылларда балалар әдебиятында тилге аларлықтай драмаларда дөрей баслады. Балалардың жәмийетлик пайдалы мийнети туўралы Х. Тәжимуратов «Бизиң үлес» («Биз өсемиз», Нөкис, 1950-ж., 38-бет) деген бир актли пьеса жазды. Пьесада балалардың улыўма халықлық иске қосатуғын пайдалы мийнетин көрсетиўге талапланыўшылық болғаны менен, оның көркемлик жағы, әдебий-драмалық баҳалылығы еле жоқары талап дәрежесинен төменлеў еди. Бул пьесада жазыўшыға белгили дәрежеде шыңығыў болды.

Балалар ушын пьесалар дөретиўге Ж. Аймурзаев «Қоля» (1941), «Ул-қызым» (1946) менен үлес қосты. Ал, П. Тилегенов «Айып кимде», «Атасының баласы» пьесаларын дөретти.

Сол жыллары балалар ушын жазыўшылар намаға салып айтатуғын қосықлар да инам етти. Олардан Ж. Аймурзаевтың «Аяз баба», Х. Сейтовтың «Бизиң Армия», А. Бегимовтың «Бәҳәр келгенде», Б. Қайыпназаровтың «Ержетемиз», Ө. Хожаниязовтың «Алма», А. Дабыловтың «Октябрьде», Ә. Шамуратовтың «Жаңа

жыл», Н. Жапақовтың «Жаслар қосығы», Т. Жумамуратовтың «Жарқырасын», Ғ. Сейтназаровтың «Дослық» қосығы, ҳәм басқа да авторлардың нама-қосықларын көрсетиўге болады.

Солай етип, ХХ-әсирдиң 50-жыллары орталарында мектеп оқыўшылары, мектепке дейинги балалар турмыслары көркем әдебиятымыздың поэзия, проза, драма жанрларында сүўретлене барды. Олар айырым жазыўшыларымыздың топламларында, альманахларда, газета ҳәм журнал бетлеринде, балалар ушын арнаўлы басып шығарылған топламларда жарық көрди.

Ҳәзирги балалар әдебиятының буннан былайда қәлиплесиў ҳәм раўажланыўына рус ҳәм туўысқан халықлардың балалар әдебиятындағы жақсы шығармалардың да қарақалпақ тилине аўдарылыўы биринши жағынан балалар әдебияты ғәзийнесин байытса, екинши жағынан жазыўшыларымыздың ондағы дәстүр ҳәм шеберликлерин өзлестириўден, олардан ибарат алыўына тәсир етти. Н. А. Некрасовтың, Л. Толстойдың, К. Ушинскийдиң, А. С. Пушкинниң, М. Горькийдиң, Марк Твенниң, Кричан Чандраның, В. В. Маяковскийдиң, К. Чуковскийдиң, А. Бартоның, А. Гайдардың, А. Фадеевтиң, С. Михалковтың, С. Маршактың, В. Катаевтың, Н. Носовтың ҳәм басқа да жазыўшылардың шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылды. Олардан «Балалық», «Том Сайердиң басынан кеширгенлери», «Полк улы», «Дала қуяшы», «Витя Малеев үйде ҳәм мектепте», «Жақсы деген не, жаман деген не?», «Мойдодыр», «Доктор Айболит», «Тимур ҳәм оның командасы», «Әскерий сыр», «Степа ағай» ҳәм басқада шығармалар урыстан соңғы дәўирде қарақалпақ тилине аўдарылып, балаларға инам етилген сыйлықлардың бас-лылары болады. Бул аўдармаларда ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының ғәзийнесин тағы да байытты.

Солай етип, ҳәзирги Қарақалпақ балалар әдебияты әсиресе, Уллы Ўатандарлық урыстан соңғы жылларда бурынғы дәўирлер менен салыстырғанда үлкен табысларға еристи, жақсы шығармалар арқалы болсын, аўдармалар арқалы болсын, жанрлар бойынша болсын балалар әдебияты бир қанша байыды. Қарақалпақ балалар әдебиятының үлкен табысы балалар ушын прозаның қәлиплесиўи, балалар ушын повестлердиң көп-



леп дөреўи болды (Қарақалпақ әдебияты тарийхында очерклери, Ташкент, 1968 ж., 392-бет).

Улыўма алғанда ҳәзирги балалар әдебияты соңғы онлаған жылда қарақалпақ әдебиятының белгили бир тараўы болып жетисти (Сонда 394-бет). Ҳәзирги заман қарақалпақ балалар әдебиятында балалар, жаслар жанрлар бойыншада дөрелген жоқары идеялы көркем шығармаларды, туўысқан халықлар менен шет ел жазыўшылары дөретпелериниң аўдармаларын өз ана тилинде, рус тилинде оқыйды. Бурынғы жылларға салыстырғанымызда балалар әдебияты урыстан соңғы жыллары көпшилик жанрлар менен толысты.

## САДЫҚ НУРЫМБЕТОВ

### (1900 — 1971-ж.)

Ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында С. Нурымбетов өзиниң «Гүлсәнемниң бүлбили», «Қоңыраўлы қозы ҳәм ақыллы күшик», «Сазан балық» ҳәм гейпара сатиралық қосықлары менен көзге түсти. Сүйикли халық шайырының буннан кейин «Фарҳад» (Нөкис, 1958), «Жаңа жумбақлар» (Нөкис, 1961 ж.), «Ақлығым» (Нөкис, 1965 ж.) китаплары басып шығарылды. Соңғы ўақытлары балалар әдебиятының ғәзийнесин байытатуғын «Өтеш өжет» (Нөкис, 1969) китабы жарық көрди. Шайырдың бул китаплары балалар әдебиятында ылайықлы орынларды ийелейди.

Шайыр Уллы Ўатандарлық урыстан бурында балалар туўралы қосықлар жазды, бирақ оларда нәсиятгөйлик баянлаўшылық басым еди.

Шайыр балалар ушын жазған шығармаларында Ўатан темасын арнаўлы орынға қояды. Ол «Балаларым» қосығында балалардың ҳәзирги бахытлы заманда «Өмир бақшасының пал маңыз гүли» екенин, олар ушын барлық жоллар ашық, енди оларға тәртипли тил алғыш дос болып оқыўы зәрүрлигин уқтырады.

С. Нурымбетов балалар турмысынан поэма да жазды. Әдебиятшы С. Ниетуллаев шайырдың «Фарҳад» поэмасын анализлей отырып, «Шайыр бул поэмасында улыўма балаларға тән жақсы ҳәм жаман қәсийетлерди ашып бере алған» («Совет Қарақалпақстаны» газ.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

1958 ж., 21-сентябрь, № 189) деп көрсетеди ҳәм поэма-
ға пикирлер айтады.
«Фарҳад» (1955) поэмасы мектеп оқыўшыларының
ишиндеги айырым (Фарҳад) тәртипсиз балаларды
көпшиликтиң дүзетиўин, дослық, жолдаслық жәрдем
етиўин сөз етеди. Фарҳад пенен бир бала Кәримбай де-
ген баланың қулағына жиңишке резинка менен шерте-
ди. Кәримбай оны Фарҳадтың жорасы Мишадан көре-
ди. Бирақ Мишаның ҳақ екенин билип, ол Фарҳадқа,
«шерткен сенғой» дегенге екеўи төбелесип қалады. Уа-
қыя мине усыннан басланады. Фарҳад төбелескенин,
бет-аўзының искенин анасы сораса да айтпайды. Класс-
лас балалар Фарҳад пенен Кәримбайды жарастырмақ-
шы болып, Сәлийма деген қызды Фарҳадтың үйине жи-
береди. Фарҳад оны қайтарып жибереди, жолдаслары-
ның сөзин сыйламай тағы төбелеседи. Мурыны иседи.
Ата-анасын алдап, сабақтан да қалады. Сабақтан ул-
гермейди. Нағыз шатақ, ҳәйяр жалқаў болып алады.
Муғаллимниң үйге берген тапсырмаларын да таярла-
май басқа баладан көширип алыўға қарап, бул ушын
Сәлийма менен дос болып, оннан пайдаланғысы келе-
ди. Бирақ зийрек Сәлийма буны сезеди. Пионер жетек-
шиси Сәлиймаға көширтип алғызбаўды тапсырды. Ий-
ни түскен Фарҳад енди Сәлиймаға өшигеди. Тәнепис
ўақтында дежурныйға сездирмей Сәлийманың китабын
шашып, сыясын төгеди. Партаға шаққысы менен Сә-
лийманың атын ойып жазады. Бирақ буны балалар сез-
бейди. Сонлықтан Фарҳад Кәримбайды да талай му-
найтқан. Сөйтип жүргенде мектеп дийўалы газетасын-
да Фарҳадты критикалаған фельетон шығады.
Фарҳад усы фельетоннан тәсирлене баслайды.
С. Нурымбетовтың киши ҳәм орта мектеп жасында-
ғы балаларға арналған «Ақлығым» китабы бурынғы
гейпара шығармаларына қарағанда жетилискен, се-
зимталлы, жоқары көркемлилиги менен тематикасы,
ўақыяларды сүўретлеў шеберлиги, тилиниң сулыўлығы
жағынан көзге түседи. «Ақлығым» китабындағы шы-
ғармалар балаларды Ўатанды, мийнетти сүйиўге, ақыл-
лы болыўға, жақсы оқыўға шақырады. «Сур қозы» (11-
бет) қосығында балалар сур қозыны көреди, оған сүй-
синеди ҳәм оны бағыў ушын мийнет етиўге талпынады.
Шайыр «Автобуста» (23-бет), «Халық айтқанды
мен айтсам» (33-бет), «Дос ақыллы» (46-бет), «Муз



үстинде» (54-бет), «Асқынлаған аңшы бала» (51-бет)
қосықларында балаларға жақсы нәсиятлар береди: ав-
тобусқа минсең жол кирейине билет ал, халықтың айт-
қанын тыңласаң хызмет ет, ақыллы бол, жаманлық ет-
пе, халыққа жақсылық ет, ата-анаңды қәдирле, қыңыр
болма, өтирик сөйлеме, шалағай болма, жақсы баҳа
алып оқы, барлық исиң шағында болсын, намысыңды
сақла, тәкир-түкир болма, менмен, тентек болма, хал-
қың менен бирге бол:

«Халық пенен байланыс,
Өзиңди бөлек гизнеме.
Халық исине айланыс,
Халықсыз бахыт излеме»,

—деп нәсиятлайды.
С. Нурымбетов кишкене ғана жеңил ҳәзиллерди ба-
лалар әдебиятына киргизген жаңашыл шайырларымыз-
дың бири. Оның азғантай болса да балалардың харак-
терине қарай айтылған ҳәзиллери тентек балаларға
тәмби, пәндиў-нәсият болады. Шайырдың усы кишкене
ғана күлки туўдыратуғын ҳәзиллерине сықақ пенен ҳә-
зил жупласып келип, балалардың жас өзгешелигине
қарай белгили унамлы мәни туўдырады.
Я күтә кескин «үзип-жулып» тасламай, я ҳәзилди
күтә ҳәлсиретип жибермей балаларды ойландырыўға
да мүмкиншилик береди. Ҳақыйқатында да шайырдың
тутқан жолы балаларға жақсы тилекте турады. С. Ну-
рымбетовтың «Тосаңбай ҳәм Тезбайында» (15-бет) еки
бала болады. Тосаңбай қасынан өтип баратырған Тез-
байға «жаныңа зор бере берме, мендей ҳәзди ойла» деп
тосаң жүриўди кеңес етеди. Оған Тезбай «Ҳәзликтиң
өзи тезликте»:

Тосаңлықта азап бар,
Ҳәмме оны мазақлар.
Тосаңласаң жеткермес,
Мақсет еткен узақлар,
Сонлықтан мен Тезбайман,
Тезлигимнен жазбайман»,

—деп тамамлайды.
Бул тек балалар ушын күлкиге айтылған гәп емес,
ал үлкенлерге де тәсийирли. Тосаңбай ҳәм Тезбайға
усап, шайырдың айтажақ ойын оқыўшыға дәл жеткере-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

туғын уғымларды табыўдың өзи де поэзия ақсақалының балалар ушын жазған қосықларында шеберлигиниң артқанын оның тереңлескенин дәлиллейди. А. Ивичқосықтың ҳәзилли түри, оның сырлы нәсияты, әңгимениң тәбийғыйлығы ҳәм жалықтырмаўы—буның бәри балалар шайырының жақсы таба билиўшилиги», деп көрсетеди (Воспитание поколения, «Детлит», М. 1964 г, стр. 153).

Шайыр балаларға да, ҳәммеге де ўақыттан артта қалмаўды мәсләҳәт етеди. Гейде балалар тосыннан табылған ойлары менен үлкен адамларды да ойландырып таслайды. Қәне, мына «Қызық сораўға» (17-бет) жуўап берип көриңиз:

—Адам баласы бөбек,
Қоян баласы гөжек,
Таўық баласы шөже,
Пышық баласы не, әже?!

—Мал баласы бузаў,
Қой баласы қозы-аў,
Түйе баласы бота,
Түлки баласы не, ата?!

Бул сораўлар ҳәрбир баланы ойландырады, оның қыял сүриўиниң кеңейиўине, турмысты билиўге қумарлығына унамлы тәсир жасайды.

С. Нурымбетовтың көп ғана қосықлары турмыстың, тәбияттың сырлары ҳаққында ойландырады, қыялларға бөлейди, берилген сораўға дурыс жуўап табыўға мәжбүрлейди, жақсы ислерге ерисиў ҳаққындағы қыялларға талпындырады. «Ҳеш нәрсе туўралы қыял етпейтуғын бала — бул аўырыў бала, — деп жазады А. Н. Толстой,—Китап балада ҳақыйқат дөретиўшилик қыялды раўажландырыўы керек» (ПСС, Т. 14. стр. 355) С. Нурымбетовтың қосықлары бул пикирди тастыйықлайды. Онда дидактикалық нәсият пенен балалар қыяллары тийкарғы орынды ийелейди. Шайырдың бир қатар қосықларында балалар өзлерине өзлери-ақ сораў берип, оған шешим табады. Булар өзлеринен кейинги балаларға пәндиў нәсият болады. «Бала болыў жөн маған» да (30-бет) бир сапары рухсатсыз кеткен балаға ата-анасы ашыўланып, «бала емессең» деп бақырады: Сонда бала мынадай жуўмаққа келеди:



«Бала емессең дегени,
Қысындырды көп мени,
Ойланаман тап соннан,
Бала емес болғаннан,
Бала болыў жөн маған»

Бундай кишкене ҳәзиллердиң қатарына шайырдың
Ырас сөз», «Өтирик сөз»лерин де (44-бет) жатқарыўға болады.

—«Алма ағашын сабыўға болады,
Пистени шағыўға болады,
Марсқа барыўға болады,—
Деп ағасы рас сөйлепти,
Иниси «дурыс ғой» депти».

Бир ғарбыз қозы болып кетипти,
Бир балық тазы болып кетипти,
Бир пияз бүлбил болып сайрапты,
Бир ылақ адам болып ойнапты,—
Деп ағасы өтирикти сөйлепти,
Иниси инанбайман, қой — депти».

С. Нурымбетовтың балалардың дүньяны ҳәртәреплеме ойланыўына, сана-сезими ҳәм ойлаўының өсиўине тәсир жасайтуғын жумбақлары халық хожалығында дөрын алған жаңалықлар менен тығыз байланыста дөорын тутады. Булар ҳәзирги дәреўи арқалы айрықша орын тутады. Булар ҳәзирги дәўирде дөреп атырған жаңа жумбақлар болып табылады. Ал булардың биразы ҳәзирдиң өзинде ақ халық арасында кең таралған. Мәселен:

Жақында пайда болған қус,
Жердиң жүзин шолған қус,
Бизиң елде ержетип,
Айға ушып қонған қус.

(«Жумбақлар». 8-бет).
**(Ракета)**

ямаса:

«Қанатсыз лашын,
Сүйеги ҳасыл,
Сан айланып талмас
Жердиң айналасын».

**(«Восток» кораблълери)**



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

«Үш ҳәриптен аты,
Жер асты заты,
Арнаўлы пеши бар.
Аўқатлар асып ал».

(газ) т. б.

С. Нурымбетовтың жумбақ жазыўға шеберлиги сон-
да, ол заттың дәл өзин, турмыстағы хызметин, сыпатын
айнытпастан бере алатуғын образларды таба билиўи-
нен көринеди. Шайыр турмыстағы жаңалыққа сезгир-
лик пенен қарайды, ҳәр қандай жаңалық оның өз жүре-
гинде қосық, я жумбақ болып шығады. Сонлықтанда
С. Нурымбетов балалар әдебиятында Жаңа жумбақлар
дөреткен халық шайыры. Бунда оқыўшылардың күнде-
ликли турмысынан мектеп, глобус, қәлем, ракета, дүў-
тар, термос, пешехана, крант, шырпы, ийне, лампочка,
ҳәртүрли қуслар ҳәм ҳайўанатлар, өсимликлер, адам-
лардың дене қурылысы ағзалары, жәнликлер ҳәм тағы
басқалар жумбаққа түсирилген.

С. Нурымбетовтың балалар әдебиятына қосқан үл-
кен үлеси тосыннан болған ўақыя емес. Ал, балаларға
арналған қосықларының көпшилигинде дерлик халық-
тың бай аўызеки дөретпелеринен кең пайдаланып, оны
жазба әдебиятымыз бенен байланыстырып, фольклор-
лық сүўретлениў қуралларынан да шебер жазылған
қосықлар, тил байлығынан да кең пайдаланып, ўақыя-
ларды қызықлы етип сүўретлеп береди. Сонлықтанда,
С. Нурымбетов пенен Аббаз Дабыловты қарақалпақ
фольклорының бай ғәзийнесин бүгинги әдебиятқа әке-
лип қуйған ҳәм фольклор менен бүгинги әдебиятты бай-
ланыстырыўшы «дәнекер» шайырлардан болды деп ай-
та аламыз.

## ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ

**(1929-ж)**

Төлепберген Қайыпбергенов қарақалпақ совет әде-
биятында үлкен орын ийелеў менен бир қатарда бала-
лар турмысынан жазылған гүррицлери, повестьлери
арқалы балалар әдебиятында да ылайықлы орын ийе-
лейди. Жазыўшының балалар турмысынан жазылған
дәслепки гүррицлери 1954-жыллардан баслап газета,



журналларда көрине баслады. Оның гүррицлериндеги
мектеп, пионер, жаслар шөлкемлериниң жумысы менен
бир қатарда, тиккелей балалардың жәмийетлик пай-
далы иске қатнаслары, оқыў процеси ҳәм муғаллимлер-
диң оқыў-тәрбиялық хызметлери тийкарғы тематика-
сын қурайды.

Жазыўшының гүрриң ҳәм повестлериниң мазмуны
бүгинги жаңа мектеп пенен оқыўшы турмысынан алы-
нып, гейпара гүрриңлери, «Секретарь» повести (айы-
рым эпизодлары жетерли дәрежеде қайта исленгенин
есапқа алғанда) тийкарынан жоқары көркемликке ийе,
анаў, я мынаў ўақыяларды исенимли түрде шешип бе-
ре алады және оқыўшыларда анағурлым жоқары жақ-
сы сезим туўдырады. Оның қаҳарманлары бүгинги ба-
лалар. Ҳәрқайсысы өзлериниң мектепте, үйде жәмийет-
лик орынларда ислеген иси, ҳәрекети, балалар ҳәм үл-
кенлерге, турмысқа қатнас жасаўы арқалы бир-бири-
нен ажыралып турады. Олардың ҳәрбир ҳәрекетинен
заманның руўхы, бүгинги талабы сезиледи. Жазыўшы-
ның шығармаларының тили көркем, ықшам.

Т. Қайыпбергеновтың дәслепки гүрриңлериниң көп-
шилиги балалар турмысынан жазылған. Өзи оқып ҳәм
өзинен кишкенелерди оқытып, еки жақлама тәжирийбе
жыйнағанлықтан оның гүрриңлеринде қыялый жасал-
малы ўақыялар жоқ, мектеп, муғаллим, оқыўшылар
турмысы реаль көркем етип сүўретленеди. Оның «Арза»
(«Блокнот сөйлейди». Нөкис, 1961, 3-8 бет) гүрриңин-
деги Абат пенен Турдымураттың образлары бир-бирине
усамайтуғыны менен айрықша Тоғайдың шетинде ту-
ўып қалған ферма саўлығының еки қозысын Абат паль-
тосына орап, шопан атасына әкелип тапсырады, ал Тур-
дымурат болса, кийимин патаслағысы келмей «Жоқ
мен бундай нәрсеге қол урмайман» деп кетип қалады.
Гәп мине усы еки түрли минезди қандай дәрежеде
ашып, қандай адамгершилик сыпатлар дөрете билиўде.
Ўақыяда шын, ал таңлап алынған минезде айқын. Жа-
зыўшы буны қалай шешеди? Турдымурат мектепте
жақсы оқыйды, бирақ жәмийетлик исте ферманың пай-
дасын ойламайды. Ал Абат ҳәм жақсы оқыйды, ҳәм жә-
мийетшил бала. Абатқа комсомол қатарына кириўге
пионер шөлкеми жоллама береди, ал Турдымуратқа
жоллама бериў «ўақтында иркип қойыўға қарар етил-
ди». Жазыўшы бундай жағдайда қандай шешимге ке-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

лиўи мумкин? Ол тек ғана балаларға жақсы оқыў менен бирге жәмийетлик мәпти қорғаўды нәсият етеди. Мәселе бул пикирди қандай дәрежеде көркемлеп айта билиўде. Жазыўшы бул белгили пикирди балаларды ҳәмме ўақта, ҳәмме жумыс үстинде тек бир заманлық, я бир тәреплилик емес, ал ҳәмме ўақта ҳәм ҳәр тәреплеме ойлаўға шақырыў менен қатар, олар ҳәрбир баланың миннетли жумысы екенин терең синдире билиўи арқалы қунлы.

Ал Төребайдың образы арқалы жазыўшы («Исиң сөзиңдей емес», 9—13 бет) балалар арасындағы ата-анаға деген әдеп-икрамлылықты, ғамхорлықты көрсетиў мәселесин көтереди. Гүрриңде Төребай деген бала өзиниң анасына бүгин мектепте ата-ананы сыйлаў ҳаққында жыйналыс болғанын айтып береди. Бир күни ол анасы таярлап кеткен аўқатты жеп отырып, оны писирип берип кеткен анасын «Ана қандай меҳрибан? Мениң аш болып қалғанымды билип, дем алыс ўақытында да мен ушын аўқат таярлаған» (9-бет) деп анасына кеўли толып мақтап, анасына меҳрибаншылығын билдиреди. Бирақ бир күни өз пәмсизлигине өзи уялып қалады, ол былай болады: апасы менен қыдырып баратырып, автобустағы тығылыста анасына орын бермей, өзи мелшийип отырып алады. Қайтама «апа алдыңа қарап турмасаң жығыласаң» деп оны аяп, апасына ақыл берген болып мардыяды. Төребайдың анасына автобустағы басқа бир бала орынын береди ҳәм Төребайды сықақлап, оннан «Оқыўшылар қәдесин оқыдың-ба?» деп сорайды. Төребай оқығанын, класслас барлық балаларда оқыўшылар қәдесин булжытпай орынлап жүргенин айтып мақтанады. Жаңағы бала:

— Сизиң класста оқыўшылар қәдесин бузыўшылар көп пе?

— Ондай бир де бала жоқ (Төребай).

— Жоқ емес,—деди бийтаныс бала.

— Сен қалай билесең? (Төребай).

— Сени көрип киятырман.

— Мен не қылдым?

— Сен, ҳәттеки, басқа биреўдиң ата-анасы түўе, өз апаңа да орныңды бермей киятырсаң...»

Төребай бул жуўаптан уялып қалады, ал Амангүл кемпир (Төребайдың анасы) «Әй шырағым, исиң сөзиңдей емес екен» деп налыйды. Бул ўақыя әпиўайы



болған
сюжетке қурылған. Баслы мәселе гүрриңдеги
ўақыя ғана емес, ал балаларда ушырасатуғын гейпара
дыққатсызлықты, аңғармаўшылықты әшкаралаў менен
қатар, балалардың өзлериниң ҳәрекети менен өзлерин
өзлерине дүзеттириўди шеберлик пенен таба билиўде.
Жазыўшы усындай усылды табыўшылығы менен де ше-
берликке ийе. «Тракторшы» (23-бет) гүрриңиндеги 10-
классты питкерип болып тракторшы болған Абдулла,
«Почтальон келгенде» (26-бет). гүрриңиндеги хат әкел-
ген почтальонның Анаргүлди де, ҳәтте муғаллим Узақ-
бергеновты да қуўантқанын көрип, «мен де ҳәммени,
ҳәтте муғаллимди де қуўантатуғын почтальон боламан»
деп әрман етиўши Қутлымурат, райатком баслығының
орынбасары Өтешовтың баласы Ербайдың терген 33
килограмм пахтасының есапшы тәрепинен «жасы үл-
кениниң баласы болғансоң» 83 килограмм етилип арты-
ғына жазылыўы, онда Ербайдың қысыныўы, әкесиниң
жыйнақта «балалардың ҳәммеси пахта теримине жәр-
дем бериўи керек» деўи, ал жыйнақтан соң үйинде ба-
ласы Ербайға «пахтаға бармай-ақ қой» деўин ойлап,
бунда «ким айыплы» деп турған Ербай образлары бир-
бирине усамайтуғын, бир-бирин қайталамайтуғын ми-
незлилер болып табылады. Образлардың ҳәрқыйлылы-
ғы ҳәм олар ҳәрқыйлы ўақыяларға байланыслы ҳәр-
қыйлы ҳәрекетлер менен ашылып барыўы шығарма-
лардың дәрежесин көтереди. Т. Қайыпбергеновтың шы-
ғармаларының қунлылығыда сонда, ол бул шеберлик-
лерди ҳәрбир шығармада ҳәр түрли етип қолланыўға
ҳәрекет етеди. Т. Қайыпбергеновтың буннан басқа да
гүрриңлеринде образлар жақсы ашылған, кишкене қа-
ҳарманлардың үлгили ислери ҳәрқыйлы ҳәрекетлер ар-
қалы сезилип, олар балаларға үлги ретинде терең тә-
сир етеди.

Т. Қайыпбергенов балаларға арналған гүрриңлери-
ниң көпшилигинде оларға турмыстың ашшы-душшысын
өзлерине таттырды, жақсы ислерине қуўандырады, оны
басқаларға үлги етеди, ал өзлери жаман ислер ислеп
қойса, онда өзлерин өзлерине өкиндиреди ҳәм басқа-
ларды жаман ислерден қашыўға тәсийрлендиреди. Ба-
лалар әдебиятының ўазыйпасы балаға «жақсы» деген
не, «жаман» деген не дегенди әйтеўир үйрете бериўде
ғана емес, бунда жас әўладқа жақсылықты сүйдире би-
лиўге, оның ушын гүресе билиўге үйретиў, жаманлыққа



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

қарсы қатаң ҳәм қасарысып тура билиўге шынықтырыў
әҳмийетли. Ҳақыйқатында Т. Қайыпбергеновтың гүр-
риңлериндеги Абаттың, Турдымураттың, Төребайдың,
Абдулланың, Қутлымураттың, Ербайдың ҳәм басқа-
лардың барлық ҳәрекетлери гүреске, жақсылық иске,
турмысты билиўге қаратылып, олар заман ағымына үн
қосыўға талапланады. Бул ийгиликли уғым сезимлери
Т. Қайыпбергеновтың гүрриңлери менен повестьлеринде
де терең орын алады.

Жазыўшы балалар сүйип оқыйтуғын «Секретарь»,
(ҚҚМБ, Нөкис, 1958 ж.) повестинде урыс дәўириндеги
балалар турмысы сүўретленеди. Естиярлар фронтқа кет-
кен. Аўылдағы барлық жумыслар кемпир-ғарры, ҳаял-
лар менен кишкенелердиң мойнына түсип қалған. Буны
сезген комсомол бала 7-класс оқыўшысы Атамурат жа-
на ўақыттың жаңа ўазыйпасын түсинип, оқыўшылардың
басын жәмлеп, колхоздың жумысларына жәрдем бере-
ди алыстағы жайлаўда ферма маллары ушын пишен
орыўға атланады. Парторг Дощан менен мектеп дирек-
торы Тәжен, Атамураттың анасы Оразгүл, Темирхан
ата ҳәм басқалардың тәрбиялық ислериниң әҳмийети
зор болады. Нәтийжеде комсорг Атамурат ҳәммесинен
билгиш, ҳәммесинен тепериш болып алады. Ал Сержан
да өжетликти қойып, оқыўда ҳәм жумыста алдыңғылар
қатарына ериседи. Атамураттың жәмийетлик жумыс
пенен бирге көпшилик ўақыты қызыл Армиясы ката-
рынан қашып келген Атаханның исин бақлаўға кетеди,
оның менен көбирек ҳәлекленеди. Бас қаҳарманды бы-
лайынша ҳәдден зыят бояп бериў менен ең жақсы қә-
сийетлерди бәрҳа бас қаҳарманға жамай бериў оны
жасандылыққа алып барады. Деген менен соны да ес-
кертиў керек, жазыўшы «Секретарь» повестин қайтадан
қарап шықты ҳәм Атамураттың сөзлериндеги шаўқым-
пазлықлар, декератив ҳәрекетлер дүзетилгени сезиле-
ди. Атамураттың образы дәўир руўхына сәйкес өз дәўи-
риниң белгили баласы ретинде ықшам етип исленген.
Оның ҳәрекетлери исенимли ҳәм оның сыпаты ҳәрекет-
лер тийкарында қәлиплеседи. Атаханның баласы Әмет-
тиң образын автор жақсы жасай алған. Ол көп ўа-
қытлар бойы қашқын әкеси тәрепиндеме, ямаса жолдас-
лары болған пионерлер тәрепиндеме, қайсы тәрепте бо-
лыўды ойланып көп жүреди. Ақырында әкесине азық-
аўқат апаратырған Әмет изине ғырра қайтып, милиция



бөлимине жол тартады. Әметтиң шешими дурыс. Би-
рақ буған ол алдын ала жеткиликсиз таярланғанын ай-
тыўымыз керек. Атамуратта балаларды иске шөлкем-
лестириўшилик, колхоздың ҳәмме иси туўралы ойланыў-
шылық бар. Бизиңше бул бас қаҳарманның жүги өзи-
ниң жас өзгешелигине қарағанда күтә көп болып кет-
кен. Гулайша, Қалбай, Ербай усаған балалардың ўә-
киллери де аз болса да, өз сыпатламаларына ийе.

Т. Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет»индеги
(ҚҚМБ, Нөкис, 1959) Турдымураттың образы В. Гу-
баровтың Павлик Морозовын еске түсиреди. Балалар
ушын әдебий шығармалардағы «Ең әҳмийетлиси—оның
минез-қулқы болады, фактлар болса әпиўайы күндеги-
ше болыўы мүмкин, бирақ повесть қаҳарманының ми-
нез-қулқы мақуллаўды, таң қалыўшылықты, еликлеўге
умтылыўшылықты қоздырыўы керек. Қаҳарманның ми-
нез-қулқы ҳәзирги заманымызға сәйкес болыўы тийис».
(Толстой А. Н. ПСС т. 13, стр. 382) Т. Қайыпбергенов
жас қаҳарманлар образларын жасаўда ҳәм бул образ-
лардың болған ўақыяларға сәйкес келип, жасалған об-
раздың оқыўшыларға тәсиршеңлик сезиминиң басым-
лығы жағынан ҳәм булар шешилетуғын ўақыяның ком-
позициясының балаларға қонымлы дүзилиўи жағынан
шеберликке ийе. Турдымураттың образының писик ис-
ленгени соншелли, оның ҳәрқандай ҳәрекетине исене-
сең, сол ҳәрекет заңлы да, орынлы да болып көринеди.

Турдымурат деген кишкене бала дәслепки колхоз-
ласыў жылларында аўылға келген муғаллим Меңлиму-
рат пенен үйирлесиўи, оған жәрдем бериўи бирден емес,
ал исенимли түрде бирин-биринен ажыратыўға болмай-
туғын заңлы ўақыя тийкарында кем-кемнен раўажла-
нып барады. Дәслеп Турдымурат аўылдағылардың ай-
тыўына ерип, муғаллимге оқып «орыс болып» кетиўден,
«таяғын жеўден» қашып, ата-анасының «сумлығы» ме-
нен жүктиң арасына да жасырынады. Баланың өз ата-
анасының айтқанынан шыға алмай жүриўи де исеним-
ли көрсетилген.

Турдымураттың ата-анасы да өмиринше Дүйсен мол-
ланың сөзине исенип, енди оннан асып түсетуғын са-
ўатқа, түсиникке ийе емес адамлар болған. Бул улыў-
ма сол жылларғы саўатсыз қалған бир аңқылдаған ақ
көкирек қарақалпақтың образы ретинде көринеди.
Олар балаларын да өзлериндей адам етсе қуўанады.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Турдымурат, Сералының қызы Гулай, Сарсенбайлар сол дәўирдеги дийхан балалары болған соң өскен орталының тәсиринен шетте қала алмайды. Олар ата-аналары не десе, дәслеп соннан шыға алмай жүреди, бирақ заман өзгерди. Енди аўылға муғаллим келди, жаңалық келди. Буған балалардың тез қызығатуғыны заңлы қубылыс. Тирише балалар жаңалыққа тез қызығып, оған үнлес болатуғыны тәбийғый заңлы ҳәдийсе. Турдымурат мине сондай жаңалыққа қызығыўшы баланың ўәкили. Сонлықтан да ол басқа балалардай Меңлимураттан қашпайды, керисинше, ҳәр бир ҳәрекетинде муғаллимге еликлегиси келеди. Оның колхоз, батыр пионерлер туўралы сөзлерин қызығып тыңлайды. Көлге қашып кеткен балаларды оқыўға жыйнап келиў ушын Меңлимуратқа көмек береди. Складтағы затларды урлаған Дүйсен молланы өзиниң дослары болған Гулай ҳәм Сәрсенбайлар менен бирге қолға түсирип услаcыўға жәрдем етеди. Душпанлар жала жапқан Есемурат ғаррының склад затын урлаўдан ҳақ екенин анықлайды. Мине усы гүреслер нәтийжесинде Турдымураттың түсиниги кеңейеди ҳәм усы ҳәрекетлер әнжамында оның образы жетилисип барады.

Мынаны айтыўымыз керек, «Муғаллимге рахмет» повестиндеги ең баслы қаҳарман Меңлимурат муғаллим елимиздиң дәслепки интеллигенциясының ўәкили. Меңлимурат образы тийисли әдебий изертлеўлерде талланған ҳәм тийисли жоқары баҳасын алған. «Муғаллимге рахмет» повести ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ, бәлким туўысқан әдебиятларда да бирден-бир жақсы шығармалардан болып есапланады» (Нурмухамедов М. 1968). Повесть Ҳамза атындағы мәмлекетлик сыйлыққа миясар болды.

Меңлимурат балалар әдебиятында да балалар устазы ретинде баслы қаҳарман деп есапланады. Оның иси, минез-қулқы, жәмийетке қатнасы кишкене шәкиртлери менен алып барған хызметинде көринеди.

Т. Қайыпбергеновтың Атамурат («Секретарь»,), Турдымурат ҳәм Меңлимурат («Муғаллимге рахмет») ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында Төрештен (Н. Дәўқараев), «Интернатта» ҳәм Ә. Шамуратовтың «Ески мектепте» повестиндеги ўақыяны айтып бериўши бала менен Есим, Генжебай ҳәм басқаларынан кейин дөреген образлар болып табылады.



Солай етип ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебия-
тында төңкеристен бурынғы ески мектеп оның оқыўшы-
лары (Есим, Генжебай ҳәм басқалар), жаңа ҳүкимет-
тиң дәслепки жыллары (Төреш ҳәм басқалар,), колхоз-
ласыў дәўири (Турдымурат, Гулай, Сәрсенбай, Қунна-
зар ҳ. т.); Уллы Уатандарлық урыс жыллары (Атаму-
рат, Қалбай, Гүлайша, Ербай, Коля Юра ҳәм басқа-
лар), урыстан соңғы дәўирде (Фарҳад, Маржангүл, Ай-
сулыў, Карим матрос, Сәрсенбай, Полат, Әлий, Сапар-
бай, ҳәм т. б.) белгили қаҳарманлар қатары дөреди.

## МӘТЕН СЕЙТНИЯЗОВ

### (1934-ж)

М. Сейтниязов студентлик жылларында (1950-1954)
балалар ҳаққында қосық жаза баслады. Бул туңғыш
«Қарим матрос» ына (Нөкис, 1955 ж) барыў ушын шы-
ныңғыў соқпақлары еди. Шайыр «Қарим матростан» ке-
йин «Жумбақлар», (Нөкис, 1957) «Нәпсиқаў пышық».
(Нөкис, 1958 ж), «Коммунизм мүйеши», (Нөкис, 1960)
«Толқытқан ойлар» (Нөкис, 1962) китапларын басты-
рып шығарды. Бул китапларға кирген шығармалар ҳә-
зирги дәўирдеги қарақалпақ балалар әдебиятынан ыла-
йықлы орнын алады. Соның менен қатар соңғы жыл-
лары узақ сапарларынан дөреген очерк, қол жазбала-
ры балалар оқыўында үлкен әҳмийетке ийе.

М. Сейтниязовтың қаҳарманларының бәри де хош
кеўилли ақыллы адам болыўға талпынған, ҳәрқандай
жаңалықты, жақсы ислерди билип алыўға қуштар ба-
лалар, келешектиң азаматлары болып келген шоқ, шақ-
қан балалардан ибарат.

М. Сейтниязовтың балалар поэзиясындағы темати-
касы кең. Олар балалар тилинен Уатанды, халықты,
мийнетти жырлаўдан, балалардың оқыўға, жәмийетлик
пайдалы ислерге қатнасынан, олар арасындағы адам-
гершиликке талпыныў усаған жақсы нийети ҳәм басқа-
лардан ибарат. М. Сейтниязовтың балалар қосығының
тийкарғы бағдары мектепке шекемги, киши ҳәм орта
мектеп жасындағы оқыўшыларға арналған. М. Сейт-
ниязов балалардың Уатанға, халыққа ҳүрметин жәмий-
етлик — пайдалы ислер атқарыўы арқалы жанлы етип
көрсетеди.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Балалардың тийкарғы ўазыйпасы оқыў. Ол «Карим
матрос» тағы «Биринши жыл» қосығында биринши
классты питкерип, екинши классқа оқыўға келген ба-
ланың көп затты үйреткен муғаллимине иззет-хүрмети
артса, ал шайыр «Мураттың узақшасы» (5-бет) қосы-
ғында жети жасар Мурат деген баланың асыраған узақ-
шасының жаңа жыл елкасында елкаға қонып, бала-
ларды таңқаларлық қызыққа батырғанын балаларға
инанымлы етип йошлы сүўретлейди. Олар балаларда
үлкен йош оятады, елге деген иззет-хүрметин арттыра-
ды:

«Қандай жақсы бизиң елде,
Таза жылдың тамашасы,
Қызық етти елкамызды,
Мураттың бул узақшасы»,
(7-бет).

Ал, «Ғаздың палапаны» (12-бет) қосығында Балта-
бай деген баланың дәрьяға ыққан ғаздың палапанын
зорға услап алғаны, оны услайман деп қайығын қашы-
рып алып, өзиниң де суўға мантығып кете жазлап, зор-
ға шыққанын айтады. Бул арқалы шайыр Балтабайдың
ғаздың палапанын бағыўы ҳәм ол арқалы балалардың
көзин қыздырыўы сөз етиледи. «Қоянның гөжеги» (27-
бет) қосығы да сондай. Бир топар қосықларда бала-
лардың қусларға, үй ҳайўанларына ғамхорлығы көр-
сетиледи. Усы тийкарда шайыр балалардың елге пай-
да келтириўин нәзерде тутады. «Көпир» (30-бет) қо-
сығында ойнап атырған балалардың көпир соғып, ол
көпирдиң үстинен машиналардың да, көпир астынан
пароходтың да өтиўин әрман етип, келешектиң ғамын
ойлаған балалардың жақсы нийетлери сүўретленеди.
Өйткени олар жақын жылларда-ақ сол мақсетлерин
бәржай етеди:

«Машинаға ход берип,
Көпирден айлап өтемиз,
Көпир сынып кетпесе,
Устаға сыйлық беремиз»
(31-бет).

дейди балалар. Шайыр, мине усы балалардың қыялла-
рын ойлап таба билиўшилиги менен көзге түседи. Бун-



...ай шеберлик «Р» ҳәриби (33-бет). «Сара ҳәм сәўле»
(35-бет) қосықларында да орын алып, балалардың ми-
...ез-қулқын күтә дәлме-дәл етип бере билген. «Р» ҳә-
...ибин айталмаған Әбдиғаний деген бала жолдаслары-
...ың жәрдеми менен«Р» ҳәрибин дурыс айтады. Ол аға-
...ына:

«—Аға маған оқыўға
Барыўға енди болама,
«Р» дегенди үйрендим.
Кишисең демей алама»
(34-бет).

деп сорайды.
М. Сейтниязовтың «Карим матрос» (19-бет) қосы-
...ғында мектепке шекемги балалар мәкемелеринде тәр-
...бияланған әўладлардың ойыны, саяҳаты, қызықлы тур-
...мысы туўралы дыққатқа ылайық көринислер бериледи.
Бала бақшада тәрбияланып атырған алты жасар Ка-
...рим басқа балалар ойламаған ойынды ойлап табады.
Буған тәрбияшының таза хабары себепкер болды, тәр-
...бияшы, «көл бойына қыдырамыз» деген еди. Карим
«көл бойына қыдыратуғын болсақ, не ислеўимиз ке-
...рек», деп өзинен өзи ойланды. Усы ойы менен ол еки
қатарда дизилген балалар менен тәрбияшының бас-
...шылығында көлге сапар шекти. Балалар билгишсинип
...атыр: биреўлер көлден гүл теремиз десе, биразлар сүй-
...рик аламыз дейди. Биразлар қусларды көремиз десе,
биразлары көлде балық болады екен деп билгишсине-
...ди.
Сөйтип:

«Келди булар көл бойына,
Гүллер жайнап турған екен,
Суў қуслары, қыр қуслары
Қашшан келип болған екен,

(20-бет). Балалар көлге келгенсоң биразы қусларды
...ушырады. Вера, Галя чайник, Пердегүл кесе соқса, Са-
...бырбай қаўын, Володя пияз егеди. «Помидор, гешир,
капуста, ҳәтте шалғам да» егеди. Бирақ Каримниң бу-
...лар менен иси болмады. Көлге келгеннен кейин жүзиў
керек, жолаўшыларды тасыў керек, соны ойнайын деп
ол пароход соғады:



10—84

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Пароход саз, жағада тур,
Карим турып қыйқыўлады,
—Затыңызды әкелиңлер?!
Пароход кетип қалады.
«Машиналар әкеп төкти,
Үйилген қаўын-ғарбызлар,
Атызда еле көп,—дейди.
Үйилип атыр пиязлар».

(22-бет) Солай етип түйнекти де, кесе-чайникти де
қалдырмастан «бес баржалы» пароходқа тийепти.

«Бес баржалы пароходтың,
Мине иши затқа толды,
—Мен матрос боламан деп,
Карим ырғып минген болды»
(22-бет).

Қаримниң көлге саяхатқа барардағы ойлап тапқан қы-
зық ойыны усы еди. Ойлағаны дурыс келип, енди көл-
де қуўаныш пенен «жүзип баратыр».
Қарим матростың илгир зейини балаларға усындай
қызық берди. Сонлықтан да ол балалар арасында ҳүр-
метке ийе, Қарим матрос деп аталады. Буннан шайыр
ҳәрбир бала, ҳәрбир адам жақсы ислерди ойлап жү-
риўи керек деген уғымды туўдырады. «Қарим матрос-
тың» тили жеңил, қызық ўақыялы, мектепке шекемги
мәкемелердиң тәрбияшыларының балаларға оқып бе-
риўине болады.
Мектепке шекемги мәкемелердиң пайдаланыўы
ушын М. Сейтниязовтың «Нәпсиқаў пышық ҳәм басқа-
лар» китабы күтә пайдалы. Онда: «Нәпсиқаў пышық»
тың басынан өткенлери күтә қызықлы сүўретленеди,
балаларды күлкиге батырады. Усы китапта оннан бас-
қа «Түлкиниң баласы» (13-бет), «Қоян» (14-бет), «Шө-
желер» (15-бет), «Ойыншық» (21-бет), «Ҳәккелер»,
«Сүўретке түскен бала», «Еки китап», «Ийнелик», «Муз-
да» (24-бет). ҳәм басқа балаларға арналған қызықлы
қосықлар, кишкене мысқыллар бар. «Түлкиниң баласы»,
«Сабырдың әдети», «Етик», «Әдепсиз» қосықлары киши
мектеп жасындағы оқыўшыларға арналған. Ондағы
айырым надурыс ҳәрекетлер астарлы мәниде ҳәзил ҳәм
сықақтың отына өртелип, қызықлы, мысқыллы күлкиге
алынады. Балалар ҳәрқандай надурыс ҳәрекетке жер-
кенип қараў менен қатар мысқыллап күледи. А. С. Ма-
каренко айтқандай егерде мысқыл, дәлкек, ирония,



сарказм жеке адамның гөззаллығын сүўретлеў ушын
емес, ал ҳәрекетти көрсетиўге арналған болса жас
оқыўшы оларды қуўаныш пенен қабыл етип алады.
М. Сейтниязовтың ҳәзил-сықақлы қосықларында бул
талаплар сақланады. Сонлықтанда олар балалар сези-
мине қонымлы шығармалар болып табылады. «Қарлы-
ғаш» (17-бет) қосығында бала қарлығаштың бәрҳа бир
наманы сайрай беретуғынын аңлап, оған тағы да бир
нама үйрен дейди:

Ҳа қарлығаш, қарлығаш,
Жек көрди деп ойлама,
Жалықтырар түриң бар,
Үйрен тағы бир нама»,
(17-бет).

М. Сейтниязов балаларға жумбақ айтып бериўши
де. Оның жумбақларының темасы балалардың күнде-
ликли турмысында ушырайтуғын айна сәдеп, сырғанақ,
лампа, тырна, өпепек, қар, компас, умывальник, зон-
тик, пахта, сипсе, ҳәм басқалар. Бул жумбақлар бала-
ларды дүнья әлемине саяхатқа алып келеди, ҳәртүрли
затлар, ўақыялар туўралы ойландырады. Бул жумбақ-
лар балалардың ой-өрисин өсириўге тәсир етсе, екин-
ши жағынан бүгинги балалар әдебиятын жаңа жанр-
лық түрлер менен байытыўда белгили салмаққа ийе,
үшиншиден балалардың күнделикли турмыслары ме-
нен байланыслы айтылады:

—«Көзлери бар дөңгелек.
Қатар турар өңирде.
Кийимиңди қаўсырып.
Тоңдырмайды өмирде
(сәдеп).

ямаса

Баўыры кирпи тикендей.
Бирақ тегис арқасы,
Егер үстиң шаң болса,
Нағыз соның устасы»
(Шетка),

ямаса:

«Өзи дәннен туўылған,
Бели қысып буўылған,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Үй ишинде сыпырық,
Алдыңа түсип жуўырған».
(«Сипсе», 5-6-бетлер).

тағы басқалар балалардың хәрқыйлы затлар, олардың сын-сыпаты, майда-шүйдесине дейин ойлаў уқыбының өсиўине тәсир жасайды. Усылар тийкарында дүньяның хәр қыйлы қурамалы екенине де тәсийрленеди. Бул дәўирдеги жумбақлар бүгинги балалар әдебиятының бурыннан киятырған дәстүрин жаңа мазмунлар менен байытады. Бунда М. Сейтниязовтың жумбақларының да белгили муғдарда салмағы болып, олар С. Нурымбетов, Х. Сапаровлар дөреткен жумбақларға кесент болып табылады.

Улыўма алғанда М. Сейтниязов 50-жыллардың орталарынан баслап ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятында көрине баслаған шайыр. Оның шығармаларында шынлық тамыр басып раўажланып, онда мектепке дейинги, киши мектеп ҳәм орта мектеп жасындағы оқыўшылардың турмысы, оқыўы, жәмийетлик пайдалы ислери терең ҳәм қызықлы етип сүўретленеди.

## ТОҒЫЗЫНШЫ БӨЛИМ

# ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫ РАЎАЖЛАНЫЎ ЖЫЛЛАРЫНДА

## (1960 — 1970-ж. ж.).

### ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ЖЕТИЛИСИП БАРЫЎЫ

Ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының раўажланыўында 50-жыллардың ақыры менен 60-жыллар жанрлық жақтан толысыўында болсын, балалардың жас өзгешелигине сәйкес шығармалардың мазмун ҳәм түр жағынан толысыўында болсын, сан ҳәм сапа жағынан өсиўинде болсын айрықша дәўир болғаны сезиледи. Бул дәўир балалар әдебияты алдында жаңа ўазыйпаларды қойыўы менен де белгили.

Бул жаңа көтерилиў дәўиринде әдебиятымыздың ири мәселелери жөнинде орайлық газета ҳәм журнал-



...арда болған пикир алысыўлар айрықша әҳмийетке ...йе болды. Москвалы ҳәм Ташкентли белгили жазыў...шылар, алымлар әдебиятымыздың кемшилик ҳәм же...тискенликлерин көрсетип, бул әдебиятты, соның ишин...де балалар әдебиятын буннан былай да раўажланды...рыў ушын өзлериниң ең жақсы кеңеслерин мәсләҳәт етти.

Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятын буннан былай да раўажландырыўдың актуаль мәселелери Қарақалпақстан жазыўшыларының қуралтайларында додаланды және де күтә әҳмийетли илажлар қабыл етилди.

Балалар турмысын бурынғыдай-ақ көркем шығармалар ҳәртәреплеме қызықлы ҳәм дыққатқа қонымлы етип сүўретлеў мәселеси бас ўазыйпаның бири болып қалды.

Бул жылларыда бурынғыдай-ақ балалар ушын көп шығармалар дөреди. Атақлы балалар жазыўшылары С. Маршак, С. Михалков, А. Барто, О. Высоцкая, Ю. Яковлев, К. Паустовский, В. Смирнова ҳәм басқалар, өзбек балалар әдебиятының ўәкиллеринен Зафар Диер, Адхам Рахмат, Ҳаким Назир, Қудрат Ҳикмет, Қуддус Мухаммадий, Рахмат Файзий шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылып газета-журналларда жәрияланды. Бул жағдай ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында белгили балалар жазыўшыларының шығармаларының сапасының артыўына да, шеберликти меңгериўине де унамлы тәсир жасады.

Дәўир жасларына билим бериў, оларды тәрбиялаў, жәмийетлик пайдалы ислерге тартыў мәселелери бойынша ўазыйпалар көрсетилген жаслар Орайлық комитетиниң XIII пленумы (1958) пионерлер ушын уқыплылық ҳәм ийкемлиликтиң үлгили қағыйдасын ислеп шықты. Бунда пионерлердиң жас өзгешелиги, олардың жасына қарай ислейтуғын жумыслары, өткерилетуғын ҳәртүрли мәдений илажлары, оқыўы, дем алыўы туўралы илимий педагогикалық көрсетпелер белгиленген. Пионерлердиң үш басқышы тастыйықланды. Бул илажлар балалар әдебиятының раўажланыўына, үлкен тәсир жасады.

Бурынлары (40-жыллардың аржағында) балалар ушын, сондай-ақ балалар ушын үлкенлер турмысынан жазылған шығармалардың биразы балалардың жас өзгешелигине қарай айырым-айырым китап болып



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

басылыўы күтә сийрек болса, енди: (а) мектепке дейинги балалар, (б) киши жастағы мектеп оқыўшылары, (в) орта жастағы мектеп оқыўшылары, (г) үлкен жастағы мектеп оқыўшылары ушын әдебий шығармалар арнаўлы-арнаўлы китап болып басып шығарыла баслады.

Қарақалпақстан жазыўшыларының болып өткен барлық қуралтайларында кейинги исленген ислерге берилген есапта ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының қәлиплесип, алға тез раўажланып баратырғаны атап көрсетилген.

Балалар әдебиятының бул жыллары тез пәт пенен өсиўине жазыўшыларымыздың ҳәзирги заман балаларының руўхый талапларын изертлеп еске алыўы, оған сәйкес өз шығармаларын (Т. Қайыпбергенов. «Секретарь», ҚҚМБ, Нөкис, 1955, «Муғаллимге рахмет». ҚҚМБ, Нөкис, 1956, С. Нурымбетов, «Фарҳад», ҚҚМБ, Нөкис, 1958, «Түлкишек», ҚҚМБ, Нөкис, 1958, Ж. Аймурзаев. «Жетимниң жүреги», ҚҚМБ, Нөкис, 1961, М. Сейтниязов. «Қарим матрос», ҚҚМБ, 1955, «Жумбақлар», ҚҚМБ, Нөкис, 1957, А. Тәжимуратов. «Парахатшылық кептерлери», ҚҚМБ, Нөкис, 1957, С. Салиев «Өристен қайтқанда», ҚҚМБ, Нөкис 1957, Т. Мәтмуратов. «Ақ терекпе, көк терек», Нөкис, 1964, Т. Қабулов. «Қара буға», «Нөкис, 1964, «Қызғаншақлар», Нөкис, 1965; И. Курбанбаев. «Жумағул Мерген», Нөкис, 1966), жоқары көркем етип жазыўы, излениўи, жаңашылыққа умтылыўы, шеберлиги дерек болды. Ҳәрбир жазыўшы балалар әдебиятына белгили шығармасы, белгили қаҳарманы арқалы келип қосылды, сондай-ақ, ол тек тематикалық жақтан ғана емес, ал жанрлық жақтан да жетилисти. «Ҳәрқандай жанрдың дөретиўшиси. Ол әдебиятқа ҳәмме ўақыт өз дәўири ҳәм өз қаҳарманлары менен келип қосылады» («Дружба народов», 1962, №9, стр. 11) дегендей ҳәрбир жазыўшы өз жанры, өз темасы, өз қаҳарманлары менен келип қосылмақта.

Т. Қайыпбергеновтың повестиндеги Меңлимурат муғаллим менен Турдымурат, Гүлай, Сәрсенбайлары, М. Сейтниязовтың қосықларындағы Карим Матросы менен Нәпсиқаў пышығы ҳәм басқалары, Ж. Сейтназаровтың гүрриңлериндеги Айсулыўы, А. Бекимбетовтың повестиндеги Асқар ҳәм Зийнеби, Х. Сапаровтың



Жас уста» сындағы Сәрсенбайы, Ж. Дилмуратовтың Артек» ке барып миллетлер аралық дослық байрағын әтерген Полаты ҳәм усыған усаған шығармалар ҳәм аҳарманлар ҳәзир ҳәмме көпшилик балаларға таныс олып қалды, олар балалар әдебиятынан ылайықлы рынын алды.

Т. Жумамуратов та балалар ушын табыслы иследи. Ол «Қәсийетли гәўҳар тас» (1950-ж), «Кийиктиң еки ылағы» (1958), «Ананың кеўли балада» поэмаларын жазды. Поэмада баланың анаға болған меҳрибанлығы, ананың баланы дүньяға келтирип тәрбиялаўдағы уллы мийнетлери сөз етиледи.

Көркем сөздиң шебери Аббаз шайыр орта ҳәм жоқары класс мектеп жасындағы балалар ушын «Билимлен» қосығын жазды. Бунда атасы жаслайынан өлип, анасының қолында қалған жетим бала лирикалық қаҳарман ретинде өзиниң басынан өткен ўақыяларын баянлап береди. Баласы ушын жанын пидә етиўге таяр анасы баласы мектеп жасына жеткеннен кейин оған оқып билим ал дейди:

«Билим дейди орны басқа ҳәр алтын,
Ақ алтын, қара алтын, ҳасыл сары алтын,
Билимлиге дүнья жүзи бәри алтын,
Балам оқыйгөр деп сөйледи жүрди».

Бирақ, баласы том-торыс, өжет, ойынпаз болып, анасының айтқанын етпейди. Ең ақырында бала оқымай саўатсыз қалып үлкейгенде өзинен-өзи өкинеди:

«Жасымда ойынға басым сатыппан,
Саўатсызлық батпағына батыппан,
Билимге оянбай уйықлап жатыппан,
Қәдди бойым тиклеп түргеле алмадым», —

дейди.

Бул бала үлкейип өсип, есин билип, адам болғаннан кейин, саўатсыз қалғанына өкиниў менен ҳәзирги жасларға көп оқып билимди ийелеўди ўәсият етеди:

«Ендиги жасларым мениң улымсыз,
Тазадан көгерген нәўше гүлимсиз,
Мендей болып қалагөрмең билимсиз,
Мен сорлы бир класс питкере алмадым.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Туйғын суңқар аў аўламас талпынбай,
Умтылың жасларым алға тартынбай.
Қап таўындай көринип тур алдыңда,
Билим кәни түўесилмес алтындай.
(Нөкис, 1959-ж., т. 1. 144-бет).

Бул қатарлар балалар әдебиятындағы балалар оқыўында оқылады.

## ЖОЛДАС СЕЙТНАЗАРОВ

50-60-жыллары балаларға арнап бирнеше шығармалар жазды. Ол соңғы ўақытларына дейин балалар шайыры болып қалды. Шайырдың балаларға арнаған қосықларының өзине тән өзгешеликлериниң бири — ол қосығын қандай жастағы ҳәм ойлаў дәрежеси сәйкес балаларға арнап жазып атырғанына айқын есап береди — балалар әдебиятының бул өзгешелигин есапқа алып шығарма жазған жазыўшыларымыздың бири. Ол балалар ушын басып шығарған китапларында балалардың жас өзгешелигине қарай арнаған. Шайырдың «Ерлик» (1953), «Айсулыў» (1954), «Қырағылық». (1958), «Мектеп бағы» (1965), «Өмир гүллери» (Нөкис — 1982) ҳәм басқа да, китапларына киргeн қосықларының көпшилигинде балаларды мийнетке тәрбиялаў сезимлери менен дослық мәселеси, балалардың парахатшылығы, оқыўы ҳәм мийнет етиўи жырланады. Шайырдың соңғы китабына киргeн «Мектеп бағы», «Мениң атам», «Сақшы», «Ақ ылақ», «Гүлайым». «Сиз», «Өкиниш» деген қосықларында турпайы және қыңыр балалардың қылығын көрсетип, балаларды әдеп-икрамлы болыўға шақырған. Әдилликти уқтырған.

Соны да айтыў керек, шайырдың «Мектеп бағы» китабына киргeн қосықлары бурынғы айрым қосықларына қарағанда көркемлик жақтан әдеўир жетилискен. Олар мектепке дейинги және киши мектеп жасындағы оқыўшыларда жақсы сезимлер, оятады. «Ақ ылақ» қосығында баланы шайыр шарўашылыққа үйретиўди нийет етеди. Ол бул мақсетине жетиседи. Ең соңында жас шарўа бала:

«Ақ ылағым, ақ ылақ,
Кел қасыма шапқылап,
Қасып-қармап мәпелеп,
Жем берейин жақсылап» —



...п ҳайўанларын бағыўға шақырады, ал ақ ылақтың ...йпара ҳәрекетлерин машқы еткен бала:

Секиресең бийикке,
Усап асаў кийикке,
Ара-тура аласаң,
Ашыўыма тийип те».
(Мектеп бағы, Нөкис, 1965, 8-бет).

— дейди.

Бул жыллары республикамызда жасап ҳәм ислеп ...тырған рус жазыўшысы Ю. А. Леонтичевте мектеп ...ҳәм оқыўшылар турмысын «Сәлем мектеп» (Нөкис, 1963) повестинде кең планда сүўретлейди.

70-жылларғы қарақалпақ балалар әдебияты рус ...ҳәм туўысқан халықлар, сондай-ақ пүткил жер жү...зилик әдебияттың көрнекли ўәкиллериниң балаларға арналған шығармаларының қарақалпақ тилине аўдар...малары менен де тағы толысты. Бул аўдарма-шығар...малар ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятының бун...нан былай да раўажланыўына, толысыўына, жазыўшы...ларымыздың дөретиўшилигине үлкен тәсирлер жасады. Бул әдебият пенен әдебият арасындағы өз-ара қатнас...ларды тағы да жақынластырды. Усы дәўирде шет ел балалар әдебиятынан да көп ғана шығармалар аўдарылды.

## ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ

### (1915,— 1990-ж)

1915-жылы 15-июньда Мойнақтағы Аққала аўылын...да туўылып, 1990-жылы 4-апрельде Нөкисте қайтыс болды.

Т. Жумамуратовтың шығармаларының тематикасы бир...кен. Шайырдың шығармаларында балалардың бири менен дос болыўы, бир мақсетте ўатанымызды гүллентиўге үлес қосыўы, билимли, ақыллы болыўы ...қусаған ҳаўазлар басым болып, олар шебер тилден жырланады. Шайырдың балалар әдебиятына қосқан ...(Таңлатийкарғы саўғалары «Ананың кеўили балада» (Таңламалы шығармалары, Нөкис, 1967), «Кийиктиң еки ылағы» (Сонда, 147-бет), «Бала туўралы сөз», «Тырна менен жылан» (Сонда, 172), «Падашы ғарры, ақыллы бала ҳәм қәсийетли гәўҳар туўралы ертек» (Сонда,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

181-бет). Т. Жумамуратов проза жанрында да балаларға қызықлы гүрриңлер айтып берди. Буны оның «Балықшының баласы», «Муҳаббат сыры», Нөкис, 1959, 63-бет, «Сырғанақшы бала» (Сонда, 76-бет) гүрриңлери тастыйықлайды.

Шайыр халық ертеклериниң тийкарында жазылған поэмаларында ўақыяларды шашыратпай, тийкарғы бир өзекке тиркеп ықшам етип береди. «Тырна менен жылан» ертеги балалар оқыўында белгили орынды ийелейди. Ертектиң кирис бөлиминде-ақ шайыр балаларға:

«Балам сирә ҳәдден аспа.
Ҳүрмет керек ғарры жасқа,
Жаслайыннан әдепли бол,
Жаманлыққа аяқ баспа».

— деп нәсият береди де, усы нәсият негизинде тийкарғы ўақыяны көркемлеп баянлай баслайды. Бир көлде суўдағы ҳайўанлардың таза қанын сорып алып, азап берген уў жыланды көрген тырна оған:

«Бәрин көрип турман қарап,
Қанды сорып, сүйек жалап,
Мақлуқатты азапладың,
Бул не деген жаман талап...» —

деп жыланды қорқытады. Ҳаўлыққан жылан тырнаның даңқын аспанға көтерип мақтап, жарамсақланып жалынады. Қонаққа да шақырады. Тырна енди «жылан көлдеги жанлы мақлуқатқа азап бергенди қойған шығар» деп ойлап жүре береди. Ал, жылан болса тырнаны мақтап дослығын күшейтеди ҳәм:

«Аўлағында сорып қанды,
Қырды талай палапанды.
Еле сезбей тырна байғус,
Дос көрип жүр уў жыланды».

Аңқаў тырна жыланның ишинде не гирне барын билмейди, ал жылан болса тырнаның көзин жойыў ушын ишине кир сақлап жүреди. Тырна менен дослықты үдетип, көл ернеклерин алған жылан бир күни ҳәлдинен асып семиреди, бәрҳа жерде жүргенше, аспанға да ушып сәўирлемекши болып, тырна ағасына «мени



е ҳаўаға ушыр» деп жалынады. Тырна қайыл болды. Бирақ жығылып кетерсең деп жыланды аяп, бир аяғына оратылып беккем болып турыўды тапсырады. Сөйтип, олар ушады. Жыланның дәрти ушыў емес еди — тырнаны аспанда алқымынан орап алып буўындырып өлтириў еди. Тисин батырып-батырып алып, аспанда тырнаға азап бере баслайды: «Ҳәзир сеннен кем емеспен» дейди:

Сениң енди жетпес күшиң.
Тақаўлы тур аўзым, тисим,
Қайым келди ҳәзир маған. —
Деп тырнаға салды қысым.

Бирақ тырна душпанның қайымын табады ҳәм силкинип-силкинип жыланды бойынан жаздырады. Жылан шыйратылып барып көл шетиндеги тасқа түсип пыт-шыты шығады. Буннан шайыр гейпара душпанлардың жазықсызға да жаманлық ислейтуғынын сездирип, бундайлардан сақ болыўды балаларға ўәсият етеди.

Т. Жумамуратовтың жақсы ертек поэмасының бири «Падашы ғарры, ақыллы бала ҳәм қәсийетли гаўҳар гүўралы ертек» («Қәсийетли гәўҳар ҳаққында ертек») болып табылады. Сондай-ақ «Кийиктиң еки ылағы» (Дурысы — «Кийиктиң қос қуралайы» — И. Қ.) поэмасы да балалар әдебиятының үлкен табысларынан есапланады. Бул еки поэмада мазмуны, композициялық қурылысы жағынан бир-биринен өзгешеликке ийе болғаны менен түри ҳәм баянлаў усылы жағынан бир-бирине жақын турады. Ал, «кийиктиң еки ылағы» болған ўақыя тийкарында жазылған.

«Қәсийетли гәўҳар ҳаққында ертек» те өткен заманлағы ўақыялар арқалы еки бас қаҳарманның — ғаррының ҳәм Ақылбек деген баланың образы ашылады. Байдың шопаны ҳақ кеўил ғарры жолбарыс пенен айқасып, өлим ҳалатына келгенде белгисиз бир бала (ол Ақылбек) жолбарысты атып өлтирип, ғаррыны өлимнен қутқарады да кетип қалады. Ғарры өлимнен қутылып жүргенде қандайда бир гәўҳар тас таўып алады. Оның алты қабатлы бәнти бар екен. Биринши-си дүньяға жақты, екиншиси — жыллылық береди, үшиншиси — бағлы сарай орнатады, төртиншисин ашса ҳасыл затқа толы ғәзийне, бесиншиси—ҳәртүрли аўқат, ал-



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тыншысы—жүйрик көлик болса керек. Ғарры «бул мениң маңлайыма сыймас, хандики ямаса байдики шығар» деп таслап кетпекши болады. Сонда гәўҳар тасқа тил питип, Шәрип (Ақылбектиң әкеси) жигирма бес жыл қазып азырақ жер қалғанда үлгере алмай жаў қолынан өлип кеткенин, енди өзиниң ғаррыға мийрас болғанын айтады. Ғарры қуўанады ҳәм байдың қысыўметинен де, жоқшылықтың азабынан да қутылады. Ол гәўҳар тасына не буйырса, сол таяр бола береди, гәўҳар тас арқалы болатуғын ўақыяларды да алдын ала билип отырады.

Бирақ ғаррының балалары ақылсызлаў, пәмсизлеў болады. Ғарры қартайып өлер алдында гәўҳар тасын ең ақыллы баласына берип кетпекши болып, балаларының ақылын үш мәртебе сынап көреди. Бирақ ҳеш бир баласы ақыллы болып шықпайды. Әпиўайы тымсалларға да түсинбейди.

Екинши образ — бул Ақылбектиң образы. Ол инсанның азапта өлгенин қәлемейди, жолбарыс талап атырған ғаррыны қутқарады. Елин жаў шаўып, әкесин өлтирип кеткенде де Ақылбек албыраўшылыққа берилмей, қыйыншылықтың ҳәммесине шыдап, қыйрап қалған аўылының тиклениў, тири қалған адамлары менен балалардың күн көриў ғамын ойлайды. Ол балаларды жыйнап алып оларға басшылық етип, жаў менен урыста өлгенлерди жерлейди, жарадарларына жәрдем етеди. Жаўдан қалған малларды жыйнап, Ақылбек қос айдап, жер тегислеп, дийханшылық етеди. Ғаррының балалары, Ақылбеклер еккен дийханшылықтың писип атырғанының үстине келип:

— Сизлер жас дийхан балалар,
Биз келген мийман балалар,
Сораспақлық жөн болады,
Бунда басшы ким болады? —

деп сорағанда олар:

Басшымызда сиздей бала,
Қатарынан асқан дана,
Ҳәмме соған бағынамыз,
Көрмей жүрсек сағынамыз». —

деп Ақылбектиң қандай бала екенин таныстырады. Олар ғаррының балаларын Ақылбекке ертип барады.



да бул қонақ балаларды күтеди ҳәм соңынан ес-
яр адамлардай келген жумысын сорайды. Ғаррының
лалары болған ўақыяны айтады. Ақылбек оларға:
шыбықты биримлеп сындырсаң бәринде сындырасаң,
жүз шыбықты қосып, сындыраман деген менен
ындыра алмайсаң, демек аўзың ала болса, душпан
иримлеп қурта береди, егер аўзың бир болса, ала-
ызлы болмай, бәриң дос болсаңыз ҳешбир душпан
атына алмайды. Сизлердиң ғаррыңыздың арнаўлы
ерген бул сораўы данышпанлық екен, — деп ғаррының
балаларына үлги етеди:

«Атаңыз ақыллы дана,
Болмаў керек аўзы ала...
Тал шыбықтай болсаң дара,
Ҳәлсирейсиз бара-бара.

Мийнет керек бирлик пенен,
Ақыл дәркар ерлик пенен,
«Ала болсаң қазы да жаў,
Көпекте жаў, тазыда жаў». —

дейди. Сөйтип ғаррының балалары әкеси берген бул жуўапты өзлери шеше алмай, Ақылбекке шештиртип қайтады.

Ақылбектиң образы тек оның сораўларға дурыс жуўап бериўи усаған даналығы арқалы ғана емес, ал соның менен бирге дөгерегиндеги балалардың ҳәреке-
ти, анасының ақылгөй кеңесшиси болыўы, турмысын-
да ушырасқан қыйыншылықлары, оны жениўдеги тәжирийбелери арқалы исенимли етип сүўретленеди. Сонлықтан да Ақылбектиң образы жас әўладларға үлги бола алады. Ондағы өзи туўылған жерге, халқы-
на, ўатанына болған муҳаббат, жолдасларына, адам-
ларға болған адамгершилик, келешекке болған исе-
ним оны шын мәнисиндеги ақыллы адам сыпатында таныта ды.

Ақылбек образын дөретиўдиң негизинде қарақалпақ халық аңызлары, ертеклери жатса да, оған рус әдебиятының, соның ишинде А. С. Пушкинниң «Ба-
лықшы менен алтын балық ҳаққында ертек» поэмасы-
ның, К. Чуковскийдиң «Доктор Айболит» поэмасының ҳәм Павлик Морозовтың, жас гвардияшылар образының тәсири аз емес (Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери, Нөкис, 1968, 505-бет).



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Солай етип шайыр Ақылбек образын жасаўда тек қарақалпақ ҳәм туўысқан халықлардың фольклорлық мағлыўматларын ғана емес, ал бүгинги әдебиятымыздағы жақсы мийрасларды да үйренип, оннан образ дөретиў ушын жуўмақ жасаған. Шайыр балалар әдебиятында Ақылбек образын балаларға үлги боларлықтай етип шығарған.

Ақылбек фольклорлық мағлыўмат негизинде дөрелген. Ол бүгинги балалар ушын да тәрбиялық әҳмийетти күшли қаҳарман деўге болады.

Ал «Кийиктиң еки ылағы» поэмасындағы Розым атаның ақлығы Жәмийет бүгинги балалардың ўәкили. Ол өзиниң қорасында кийик бағып өсирип, фермаға семиртип береди. Оларды бағыў ушын балаларды шөлкемлестирип, от-шөплер таярлайды. Бир күни бир ана кийик қасқырдан қуралайларын (еки ылағы) сақлайман деп жүрип жараланады. Өрисин өзгертип басқа өриске келеди де өледи. Еки қуралай жетим қалады. Дәслеп биреўин Жәмийет деген баланың ғарры атасы жүйрик көк аты менен қуўып услап әкеледи, оннан бурынырақ өткен бир аўшылығында ғарры кийиклерге азап берген көк жал қасқырды атып өлтирген еди. Атасы әкелген қуралайды Жәмийет тәрбиялайды. Бирақ қуралай муңайып, от жемей, суў ишпей тура береди. Тағы бир күни Розым ғарры аўға шығып, екинши бир қуралайды услап әкеледи. Еки қуралай бир-бирин танып, сүйкесип жаласып, от жеп, суў ишеди. Бул екеўиде өлген ана кийиктиң жетим қалған қуралайлары болып шығады. Қос қуралай;

Өткерди жаңа өмирди.
Жем жеди, пәлле кемирди,
Кем-кемнен қолға үйренип,
Тулыптай болып семирди» (23-бет).

Буны баққан Жәмийет деген бала. Жәмийет өзиниң атасы менен дос, оның айтқанларын тыңлайды, кеңеслерин алады. Оның шарўашылықта зоотехник боламан деген белгили мақсети де бар.

Атасы Розым, әкеси Жийен Жәмийеттиң алдына қойған мақсетине жетиўи ушын барлық мүмкиншиликлерди туўдырады. Ал Жәмийет болса, оқыўдан қолы босаўдан кийиклерди бағады. Жетим қалған қуралайға ғамхорлық етеди. Шайыр поэмада адам



е, ҳайўанға да ғамхорлық керек екенин жырлайды.
лаларды шарўашылықты раўажландырыўға, ҳайўан-
рды күтиўге шақырады.

Т. Жумамуратов өзиниң балаларға арналған поэ-
лары, қосықлары, тымсаллары арқалы балалар әде-
ятында белгили орынды ийелейди. Оның поэмала-
, қосықлары балаларды елди, халықты сүйиўге, дос-
ыққа тәрбиялайды.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры
Жумамуратовтың балалар ушын жазған поэмала-
ында жаңа қосық түриниң пайда болғанын байқай-
ыз. Жаңа түр өзинен-өзи шықпайтуғыны мәлим. Бәл-
им. Т. Жумамуратов ҳәр халықтың фольклорлық
әстанларын көп оқып, олардан ибрат алып, қара-
алпақ әдебиятындағы қәлиплескен түр менен салыс-
ырып, балаларға түсиникли болыў ушын өзинше жа-
ашалап, оның мазмунға сәйкес болыўына айрықша
итибар бергенликтен жаңа қосық түрин дөретиўи ити-
мал.

Шайырдың жаңа қосық түри поэмаларындағы гей-
де 5, гейде 6 қатар қосықтан бир түмен жасалып, уй-
қаслардың да ыдырамай қуйылып, сәйкесленип кели-
ўинде көринеди. Ҳәрбир түменде белгили кең уғым
орын алады. Олар гейде дәстан терминлерин де еске
түсиреди. Усының менен бир қатарда Т. Жумамура-
товтың қосықларының, поэмаларының тили жеңил,
ықшам, сөзлери көпшилик жағдайда сулыў сыпатлы
болып келеди. Бундай шығармаларды балалар тез
уғып алады ҳәм олардың гейпара жақсы қатарларын
ядлап алып айтыўына есилме болып келиў жағдайы
көп мүмкиншиликлер береди.

## А. БЕКИМБЕТОВ

## (1919 — 1980)

Жазыўшы «Өмир жолында» повестине бүгинги турмыста ушырасып туратуғын ўақыяны тийкар етип алып, бир-бирине қарама-қарсы шийеленискен еки көриністиң қаҳарманларының образын жасайды.

Повестьтиң бар ўақыяға қурылыўын анықлаўдағы ең қурамалы ислер — ҳаялы қайтыс болғаннан кейин



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ерманов усаған әкениң турмыс тепкисине шыдаўға ҳәлсизлик етип, мәскүнемликке берилип, балаларын қараўсыз қалдырып кете бериўи түпкиликли ўақыяма, ямаса Асқар ҳәм Зийнеп усаған қараўсыз қалған балаларға Сара менен Мырза, Лариса Петрова менен Сапар Бекмуратович усаған жақсы адамлардың қәўендер болыўдағы жәмийетшилик күши түпкиликли ўақыяма деген мәселе. Бизиңше, «Өмир жолында» повестинде панасыз қалған балаларға жәмийетшиликтиң руўхы да усыннан ибарат. Ал, бундай түпкиликли ўақыяларды кең план да сүўретлеп бериўде жазыўшы турмыста ушырайтуғын гейпара унамсыз ўақыяны, үлкен ҳәдийсени көрсетиў ушын түртки ретинде пайдаланғаны сезиледи. Әлбетте, түпкиликли ўақыяға алып баратуғын баслама жолды ҳәрбир жазыўшы өзинше таңлап алады. Оған «мынаны былай етиў керек еди» деп шек қойыўға болмайды. Бас мәселе шығарманың улыўма идеялық руўхында жазыўшының тутқан бағдары болып қалады.

Сондай-ақ түпкиликли ўақыяға сәйкес түпкиликли қаҳарманлар образын ашыў ол ҳәрбир жазыўшының мүмкиншилигинен, шеберлигинен ғәрезли. Мине усы бағдарға нәзер салсақ, онда Асқар, Зийнеп, Сара ҳәм Мырза образларын 60-жыллардағы балалар әдебиятындағы белгили образлардың бирине жатқарыўға болады.

Асқар, Зийнеп образларының дөретилиўиндеги ең көзге көринерлик жақларының бири — панасыз баланың күнделикли ғөреги ушын Әлий қыйтардың зорлық ҳәм ҳийлелерине ерип кетпей, жақсы адамларға еликлеп, ҳадал мийнети менен өзин ҳәм қарындасы Зийнепти асырай билиўге умтылып, өмирден даңғыл жолды таңлап ала билиўшилиги. «Ең әҳмийетлиси — оның минез қулқы, ўақыялар болса, әпиўайы, күндегише болыўы мүмкин, бирақ повесть қаҳарманының минез-қулқы мақуллаўды, таң қалыўшылықты, еликлеўге умтылыўшылықты қоздырыўы керек. Қаҳарманның минез-қулқы ҳәзирги заманымызға сәйкес болыўы тийис» (Толстой А. Н. т. 13. стр. 382). Сонлықтан да «Өмир жолында» повестинде Асқар қаншама қыйын ҳәдийселерге ушыраса да өмирден түңилмейди, керисинше урлық етип жеген наннан, мийнет етип,



аўын тасысып» жеген нанның анағурлым жуғымлы
енин өзиниң тәжирийбесинен көрип исенди.
Жазыўшының балалар образын дөретиўдеги тағы
р өзиншелиги сонда, оның балалар психологиясын-
ағы ҳәртүрли қубылысларды дәлме-дәл сүўретлей
илиўинде. Асқардың урлық еткиси келмейди, бирақ
лийдиң мәжбүрлеўине көнбеске илажы жоқ. Әлий
сқарды «лық» еттирип өлтиремен деп қорқытады.
Оны айтпағанда да Асқар биринши гезекте тамағын
абыўы да керек. Ал жаңа турмыста болса Сараның
берген аўқатына тойса, кишкене қарындасы Зийнептиң
үйинде аш болып отырғанына өкинеди. Жазыўшының
бала психологиясындағы бундай қубылмалы кейипти
ўақыялар тийкарында көрсетиўи исенимди тағы да
арттырады. Асқар қолайын таўып Зийнепке аўқат апарып береди ҳәм жақсы адамлар тапқаны ҳаққында
сөйлеседи (бул жағынан Асқар Н. Дәўқараевтың «Интернатта» ғысындағы Төреш пенен үнлес, бирақ бирбирин қайталамайтуғын образлар болып табылады).
Асқар қарындасын қайғырады. Өзинше «не ушын мен Зийнептиң жалғыз өзин бир жайда қалдырып, қара басымның ғамын жеймен» деген сораў қойып ойланады. Жазыўшының қаҳарманды орынлы ойландырыўы ўақыяға тәбийий болып үйлескен. «Ҳеш нәрсе билиўи ўақыяға тәбийий болып үйлескен. «Ҳеш нәрсе туўралы қыял етпейтуғын бала бул аўырыў бала» (Толстой А. Н. т. 14. 355 бет). Асқардың ойланыўы балаларға арналған айырым китапларда ушырасатуғын гейпара жас қаҳарманлар-нәсиятгөйшилик ямаса дың дәрҳал ҳәммесине түсине беретуғын, көрмей-билмей турып пайда-зыянын «данышпанлық» пенен айыра билетуғын «қаҳарманлардай» емес, ал өзиниң турмысында ушырасқан белгили шынлық ўақыялар тийкарында болады. Мәселен Сара апа Асқарды қутқарып алып, үйине әкелгенде «Зийнеп туўралы дәрҳал Сара апаға неге айтпадың» деп оны айыплаўға болама? Бала өзиниң басына түскен қатаң уятлы ҳәдийсени басқаға бирден айта қойыўы мүмкин бе? Балада да мәртлик, мәнсаплық, шыдамлылық, сезимталлық болмай ма? Ал, сезимталлық балада үлкенлерденде күшлирек болатуғыны дәлилленген мәселе ғой. Балалар әдебиятының гейпара өзгешеликлериниң бири де мине усында А. Бекимбетов Асқардағы балалық қәсийетлерди орынлы таўып, турмыстың жақсы ямаса





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

жаман жақларын ўақыялар тийкарында аша билген
Жақсы өмир ушын Асқар ҳәм Зийнепти гүреске жол-
лаўы да исенимли ўақыялар тийкарында сүўретлене-
ди. «Балалар әдебиятының ўазыйпасы балаға «жақ-
сы» деген не, «жаман» деген не дегенди әйтеўир үйре-
те бериўде ғана емес. Бунда жас әўладқа жақсылық-
ты сүйдире билиўге, оның ушын гүресе билиўге үйре-
тиў, жаманлыққа, қарсы қатаң ҳәм қасарысып тура
билиўге шынықтырыў ғана әҳмийетли» (Мотяшов М.
Воспитание гражданина. М. 1967 г. стр. 6).

Асқар турмыс қуўғынында жүрип шыныға барады.
Ол енди Әлий қыйтардың урлық етиўине, мәжбүрле-
ўине де көнбейди. Әкеси Ерманов «балаларымды ала-
ман» деп келгенинде Асқардың «аға» деп ыңғайы аўы-
ғын көргенде, оннан жеркениўи де тәбийғый, исеним-
ли. Асқар әкесиниң мәс болып, тийкарсыз муш көтер-
ген турпайылығын кеширмеди. Ол интернаттағы тур-
мысты да көрди. Жақсы оқыўшы, салдаманлы бала
болды. Бирақ кеўлиниң тоғы болып жүрген кишкене
қарындасы, ақылгөйи Зийнептиң басқа интернатқа жи-
бериліўи (қызлар интернатына) Асқарды тағы тәш-
ўишке салды. Соның салдарынан дәслепки күнлери
сабақларын таярламай, Зийнепти ойлап, сарсылғаны
да заңлы қубылыс.

Асқардың интернатта Садулла деген баланың қы-
ңырлығына шыдамай төбелесиўи де балалар турмы-
сында болатуғын ҳәдийсе. Әлбетте, унамлы қаҳарман-
ның тийкары дәлийлленген бундай кемшилик ислерин
де сүўретлеў ўақыяны инанымлырақ етеди. Бас қа-
ҳарманға қандай жақсы қәсийет болса, соның бәрин
қосып жамап, оны ҳешбир қол жетпес «кәраматлы»,
ҳешбир қәтелеспейтуғын данышпан бала етиў оқыў-
шыда бас қаҳарманға исенимди де кемитеди. Бала-
лар бундай жасалманы сезбейди деп қараўға болмай-
ды. Олар өзлериниң гейпара ерси ислерин сезбей қал-
ғаны менен, ал басқалардың, әсиресе үлкенлердиң
ерси ислерин дәрҳал сезеди. «Баланың сезими ҳәлсиз,
ақылы шыйрақ емес деп ойлаймыз, жоқ, олай емес,
баланың тек тәжирийбеси ғана жоқ, ал ақылы шый-
рақ, қыялы жүйрик екенине исениңиз. Үлкен адамлар-
дың гейбиреўлерине түсиндире алмайтуғын алгебра-
ның қыйын мәселелерин он еки жасар бала оқып-ақ



ренеди ғой» (Чернышевский Н. Г. Сочинений, т. 2.
р. 464). Асқар менен Зийнеп турмыстың уңқыл шуң-
қылларына пәмлери алысып, өмир ушын гүресип, Са-
а менен Мырзаның да баласы болып қалды. Олар
нтернаттағы жақсы оқыўшылар, жәмийетшил бала-
ар. Жазыўшы буларды жеке адамлар өмиринде ушы-
расып туратуғын ўақыя шынлықлары ретинде шебер
лыўмаластыра билген.

Асқар менен Зийнептиң жас өзгешелигине сәйкес
әрекетлеринде де, дүньяға көз қарасында да өзлери-
не тән қәсийетлер бар. Асқардың орта жасар бала
сыпатында дүньяға көз қарасы Зийнепке қарағанда
кеңирек ҳәм ҳәрекети турмыс мақсетлерине сәйкес.
Ол турмыс кешириўде де, оқыўда да, жәмийетлик жу-
мысларда да алда болсаң ҳал-жағдайдың да жаман
болмайтуғынын тез түсинеди ҳәм биймәни ислер ме-
нен шуғылланбайды. Ал, Зийнеп болса оған еликлеў
сыпатында дурыс сүўретленеди. Бул оның жас өзге-
шелигине сәйкес келеди.

Ал, буларға қарама-қарсы үлкен жастағы бала
Әлий қыйтардың бузық ҳәрекети көрсетилген. Олда
тиришилик еткиси келеди, бирақ ол аңсат дүнья та-
быў жолын гөзлеген өзимшил бала. Әлбетте, ҳәрқан-
дай жәмийеттеги балалардың ҳәр түрли жағдайына
қарай унамсыз қулықтағы балалар да болатуғыны тә-
бийғый. Әлий қыйтар сол Асқарды мазақлаўы, ал жән-
желден кейин дословсып кетиўи де итимал ўақыя. Со-
лай етип бир-бирине усамайтуғын, бир-бирин қайта-
ламайтуғын бир қатар жас қаҳарманлар образын дө-
реткен.

Повестьте жәмийетимиздиң естияр ылайықлы адам-
лары сыпатында Сара менен Мырзаның образлары
әпиўайы ҳәм исенимли ўақыялар тийкарында жасал-
ған, балалардың тәғдирлери олардың ҳәрекетинен гә-
резли сыпатта дурыс сүўретленген. Олар ҳақ нийетли
адамлар, ишки дүньясы таза бүгинги адамларымыз-
дың ўәкили. Қандай қыйын кеширмелер болса да ба-
ланы сүйиў деген жоқары адамгершиликке садық бо-
лып қалады. Жазыўшының жәмийетлик көз қарасы
да мине усыннан көринеди.

Әлий қыйтар менен Ерманов образлары Сара ме-
нен Мырзаның образларына пүткиллей қарама-қарсы
сыпатта алынғаны повестьтеги гейпара ўақыяларды



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

тереңлестирип сүўретлеўге де өзек етилген. Бул жер... де ўақыя образды, образ ўақыяны раўажландырып тур...

Әлбетте, Ермановтай гейпара адамлар турмыста ушырасатуғын адам ретинде халық арасында бар ҳә... дийсе екенин бийкарлаўға болмайды. Демек, бундай адамлардың бар екенин мойынлайды екенбиз, онда Әлий қыйтар менен Ермановтың ерси ислери де, қа... малыўы да, дүзелиўи де баянлаўлар менен питпейтуғыны өзинен өзи түсиникли. Олай болса, биринщиден, Әлий қыйтар менен Ермановтың ерси әдетлериниң төркини еле де тереңирек ашылыўы зәрүрлидей көринсе, екиншиден олардың дүзелиўи авторлық баянлаў арқалы емес, ал жанлы ўақыя арқалы берилгенде ғана қаҳарманлар ҳәрекетшеңлиги тағы күшейиўи сөзсиз. Унамсыз қаҳарманлардың ҳәммесиниң дүзели... кетиў себеби де ашылады. Өйткени көркем әдебиятта қаҳарманлар образы бәрҳама ҳәм ҳәмме ўақта ҳәрекетлери менен ғана ашылып, толысып барады. Ҳәрекет кемис болса, образ да кемис деген сөз. Өйткени, адам характериндеги өзгеристи туўдырған ҳәрекет, оны исенимли психологиялық толғаныўлар арқалы көрсетиў талап етиледи.

Жуўмақлап айтқанда А. Бекимбетовтың «Өмир жолында» повести, «Аўыр тәғдирди жеңиўшилер» (1957), «Сырлы излер изинен» (1963) ҳәм басқа да прозалық шығармалар жазып, шеберлигин арттырыў нәтийжелеринен кейин дөрелген үлкен жастағы балалар әдебияты прозасының белгили шығармаларының қатарына жатады. Бул повесть балалардың ишки нәзик психологиялық кеширмелерин ашып, оқыўшыларды жоқары әдеп-икрамлық рухта тәрбиялаўда белгили дәрежеде әҳмийетке ийе.

Повесть республикалық Бердақ атындағы сыйлыққа миясар болды. Жазыўшы ҳәрқандай жанрдың дөретиўшиси... Әдебиятқа ҳәмме ўақта өз дәўири ҳәм өз қаҳарманлары менен келип қосылады дегендей А. Бекимбетов қарақалпақ балалар әдебиятына балалық, жаслық дәўирлерин өткерип атырған қаҳарманлары менен келип қосылды. А. Бекимбетовтың прозалық шығармаларының басым көпшилигинде балалар образлары салмақлы орынды ийелейди. Жазыўшы соңғы ўақытлары балалар әдебияты ҳәм балалар оқыўы ушын «Суңқарлар», «Қәбир басында», «Володяның



...ўылған жеринде», «Аўыр сынақлар» усаған повесть
...м гүрриңлерди инам етти. Бир неше повесть ҳәм
...ррңлери рус, өзбек ҳәм басқа да тиллерде басы-
...ып шықты.

## ХАЛМУРАТ САПАРОВ

### (1932-ж.)

Х. Сапаровтың дәслепки қосықлар топламы болған
...Нәлше» 1959-жылы басылып шығарылды. Бул китап-
...ың биринши бети «Партиям» деген қосық пенен аш-
...ылса, бесинши бети «Мен комсомол» деген қосығы ме-
...нен басланады. Оларда жас әўладларды тәрбиялаў,
...оқытыў ушын болған уллы ғамхорлықлар жырланады.
Булар балалар оқыўы тараўында белгили орынға
...ийе. Буннан кейин ол бәрқа балаларға арнап жазыў-
...ға ерисги.

Әлбетте «Нәлше» шайырдың поэзиядағы биринши
китабы, китапқа естиярлар ушын жазылған қосықлар
да, балаларға арналған қосықлар да енгизилген. Онда
жақсы қосықларда, сықақлар да бар.

Х. Сапаровтың «Жас уста» (Нөкис, 1961-ж) поэма-
...сы пионерлер турмысынан жазылған поэмалардың
...бири болып табылады. Поэма пионер басқышлары бо-
...йынша мектеп оқыў жойбарына киргизилген қол мий-
...нети сабағының әҳмийетине, оның жас өспиримлерге
қәнигелик беретуғын пайдасына, балаларды мийнетте
тәрбиялаў мәселелерине арналған.

Мектеп муғаллими мектепте устахананың ашыл-
...ғанын, онда өнер үйренемен деген ҳәмме оқыўшылар-
...ға барлық мүмкиншиликлер бар екенин айтады. Қол
мийнети сабағы балаларға тек қәнигелик ғана берип
қоймастан, олар арқалы балалардың халықлық иске
үлес қосатуғынында түсиндиреди:

> «Өнерлиниң қолы алтын,
> Деген сөз бар халқымызда,
> Өнер билсең шығар даңқың,
> Қызық өмир алдымызда» (4-бет).

Пионерлер менен бирге Сәрсенбай деген бала да
усташылыққа ықлас қойып, дәслеп ҳәрқыйлы затлар-
...дың сүўретин қағазға сызып алып, үлгилер сызып үй-
...ренеди. Оннан соң ағашларды жонып, дәслеп орыплық



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

соғады. Биринши иси унамлы болып шығады. Бул Сәрсенбайды да, муғаллимин де, ата-анасын да қуўандырады. Сәрсенбай ағасынан ақша алып, усташылық қурал-сайманларын сатып алады. Көп ўәжлерди соғыўды әрман етеди. Үкесине ойыншық арба да соғып береди. Солай етип, кишкене буйымлардан баслап, үйине, мектепке стол, орынлық, кийим илдиргиш усаған мүликлерди соғады. Әкеси Әдил Сәрсенбайдың усташылығына дәслеп исенбесе де, исин көргеннен кейин сүйсинеди, вожатый да отряд жыйнында Сәрсенбайдың өнерин мақтаныш етеди. Балаларды Сәрсенбайдай болыўға шақырады. Сәрсенбай жыйында сөз сөйлеп, бақшадағы балаларға ойыншықлар керек екенин хабарлап, оларды көпшилик болып соғып бериў ушын баслама көтереди:

«Кеширерсиз кетсем ерек,
Мен де сизлердин бирицмен,
Сыйға соғып бериў керек,
Ойыншықтың ҳәр түринен» (18-бет).

Пионерлер ойыншықлар соғады, Сәрсенбай ағаштан арба, кеме, қоян, қораз соғады, оларды бақшаға саўға етеди. Балалар менен вожатый да келеди. Тәрбияшы Гүлим пионерлердиң бала бақшаға көрсеткен хызмети ушын оларды қутлықлайды. Бир күни Сәрсенбай бақшаға, үкесине барғанда, балалар оннан айға ушатуғын самолет соғып бериўди өтиниш етеди. Сәрсенбай бул өтиниш бойынша муғаллими менен ойласып, балалар ушын айға ушатуғын самолет соға баслайды.

Гүз айы келип қалғансоң, жол бойынша шашылған пахтаны салатуғын кишкене ящиклер де соғып берип, пахтакешлерге жәрдем көрсетеди. Сәрсенбайдың дослары Нуржан, Қалжан, Елемес деген балалар да уста болады.

Поэмада тийкарғы қаҳарман Сәрсенбай. Ол әпиўайы дийханның баласы. Ойнақшыған үлкен көзли, нәзери өткир, қара пәрең, кең жазық маңлайлы бала. Ол муғаллиминиң айтқанын бәржай етеди. Өнерди үйрениў пионерге пайда деп биледи. Өнер менен жолдас болса, алғысқа бөленетуғынына түсинеди. Соңлықтан да «Жас пионер» дийўалы газетасы «Сәрсенбай — жас уста» деп оның үлгили пионерлик ислерин мақтап жазған.



Деген менен «Жас уста» поэмасы балаларды жәмийетлик пайдалы мийнет етиўге, өнерди үйрениўге тәрбиялаўда белгили дәрежеде әҳмийетке ийе.

Х. Сапаровтың дәслепки «Нәлше», (1959), «Жас уста», (1961) китапларынан кейинги «Қурқылтай», (Нөкис, 1965), «Бахытлы балалық» (Нөкис, 1966) китапларына кирген қосықлары көркемлик жағынан шайырдың шеберлигиниң өскенин дәлиллейди. Шайырдың қаҳарманларының ҳәммеси дерлик мектепке шекемги балалар менен мектеп жасындағы оқыўшылар.

«Қурқылтай», «Бахытлы балалық» китапларына кирген шығармаларының тематикасы кең. Онда Уллы адамлар, Ўатан, мектеп, жәмийетлик мийнет етиў темасы баслы орынды тутады. Сондай-ақ мектепке шекемги кишкене балалардың жас өзгешеликлерине сәйкес әдеп-икрамлы болыўға шақыратуғын, оларға айырым қубылыслардың ишки сырларын танытатуғын, айналасындағы тәбияттан қысқа ықшамлы түсиник беретуғын қосықлар да орын алады. Бул бақшадағы балаларға оқып бериў ушын тәрбияшыларға айтарлықтай жәрдем етеди.

Ўатан темасы Х. Сапаровтың шығармаларына тән өзгешеликлердиң бири. Ўатанға садық болыў, оның барлық мәнпәҳәтине шериклесиў; оның гүллениўи ушын азғантай да болса кишкенелердиң үлес қосыўы — Х. Сапаров шығармаларының негизин қурайды. Х. Сапаров «Ўатан» деген сөзден пүткил туўысқан бир қәўимдеги бирлескен Ўатанымызды түсинеди. Соңлықтан да оның «Қарақалпақстаным» (Бахытлы балалық. Нөкис, 1966-ж. 18-бет), «Ҳамзаабад» жоллары» (40-бет), «Үстирт отлары» (40-б), «Өстик биз бала бақшада» (13-б) қосығында балалардың Ўатанды сүйиўшилик жан күйер, дослық сезимлери жоқары йош пенен жырланады. «Өстик биз бала бақшада» қосығында шайыр балалардың бақшадағы ойынын, дем алыўы, ҳәм басқада күнделикли режимдеги ислерин турмыс ушын алда болатуғын мийнет етиўи менен байланыстырады, булардың ҳәммеси Ўатанның

келешеги ушын болатуғынын уғындырады. Балалар бәрине кеўили толып:

Жай алған Ўатан төринен,
Бизлер — өмир гүлимиз (4-бет), —

деп жырлайды.

Ал, туўысқан Өзбекстандағы Ҳамзаабадты оның өз ўатанымыз, өз жеримиз екенин балаларға тәрийплей-ди. Балаларда тәбиятты сүйиў сезимин оятады. Бул жердиң гөззал тәбиятын жырлай келе шайыр Ҳамза-абадта:

«Жырларындай Хамзаның,
Таў булағы тасыған» (41-бет), —

деген жуўмақ шығарады. Бул жердиң де «бирлиги беккем полаттай» туўысқан халықлардың бир ўатаны екенине балаларды сүйсиндиреди.

Х. Сапаров шығармаларының ишинде мектеп тема-сы айрықша орында турады. Оқыўшылардың ең бас-лы ўазыйпасы оқыў. «Бизиң адамларымыз саўатлы, әдеп-икрам жақтан талапшаң ҳәм сезимталлы болы-ўы зәрүр.

«Бес алдым» қосығында оқыўшы ўазыйпасына жақ-сы түсинеди. Үй тапсырмасын орынлап, есап сабағынан «5» баҳасын алады ҳәм алаң болмай, өз үстинде ис-лесе:

Барлық сабақлардан да,
Оқып барсам усындай,
Муғаллимниң алдында,
Беремен жуўап қысынбай».

— деп уғынады.

Ал, «Мектебим» (Бахытлы балалық. 1966-ж, 39-бет) қосығында оқыўшының мектебин жақсы көрету-ғынлығы, оны гүллентиў ушын дөгерегине нәлшелер еккени кеўилин шадлыққа бөлейди. Ал, «Таза китап, дәптерим» қосығында оқыўшының китап ҳәм дәптер-лерин таза сақлаўы, оны қәдирлейтуғынлығы өз ти-линен жырланады:

Кең жазық сулыў даладай,
Сумкадағы дәптерим,



Уқыпсыз салақ баладай,
Кир қылмайман бетлерин» (Сонда, 5-бет), —

еп өзине өзи дыққат аўдарады.

Шайырдың «Қурқылтай») қосықлар топламына кирген «Пионерлер» (4-бет), «Металл» (5-бет), «Пал әрреси» (9-бет), «Үйрегим» (11-бет), «Ақ қоян» (12-бет), «Таўық» (13-бет) қосықлары мазмунлы, кишке-не уғымға қурылып, ондағы ўақыялардың ҳәммеси балалардың өзиниң аўзынан, өз тиллери менен сөйле-тилип, жәмийетлик пайдалы мийнеттиң әҳмийети туў-ралы белгили муғдарда тәсирлендириўши сезимге ийе. Аты аталған темалардың биргеликли болыўына қара-мастан киши мектеп жасындағы балалардың мийнет қәбилетин раўажландырыўда ҳәм жумыстың түрлери менен таныстырыўда зәрүр екенин шайыр еске алған. Сонлықтанда бул қосықлар киши мектеп жасындағы балаларды мийнетке көнликтириў рухында тәрбия-лаўда белгили әҳмийетке ийе.

Х. Сапаровтың шығармаларында балаларды әдеп-икрамлылыққа, адамларға кишкенелердиң де ғамхор-лық ете билиўине әдетлендиретуғын темалар бар. Ша-йырдың «Ғамхорлық» қосығында кишкене бала, жол-да жатырған тикенди алып таслайды. Ол:

«Иним айтты: — тикенди,
Жолдап алып тасладым,
Кирмесин ол өткенде,
Аяғына басқаның» (Қурқылтай. 3-бет).

дейди.

Шайырдың дөретпелеринен кишкенелердиң жас өз-гешеликлерине қарай онша өткир болмаған менен ба-лалар күлки ҳәм сықақларына жататуғын шығарма-лары да орын алады. Олардың қатарына «Бахытлы балалық» китабына кирген «Уялыў», «Гүбелек», «Жу-ўа», «Терек пенен гүррин» ҳәм басқаларын жатқарыў-ға болады. «Уялыў» да бағдың ишинен өтип баратыр-ған шайыр бир баланың бағда өсип турған гүлге қы-зығып, биреўин үзип алғанын көрип қалады да, бала-ны «гүлди неге үздиң» деп айыплайды. Бала «қара-ўыл көрген жоқ» екенин айтады. Ал автор:

Гүл тур жайнап жүзиндей,
Көздиң отын алады,

Ҳәмме үзсе өзиндей,
Бағда неси қалады? —

деп қысындырғанда баланың қәтесин мойынлағаны:

«Усы ўақта баланың,
Ўуысынан түсти гүл» —

— дегенинен билинеди.

Халмурат Сапаров ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебиятындағы үзликсиз ислеген көп жыллық мийнетлери ҳәм балаларға арналған ең жақсы шығармалары ушын республикалық Бердақ атындағы сыйлыққа миясар болды.

Шайырдың «Айға ушып барғанда» (Нөкис, 1970-жыл) деген балалар фантастикасы китабы балалардың космосқа қызығыўшылығын оятса, ал «Жийрентай» китабына кирген қосықлары орталықтағы ҳайўанатлар ҳаққында балаларға көркемленген түсниклер береди («Жийрентай», Нөкис, 1973-жыл), Сондай-ақ «Мениң күнлерим» («Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1977-жыл) китабына кирген қосық ҳәм поэмалар балалардың жоқары әдеп-икрамлы болыўына тәсир етип, сулыўлық сезимлерин оятады. Х. Сапаровтың «Қуслар менен сырласқанда» («Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, (1978-жыл) китабындағы қосықлар киши мектеп жасындағы балаларға арналып, онда баслаўыш класс оқыўшыларына орталықтағы қусларды олардың түр-түсин, ҳәрекетин түсиндирип береди, бул жағынан балалар әдебиятындағы орталықты таныў деген талапқа жақсы жағынан әҳмийетке ийе. Шайырдың Нөкисте 1981-жылы басылып шыққан «Шебер қоллар» китабын орта мектеп жасындағы балалар қуўаныш пенен күтип алды. Шайыр жас досларына шеберликтиң сырларын поэзия тили менен уқтырыўға талапланады. Шайырдың сайланды қосықлары 1982-жылы «Қарақалпақстан» баспасында «Алтын дәўран» деген атама менен басылып шықты. Бул балаларға әдебий оқыўға усыныс етиледи. Сондай-ақ Х. Сапаровтың Москвада «Детская литература» баспасында 1982-жылы жүз мың нусқада басылып шыққан «Егер ертерек турсаңыз...» деген атамада шыққан китабы елимиздиң жас китап оқыўшылары дыққатына миясар болды. Шайырдың «Ўатан суңқары» («Қарақалпақ-



стан» баспасы, Нөкис, 1984) китабына кирген қосық ҳәм поэмасы дыққатқа миясар.

## ОНЫНШЫ БӨЛИМ

# ҲӘЗИРГИ ЗАМАН ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ӘДЕБИЯТЫ

## (1980-жыллар)

XX-әсирдиң соңғы шереги ҳәзирги қарақалпақ балалар әдебияты ушын да жеделли раўажланыў дәўири болды. Ол өз алдына балалар әдебияты сыпатында балалардың жас өзгешелиги қәдесине қарай шығармаларына ийе. Жанрлық жақтан жетилисип барыўда. Балалар ушын шығармалар жазатуғын жазыўшы-шайырлардың шеберлиги артты. Балалар ушын шығармалар таңлап алынатуғын болды. Шығармалардың жоқары идеялы, көркемлигине айрықша итибар берилди. Балалар китапларын безеў, полиграфиялық жақтан сулыўлап басып шығарыў ислерине кеўил бөлинди. Бул жыллары қарақалпақ халық ертеклерин көркемленген безеўлер менен көп нусқада басып шығарыў ислерине кеўил бөлинип, оқыўшылар саны көбейтилди. Сондай-ақ рус ҳәм ҳәм туўысқан халықлар менен шет еллер балалар әдебиятының сайланды шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып, балаларға саўға етиў жумыслары даўам етти. Айрықша ғамхорлық балалар ҳәм жаслар ушын қарақалпақ фольклорының 20 томлығы басып шығарылды. Солай етип, балалар әдебиятын жаңа заман талабына ылайық раўажландырыўға ғамхорлық өзиниң жемислерин берди. 70 — 80-жылларғы балалар әдебиятында дөрелген шығармаларды Ўақыяға қурыў қурылысы жақсыланды, сюжет пенен мазмунның қызықлығы күшейди, фабулалық қоздырыўлар өткирлести, тил мәселесине итибар берилди, образ жасаўдың дәўирге үнлеслиги күшейди. Балалар поэзиясы жетилисти. Проза раўажланды. Балалар қосықлары сондай-ақ балалар ҳаққында үлкенлер қосықлары сюжетлик уғымларға нызамлы түрде қурылды. Бала-

лардың жас өзгешелигине қарай ўақыялар таңланды.
Балалар ушын жаңа шығармалар дөретиўге «Ул-
кенлер» әдебиятының көрнекли ўәкиллери де, хәўес-
кер жазыўшылар да қатнасты. Халық шайыры, Бер-
дақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты
Байнияз Қайыпназаров «Ержан көк» («Қарақалпақ-
стан» баспасы, Нөкис, 1983), «Жарлы адам хәм
ғарғалар патшасы. («Қарақалпақстан» баспасы, Нө-
кис, 1985) китапларын саўға етти. Шайырдың
«Ержан көк» китабына кирген «Баҳадыр ҳәм да-
на», «Жарлы адам ҳәм ғарғалар патшасы ҳақ-
қында», «Ержан көк» поэмалары халық ертек-
лери бойынша жазылып балаларды ел ушын жан ку-
йер әдил ҳәм жоқары әдеп-икрамлы, саналы, искер,
мийнет сүйгиш болыўға шақырады. «Қан тамған қа-
йың», «Шоқ гүл» балладасында азатлық ҳәм келешек
әўладлар бахыты ушын қурбан болған аталарының
мәртлик ислери арқалы балаларды Ўатанды сүйиўге
тәрбиялайды. «Жарлы адам ҳәм ғарғалар патшасы»
киши мектеп жасындағы балалар ушын арналып, онда
бурынлары бир жарлы адамның ақыллы үш баласы-
ның көп қыйыншылықларды басынан өткерип, бахыт-
лы турмысқа қалай жетискени турмыс мысаллары ар-
қалы сүўретленеди. Балаларды ақыллы, мәрт болыў-
ға шақырады.
Усы жыллары Жазыўшылар аўқамы сыйлығының
дәслепки лауреаты, Қарақалпақстан халық жазыўшы-
сы Хожабек Сейтов та «Партизанның баласы» поэма-
сынан кейин көп санлы қосық ҳәм поэмалар жазды.
оның «Узақ жол» қосықлар топламына («Қарақалпақ-
стан» баспасы, Нөкис, 1986) кирген қосықлардың көп-
шилиги философиялық тереңлик пенен жасларға тур-
мыстың ҳәрқыйлы қашырымларын қонымлы билди-
рип, әдеп-икрамлы, әдил ҳәм мийнет сүйгиш болыўды
нәсият етеди. Нәсият поэтикалық нәзиклик пенен өт-
кирлесип жасларды турмысқа терең ойланып, нәзер
таслап, жаңалыққа умтылыўға шақырады.

## ҒАЛЫМ СЕЙТНАЗАРОВ

Ғалым (Қараматдин) Жамалович Сейтназаров
Тахтакөпирде туўылды. Ол жаслайынан оқып билим
алыўға қызықты. Аўылда муғаллим болды. Газета-



журналда, радиода ислеп жүрип, Қазақ мәмлекетлик
университетинде оқыды. Дәслепки шығармалары «Жас
Ленинши», «Совет Қарақалпақстаны» («Ҳәзирги Ер-
кин Қарақалпақстан»), «Әмиўдәрья» да, Алма-атаның
Ленинши», «Совет Қарақалпақстаны» («Ҳәзирги Ер-
жәрияланды. Балалар ушын жазған еситтириўлери
менен репортажлары Нөкис радиосы арқалы бала-
ларға жетип турды. Шайыр соңғы ўақытлары бала-
лар ушын поэзиялық, прозалық шығармаларды дө-
ретти.
Шайырдың «Ерлик белгиси» поэмасында Арал те-
ңизи жағаларында жаңа дүзимди беккемлеў жылла-
рында арада жасырынып қалған геллекесерлерди та-
быў ҳәм сапластырыў, сондай-ақ Поволжьеде, При-
уральеде қурғақшылықтан ашаршылыққа ушыраған
туўысқанларға жәрдем қолын созғанлардың бири —
балықшы балалардың ерлик ислери жырланады. Ал
«Бизиң аўыл» («Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис,
1968) китабына кирген гүррiңлерде жазыўшы бүгин-
ги аўыл балаларының жәмийетлик пайдалы мийнет
ислеўге, оқыўға қызығыўы тийкарғы бағдар етилип
алынады.
«Надя», «Мәртлик» поэмалары («Ёш гвардия»
Ташкент, 1975), «Ленин менен дийханлар» («Қарақалпақ-
стан» баспасы, Нөкис 1980) китаплары Ғ. Сейтна-
заровтың балалар поэзиясындағы салмақлы шығарма-
лары болып табылады. «Надя» ҳәм «Мәртлик» поэма-
ларында Уллы Октябрь төңкерисинен кейин де Түрк-
стан үлкесинде арада сақланып қалған душпанлар
менен ескиликтиң қалдығынан азап шеккен адамларды
азатлыққа, саналылыққа алып шығыўға өзлериниң
балалық үлесин қосқан балықшы Сәлим деген бала-
ның, сондай-ақ жапжас медсестра Надяның Арал бойы
адамларына медициналық жәрдеми арқалы халық-
аралық дослығы жырланады.
Ал, шайырдың балалар тилинен жырлаған қосық-
ларында гражданлық ҳаўаз белгили орынды ийелейди.
«Мениң апам қаҳарман» (33-бет), «Бизиң аўыл» (34-
бет), «Боз ордамыз» (58-бет) қосықларында балалар-
дың заманына қуўанышы турмыс шынлығы менен үн-
лес сүўретленеди. «Ҳәзирги ертек» (59-бет, қосығы жас-
ларға ҳәзирги қуўанышлы өмириниң жалғасын өзлери



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

даўам етиўшилер екенин угындырады. Мәселен, бу-
рынлары:

«Ертеде, күтә ертеде,
Ешки қулағы келтеде,
Дәўден де үлкен дәў болды,
Адамыйзатқа жаў болды,

(59-бет) деп дурыс көрсетсе, ал ҳәзирги бахытлы за-
манда:

Ҳәзирги ертек ертекти,
Қалдырдым саған, сезинсең,
Өйткени, жазар жырымның,
Даўамын жазар өзинсең».

(61-бет), — деп ҳәзирги заман балаларына заманның
барлық қуўанышлы қызықларын көрип, халық хыз-
метин иске асырыўды ўәсият етеди. Шайырдың бала-
лар ҳаққындағы поэзиялық шығармаларының тийкар-
ғы маңызы бахытлы жасап халыққа ҳадал хызмет етиў-
ге шақырыўдан ибарат.

Ғ. Сейтназаровтың әдебий хызметинде балалар
прозасы белгили орынды ийелейди. «Даўыллар ара-
сында» повести оның дәлийли болып табылады. «Да-
ўыллар арасында» («Детская литература», Мос-
ква, 1976) Ғ. Сейтназаровтың балаларға кең планда
усынған шығармаларының сайландысы. Бул повесть
жүз мың нусқада рус тилинде басылып, елимиздиң бар-
лық балаларына саўға болды. Повестьте бас қаҳарман
Нағым деген бала. Ол атасы Айдос, большевик Айтбай,
балықшы Тағай, Андрей, Шамурат, Әбдирейим ҳәм бас-
қалардың ҳәрекетлери арқалы шаққан бала болып же-
тилисти. Оған Нурбийке де ғамхорлық етти.

Повестьтиң тийкарғы мазмуны Поволжьеде, При-
уральеде қурғақшылық болып, ғәлле жетиспей ашар-
шылыққа ушыраған сегиз миллионлаған адамларға,
әсиресе жети миллионнан аслам ашырқап атырған ба-
лаларға азық-аўқат жағынан жәрдем көрсетиў бойын-
ша Арал — балықшыларына 1921-жылы жазған хаты-
на әмелий жуўап бериўден ибарат. Шығарманың тий-
карғы маңызы усы болып табылады. Жазыўшы бул
мазмунды турмыстағы шынлық көринислер менен сол
дәўирдиң турмысына тутастырып, бас қаҳарман ҳәм
басқа қаҳарманлар арқалы Арал бойында кеңес ҳү-



киметин орнатыў жәнe беккемлеў жағдайын бүгинги
оқыўшыларға көркемлеп сүўретлеп береди.

Нағым — бас қаҳарман. Ол теңиз жағасындағы
аўылларда кеңес ҳүкимети орнап атырған дәўирдеги
балықшы балалардың ўәкили. Шаққан бала. Серинил.
Жаслайынан турмыс тепкисин көрген. Атасы Айдос-
тың Қабыл ийшан, Жәлий ийшаннан, жергиликли
үстем класстан көрген азапларын еситип, класслық се-
зими оянып, диншиллерге қәҳәри қайнайды. Атасы ме-
нен бирге балық аўлап, ис үйренеди. Бир күни аўыл-
лас дослары Сейтимбет Қутлымуратлар менен жағыс-
та ойнап жүрип, теңизден жағысқа қарай қалқып кия-
тырған жыртық кемени көреди. Онда жаралы адамды
көрип оған мийирими келип, қорықпастан оны атасы-
ның үйине геўгимде әкеледи. Оны емлейди. Ол адам —
большевик Айтбай еди. Нағым оннан көп жаңалық-
ларды еситип тәсирленеди. Бул — Нағымның дәслепки
мектеби еди. Ол балықшылар арасында Лениниң
Арал балықшыларына хаты оқылған жыйналысқа қат-
насады, ол хат оған үлкен мектеп болады. Атасы
менен Ержан атаўда көп балық услайды. Оларды кө-
семниң хатына жуўап ретинде Поволжеде ашырқа-
ған досларына жөнелтеди. Ол ҳәтте бул гүресте те-
ңиз дүбелейинен де күшли болып шығады.

Айдос — Арал бойының әпиўайы балықшысы, На-
ғымның атасы, тәрбияшысы. Патшашылық заманында
үстем класс ўәкиллеринен көп азап шегип, енди ғана
әдил заманға шығып қиятырған жарлы. Ол кеңес
ҳүкимети ушын ҳәтте қурбан болып кетиўге де таяр.
Оның ең жақын дослары Андрей, Айтбайлар. Ол ҳәтте
халық душпаны Жәлий ийшанның «атамның әрўағы
менен тиллестим» деген өтиригин де әшкара етеди.
«Жәлий ийшанның» «атамның әрўағы» деп жүргени
кеңес ҳүкиметиниң қас душпаны геллекесер ўәкили
Усман Асқаров деген саўдагер екен. Ол Нияэмаммет
деген жалған аты менен арада жасырынып жүрип, ке-
ңес ҳүкиметин қулатыўға Жәлий ийшан менен тил
бириктирген душпанлар екен. Бул халық душпанла-
рының сырын Айдос балықшы ашып береди. Жәлий
ийшан оны туқымқурт етпекши болады, Айдос өлимди
писент етпей Лениниң хатына жуўап бериў ушын Ер-
жан атаўға барып, Тағай менен балықларды көп етип



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

услай береди. Жылымын майлатады. Ол ҳәтте теңиз
дүбелейин де жеңеди, мақсетине жетеди.
Айтбай — Хожелиде гүўылғ?а. Қызыл Армия жа-
ўынгери. Москвадан Түркстанға, оннан Арал бойында
кеңес ҳүкиметин беккемлеўге жиберилген большевик-
лердиң ўәкили. Ол Ақдәрьяда волостьлық кеңести ор-
натыўға баратырғанда баспашылардың қолына тү-
сип қалады. Баспашылар оның большевик екенин би-
лип, пышақлап шала жансар етип, жыртық кемеге са-
лып ығызып жибереди. Баспашылардың бундағы мақ-
сети — «кимде-ким большевик болса, усы Айтбайдай
азапланады» — дегенди көрсетип, халықты қорқытыў
ҳийлеси еди. Бирақ Айтбай шыдады. Өлмеди. Халқы
оның жарасын емледи, әдиўли исин даўам етиўге қә-
дем бастырды. Ол комиссар Краснов, балықшы Андрей
ҳәм жәмийетшиликтиң жәрдеми менен халық душ-
панларын қыйратады. Арал бойының аўылларында
кеңес ҳүкиметин орнатып беккемлейди. Поволжье ҳәм
Приуральедеги туўысқанларға Арал балықшыларының
жәрдемлери жетип барады. Большевиклер Нағымдай
миллион балаларға, Айдостай жарлыларға келешек-
тиң нурлы қуяшының нурларын шашып, азатлық ҳәм
абаданлық жолына баслайды.
«Даўыллар арасында» повестиндеги басқа қаҳар-
манлар Андрей, Тағай, Қутым, Краснов, Нурбийке ҳәм
басқалар тийкарғы сюжетлик ўақыяны қоздырыўдың
жанлы гүўалары ҳәм әпиўайы халық ўәкиллери ретин-
де ҳәрекет етеди.

## ЖОЛДАСБАЙ ДИЛМУРАТОВ

### (1928-ж.)

Шайыр өзиниң турмыс жолын Шымбай районының
мектеплеринде муғаллим болып ислеўден баслаған.
50-жыллардың орталарында оның қосықлары менен
Қарақалпақстан радиосы арқалы балалар ушын есит-
тириўлерде, репортажларда танысты. Ж. Дилмуратов-
тың қосықлары балалар турмысы менен үнлес болып,
оқыўшылардың дыққатын өзине тарта баслады.
Жолдасбай Дилмуратовтың қосық ҳәм поэмалары-
ның тематикасы балалардың ўатанды, халықты, мек-
тепти, оқыўды, халық аралық дослықты сүйиўди жыр-



лаўдан ибарат. Космосқа ушыўды әрман ететуғын ба-
лалардың нийетлерин де йош пенен жырлайды.
Шайырдың дәслепки ири шығармаларының бири ха-
лық ертеги бойынша жазылған «Жас уста» (Сүйикли
лагерь ҚҚМБ, Нөкис, 1959, 23-бет) шығармасы. Бул
ертек—поэмада шайыр бурынғы бир шаруаның үш
улының үш түрли минезин ашып берип, оның ең жақ-
сы жақларын ҳәзирги заман балаларына үлги етиўди
нийет еткен. Олардың екеўи тил алғыш болады, ал
кишкенеси ерке, ериншек болады. Бир күни әкеси:

Адам болдың ержеттиң,
Билесең сырын ҳүрметтиң,
Енди балам кешикпей,
Ийеси бол бир хызметтиң

(24-бет)

деп нәсият береди.
Баласы қандай ис ислеўим керек, деп сорағанда әкеси
оған тери ийлеўши бол дейди. Баласына ол да уна-
майды. Кийим тигиўши бол дейди, баласына ол да уна-
майды. Ең ақырында уста болыўға келисим береди.
Әкеси оған темиршиликти үйрететуғын устаз таўып
береди. Сөйтип бала жумысқа кириседи. Кирискени
менен не пайда? Барыўдан-ақ бала устаханаға кәтиң
қурып, қус төсектиң үстинде устаз устаның ислегенине
қарап жата береди. Шәкирт болып темиршилик жумыс-
қа араласпайды, устазының айтқанын тыңламайды.
Бир күни бала усташылықты үйренип болдым деп үйи-
не келеди. Әкеси қуўанады ҳәм оннан пазна соғып бе-
риўди өтинеди. Бала иске кириседи. Бирақ пазнаны со-
ға алмайды. Балта соғаман дейди, оныда соға ал-
майды. Ақырында арланып, баяғы устазына тағы
қайтып барып, шәкиртлик иске кириседи. Енди ол бала:

Балға урса бала биримлеп,
Уста турар күлимлеп,
Темирден жалын шыққанда,
Айтар ырза болдым деп,—

Бала қумбыл болып усталық өнерди үйренип, аўы-
лына келеди. Өзиниң өнерине өзи исенип, бурынғы соға
алмағанларының ҳәммесин соғады. Бул арқалы шайыр
балаларды шалағай болмай, өнер үйрениўге шақырады.





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Шайырдың «Сүйикли лагерь», «Пионер», «Лагерь-
де» (Жаз қосығы, Нөкис, 1965) қосықлары пионерлер-
дың күнделикли турмысын сөз етеди. Ал, сондағы «Ким-
дики дурыс» деген қосықта Қалбай ҳәм Полат деген
еки дос пионердиң автобуста жасы үлкенге қалай ҳүр-
мет көрсетиўин сүўретлейди. Полат деген бала авто-
буста жасы үлкенлерге орын берип ҳүрметлейди, бирақ
Қалбай бул орын балалар ушын арналғанын дәлил-
леп, жасы үлкенге орынын бермейди. Шайыр. Кимдики
дурыс?—деп сораў қояды ҳәм оны қосықта дурыс ше-
шеди.

Шайыр гейпара қосық қатарларында балалардың
ҳәр түрли иске қумарлығын жырлайды. Бул қосықлар,
өзиниң тәсиршеңлиги арқалы балалардың жаңадан-
жана пайдалы ислерди ислеўге руўхый сезимин ојата-
ды. «Жаз қосығын».да пионерлердиң жазғы дем алыс-
та жазды кеўилли өткергенин жырласа, ал «Космонавт
боламыз» қосығында ҳәзирги заман илими ҳәм техни-
касының өскен дәўиринде балалардың космосқа ушы-
ўын әрман ететуғынын:

Аспан жулдыз ай менен
Жақын болды арамыз.
Ержеткенсоң бизлерде
Космонавт боламыз,

—деген ниетлерин жырлайды.

Балалардың жәмийетлик пайдалы иске қатнасыўын
жырлаў басқа шайырларымыздай-ақ Ж. Дилмуратов-
қа да тийисли тема. Ол балалардың қала ҳәм аўыл
орайларында бағ егип гүллентиўин «Бағ» қосығында
жырласа, пионерлердиң әдеп-икрамлылығын «Полат»,
«Бизиң класс» қосықларында балалар тилинен ықшам
етип баянлайды.

Ж. Дилмуратов гейпара қосықларында балалар ме-
нен оқыў-тәрбия мәселеси туўралы әпиўайы ғана сөй-
лесип те алады. Мәселен, «Айтып бериң балалар» қо-
сығында класста тәртип бузғанлар туўралы:

Араңызда балалар,
Барма тәртип бузғанлар?
Көшириўге басқадан,
Бәрҳа қолын созғанлар?



Араңызда балалар,
Барма артқа тартқанлар?
Өтирикти уялмай,
Ырас етип айтқанлар?

(17-бет)—деп балалар менен шын жүректен кеңеседи.
Ж. Дилмуратовтың усы тәқилеттеги балаларға қоным-
лы жеңил күлки-сықақлы қосықлары оның басқа ки-
тапларынан да орын алды. Олар класс дийўалы газе-
таларында да басылды.

Шайырдың «Артекте» китабына (Нөкис, 1969) кир-
ген қосықларының көпшилиги балалардың дем алыў
орайы болған Қырымдағы Артек пионерлер лагеринде-
ги балалардың миллет аралық дослығына үлкен ити-
бар бериледи. Шайыр бул топламдағы қосықларында
ҳәр түрли еллердиң балалары ойын, бири-бири менен
танысыў арқалы дослығын беккемлеўге болатуғының,
бәри де парахатшылықты сүйетуғынын сезе биледи ҳәм
дослықты удайы сақлаўды, парахатшылық ушын үз-
ликсиз гүресиўди әлем балаларына ўәсият етеди.

Ж. Дилмуратовтың соңғы ўақытлары балаларға
сағўа еткен китапларына кирген қосық ҳәм поэмала-
рында, ертек-поэмаларында, балладаларында балалар-
дың парахатшылық жағдайындағы оқыўы, жәмийетлик
мийнет етиў, жалқаў балаларды сықақлаўы сүўретле-
неди.

## САҒЫЙДУЛЛА АББАЗОВ

Шайырдың дәслепки қосықлар топламы «Сырлы
альбомға» («Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1962) ба-
лалар ушын жазылған шығармаларыда кирди. Сол ўа-
қытлары-ақ С. Аббазовтың шығармаларының ишки
қубылысларынан-ақ оның балалар шайыры болатуғы-
ны сезилетуғын еди. Буннан кейин ол өзиниң хызметин
балаларға арнады.

С. Аббазов хызмет бабында да балалар турмысы-
ның ишинде балалар менен бирге болды. Ол бирде
Жас Ленинши газетасының бөлим баслығы, жуўаплы
секретары, баспа ҳәм телерадио комитетинде бас ре-
дактор болып ислеп жүрип, балалар менен бирге сыр-
ласты. Ол балалар ушын «Мениң иним» («Қарақал-
пақстан» баспасы. Нөкис 1964), «Жумбақлар» (Қара-
қалпақ халық жумбақларының жыйнағы, әдебиятшы



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Ә. Алимов пенен бирликте Нөкис 1963), «Кел бәҳәрим»
(«Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1968), Мектепте де,
үйде де» («Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис-1977), Тимуровцы Арала» («Молодая гвардия», Ташкент,—1976),
«Встречи» («Қарақалпақстан баспасы, Нөкис, 1985),
«Мектепте байрам» («Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1967) усаған жақсы мазмунлы китапларды балаларға саўға етти. 1991-жылы бир томлығы басылып
шықты.

Шайыр рус, өзбек балалар әдебиятының жақсы шығармаларынан қарақалпақ тилине аўдарып, балаларды
туўысқан халықлар балаларының турмысы менен де
таныстырды. Олардың руўхый миллет аралық дослығының беккемлене бериўине үлес қосты. Агния Бартоның
«Мениң байрамым», Сергей Михалковтың «Кеўилли
туристлер», К. Чуковскийдиң қосық ҳәм ертеклери,
Сайд Ахмадтың «Басқыншы» ертеги С. Аббазовтың
аўдармасында балаларға саўға етилди. Усының менен
бирқатарда С. Аббазовтың балаларға арналған қосықлары туўысқан халықлар тиллериндеги күнделикли
баспа сөзлерде жәрияланып, туўысқан, дос балаларға
қарақалпақ балаларының күнделикли турмыслары таныстырылды.

С. Аббазов өзиниң «Сырлы альбом»ындағы «Адам
ушын» қосығында уллы адамларды ўатанды, балаларға ең ғамхор, меҳрибан сыпатында жырлап, қәдирлерин билиўге шақырады. Ал «Мениң иним» китабына
кирген қосықлардағы маңызда балалардың жас өзгешелигине қарай күлки сықақ уғымларды пайдаланыў
талапқа муўапық ислетиледи. «Мениң иним» (3-бет)
қосығында шайыр сабақтан төмен оқыйтуғын инисин,
ал ол арқалы барлық жалқаў балаларды әшкара етиў
менен бирге:

Күнделигин көрсем ашып,
Қоя берер мазам қашып,
Күнде алған баҳалары,
Үш-тен алға өтпес асып.—

деп оның орташа оқыйтуғынына кеўили толмай турса,
оның минез-қулқындағы:

Сәл нәрсеге өшигеди,
Сабағынан кешигеди.



...Ерегиссе үкесине,
Қайыр бермес үй ишине,—

деп кемшиликти әшкаралап, үкесиниң енди жаман әдет
ҳәм минез-қулықтан қутылып, жақсы бала болыўы
ушын нәзик шеберлик пенен:

Егер қойса усы миниң,
Жаман емес мениң иним!—

—деп кеўилин алып, жақсы бала болыўы ушын хошемет те урып қояды. Балаларға бундай қатнас жасаў сезимин билген шайыр оны шеберлик пенен қосық
қатарына салған.

С. Аббазовтың әдебий шығармаларында аўыз еки
әдебияттағы балаларды есап-санаққа үйретиў ушын
халық айтқан үлгини бүгинги жазба әдебиятта киши
мектеп жасындағы балалар ушын шебер пайдаланыў
уқыбы сезиледи. Бул усыл шайырдың «Гөжеклер» қосығында:

Фермамызда көп гөжек,
Тең жартысы көк гөжек,
Шым қарасы төрт гөжек,
Буўрылы бар бес гөжек,
Қоңыры бар қос гөжек
Сегиз гөжек сур гөжек,
Сары жағал бир гөжек,
Күтә сулыў бул гөжек
Алтаўы бар ақ гөжек,
Тарғылы бар тақ гөжек,
Биреўи дым сақ гөжек,
Өзиң тез-тез оқып көр,
Есаплап шығар, қосып көр,
Бунның бәри бизиң гөжек,
Нешеў болды сизиң гөжек?

(5-бет) Балалар бунда тек есап-санаққа үйретилип
ғана қоймай, соның менен бирге мийнет етип шаруа
болыўға да сүйсиндириледи. Шайырдың шеберлиги де
усында. Ал «Умытшақпа салақпа» да Сәлим деген баланың, ҳәм умытшақ, ҳәм салақлығы күлкили сықақлы қатарлар менен мыйық тартарлық сықақ арқалы
тәртипсизлигин әшкаралайды. Мәселен Сәлим ,

Кеше есап ўақтында
Әкелген сүўрет дәптерин,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Арнаған екен оның да
Рус тилине көп жерин.

(6-бет). Сәлим буннан басқа ҳәр сабаққа арнаўлы дәптер ажыратып қоймай, барлық сабақты да бир дәптерге жаза береди екен. Усынысы дурыспа? Дурыс емес. Ҳәтте Сәлим:

Умытпаймыз бир сапар
Дым ерси не екениң,
Өзимдики деп әкепти,
Папасының портфелин!

Усынысы дурыспа? Дурыс емес. Ал, «Қөремиз оның жуўмағын» дегенге нәзер салыңыз:

Әне қараң Нурымды,
Әдети қалмас бурынғы,
Айтылса да ҳәр күни
Қыйыў-қыйыў мурыны

(8-бет),—деп Нурым арқалы патас балаларды сықақлайды. Соның менен бирге патас болып жүретуғын балаларға тазалықты сақлаўды мәсләҳәт етип, оны Нурым арқалы:

Дослары және ескертти,
Кирсиз болып келмекти
Көремиз оның жуўмағын,
Нурым, яқшы, деп кетти.

Балалардың нәзик сезимли ҳәм қонымлы, тәсирли, күлки-сықақлы шығармалары С. Аббазовтың «Қуслар қайтып келеди» деген мектепке шекемги ҳәм киши мектеп жасындағы балалар ушын китабында да орын алған. Ондағы қосықларда Қурбанның тап-туйнақтай пәкизелиги жырланса, Ғаний деген баланың қызғаншақлығы, Еркебайдың ериншеклиги сықақланады. Балаларға Артықтай терек егип, Орынбайдай дийхан болып, Әметтей зейинли болыўды мәсләҳәт етеди. Ҳәтте кишкене Кәримниң шөжелерин санай алмай атырғанында:

Балалар, берман келиңиз,
Шетте қалмай бириңиз.
Шөжесин санап бериңиз,
Қуўансын Кәрим иниңиз!



(13-бет),—деп балаларды бири бирине көмек бериўге шақырады.

С. Аббазовтың «Мектепте де, үйде де» китабын пионерлер қуўаныш пенен күтип алды. Бул китапқа кирген қосықларда пионерлердиң турмысы кеңнен сүўретленген. Китаптағы «Светофор ҳаққындағы қосықлар» (3-бет), Нөкиске поезд келгендеги «Биринши гудок» (7-бет), «Мектеп елкасында» (13-бет), «Жумбақ-қосықлар» (33-38-бетлер) балаларды жасаған орталығы менен таныстырыў ҳәм оннан жақсы тәсирлендириў руўхына қурылған, мәселен:

Светафор жанымсаң,
Өз исине алымсаң,
Дурыс бағдар бересең,
Жүрер жолдан жаңылсам,

(5-бет),—деп көк, сары, қызыл реңде берилетуғын реңлердиң ўазыйпасын көшедеги жолаўшы, балаларға айтып берип, жол қәдесин сақлаўға үйретеди. «Жумбақ-қосықлар»ында (33-бет) светафорды жумбақ етип айтып, балаларды зейинли, шаққан болыўға шақырады.

Сағыйдулла Аббазовтың шығармаларындағы күлкили-сықақлы қосықлары оны балалар сықақшы шайыр дәрежесине көтерди. Бурынғы күлкили-сықақлы шығармаларына шайырдың соңғы ўақытлары жазған «Кешигиўдиң себеби» (28-бет), «Умытшақ» (30-бет), «Өкпелеў» (48-бет) ҳәм халық лаққысы Өмирбек лаққы атынан жазылған сықақлары балаларды күлдиреди. Өмирбек лаққының ийшанлар менен бирнеше рет ушырасқандағы гәптиң төркини динниң атынан халықты алдайтуғын айрым диншилди әшкара етеди. Балаларда ҳақгөй сезимлерди беккемлейди.

Шайырдың «Жумбақ-қосықлары» балаларды өзин қоршаған орталыққа нәзер таслап, терең ойларға шүмиўге ҳәм олар арқалы сана-сезимин өсириўге ҳәрекет етеди. «Буны ким бурын табар» (33-бет) шешими-светафор, «Бул не болар?» (33-бет) шешими-поезд, «Айтып бериң, балалар?» (35-бет) шешими-елка, «Ойланып көриң не екен?» (35-бет) шешими телевизор усаған шешимлер балалардың ойлаўына сәйкес, турмыслық затлар. Балаларды айна, саат, свет, газ (36—38-бетлер) туўралы да жазылған жумбақларды табыўға шақырады:

Жағып қойған отын жоқ.
Я өзинде түтин жоқ...
...Пешлеринди қыздырып,
Лаплатады үйинди,
Қайнатады шайынды,
Күйдиреди майынды...

С. Аббазов балалардың досты, жақсы ҳәм жақын сырласы болды.

## ШАЎДЫРБАЙ СЕЙТОВ

**(1937-ж)**

Шаўдырбай Сейтов ҳәзирги балалар әдебиятының ғәзийнесине өзиниң ең жақсы шығармаларын саўға етти. Шайыр ҳәзирги балалар әдебиятына «Үшпелек» («Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1965), ал оннан кейин «Көп еди кеткен тырналар» повести (Әмиўдәрья», 1968, №6, «Қарақалпақстан» баспасы, 1968) менен кирип келди. Шаўдырбай Сейтовтың бул аты аталған еки китабы да балаларда үлкен қуўаныш пайда етти. «Үшпелек»теги өкпешил бала туўралы 60-жылларғы балалардың «өкпелеўдиң есеси-сынды оның кесеси» деген қатарларды 80-жыллардың балалары да тап бүгинги күнги өкпелеп аўқатын пышығына ишти-рип алатуғын балалар туўралы йошланып айтады.

Шайырдың «Ҳәриплер таласы» қосығында тилимиз-
деги ҳәриплердиң өзиниң ўазыйпасы менен уллылығы
өзлериниң тилинен сөйлетиледи. Бул балалар ушын
таныў характерине ийе болыўы менен қатар, бир ҳә-
рiптиң сес болғаны менен сөз қурай алмайтуғыны көр-
сетилип, аўыз биршиликте жасаўдың уллы жеңислерге
жеткеретуғынын балаларға ҳәрип таласы арқалы қо-
нымлы етип уқтырады. «О» одырайып дөңгелеп кетиў-
ге таяр турса да бәри бир «о» болып қалады десе, «қ»
қуйрық байлап «к» ны басып кетиўге умтылса да
бәрибир «қ», егер «о» менен бирликте жасаса, онда
душпанға атылар «оқ» болатуғынын уқтырады. Булар
арқалы балаларды аўыз биршиликке, дослыққа ша-
қырады. Ал, «Қыял атаўы» повесть—поэмасында («Жет-
киншек», 1985) Алийшер деген бажбанның Бахтияр,
Әнўар деген баласы менен қонсысы Шәрьярының
қыялларын бүгинги гөззал жердеги турмыстан баслап,



олардың қыялларын әлемге саяҳат еттиреди. Шубар
таўықтың атаўға кеткен еки шөжеси үлкен шубар та-
ўық, тас кекил қызыл қораз болып көбейип, қорықты
толтырған. Шубар таўық ғурық басқанда астына сал-
ған ғаздың бир мәйегинен ғаздың палапаны шығып,
келди толтырған көп ғазлар болған. Балаларды атаў-
дағы қуслардың мәйеклерин терип әкелип, таўықларға
ғурық бастырып көбейте бериўге шақырады. К...
атаўы байыйды. Шайыр буны балалардың елди...
данлыққа айландырыўға қосатуғын үлеси деп ...
ды. Бул—повесть—поэма Жазыўшылар союзы...
лығына миясар болды.

Шаўдырбай Сейитовтың ҳәзирги заман бала...
биятындағы ири шығармаларының бири—«Кө...
кеткен тырналар» повести. Повестьте жазыўшы ...
ҳәм Петка образлары арқалы Уллы Ўатандарлық ...
дәўириндеги балалар турмысын кең планда ашып ...
ген. Балалардың турмысы—ата-аналарының турмыс...
ның бир тараўы. Сол ушында повестьте Пүткил ел...
миздиң басына түскен қыйыншылық, фашизмниң ҳәр
бир семьяға салған ғулғуласы, сонда да балалардың,
олар арқалы ҳәрбир адамның жеңиске исеними, жеңис
ушын жанын пида етип, күн-түн мийнет етиўи, өмирге
куштарлығы тийкарғы мағызды қурайды. Повесть Бер-
дақ сыйлығына миясар болды.

Повестьтеги бас қаҳарманның бири—Сапар. Ол бу-
рынлары азырақ өрминезлеў болса да, урыстың сал-
мағы оны салдамлыққа үйретти, қыйыншылық оны көн-
дирип ғана қоймай, ал жеңиўге де үйретти. Бул тап-
қырлық жазыўшының бахыты. Енди Сапар адамларға
ғамхор болып қоймастан, мийнет сүйгиш, тил алғыш
және тапқыр бала болды.

Петка образы арқалы жазыўшы гитлершил фашизм
ўақытша басып алған рус жериндеги ата-аналар ғана
емес, ал урыс дәўириндеги пүткил рус балаларының
турмысын көрсетиўди нийет еткен. Петканың өмири
жергиликли балалар тәғдири менен тутасып кеткенин
жазыўшы күтә дурыс жазады, бул жағынан жазыўшы-
ның тутқан жолы дурыс бағдарда турады. Ал Петка-
ның өртте қалса да өлмей, ҳаўазының жаңғырығы—
жеңистиң дабылы болыўы менен бирге пүткил рус тәғ-
дири менен рус аналарының гүлиниң жайнап-жаснаўы
болып қалады.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Повесть рус, өзбек ҳәм басқа тиллерге де аўдарылып табысқа еристи.

* * *

Ҳәзирги заман қарақалпақ балалар әдебиятының ...зийнесине үлкен әдеб..ят ўәкиллери де, нәўқыран сырлар да жаңа шығармаларын саўға етти. Бул ҳәре...ды қубылыс болыўы менен қатар Горькийлик ...болып қалады. Соңғы жыллары Сейдабулла ...в «Байтерек» (Нөкис, 1975), Убайхан Сады...цылтпашлар» (Нөкис, 1975), «Әўп етемен (Нөкис, 1982), Әбдиразақ Сейтжанов «Ақ бу...өкис, 1979), «Достына етпе қыянет» (Нөкис, Шаў «Планета балалары» (Нөкис, 1983), «Гүмис қогәзийн» (1987) қосық ҳәм гүрриңлеринде балалар турмысын тереңирек және көркемлеп сүўретлейди.

(«К... Солай етип, ҳәзирги заман қарақалпақ балалар әдебиятына кирип келген жазыўшылардың жаңа әўладының тематикасы кеңейди, шығармалардың мазмунлары тереңледи, көркемлиги, сүўретлеў шеберликлери жоқарылады.

Библиотека
НГПИ
Инв. № 39397
19 г.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com